# АБАДЕНЕ КХИЙДА ДЕГНАШ

НИСДИНА А, ШОРДИНА А, 10-гIа ЮБИЛЕЙН АРАХЕЦАР



*Тахана а, ерриге абаденахь а маьIна долу дахар*

ДЖОН БИВЕР

Хьоме доттагI!

Забуран 89-12 назманехь Мусас Деле дьоху: «Тхайн дахаран денош лара Iамадехьа тхо». Лаьттахь долчу денойн муьлхха а терахь – хIумма а доцуг ду, чаккхе йоцучу абаденгахь долуш долчуьнца дуьстича. Делахь а, вайна дуьненахь яккха еллачу хенан вай урхалла даре терра хир ду, вай кхечу хенан йохалле кхаьчча, вайна муьлха совгIаташ хир ду бохург.

«Абадене кхийда дегнаш» цIе йолчу книгано дIадоьллург Делан Синера мацаха суна хиллачу массо довзийтарех уггар нуьцкъала а, адам синца хийцадеш долу а довзийтар ду. И билггал бакъдерш дIадиллиначу динан тобанашна, церан куьйгалхошна а, кхечу цхьацца адамашна Делан Олаллина шаьш дечу гIуллакхехь керла Iалашо а, хьажар а, доггах дIагIертар а карийра. Суна лараме гIуллакх хета шуна хIара материал кховдор.

ХIара книга хьоьга а, дуьненарчуьра берриг динан тобанийн куьйгалхошка а кховдайо аса, сайн шуьга болу безам, шуна гIо дан болу сайн лаам гайтарца. Доьху хьоьга, хIара талла а толлуш, тIаккха кхечу хьайн тIекхочийла долчу материалашца, берриге хьайн бевзачаьрца декъа. Хьо, кху агIонашкахь дIаделладеллачу билггал бакъдолчун кIоргенан духе кхуьучу хенахь, хьан дахарна а, кхолламна а лерина Делан сийлахь Iалашонаш дIаеллаялар хуьлийла хьуна.

Сан доттагI, ас доIа до, сайна хIара довзийтар кхаьчначу хенахь, сайна а синца хийцавалар хиллачу барамехь, хьан а хийцавалар хилийтар доьхуш. Хьо тIевирззина абаденах долчу довзийтарна тIекхиа гIерташ волу дела, со тешна ву, хьан дахар а, доьзал а, гIуллакхдар а, хьалха ма-хиллара хийцамаш боцуш, дуьсург ца хиларх. Суна чIогIа хазахетар дара, кху дахьийтаро хьуна а, хьан Iуналлехь болчарна а Iаткъам муха бина, хезча.

Дала леррина Къобалвинчуьнгахула хьан динан ваша волу,





Джон Бивер
JohnBevere@ymail.com

MESSENGER
INTERNATIONAL
MessengerInternational.org

# АБАДЕНЕ КХИЙДА ДЕГНАШ



## ДЖОН БИВЕР

«ХӀинцлерачу дахаран гӀайгӀанашна юкъахь, стрессана тӀе а вогӀавелла, уггар а коьртачун дуьхьа вахар дӀатаса чӀогӀа атта ду. Джонан Биверан ”Абадене кхийда дегнаш” цӀе йолчу кӀорггера чулацам болчу книгано, абаденгахь маьӀна долуш хир долчу дахарна дог догӀу агӀо а лур ю шуна, иракара а хӀиттор ду, кеч а дийр ду шу кху лаьттахь долчу дахарехь».

– Крейг Гречел, «LifeChurch.tv» динан тобанан коьрта тхьамда а, книгийн автор а

«”Абадене кхийда дегнаш” цӀе йолчу книгано, маьӀнах дуьзна долу дахар лехарна жоп ло, цо тӀехдикачу некъах лаьцна лараме дахьийтар чулоцу. И книга билггал еша еза».

– Джон Максвел, бестселлерийн автор а, спикер а

«Сан доттагӀчо язъйина ”Абадене кхийда дегнаш” цӀе йолчу книгин 10-чу юбилейна лерина арахецар – иза, дахар дуьххьалдӀа цхьадолчу денойн терахь хиларан исбаьхьа дагадаийтар хилла ца Ӏа. Аша хӀара книга йоьшучу хенахь, машар хилар а, сатийсар а догӀур ду шун дегнаш чу, шайн лаккхара долчу тӀедилларе хьаьжжина шу даха дезаш хилар, шуна дагадогӀур долу дела».

– Стивен Фертик, «Elevation Church» динан тобанан тхьамда а, «Нью-Йорк Таймс» билгалдаккхарца бестселлерийн автор а

«”Абадене кхийда дегнаш” цӀе йолчу книги тӀехь Джона, вайна, абаденах лаьцначух ойла яр мел лараме ду бохучух вай кхеторхьама, Деза Йозанаш схьаоьцу. Со теша, цуьнан хьехамо Дала леррина Къобалвинчух тешачарна, абаденах ойла ярца, церан тахана муха баха йиш ю хаарна тӀехь алсам хьекъалалла хилийта гӀо дийрг хиларх».

– Джойс Майер, бестселлерийн автор а, Делан Йозанийн хьехархо а

«”Абадене кхийда дегнаш” цӀе йолчу книги тӀехь майрра хьахийна ю адамийн хиларан сийлахьчу ”къайленех” цхьаъ – абаде. Джон Бивера, гуттара санна, къаьстташ а, ка собаре а толлу кху хаттарца долу Делан Йозанийн хьекъалалла, шен ешархой, шайн дозанал гена дӀаса а даьржаш, абаденах йолчу ойланца баха иракара а хӀиттош».

– Брайн Хьюстон, «Хиллсонг» динан тобанан коьрта Ӏуналхо

«”Абадене кхийда дегнаш” цӀе йолу книга, абаденан тӀаьхьало дӀахӀотто а, Делан Пачхьалкх дӀасаяржо а лууш волчу хӀораммо а декхаре хиларца еша еза. Делан Йозанашна тӀетовжарца, Джона шен ешархой лаьттахь уггаре мехалчу ресурсах – хенах, лаккхара пайда эца сих а бо, иракара а хӀиттабо, цаьрга абаденгахь сийлахь Ӏаткъам байтархьама. ХӀара книга – хӀинцалерачу заманан классика ю!

– Крис Ходжес, «Church of the Highlands» динан тобанан коьрта Ӏуналхо, «Шийла хӀо» а, «Биъ кад» а цӀе йолчу книгийн автор

«”Абадене кхийда дегнаш” цӀе йолчу книги тӀехь Джон Бивера абаденан къайле дӀа а йоьллу, тӀаккха, вайн таханлерчу сацамаша вайн тӀаьххьарчу са чуозаран вукху агӀор муха Ӏаьткъа бохучух тешош долу тешалла а до. ХӀара книга шен тидаме ца оьцуш чекхволийла дац».

– Марк Баттерсон, «The Circle Maker» бестселлеран автор, «National Community Church» динан тобанан коьрта Ӏуналхо

«”Абадене кхийда дегнаш” цӀе йолчу книги тӀехь Джон Бивера ешархошка даим а абаде йовзаре кхайкхам бо. Джон – сан дика доттагӀ ву, тӀаккха суна цуьнан книга магор чӀогӀа сийлалле ду».

– Джентезин Франклин, «Free Chapel» динан тобанан коьрта Ӏуналхо, «Нью-Йорк Таймс» ойланца бестселлерийн автор

# АБАДЕНЕ КХИЙДА ДЕГНАШ

НИСДИНА А, ШОРДИНА А,
10-гIа ЮБИЛЕЙН
АРАХЕЦАР



ДЖОН БИВЕР

Driven By Eternity by John Bevere, Chechen
Special 10th Anniversary Edition
© 2021 Messenger International
MessengerInternational.org
Originally published in English as Driven By Eternity
Additional resources in Chechen by John and Lisa Bevere are available for free download and video streaming at: **MessengerX.com** and on the **MessengerX** App.
To contact the author: JohnBevere@ymail.com

Tis book is a gif from Messenger International and is NOT FOR SALE

«Абадене кхийда дегнаш» Джон Бивер, нохчийн маттахь
© 2021 Messenger International
MessengerInternational.org
Юьхьанца Driven By Eternity цIе йолуш ингалс маттахь арахецна.
Нохчийн маттахь маьхза чуяккха кхин тIе йолу ресурсаш **MessengerX.com** сайтехь а, **MessengerX** юххедилларехь а тIекхочийла долуш ю.
Авторан контактни электронни адрес: JohnBevere@ymail.com

ХIара книга — «Messenger International» динан гIуллакх дарера совгIат ду тIаккха ЙОХКА МАГОШ ЯЦ.

App Store Apple Inc-ан товарни билгало ю, цуьнан США-хь а, кхечу пачхьалкхашкахь а регистраци йина ю.
Google Play а, логотип Google Play а Google LLC-ан товарни билгало ю.

*Ас хIара книга хьажайо…*
*Абаденна дахар дIахIотторхьама тIебирззина*
*къахьоьгуш болчу массарна а.*
*Шайн лехаршкахь дегнаш иракарахIиттаделаш.*
*Иза схьавар билгалдаьлла ду,*
*тIаккха Цуьнан совгIат а Цуьнца ду.*
*«Ткъа Хьо волчохь хедар доцу дахар бохург*
*ду: цхьаъ бен воцу бакъволу Дела волу Хьо а,*
*Ахьа дуьнен чу вахийтина волу Айхьа леррина*
*къобалвина волу Iийса а вовзар»*

*Яхьъя 17:3*

# ЧУЛАЦАМ

Книгех лаьцна ........................................................................ 11

Дешхьалхе ............................................................................. 13

ДӀадолор................................................................................ 15

# Дакъа 1

КОРТА 1: Гуттара а волуш Верг ................................................... 21

КОРТА 2: Аффабель Пачхьалкх: Энделера дахар ........................ 37

КОРТА 3: Аффабель пачхьалкх: кхелъяран хьалхара де ............. 57

# Дакъа 2

КОРТА 4: Беллачарна долу абаде цӀа........................................... 83

КОРТА 5: Іехорна тІера кхелъяр.................................................. 103

# Дакъа 3

КОРТА 6: Сийлахь дІакъастар .................................................. 135

КОРТА 7: Бух............................................................................ 163

# Дакъа 4

КОРТА 8: Аффабель пачхьалкх: кхелъяран шолгIа де ............... 177

КОРТА 9: Стигалш ........................................................ 203

КОРТА 10: Дала леррина Къобалвинчун Кхел ........................... 223

# Дакъа 5

КОРТА 11: Делан ЦIа ........................................................ 239

КОРТА 12: Дала Шена лерина гIуллакх дан къастийнарш ........ 253

# Дакъа 6

КОРТА 13: Совдаккхар ........................................................ 279

КОРТА 14: Шен Iаткъам бар ................................................ 307

Юххедиллар: КIелхьардалар муха тIеоьцу ............................... 325

# Книгех Лаьцна

«Абадене кхийда дегнаш» цІе йолу книга, муьлхха а кхин книга санна, юьххьера дуьйна чекхъяллалц ешийла ду. ХІара книга, шена я тобанна йовзуьйтуш пайда эца лууш болчарна, ялх декъе екъна ю, царех хІораннан чаккхенгахь дийцаре дарна хаттарш делла ду. ХІара курс ялх кІиранна хьажийна ю, амма шун иза шайн хьашташка терра нисйойла ду.

Дакъош а, цаьрца богІуш болу кортош а:

**Дакъа 1.** Кортош 1 – 3

**Дакъа 2**. Кортош 4 – 5

**Дакъа 3**. Кортош 6 – 7

**Дакъа 4.** Кортош 8 – 10

**Дакъа 5.** Кортош 11 – 12

**Дакъа 6.** Кортош 13 – 14

Нагахь хІара книга, «Абадене кхийда дегнаш» бохучу дешаран курсан дакъа долуш санна, шу йоьшуш делахь, кегийчу тобанийн цхьаьнакхетарехь кІиранах хуьлчу дешаран цхьана урокехь цуьнга хьажар я ладогІар магор дара оха, тІаккха догІуш долчу декъехь хІиттийначу хаттаршна жоьпаш а луш. Цул тІаьхьа тобанан хІора декъашхочо книги тІера цхьаьнабогІуш болу кортош беша беза юха цхьаьнакхетталц. ХІора кІиранна дешаран цхьа урок луш ю.

Дезар эца шайна!

# Дешхьалхе

Вайх хӀорра а Далла хьалха хӀуттун волу, де тӀекхочур ду. Кийча хир дуй те вай?

Дезачу Йозанаша схьахьедо вайга: «Цундела, вежарий, кхидӀа а хьовсалаш Дала шаьш тӀекхайкхар а, харжар а бакъ хилар гайта. Иштта хилахь, цкъа а галдевр дац шу» (2 Кипин 1:10, гочдар ингалс. мат.). Кхузахь коьрта дош - бакъ хилар ду.

Цкъа мацца а делахь а, цхьана хӀуманах шу чӀогӀа тешна а хилла, тӀаккха шаьш гӀалатдевлла хилар гучудалар нисделлий-те шун? Массо а стаг санна хиларе терра, со сих-сиха айса схьалаьцначу некъах а, инструкцех а, процедурех а, формулех а я кепах а тешна хуьлу, тӀаккха цӀеххьана, со цига дӀавирзина ца хилар а карадой, гуламан проект а, иза дӀакхехьаран кеп а юьхьенца дуьйна юха доло дезаш хуьлу сан, амма хӀинца чул тӀаьхьа инструкциш ларъяр а долуш. Цу гӀуллакхо сан дог дохадо. Ас бензин, хан я ахча дайина, кхин цхьацца харжаш а йина. Со сайна и хууш хиларх тешна вара, амма билггал аьлча, суна и хууш ца хиллера.

Абаденца доьзна долчуьнца а изза гӀалат дан ца лаьара суна.

ХӀара книга кхолларна тӀехь болх баро долччул а дукха со-суо кхачаме вина. Иза итт шо хьалха арахецна яра, хӀетахь дуьйна соьга а, сан команде а кху дахьийтаро адамийн дахарш муха хийцадолуьйту хетачух лаьцна барам боцуш дукха хаамаш бо. Оха кху книгин юха теллина а, карладаьккхина а арахецарх лаьцна дуьйцучу хенахь, суна оха и дан дезар дуйла хаьара. Сан даго хьоьхура, хӀара агӀонаш чулаьцна долу дахьийтар сихо йолуш а, лараме а хилар. Хаза Кхаъ ларбар долу вайн, кхинаш а ниӀматца а, билггал бакъдолчуьнца а абадене кхачаре кечбарал доккха долу тӀедиллар дац. Ерриге а абаденналц шу тешна хила лаьа суна.

ГӀайгӀане дерг ду, вешан Кхоллархочунна хьалха вай дӀахӀиттича,

вайн цхьа а хӀума хуьйцийла хирг ца хилар. Аса сатийсарца доӀа до, аша хӀара книга йоьшуш я иза юха а еша шун лаам кхоллабелча, Дезачу Сино шайн дегнаш чохь деш дерг тӀеэца шу кийча хилар доьхуш, шу абаденга кхачош болчу дахаран боккхачу некъахь шаьш Цуьнга дигийтархьама – Шен боккхачу къинхетамца а, диканца а шун дегнаш гуттаренна а Цуьнга хийца а дойтуш.

Шун даггара доттагӀа,

Джон Бивер,

Май 2016

# ДIАДОЛОР

Абаде бохучу дашо вайн тидам тIе хIунда ийзабо, мухачу кепара Iаткъам бойла ду цуьнан дийнначу къомана? Цунах лаьцна дуьйцу австралийцан Артуран Стэйсан дийцаро. Иза дIадаханчу бIешаран дозанехь, схьахетарехь, Хьалхарчу дуьненна юкъарчу тIеман а, Сийлахьчу депрессин а заманан юкъахь догдохийла доцу дахар дIакхехьархьама дуьнен чу ваьллера. ХIунда? Цуьнан кхетаме ваьлчхьана долу дахар вахо маларш мийларх а, зуламаш дарх а дуьзна хилла дела. Амма 1930-чу шеран 6-чу августехь Артурна Iийса дуьхьалкхеттачул тIаьхьа дерриг а хийцаделира. Шен Iийсана тIеверзар хилча, юьхьанца, Сидней гIалин хIора урамехь абаде дIакхайкхо болчу лаамах лаьцна шен динан дас деш долу доIа а, цуьнан велхар а хезнера цунна. Артурна и доIа ма-дарра долуш хилла дIахIотто дагадеара.

ХIора Iуьйранна бода дIа а балале хьала а гIоттий, цхьа сахьт гергга йолчу хенахь доIа а дой, тIаккха 5.00 а, 5.30 а сохьтана юкъарчу хенахь шен цIера араволура иза, Дала ша иракарахIоттийнарг дар юьхьар а лоций. Дуккха а сохьтийн хенан йохалла, хIора бIе гIулч йинчул тIаьхьа цо Сиднеян гIашлойн некъашкахь деккъа цхьа дош яздора – абаде. Ткъа шарал сов йолчу хенахь цуьнан болх массарна а къайле йолуш буьсура. Эзарнаш адамаш сеца а сеца а деш, оцу дешан маьIна ойла йойтуш долу «абаде» боху дош хьан яздора? Цу дешан Iаткъам хиларх а, ницкъан барамах а кхетарий те и стаг? 1956-чу шарахь бен дIа ца еллаеллера и къайле.

Артур дIакхелхинчул тIаьхьа ши шо даьлча Сиднейски яздархочо Дугласа Стюарто хIара дешнаш ара а хецна, граффити кепехь кхайкхорхочун дош дагахь латтор дира:

Иза ву эхьах а, къайленах а вуьзна волу, шен дахарехь коьрта

меттиг цхьаъ бен доцучу нуьцкъалчу а, хенан кӀоргера а, заманан йохаллера а схьадеана долчу а, аьлла долчу а, ткъа цунна хезна долчу а цхьана: АБАДЕ, АБАДЕ, бохучу дашо дӀалаьцна волу поэт Артур Стэйс.

Иза, стигалара дӀасадаьржаш а, жоьжахатихь хезаш а долу, горгалин аз санна, дийкира.

Цхьана дашах хоттаделла долу кхайкхор, дерриг а къомах хьакхаделлера. Цуьнан дахьийтар Сиднеян юккъерачу майданехь «абаде» боху дош агар динчу мемориальни борзанан экъа дӀахӀоттийначу архитекторо Ридли Смито тӀаьхьарчу тӀаьхьенашна лардина дара. Цул тӀаьхьа, Сидней гӀалахь телевиденихула Олимпиада дӀаелларан трансляцига хьоьжучу, ткъа иштта изза йоза Сиднейски портан тӀай тӀехь керлачу ээаршеран суьйранна фейерверкан гарехь а, дерриг дуьненарчу миллиардашкахь долчу адамийн аьтто хилира и экъа ган.

Абадено дерриге а адамийн тидам йийсаре бо. Цо тӀеийзорна дуьхьаллатта хьуьнар долуш цхьа а къам а, халкъ а, я адам а дац. Дегнашкахь абаде а йолуш, вешан кхидӀа долчун девзаш ца хиларан кхетамца кхоьллина дара вай. Цундела вешан Кхоллархочун абаденах лаьцначу дешнийн кӀоргене дахар оццул лараме ду; цу тӀе Цуьнан Дашехь аьлла ду: «Дуьххьарлерчу деношкара схьа Со Дела ву… Ас динарг хьаьнга юхадерзалур ду?» (ЕшаӀ-ЯхӀу 43:13). (Ингалс гочдарехь «абаденгара абаденга». – Гочдархочун билгало). Цу бахьанехь аша хӀара книга хаьржина. Со теша, аша хьекъале харжам бина хиларх.

Юьхьенца цхьаьна доӀа дер вай. Ас хезаш хӀара доӀа дира, аша соьца цхьаьна доӀа даре са а туьйсуш:

Абаденан хьоме Дела, доллучун Кхоллархо, дуьненан Веза Эла, со Хьан КӀентан Дала леррина къобалвинчу Ӏийсан цӀеран дуьхьа вогӀу Хьуна тӀе. Хьан лай волчу Джон Биверна тӀетарца ас доьху Хьоьга хӀинцца, сан бӀаьргаш дӀабеллахьа, гархьама, сан лергаш дӀаделлахьа, хазархьама, Ахь кху дахьийтарехула бохучух кхеташ а, тӀеоьцуш а долу дог а лохьа суна. Сан дахарна Хьан лаам а,

некъӀаш а довзарна сайна Дезачу Синан гӀо оьшуш хиларна къера ву со. Суна сайн дерриге а дахарехь Хьуна там бан лаьа кхузахь а, абаденгахь а. Хьайн некъаш дӀадиллина а ца Ӏаш, амма Хьайн дог а дӀаделлахьа суна, Хьо ма-варра суна, вовзархьама, хӀунда аьлча Хьо сан Стиглашкара Да хилар довзар ду абаденгара дахар. Баркалла хьуна Хьан тамашийначу тешаме хиларна а, ниӀматна а, къинхетамаллина а.

Дезачу Сино, шу шаьш цкъа а тӀекхуьун доцчу тайпана болу кхетам а, кхетар а лург хилар а хууш, цу Ӏаламатечу гездаре гӀор вай. Ткъа иза мел исбаьхьа а ду!

# ДАКЪА 1

КОРТА 1

# Гуттара а Волуш Верг

*Тхайн дахаран денош лара Іамадехьа тхо, тхан дегнашна хьекъал довзийтархьама... Тхан Хьалдолчу Делан дика болх хуьлда тхуна. ГІуллакхаш тІехь тхан аьтто белахь, тхан гІуллакхаш а аьтто болуш хилийталахь*

– Забур 89:12, 17

Дукхах долчу адамашна шайн дахар эрна дІадаха луур дацара. Иза Везачу Элера догІуш долу, нийса дІагІертар ду. Цунах лаьцна доьхура Мусас, лакхахь далийначу доІанехь. Дахарехь дайина дуккха дерг юха меттахІоттадойла ду, амма нийса яйина йоцу хан хІинца цкъа а юха ерзалур яц. Малх ана тІехьа къайла ма белли, де абадене дІадоьду.

Дала вайн къахьегарш кхиаме дар доьхуш, доІа до Мусас. И дешнаш шозза юха-юха олу. Стенна? Муса вон эс даран я гІалаташ долу къамел даран бала хьоьгуш вацара. Мелхо а, цо кхузахь жуьгтийн маттахь тІеэцна йолу, билггала кеп гойту. Цхьа хІума оьрсийн я ингалсан меттанашкахь схьакъасто лууш, вай масех кепах пайда оьцу, масала, Іаьржачу шрифтах а, курсивах а, даккхийчу элпех а я айдаран хьаьркех. И дерриг а ешархочун цхьана чІогІа ларамечу хІуманна тидам тІебахийтархьама деш ду. Ткъа жуьгтийн маттахь и дош я дешнийн цхьаьнатохар шозза яздийр дара, цунна тІе къасторг йиллархьама. Иза до, жуьгтийн авторш даим а эмоциш гайтарехь чІогІа ларлуш боллушехь. Дезачу Йозанашкахь дешнаш шозза юха-юха аларо боху, Делан лаам вай кхиам хилар хилла а ца Іаш, амма Цунна иза вайна доггаха лууш хиларх лаьцна. Цундела дина Цо тохар цу дешнашна тІе.

Вай кхиаме хиларна кхоьллина ду. Далла вайн дахар лараме хила лаьа! Юьхьанца дуьйна а иза Делан лаам бара, вайн а боцуш. Цо иза Дезачу Йозанашкахула дӀадоьллу. Пурба лойша суна иштта ши дакъа дало: «Шун Везачу Дала шун куьйгаша мел дечу гӀуллакхашна тӀехь а, шун кийрара а, шун хьайбанех а, шун лаьтта тӀера а схьадаьллачунна тӀехь а тӀех дукха кхиамаш хуьлуьйтур бу» (Карлабаькккхинарг 30:9). Тидаме эцалаш, муьлххачу а гӀуллакхна тӀехь аьлла хилар, цхьадолчарна тӀехь а доцуш!

ТӀаккха юха а вай доьшу: «Деша хӀара хьехаман тептар массо а хенахь. Дийнахь а, буса а Ӏамаде иза, кху тӀехь яздинарг нийсса кхочушдархьама. ТӀаккха айхьа дечу гӀуллакх тӀехь чӀогӀа аьтто хуьлуш а, чӀогӀа беркат долуш а хир ву хьо» (ЮшаӀ 1:8).

Кхиамах марзо оьцуш Ӏархьама, Делера долу хьекъалалла оьшу. Дезачу Йозанаша чӀагӀдо: «Хьекъалалле кхача лууш волчунна шен са деза. Хьекъалаллица лелаш верг дикане кхочур ву» (Киценаш 19:8). Хьекъалалло вайна муьран оьшшучу хенахь нийса сацамаш тӀеэца хаар а, хьуьнар а ло. Билггал бакъдолу хьекъалалла къаьсттина хьуьнаречарна луш дац; иза Везачу Элах кхоьруш болчу массарна а луш ду, тӀаккха Дала леррина Къобалвинчуьнца дӀаделлалуш а ду. Абаденна ларам болу дахар дӀакхехьархьама, Делера долу хьекъалалла хилар тӀедуьллу, ткъа цунах лаьцна ма ю, ерриге хӀара книга а.

Хьекъалаллах кхоллалуш бу, шеца там хилар а, совгӀаташ дар а дохьуш болу кхиам: «Хьо хьекъале велахь, хьуна пайда бахьар бу оцу хьекъалалло» (Киценаш9:12, ингалс. гочдар). Далла хьан кхиам хилла а ца Ӏаш, амма хьуна совгӀат дан а лаьа. Юха а вай доьшу: «Леррина хьоьжу Веза Эла цӀена лелачийн хьашташка, царна кхаьчна мел дерг абаденналц лаьттар ду» (Забур 36:18, ингалс мат. гочдар).

ТӀаьхьарчу шерашкахь дукхахйолчу динан тобанаша Далла вай кхиаме хила лууш хиларна нийса тидам тӀебахийтина. Делахь а дукхахьолахь кхиаме хилар бохучуьнга, Далла иза гуш долчул а, юкъаралло цуьнан билгалдаккхар сов далар го. Кхиаме хилар абаденгахь хин долчуьнца дустар а доцуш, цкъачунна долчуьнца дусту. Цо кхетарехь къастам ца хилар кхуллу, ткъаоцу агӀоно, шен

рогIехь, нийса йоцчу Iалашонашна а, гIертаршна а тIедаладо. Цкъа вай дерриш а дуьненан Кхелахочунна, Дала леррина къобалвинчу Iийсана, хьалха лаьттар ду, тIаккха, нагахь вай Делера долчу хьекъалаллина тIедоьгIна дахар дIадаьхьнехь, вайна абаденехь совгIат хир ду.

Нагахь вай нийса доцучу гIертарша лелош хиллехь, вайна таIзар дар хир ду я абаденах довлар ловр ду вай. Цундела, Цо лоьхург хIун ду те къасторна хан яйар лараме ду.

Тахана хилла а ца Iаш, амма абаденгахь а чулацам болу дахар дIадахьаран Iалашо а, маьIна а ду кху книгин. Делан Йозанашкахь къаьстташ аьлла ду, иза муха дан деза бохург. ТIаккха ваьш абаденга нисдала лууш делахь, иза хIун ду бохучух кхета гIертар ду вай.

## Абаде

Дезачу Йозанашкара хIара ши дакъа тидаме хиларца деша:

«Ма сийлахь ву Дела – Цунах вай кхетар дац. Цуьнан шерийн терахь вайга таллалур дац» (Аюб 36:26, ингалс маттера гочдар).

«Дала адаман кхетам чохь абадех йолу ойла кхоьллина»
(Устаз 3:11).

Абаде. ХIун ду и? ХIун билгало лойла ду цунна? Цунах муха кхета веза? Цхьана дошамна тIехь иза чаккхе йоцу хан санна билгалйоккху, ткъа вукхунна тIехь – хенан юкъахь доцу хьал санна. Цхьана хьостано абаде хенан юкъахь йолуш, ткъа вукхо цунна юкъахь йоцуш билгало хIунда йо? ТIаккха и билгалонаш кхета ца еш а хIунда юьсу? Шина Iилманан книганех, нагахь цара дуьненахь цхьана ладам болчу хIуманан кхоччуш дуьхь-дуьхьал билгалонаш луш елхьара, царех цхьаммо шеко кхоллайолуьйтур яцара ткъа? Хуьлуьйтур вай, книганех цхьанна тIехь чIерий хи чохь Iаш хиларан билгало луш ю, ткъа вукху книгина тIехь, чIерий лаьтта тIехь Iаш чIагIдеш хир дара. Оцу книганех цхьанна тIехь адам тиладолуьйту агIо хиларан сацам а бина, вай иза дIакхуссур яра. ТIаккха шеконе а диллина, абаденан

билгалонех долу цхьаъ коьрта чуьра дӀа хӀунда ца кхуссу вай?

Билггал бакъдерг ду, абаденах хьекъалца кхетийла дац бохург. Вайн хьекъал абаденан концепцех а, агӀонех а кхетам хиларна тӀехь доза тоьхна ду.

Пурба лойша иштта сурт дало. Дуьненан чаккхенан сурт хӀотто гӀортийша. Сурт хӀоттаде цуьнан арахьарчу дозанан. Нагахь цу т1ехь шун аьтто балахь, муха сурт хӀоттадо аша цуьнан дозанан? Иза хӀун ду? Пен бу? Стенах бу иза? Мел стомма бу иза? Цу пенан арахьара агӀо дерриге а дуьненан чаккхенан тӀадам буй те? Нагахь белахь, хӀета пенан дехьа хӀун ду? Кхин а меттиггий? Иза дуьненан кхин дӀа дерг дац ткъа? Чаккхе мичахь ю те? Дуьненан чаккхе цахилар схьалоцийла дуй те шун кхетаман? Ойла ейша цу тӀехь.

Ткъа бух боцу ор, масала? Чаккхе йоцчу чу воьжна охьаэхаран сурт хӀотталой те шуьга? Шу цкъа а чу а кхочур дац, ур-атталла бух а гур бац шуна; дуьххьал дӀа охьавоьдуш, охьавоьдуш лаьттар ву. Шина хӀумано, ткъа цхьаммо а доцуш, тӀелетар до вайн могуш долчу маьӀнина: цкъа-делахь, бух ца хиларо, шолгӀа-делахь, охьавожаран чаккхе ца хиларо. Цунах кхетийла дац, иза Іилманна дагатеснарг санна хуьлу, делахь а, иштта меттиг Дезачу Йозанашкахь ворхӀазза хьахайо.

Ткъа Ша Делан, адам Кхоллархочун хьокъехь хӀун эр ду? Ойла ейша минотехь Цуьнан юьхьенах я, нийса аьлча, Иза «чаккхе йоцуш» хиларх. Дезачу Йозанаша Иза «абаденгара абаденга кхаччалц» ву бохуш чӀагӀдо. Нагахь иза дуьнен чу ваьлла ца хилча, нагахь Иза цхьаммо а кхоьллина ца хилча, хӀета Иза Ша волуш Верг хила муха волавелла? Иза хьала муха кхиъна?

Билггал бакъдерг ду, назманашъалархочо кхайкхош ма-хиллара, Иза Дела хилла дӀа ца хӀоьттинера бохург: «Лаьмнаш дуьнен чу довлале, дуьненан латта Ахьа кхоллале, азалера абаде кхаччалц Хьо ву Дела» (Забур 89:3). Ойла ейша цунах лаьцна. Ойла ян дуьйладелча, шуна кхетар ду, Аюба яздеш ма-хиллара, иза кхетам чу тарлуш ца хиларх: «Ма сийлахь ву Дела – Цунах вай кхетар дац. Цуьнан шерийн терахь вайга таллалур дац».

## Дегнашкара абаде

Вайн хьекъал чу тарлуш доцу билггал бакъдерг, Кхоллархочо вайн дегнаш чу диллина. Абаде вайн дагна евза. Иза хIора адамна чохь кхоллало. Цундела олуш ду: «Аьлла шен даг чохь кхетам боцчо: „Дела вац»» (Забур 14:1). Тидам белаш, Дезачу Йозанаша ца боху: «Аьлла шен хьекъалехь кхетам боцчо». ЧуьрабевлIа Дела дIатоьттучу дукхахболчу атеисташна, даг чохь, Иза вуйла хаьа, и хаар цу чохь долу дела. ТIаккха церан дог кхоччуш дикалла дIаяла талххал чIагIделла дац.

Дуккха шераш хьалха ша кхоччуш атеист ву баьхна волу, цхьа доттагI ву сан. Цо шеца цхьаммо Делах лаьцна къамелаш долор ца магадора; цкъа ур-атталла шен накъостера Делан Йозанийн книга катоьхна карара схьа а яьккхина, лаьтта охьа а кхоьссина, хьеша волавелира иза, оцу накъостана а, Делан Йозанашна а неIалт а кхайкхош. Цо и керста ледара хиларехь а, хьекъал ца тоьаш хиларехь а бехке вора.

Дуккха шераш дIадевлча кхоччуш ша атеист хилар чIагIдеш волу и накъост кийрахь долчу чIогIачу лазарша дIалаьцнера. Лоьраша цу лазаран бахьана довзархьама, цуьнан накха болу меттиг дIайиллинера, тIаккха цу сохьта дIачIегIира, цунна ваха ткъе диъ сахьт хан бен ца йисаран хаам а беш.

Буьйсанна, больнични маьнги тIехь ша вижина Iуьллуш, иза кхийтира, шена цкъа а ваха луун доцучу, абаденан хIусамашка хьажош вуйла ша. Цунна цунах лаьцна мичара хуийла дара, нагахь цо цкъа а, цхьанна а Дезачу Йозанашкахь долчух лаьцна дийца магош ца хилча? Абаде цуьнан дагахь хилла хила тарлой те, Дезачу Йозанаша дерриге а адамех лаьцна бохуш хилча: «Иза иштта ду, хIунда аьлча Делах лаьцна хаа тарлуш дерг массарна а хууш ма ду, Дала Ша иза царна хаийтина дела» (Римхошка 1:19).

Цу буьйсанна сан доттагIчун дог сецнера. Иза, дилханара ара а ваьлла, кIоргечу бодане воьдура. Бода оццул буькъа хиларна, цунна ша цу боданан юкъахьарчийна волуш санна, хеталора; цхьа а тайпана серло кхетар гуш дацара. Дикка еххачу хенахь бодане ша охьавужуш, хьийзош долчу синойн шийла маьхьарий хезира цунна. Ден а велла,

цӀеххьана шен дегӀа чу юхавирзича, цхьана чӀогӀачу ницкъо нийсса жоьжахатин неӀаре дӀаийзош вара иза. Иза денвелира.

ШолгӀачу Ӏуьйранна, шена вевзаш цхьаъ бен воцчу тешар долчу стаге телефон туьйхира цо. Цуьнан доттагӀчо, схьа а веана, Дала леррина къобалвинчу Ӏийсагахула кӀелхьарваккхаран кхайкхор дира. Цо Дала леррина къобалвина Ӏийса шен Веза Эла а, КӀелхьарвоккхург а хилар даг чу ма-ицци, цуьнан вевзаш волчо товаларна тӀера доӀа дира. Кхо кӀира даьлча и стаг больницера аравелира, ткъа хӀинца, ас хӀара книга язъечу хенахь, дийна а, могуш а ву иза. Иза билггал Ӏаламат ду.

Атеист волчу хенахь, цо Дела вац бохуш, кхайкхадора, делахь а, абаде цуьнан даг чохь ехаш яра. Кхетам ца тоьарг, иза дуьххьал дӀа хьекъалца Веза Эла дӀатоьттург а воцуш, амма, даг чохь эхь-бехк хуьлчу агӀор Цунна дуьхьалваьлларг ву. Ишттачу стеган даг чу кхочийла дац. Хьекъалан барамехь тешна хилар и цхьа гӀуллакх ду, иза хуьйцийла долу дела, амма, адамо дог чӀагӀдечу хенахь дерг, кхоччуш кхиндерг ду. Юнгера яздинчу керла Делан Йозанийн дошамо иштта билгалдоккху: «Дезачу Йозанашкахь кхетам ца тоьаш верг, уггар хьалха, Делах кхерар дӀатоьттуш волу стаг ву. Иза, Делан бакъахьараллин абаденца йоьзна йолу агӀонаш тергал ца ян шена мега а моьттуш, таӀзар дар шена тӀе догӀур дац боху ойла йийриг а, иштта леларг а ву».

Ма-дарра аьлча, кхетам тоьаш воцчу стага ойланца Дела тӀеэца тарло, амма даг чохь дӀатотту цо Иза, иза цуьнан дахаран вастехь гуш хуьлу. Делах Кхерарo бен ца латтадо вайн дегнаш Дезачу Синан тӀекхочийла хуьлуьйтуш; и дайначул тӀаьхьа вайн цхьа а тайпана сатуьйсийла ца хуьлу. ПахӀала аьлла: «Вежарий, ИбрахӀиман бераш, шу а, Делах кхоьру хийрачу мехкашкара дерш, и кӀелхьардовлархболу кхаъ вайна баийтина бара» (Векалийн 13:26). Делан кхерам болчийн бен абаденан дахаран Дешнаш хаза хьуьнар дац.

## Абаденан билгалдаккхар

Абаденах лаьцна хьекъалца кхетадойла дацахь а, иза вайн дегнаш чу йиллина ю. Абаденан билгалдаккхар деш, дагца ладогӀар доьху аса шуьга, иза ерриге а книгех пайда эцарна оьшу. И муха дан деза?

Уггаре а хьалха ваьшна Дезачу Синан гІо оьшуш хилар тІеэца а, цунах лаьцна Цуьнга деха а деза, иза вай дешхьалхенехь дан а дина. Цо вайн хьекъале а доцуш, вайн чоьхьарчу адаме бохур ду. ШолгІа-делахь, билггал бакъдерг шун дагах хьакхалучу хенахь, ойла ярца совца. ХІара книга йоьшуш, сих ма ло. Нагахь сихонца ешахь, ешарх боккха пайда хир бац. Абаденан Делан Дешан кхоччуш Іаткъам лархьама, кху шина бакъонах пайда эца, тІаккха гуттаренна а хийцина хир ду шу. Дауда боху: «Бакъдолу Хьан дош сайн даг чохь латтадо аса, Хьуна дуьхьал сайна къа ца латорхьама» (Забур 118:11). Хьекъалца дешна ма Іе, кху хиламехь дешнарг атта дицло я дов, амма Цуьнан дашна пурба ло доІанехула а, талларехула а шайн даг чу дала.

Абаденан чаккхе яц. Делахь а вай бохург хенах лаьцна дац, абаде цуьнан куьйга кІел ца хиларна. Абаде хенал лакхара ю. Абаденах лаьцна чаккхе йоцчу йохаллин категоришца санна бен ойла ца яр, цуьнан кхоччуш долу маьІна тидаме ца эцар ду. Абаденах гІоле кхетархьама, вай Деле Шега хьежа деза. Иза доза тоьхна вац я ницкъан а, я хаарехь а, я хьекъалаллехь а, я кхетамехь а, я сийлаллехь а. Иза Волуш Верг, абаденна хилла а, абаденна хир волу а Дела ву. Цунах олу «Гуттар а волуш волу Да» (ЕшаІ-ЯхІу 9:6). Робертан Янган ма-дарра долчу гочдарехь вай доьшу: «Гуттар а волу Да». Цуьнан цІе Абаденна Верг «цкъа а лийр воцу паччахь» (1 Тимапига 1:17). Дерриг а гуттаренна а дерг Цуьнца ду. Дерриг а Цунна арахьа дерг, цкъачунна а, хийцалойла долуш а ду. Башхалла яц, мел дика а, чулацаме а, нуьцкъала а, дукха дехар долуш а цхьа хІума делахь а, эххар а дерриг а дІадер ду. Латта а, дуьне а хийцалур ду, амма Иза хийцалур вац:

> «Веза Эла, Ахь юьхьанца латта кхоьллина, Хьайн куьйгашца стигалш йина; Уьш дІадевр ду, ткъа Хьо вуьсур ву; Уьш дерриг а, бедарш санна, тишлур ду. ТІеюху хІума санна, Ахьа дІахьарчор ду уьш, тІаккха уьш, бедар санна, хуьйцур ду; Амма Хьо цкъа а хийцалур вац, Хьан дахар чекх а дер дац» (Іебархошка 1:10-12).

Иза дІа ца ваьлла а ца Іаш, амма абаденна хийца а лур вац. Дезачу Йозанаша кхайкхадо:

> «ХӀунда аьлча аьлла ду: ХӀора адам буц санна ду, цуьнан хазалла арарчу зезагийн санна ю: Буц а якъало, зезаг а маргӀалдулу, ткъа Везачу Элан Дош гуттар а деха; Иштта бу шуна кхайкхийна хаза кхаъ!» (1 Кипин 1:24, 25).

Иза абаденналц ву, цундела Цуьнан дешнаш а гуттаренна ду. Делан харцлоьйла дац, тӀаккха Цуьнан дош дохийла дац. Иза иштта дацахьара, дерриг а арахьарчу бодане доьжна хир дара, хӀунда аьлча Иза серло ю, тӀаккха массо а хӀума Шен Дешан ницкъаца латтош ду Цо. Цо аьлларг хийцалойла долуш дац, иштта дацахьара, Иза абаде хир вацара. Иза вай вешан дахар шена тӀехь дӀахӀотторан ондда бух бу.

## Абаденан кхелаш

Тахана дукхахболчара шайн дахар, абаденан буха тӀехь, Делан Даша тӀехь дӀахӀотточу меттана, культурни Ӏадаташ тӀехь, Дела мила ву бохург шайгара йолчу билгалонаш тӀехь я шаьш ловш долчунна тӀехь дӀахӀоттадо. Иза тешаш боцучарна хилла а ца Ӏаш, амма дуккха а болчу тешаш болчу нахана а догӀуш ду.

Ирча хӀума ду цхьана цкъачунна долчух тешар, иза абаденан билггал бакъдерг а лоруш. Кху хиламехь шун бух техкаме а, охьабожа хьаьхна а бу. Тиладаларехь а долуш, шу харцдолчух тешаш хир ду.

Со инзарвуьйлу, сайна дуьхьал мел нислучу, абаденналц доцучух тешачарех. Царех цхьаболчара шайн Делах а, Цуьнан КӀентах а тешарх лаьцна дуьйцу соьга, амма цара даре деш Верг, кхоччуш вайна Дезачу Йозанашкахь дӀавеллалуш Верг вац. И тиладалар тоъал кӀоргене доьду. Муьлхачу кепара адам ма-дарра теша, юкъаралло хӀиттийначу а, Делан амална дуьхьал долчу а шен хьекъалехь суьрташ хӀуьттучух? Ӏийсас аьлла:

> «... Сан дешнаш тӀе ца оьцуш а волчун шен кхел ю. Ас аьллачу дашо йийр ю цунна кхел тӀаьххьарчу дийнахь. ХӀунда аьлча Аса Сайгара ца боху, амма Со ваийтинчу Сан Дас весет дина Соьга, Аса хӀун ала а, хӀун дийца а деза олуш» (Яхьъя 12:48, 49).

Къемат-де дуьне кхолладелчхьана дуьйна дIахIоттийна дара (хь. Векалийн 17:31). Цу дийно билггал бакъдолчун керла довзийтар дохьур дац вайна; мелхо а, дерриг а хьалха аьллачу дешнашца дустуш хир ду. Цу таьххьарчу дийнахь, вайн хIинца долуш долчу, Цуьнан Дешо кхел йийр ю вайна. Абаденна долчо. ТIаьххьарчо. Цхьа а юкъара дахарш а, тIетохарш а, хийцадаларш а дац. ТIаккха Цуьнан Дош довзарх пайда а оьцуш, Цо бохучуьнца дахар гIоли дац ткъа, Дала хIун аьлла те бохуш, ойла ярца, тиладаларехь Iачул?

Цу дийнахь кхочушъен йолчу кхелех, уьш абаденна ю олу (хь. Iебархошка 6:2). Кхечу дешнашца аьлча, вай вешан дахар Цуьнан Дашца догIуш дIахIоттийна хилла я ца хилла бохуш, тIеэцначу сацамаша, билгалдоккхур ду вай гуттаренна а йолу хан муха йоккхур ю бохург! И сацамаш цхьа а тайпана хуьцийла долуш бац, цундела аьлла царех абаденан кхелаш.

Дуккха болчу тешачара, ца тешачара санна, хIиттийначу гергайогIучу суьдашка бен доцуш хьажар гойту. Уьш Делан Йозанашна гена йолчу харц агIонашна тIетевжа. Цхьаболчарна моьтту, Далла шайн дика гIуллакхаш вочу г1уллакхел алсам хилар гича, Иза шайца дика хир ву моьтту. Кхиболу лаккхара юха дуьнен чу бевлларш массарел а сов цецбевлла хир бу: царна уьш Кхелахочунна Iийсана хьалха хIуьттур бац бохуш ма хьехнера, Иза церан КIелхьардохург волу дела. Дерриг а ша-шех дIанислур ду моьттуш берш а бу. Уьш Делан Йозанашца боцчу къинхетаме сатуьйсуш бу.

Керлачу Весето цу агIонех цхьа а хIума ца хьоьху. ХIорш а, кхин дуккха йолу адамийн хьекъалшкахь кхоллаелла теориш а, цкъачунна ю, уьш гуттаренна яц, тIаккха къемат-дийнахь латталур а яц. Со теша, божарех а, зударех а болу дуккха берш тешачарех хир бу, шаьш Iийсана тIаьхьахIиттинчарех а лоруш, Къемат-дийнахь цара шовкъ ловр ю.

## Кхелъечохь тешна хилар

Кхел ен йолчу кхерамца дахка ца деза вай, амма тешна хиларца догIийла ду вайн.

> «Вай Делаца долчу хенахь, вайн безам алсам кхачаме хилла дIахIутту. Вай къемат-денах ца кхоьру, амма тешна хиларца цунна дуьхьалгIойла долуш ду, кху дуьненахь Дала леррина Къобалвинчух тера долу дела (1 Яхьъяс 4:17 ингалс маттера гочдар).

Тидам белаш кху дешнийн «вай Делаца дехачу хенахь, вайн безам алсам кхачаме хилла дIахIутту». Къемат-дийнахь вайн тешна хиларан догIа, вайна чохь кхачамалле кхаьчна (я кхиъна баьлла) болу, Делан безам бу. Билггал кхузахь бовлу дуккха берш гIалат. Уьш Делан безаме абаденан а доцуш, ткъа цкъачунна йолчу категорийн серлонгахь хьоьжу. Дукхахьолахь, юкъараллехь а, наггахь динан тобанехь а хьалаойуш болу безам а, дикалла а, адамийн барамца бустуш а болуш, Делан безамца богIуш ца хуьлу. Пурба лойша суна масех дIасадаьржина долу масалш дало.

«Тхо вовшийн дезаш ду, цхьаьнакхета лаам а бу тхан». Иштта долу тIечIагIдар дукхахьолахь шайн цхьаьнакхетар цхьана а тайпана чIагIдина а доцуш, цхьаьна Iаш долчу адамашкара хезийла ду. Уьш тIаьхьо хила ма-дезза бракаца цхьаьнакхетар боллушехь, церан цхьаьна Iар къилахь ду. Делахь а, иштганиг дIахьедеш уьш боллушехь, амма гIуллакх брака тIекхаччалц дIа ца доьдучу хьолан со теш хилар, цкъа хилла ца Iа. Царна дицделла къаьстташ дина долу омра: «Массара а майрачун-зудчун юкъаметтиг ларъе, шаьш дIадуьйшу мотт сийсаз ма баккха. Дала кхел йийр ю сийсазалла лелочарна а, нахаца лелачарна а» (Iебархошка 13:4). Тидам белаш, кхузахь динан тобанехь боцчу боьха лелачарах а, нахаца лелачу а нахах а доцуш, ткъа иштта дахар дIакхоьхьучу массарах а лаьцна бохуш хиларан.

«Суна айса дуьйцу бакъдерг дерриг а доцийла хаьа, амма цу гIуллакхо барт бан гIо дийр ду». Иштта олу бизнес лелочу, царна хетарехь дика товар дIадохка лууш долчу, адамаша. Цара иза олу, эцархой лацархьама, шайн долуш дерг царна жимма хаздан лаьа дела. Иза харцо лелоран къа хилла ца Iа: хууш ду, барт бар, гуттара бохург санна, цу тайпана дIахьедар деш волчунна бен, чIогIа пайденна ца хилар. ХIара хьалххе дуьйна долу дIахьедар диц дина те цара: «Ткъа кIиллойн а, Iийсах тешар доцучеран а, вон болчеран а, адам

дийначеран а, сийсаза лелачийн а, бозбунчийн а, харцделанашна Іамал еш болчеран а, массо а харцлуьйчеран а дакъа хир ду цІарах а, саьмгалх а богучу Іам чохь» (Довзийтинарг 21:8, Шордина гочдар).

«Ас цу стагах лаьцна бохург, бакъду», иштта олу, цхьацца шайца болх бечу накъостех я доттагІех, я лулахойх лаьцна, уьш цхьаьна вочу агІор гайта лууш болчара. Иштта дешнаш сих-сиха безам а, гІайгІа бар а долчуха олу, ткъа ма-дарра долчунца уьш эладитанаш ду. Ма-дарра аьлча, шена хетарехь бІе процентана бакъахьара хуьлийла ду, амма абаденан стандарташца дуьстича, иза харцхьара хила а там бу. ДагавогІий шуна Хьама, Нохьин жимаха волу кІант, вежаршка вехна а, верзина а волчу шайн дех лаьцна дийцина волу, иза билггал бакъдолчуьнца догІуш-м дара. Делахь а, цо динчун тІаьхьало, цунна шена а, цуьнан тІаьхьенийн тІаьхьенашна а неІалт хилла дІахІоьттира. Эладитанчашна а, латкъамхошна а массо тешачарна дина весет дицделла те: «Вовшашна аьрзнаш ма делаш, вежарий, шайна кхел ца яйтархьама, хІунда аьлча Кхелахо неІарехь лаьтташ ву» (Якъуба 5:9).

Шайн цхьа юкъараллин сиз долу, барам боцуш дукха масалш даладойла ду – уьш дерриш а абадене болчу Делан лаамца догІуш дац. Кхераме дерг хІун ду, т1ехула хьаьжча башха зуламе дац аьлла чІагІдарш деш долу адамаш, динан тобанан цІийне лелаш ду. Уьш тІекараллехь кІеда-мерза а болуш, гонаха болчара масаллина бало а тарлуш болу нах бу. Амма абадено муха мах хадабо церан? Яхьъяс шен дахьийтарехь Делан безам муха хьалакхиабойла ду бохучух кхетадо.

> «Шена Дела вевза а бохуш (вовза а вевзина, Цунах – Дала леррина къобалвинчу Іийсах кхетта а бохуш), парзаш лардеш воцург харцлуьйш а ву, цуьнца бакъдерг а дац (Инжил). Ткъа (хазна санна), Делан дош лардеш волчунна чохь (хьекъалехь Цо аьлларг лар а деш, Цуьнан дахьийтаршка абаденан маьІнехь хьоьжуш волчун) Делан безам билггал буьззина бу» (1 Яхьъяс 2:4, 5, Шордина гочдар).

Дагадаийтийша, билггал кхачамечу (кхиъна баьллачу) Делан

безамо луш хилар вайна Кхелахочун юьхь-дуьхьал дIахIитта майралла. Яхьъяс къаьстташ кхетор ло, Делан безам Цуьнан весеташ кхочушдарехь кхачаме хилла дIахIутту, юкъараллехь магийна лоручу леларехь а доцуш. Диц ма делаш, Хьава тIеозийнарг дика а, вон а довзийтаран диттан зуламе агIо а йоцуш, диканиг яра: «Зудчунна и дитт хаза хилар а, цунна тIера стоьмаш даа тамехь хилар а гира» (Доладалар 3:6). Адаман кхетамехь дика а, бIаьргашна тамехь а ду аьлла хетарг, Делан абаденца боьзначу лаамца дуьхь-дуьхьал долу хIуманаш ду. Уьш гуттаренна а дац, тIаккха цкъа дIадеврр а ду.

Дезачу Йозанаша чIагIдо, Делан весеташ дуьззина лардар доццушехь, вайн ваьш тешо таро ю, вешан тешна хиларца Къемат-дийнахь Везачу Элана хьалха вайн дIахIуттийла хиларх. Цуьнан дош кхоччуш тидаме эцарца а, дурсе лардарца а бен, Делан безам кхиъна ца болу. Цундела луш а ду вайна Дала, шен рогIехь, Цунна ма-луъу, кхоччуш Цуьнан дашна муьтIахь хиларан ницкъ луш долу, ниIмат. «Цундела вай, егалур йоцу пачхьалкх тIеоьцу ерш, Далла баркалла олуш хила деза...» (Iебархошка 12:28).

Паччахьо хIун лоьху а, Цунна хIун лаьа а хаа болчу лаамца доьзна ду цуьнан маьIна, юкъараллин бIаьргаш чохь, я адамийн кхетамашца дика гуш долчуьнца а доцуш. Дала вайга боху: «ХIокху дуьненан ойланашца ма лелалаш, амма шайн хьекъал, метта а даладайтина, Деле карладаккхийта. ТIаккха бевзар бу шуна шайх лаьцна болу Делан лаам» (Римхошка 12:2). Вайн культурина дика хеташ дерг, Делан абаденан лаамашца ца догIуш хила а тарло.

Пурба лойша суна масалла дало. Кху муьрехь, хIинццалц дуккхазза а со хиллачу, айса мукъачу деношкахь ткъа эзар стагана хьехамаш бан дезачу, Сингапуран хьешан цIийнахь хиъна Iаш ву со. Ас иштта маситтазза Нидерланд-пачхьалкхехь хьехамаш бина, цигахь, масала, шеца марихуана хилар а, иза озар а цхьа а законца ца догIуш хIума дац. ТаIзар дарх а ца кхоьруш, наха иза лечкъа а ца деш леладо. Ткъа нагахь Сингапурехь стаг цхьа билггалчу барамехь (ур-атталла кIеззиг бен яцахь а) наркотикашца схьалацахь, цунна къиза таIзар дийр ду. Нагахь цхьа билггала йолу наркотик караяхь, валаран таIзар до

ирхъолларехула! Дозанах чекхбовлучу хенахь, хIоранга а хIара йоза тIехь долу карточка ло: «Сингапуран законашцца догIуш, наркотикаш лелочарна валаран таIзар даран кхерам бу».

ХIинца, Нидерланд-пачхьалкхерачу диллина шен цIахь марихуана узучу къоначу стага, Сингапуре а веана, меттигерчу бахархошна иза барамехь яларан сурт хIоттадейша шайна. Цо там хиларца дIахьедо шен керлачу доттагIашка:

– ХIей, кIентий, хIара инзарвоккху хIума ю. ХIокхо те а во, марзо а эцуьйту, берриге сингаттамаш а дIабоккху. Чам баккха лаьий шуна? Ас там хиларца лур ю иза шуна!

Иза цу сохьта схьалоцу. Иза Iадийна хуьлу.

– Со хIун бахьанехь схьалаьцна? Иштта хир ду цуьнан полицин офицерашка долу дуьххьарлера хаттар.

Кхел йо де тIекхочу. Стаг кхелхочунна хьалха хIутту, дерриг а хуьлуш дерг, доллучу даггара, цхьа цакхетар хиларх а тешаш. Амма кхелахочо иза бехке хилар тIе а оьцуш, таIзар кхайкхадо.

Инзарваьлла волчу стага боху:

– Хьан сийлалла, со схьавеанчу пачхьалкхехь, марихуана паргIат оза магош ду. ТIаккха кхелахочо жоп ло:

– Хьо Голландехь вац, ткъа Сингапурехь ву, тIаккха иза кху пачхьалкхехь законо дан ца магадо!

Голландхочун тешна хилар дIаделира, цуьнан лаккхарчу кхелана хьалха кхин цхьа а бехказваларна агIо яц, иза хIаллакьхила хьаьхна ву.

Масех шо хьалха, со Сингапурехь волчу хенахь, машен йохорна къона американхо схьалаьцнера. Цунна кхел а йина, ротангаца масех тохар даран таIзар дар кхайкхийнера. Иштта таIзар даро стеган дегIана бохам бо, хIунда аьлча, еттар, химикаташ чуйолийтинчу, бамбукан гIожаца деш ду. Ур-атталла президент Клинтон гIоьртинера цу американцан хьал дайдан. Делахь а дерриге гIертарш а кхиаме ца хиллера. Къоначу стага Сингапуран законаш дохийнера, тIаккха иза таIзар дина хила везара.

Вай дерриш а цкъа дуьненан лаккхарчу кхелана хьалха лаьттар ду.

Цу кхелан сацам гуттаренна а тӀаьххьара хир бу. Дуккха берш Ӏадийна хир бу, амма цунах кӀелхьардовлийла ду.

Шу кийча дуй? Делан Дашца доьгӀна вайн тешна хиларца дерриге дуьненан Кхелахочунна хьалха хӀуттийла ду. ХӀара книга, шуна кечам барна гӀо дархьама язйина ю. Нагахь цу голландхочо хан а яйина, Сингапуре вахарна кечам бина хиллехьара, иза таӀзар дарх кӀелхьарвер вара. Мел коьрта х1ума ду вайна хин йолчу кхелана вай кечам бар, хӀунда аьлча Къемат-дийнахь тӀеэцна болу сацам абаденна хир ма бу.

## СовгӀаташ

Кхелаш масех хир ю: цхьаъ ца тешачарна, цхьаъ тешачарна, тӀаккха ур-атталла цхьаъ маликашна а. ТӀеэцна сацамаш а тайп-тайпана хир бу. ТаӀзар а, дараш а хир ду; совгӀаташ а хир ду. Вай цунах лаьцна мадарра тӀаьхьабогӀучу кортошкахь дуьйцур ду, амма пурба лойша суна кхин цкъа а юха ала, тӀеэцна болу сацамаш тӀаьххьара хир бу. Иза мах юхахӀоттабойла долуш дац (юха а шайн дагахь чаккхе ца хиларан сурт хӀотто гӀортийша). Вай хьалххе дуьйна иза хууш а, совгӀаташна тӀегӀерташ а хиларца бу Делан лаам. ПахӀала боху:

> Шуна ца хаьа те, ристалище бовдурш берриш а бевдда боьлху, амма цхьанна (бен) совгӀат ца хуьлу? ТӀаккха (хьайн вадар), (совгӀат) хилархьама де. Берриге лелаш берш массо а хӀума юхаоьзна бу: уьш телхаш долу таж хилархьама, ткъа вай, телхаш доцу (абаден декъалаллин таж хилархьама). Цундела со ведда воьду харцдолчунна тӀе санна а доцуш, тийса а ло, хӀаваъ лесторхьама бен санна а доцуш; амма сай дегӀ дӀа а тедо, ялхо хуьлий дӀа а хӀоттадо (цуьнца къиза а хуьлуш, халонашца низам а хӀоттош)» (1 Коринтхошкахь 9:24-27).

Цо къаьстташ боху: «Цундела со, шена хьалха цхьа Ӏалашо хӀоттийна воцург санна, вада а ца воду». Кхечу гочдарехь аьлла ду: «Со, хӀора гӀулчана Ӏалашо а йолуш, нийсса совгӀатана тӀе ведда воьду» (аят 26, ингалс гочдар). Толам баккха Ӏалашонца ведда воьду стаг

билггал иштта лела веза. Вайн къийсамхой бац, ваьш вовшашца бен къийсам беш доцу дела.

## Абадене кхийда дегнаш

Кхелехь дерриг а ша-шех дӀанислур ду моттар, сихваларе ду. Вайн бехказло йойла дац, Дала Шен лаам вайна бовзар тӀекхуьйийла долуш хилийтина дела. Дуккха, шаьш, кхечу нахаца дуьстича, массо а хӀума нийса лелийна хиларх тешна болу, амма абаденга шайн дахар хьажо а, билгалдаккха а ца магийна болу нах, кхелана хьалха хӀуьттур бу. Цундела ю кху книгин цӀе – «Абадене кхийда дегнаш».

Кхийда бохучун маьӀна, уьш цхьана хӀумано боламе бохуш а, хьежош а, терго еш а хилар ду. Кхин а цу дешан маьӀна, цхьана хӀумано дӀагӀертарна ницкъ ло бохург ду. Вайн лаьттара дахар хӀун бахьаненна долуш а, хьежош а ду? Абаденна я цкъачунна долчунна? Делера долу хьекъалалла дуй-те цуьнан бухехь дерг? Ваьш кхечаьрца дустий-те вай, хесторашка ладоьгӀий те, цхьаболчу хьехамашкахь хезачу ламасташца а, мифашца а лелий-те вай? Къемат-дийнахь вай вешан дахар шена тӀехь дӀахӀоттийнарг латталур дуй-те Цунна хьалха, я дерриг а вайн гӀертарш гуттаренна а довр ду-те? Вайна хӀинца кхел ечохь стандарт хӀун хир ю хаьа: «Ас аьллачу дашо йийр ю цунна кхел тӀаьххьарчу дийнахь» (Яхьъя 12:48).

Вай хӀинца аьлла ма-хиллара, кхелъечохь Ӏийсана хьалха дӀахӀиттича, шовкъечу хьолахь берш дуккха а карор бу. Царех дукхахберш, шайх Ӏийсана тӀаьхьахӀиттинарш олуш хир бу! Билггал уьш бара шаьш кхерамазаллехь ду аьлла хетарш, Керлачу Весето хьоьхучун дакъа бен тӀе а ца оьцуш, билггал бакъдерг леррина таллар тергал а ца деш. ХӀара ду сан хаттар: билггал бакъдерг тӀех тӀаьхьа довза лаьий-те шуна, абаденан сацам тӀеэцна баьллачул тӀаьхьа, я хӀинцца, шайна кхел йийр йолу стандарташ йовзийла долчу хенахь?

ТӀаьхьабогӀучу коьртехь, масех корта дӀалоцур йолу, аллегорически истори йолалуш ю. Леррина еша, ма-дарра дийцар дагахь а латтош, вай ерриг а книгин йохалла сих-сиха цу тӀе юхадоьрзур долу дела. Кху историн чаккхе бархӀалгӀачу коьртехь ю, ткъа бисинчу кортошкахь вай

кху тӀехь дӀадиллина билггал бакъдерг дийцаре дуьллур ду. Ерриге книга аллегори тӀехь дӀахӀоттийна ю, цундела леррина еша иза. Хила тарло, книга ешаре терра, шуна юха а дирзина, нийса дерг хаа лаам хилар.

Ас книги тӀехь дуьйцуш долчун дукхах долу дакъа, – Дала къовламе таллам бина, сан дахаран масаллаш тӀера схьаэцна ду. Аса, сайх даьллачу дуккха а долчу гӀалатех лаьцна дуьйцур ду, Дезачу Сино, Шен билггал бакъдолчун микроскопа кӀелахь санна, леррина таллам бина долчу. Ас, Къемат-дийнахь шун ондда бух хилийтархьама, кху гӀуллакхо кӀоргге Деза Йозанаш талла шун лаам хилийтаре сатуьйсу. Дуккха а болу божарий а, зударий а шаьш шайн КӀелхьардохург лоруш Волчух хердовлуьйтучу, вайн юкъараллин доккхачу тиладаларх лаьцна дуьйцур ду аса. Цхьацца меттигашкахь аша инзардийлар зуьйр ду, амма цу дерригенна тӀаьхьа ваӀданаш а, сатийсар а, тедар а догӀур ду.

Нагахь шу майрра а, билггал бакъдолчух хьоьгуш а, шун дог Делаца а делахь, дӀадолор вай. Шу дохкодевр дац! Дагца тӀеэца хӀара:

> «Дала деллачо вайн Цуьнца йолу тергонаш юха метта а хӀиттийна, вайна дахар юхадерзийна. Кхин а сов сийлахь дахар ду вайга хинйолчу хенахь сатуьйсуш – абаде дахар! Шун цуьнан дегайовхо хуьлийла ду. Суна шу цу тӀехь ондда латта лаьа, Далла тӀедиллина Ӏаш волу хӀорра а уггаре коьртачунна а, пайдечунна а тӀегулвала лаьа» (Тите 3:7,8, The Message).

КОРТА 2

# Аффабель Пачхьалкх: Энделера Дахар

*«Дукха хьехамаш бора Іийсас царна,*
*хьекъале дустарш далош...»*
– Марк 4:2 (Шордина гочдар)

Цкъа, вайнчух тера а долуш, амма дуккха долчу хІуманца къасталуш долу, дуьне хилла. Цу дуьненахь вовшех доьзна доцуш цхьа а къам ца хилла, Аффабель цІе йоккху пачхьалкх цхьааллин яра. Цо дерриге дуьне дІалоцуш хиллехь а, цуьнан цхьа коьрта гІала бен ца хилла, цигара куьйгалла деш а хилла пачхьалкхана тІехь. Коьрта гІалан цІе Сийлахь Аффабель-гІала хилла, цунах кхин дІа вай дуьххьалдІа Аффабель эр ду.

Инзаречу дуьненан коьртехь гІараваьлла Джейлин цІе йолу паччахь хилла. Паччахь Джейлин сий долуш а, шен куьйга кІелахь болчеран чІогІа ларам болуш а хилла. Цо цаьрга, доза доцуш бу аьлла хеталуш болу, безам гойтура. Иза нуьцкъала а, хьекъалалле а хилла, оццу хенахь амалца комаьрша а, самукъане а волуш. Дерриге шен лакхара даржашка хьажар а доцуш, Джейлин тоъал уллора а, тІекхочийла долуш а хилла. Цунна уллохь волуш, хІорра а дикаллех вузура. И волчохь куьйга кІелахь болчийн дахаран муьлхха а агІо кхин а лакхарчу тІегІина тІе хьалайолура. Джейлинан адамаша лелочун дехьа сов дерг ган инзаре хьуьнар долуш вара, цунна церан дегнийн кийтарлонаш гора.

Аффабель дІахІоттийна волу Джейлинан Да, Да-Кхоллархо волу паччахь санна, вевзаш вара. Низам дІа а хІоттийна, Цо баьччалла а,

куьйгалла дар а шен кlанте дlаделира. Сийлахьчу гlалин бахархоша пачхьалкхан кхечу меттигашкахь урхалла дарна тlехь гlо дора Джейлинна. Коьртачу гlалара куьйгалла дар олаллин иерархически системехула дора.

Гlалано дукха йоккха меттиг дlалоцура (ши бlе квадратни чаккхарма гергга) тlаккха иштта хьекъалалле дlахlоттийна хиларна, оццул дукха адам дехаш доллушехь, адамех тlех юьзна ца хуьлура иза. Иза вилланаша а, ярташа а го бина яра. И ярташ къахьоьгучийн мадаре цlенош долуш яра (иштта мадаре цlенош вайн дуьненахь хьоле а, исбаьхьа а лоруш хир дара). Цу яртийн бахархой тlетаьIIина къахьоьгуш боллушехь, оцу паччахьан коьрта гlалина уллохь шаьш бахарх баккхийбера уьш. Къилбаседехьара а, къилбехьара а гунийн басеш мукъам балочийн а, суьрташ дохкучийн а, дизайнаш хlитточийн а исбаьхьачу адамийн цlеноша хазйина яра. Церан цlенош ладаме болчу къахьоьгучийн цlеношка хьаьжча, чlогlа тамашена а, деза а гуш дара.

Гlалин уггаре а исбаьхьа дакъа, тlех дика вилланаш дlахlиттийна йолу, малхбалехьара кlошт яра. Цу кlоштах Паччахьан юкъ олура. Паччахьо а, цуьнан юххерчу гlоьнчаша а хенан дукхахдолу дакъа кхузахь доккхура. Билггал кхузахь цхьаьна болх бора администрацис а, социальни учреждениша а. Гlалин юккъера меттиг Сийлахьчу хlордан бердаша хазйина яра. Океана тlера даим а байн мох хьоькхура, гlала керла хlо а дохьуш. Океанан бердаш, Паччахьан бошмийн хазалла бен сов ца йолучу, хьолечу гlамарийн пляжех лаьтташ яра. Гlалин ерриг а юкъ йоккха беш яра. Шеко йоцуш, хlара дахарна уггаре а лааме а, тlеийзош а меттиг яра. Юккъехь долчу цlенойл хазаллица совдолуш, Паччахьан цlа бен дацара.

Аффабелна юккъехь дахаран дитт долуш дара. Цуьнан тамашеначу стоьмийн чам баккхарна сий дина, паччахьан куьйгакlел берш бен бацара. Стоьмаш хаза чам болуш а, гар долуш а хилла а ца lаш, амма шайца lаламатийн ницкъ болуш а дара.

# Эндель гӀалин бахархой

Коьрта гӀалина Аффабелна малхбузехьа кхузткъа чаккхармин йохалла Сийлахь Адонга-хина тӀекхаччалц йолу меттиг Арахьара гӀум-арено дӀалаьцна яра. Адонга-хина дехьа лаьтташ, Эндель цӀе йолу, пачхьалкхан кхин дакъа дара. Аффабелехь дуьнен чу девлла дерриге бераш Эндель провинце дӀахьора. Церан дуьнен чу девлла кӀира кхачале хьалхарчу хенахь, церан гӀайгӀа бар паччахьан няняшна тӀедуьллура. Пхи шо кхаьчначул тӀаьхьа, пачхьалкхан и къона гражданаш, я энделитхой, Эндельски школе дӀахьовсабора, цигахь уьш итт шарахь хьалакхиабора. Цигахь царна Аффабелан законаш а Ӏемара, Джейлин паччахьах лаьцна дерг а девзара.

Ткъа паччахь ган аьтто паччахьан нянийн а, школан хьехархойн а бен бацара. ХӀора пхи шо гергга йолчу хенахь иза къайлаха, шен школах а, берех а гӀайгӀа беш хилар тӀечӀагӀдархьама, Энделе вогӀура. Иза гуш берш дукха бацахь а, паччахьан дикалла Эндель провинцин дахаран ерриге а агӀонашкахь гуш яра.

Дешархоша школехь даьккхинчу итт шаро, уьш хиндолчу дахарна кечбан безара. Пхийтта шо кхаьчначу хенахь, дерриге царна Ӏеминчух практикехь пайда эцарна, церан боцца аьтто болуьйтура. Цу хенан юкъахь, цхьадолу мехала дерг царех тешна дуьтура, тӀаккха цуннах жоьпалла а тӀедуьллура. Цара шайн къоначу дахаран а, шайх тешна битинчу гӀирсийн а Ӏуналла муха деш хилла бохучуьнга хьаьжжина, церан дуьненахь шовзткъе иттанна тӀера бӀенга кхаччалц дахлуш долу, дерриг а дисина дахар мичахь а, муха а дӀакхоьхур ду бохург билгалдоккхура. Уьш зеран ханна нийсса пхи шо хан луш яра, амма студентех цхьанна а иза мел яхлур ю ца хаьара. Цаьрга, зеран хан итт шарал сов хир яц аларан бен, хаам ца бора. И хан дӀаяьлча царах хӀорра а паччахь волчу а веана, дахарехь харжам барна тӀера отчёт яла езаш вара.

Зеран хено и къона нах стенна хьажийна гайта а гойтура, билгал а доккхура. Джейлинан хьехамашца лелаш волчо, олучуьнца а, гӀуллакхашца а цуьнан баьччалла тӀеоьцура, ишттанаш Аффабель пачхьалкхан гражданаш бина тӀеоьцура. Церан харжамо царна доггӀу

совгIат а хуьлуьйтура. Ткъа зеран хенахь бунташ еш а, шайн лаамашца а, шайн дуьхьа а бен ца баьхнарш, Лоун лаьтта тIе арабохура. Лоун, ша хиларо а, догдохийла цахиларо а урхалла ден боданан даьсса латта дара. Цу меттиган бахархоша, маьрша хиларх а бовлий, шаьш мел беха а Iазапаш хьоьгура.

Дуьххьара цу яьссачу аренга, Лоун меттигехь боданан олахо хилла дIахIоьттина волу, Дагон ваханера. Дагон дуккха а шераш хьалха Джейлинна дуьхьал ваьлла хилла воллушехь, Эндель лаьттахь цо олалла дар хIинца а лардора. Джейлинан олалла тIеэцначу Энделан бахархошна, Дагонан боданечу ницкъах паргIатбовла хиира. Амма, Джейлинна гIуллакх дар дIатеснарш, вожар хиллачу Дагонан Iаткъаман кIел буьсура.

Бода кхин дIа а шен пачхьалкхе чекхбалар сацо болчу лаамца, сийлахьчу паччахьо Джейлина Аффабель-пачхьалкхан цхьаалла а, юкъараллин структура а ларъярх лаьцна долу декрет чIагIдинера. Муьлхха а, Дагонан некъаца а лелаш, Джейлинан олалла тIе ца оьцуш верг, шен дахар чекхдаллалц Лоун лаьтта тIе аравоккху.

Иштта дIайолаели вайн истори. Вай Энделан пхеа дешархочун дахаре хьовсур ду: шина йоIан а, кхаа къонахойн а. Церан цIераш иштта йохура: Возуш воцург, Iехийнарг, Ийзалург, Эгоист, ГIоьналла. Царах хIорраннах а лаьцна дийца пурба лолаш суна.

## Возуш воцург

Возуш воцург даим а Аффабель-пачхьалкх йолуш хиларх шеко йолуш хуьлу. Иза, шена цкъа а гина а воцчу, ша ларар хилла а ца Iаш, амма буьрса шен низам кхочушдар а тIедуьллуш волу, Джейлин цIе йоккху цхьа хьанех хиларх, теша ца хIутту. Цуьнан шеконаш кхоллало, хьехархойн, шайн хIилланан гIоьнца, ша а, кхинболу дешархой а контроле эца лаам хиларх. Дерриге кхидолчунна тIе цо цу дагаяийтинчу пачхьалкхан законаш Iамор а, урокашка лелар а дIатосу.

Возуш воцчо гонах берш, уьш цу сонтачу хIуманах тешарна, беламе бо. Цуьнан, Джейлинан законех маьрша а вуьсуш, шена ма-хетта ваха ойла хуьлу. Цхьаъ бен доцу юкъарадоккхуш дерг хIун ду аьлча, цуьнан

шен Iалашонашна дуьхьал йоцу агIонаш йитар, царна иза муьтIахь хуьлу, амма нагахь иза шена лараме ду аьлла хетахь. Ша шен дахар хийрачу стеган лаамна кIел дилла воллуш ца хилар гайтарна тIехь, кхолламе хуьлу иза.

## Iехийнарг

Iехийнарг Аффабел-пачхьалкх йолуш хиларх шек ца хуьлу. Иза Джейлин паччахьах теша, тIаккха цунна ур-атталла цуьнан ваIданаш а тамехь хуьлу. Шен ойланца а, олучуьнца а иза цуьнан хьехамна а, цуьнан хьажаран агIонашна а тIетов, делахь а дукхах долчу декъехь цуьнан дахаран оьмар цу хьехамна дуьхьал долчу кепара хуьлу. Цо ша паччахьна а, цуьнан хьехамна а лерина хилар гойту, школан гIуллакхашкахь шена тамехь долчун тIехь дакъа а лоцуш, делахь а, шена цхьана хIуманна тIехь цхьа а пайда хуьлуш ца хилар карийча, дерриг а сихха хийцало. Цуьнан дахаран оьмар билггал бакъволчу Джейлинна тIаьхьахIоьттинчун дахарх тера дац, амма шен чIогIа амал хиларан бахьана долуш, цо сих-сиха адамаш шена тIаьхьахIиттадо. Iехийначо цкъа а ма-дарра шен зеран хенах а, кхеле озориг хиларх а лаьцна ойла ца йо.

Уьш, Джейлинан волуш хиларан хьокъехь хьажар тайп-тайпана хиларе ца хьоьжуш, Возуш воцчуьнца цхьа башха бертахь хуьлу. Iехийнарг самукъане ву, церан юкъара хьашташ ду, цундела Возуш воцчунна там хуьлу цуьнца цхьаьна тобанехь ша хиларх.

## Ийзалург

Ийзалург – массарал дика дешархо ю. Цо урокашкахь сих-сиха жоьпаш а ло, тIаккха даим а лаккхара оценкаш а йоху. Иза чIогIа жигара а йолуш, гуттара санна, урокаш йоцург, бисинчу дешархошна юкъаралллин дахарехь дакъа лаца гIо дарца, дуккха хIуманаш дагадоуьйтуш а ю. Студенташ бевзачу муьлххачо а, иза Джейлинна лерина хиларна тIехь, уггаре а эмгаралле цуьнан агIорхьа ерг ю эр дара.

## Эгоист

Эгоист а ву Джейлинах а, цуьнан хьехамах а теша дешархо. Иза шек вац Аффабель йолуш хиларх, тIаккха иза Джейлин исбаьхьа а, дика а паччахь хиларх а, шен лерина хилар даре деш волчу муьлххачун къинхетаме кхелахо хиларх а теша. Эгоист Джейлинан хьехамна а, амална а шен дозатоьхначу кхетамца тIегулвелла ву. Цунна Джейлин нийсо лелош а, веза а, иштта оццу хенахь безаме а, къинхетаме а лидер хилар дицло. Цу тайпана, Эгоисто шена Джейлин волуш хиларан Iехош волу сурт хIоттийна. Иза теша, Iехийнарг а, Ийзалург а, ГIоьналла а, цхьа а шеко йоцуш, цуьнан сийлахьчу пачхьалкхан дакъа хилла дIахуьттург хиларх, делахь а, Возуш воцчуьн духьалваларо мелла а сагатдо цуьнан.

Эгоист тешна ву, олучу дешнашца Джейлин тIеоьцуш а, цуьнан коьрта законаш дохош воцчу а муьлххачунна а Аффабелехь ваха бакъо лург хиларх. Делахь а шен цIераца догIуш ма-хиллара, иза дукхахьолахь шен гIуллакхийн гIайгIа беш хуьлу. Сих-сиха цуьнан дика гIуллакхаш даран бахьана шена пайденна дерг лахар ду. Наггахь дог лазар хиларо лелаво иза, амма цхьа муьлхха а охьатаIор хаадаларца, Эгоисто шен хьашташца цхьаьнадогIург бен ца лоьху.

## ГIоьналла

Вайн тIаьххьара, доллучу дагца паччахьан Джейлинан дерриге законаш тIеоьцуш а, кхочушдеш а йолу турпалхо, ГIоьналла ю. Джейлинан лаам Iаморехь дуккха хан дIакхоьхьуш йолу иза, цуьнан амалан ерриг агIонех кхетна а ца Iаш, амма оцу хIора агIор шен паччахьан дегах кхета гIерта. Шен лаамца, школана а, Энделан юкъараллина а диканна лерина ша хилархьама, дехха сахьташ дIало цо. Иза кхета, шен пхийтта шо ма-кхеччи, Энделехь сийлахьчу паччахьан лаамаш кхочушбарна цхьа боцца аьтто шен бериг хиларх. Цуьнан Iалашо – кхоччуш Джейлинан сийлаллин дуьхьа яхар ю, цундела цо ша цу коьртачу Iалашонна тIе юьгучу некъа тIера яккхар цхьана а хIуманна могуьйтур дац.

ГӀоьналлина Джейлин веза, шаьш цхьаьнакхетаран дийнах лаьцна ойла а йо цо. Паччахьна муьтӀахьхиларо там хуьлуьйту цунна. Цо сихсиха кхечаьрца цуьнан дикаллах лаьцна дуьйцу, цу тӀехула шех бийлар лов, цундела иза кест-кеста ша юьсу. Ур-атталла Джейлинан законех техкалур доцу тешар бахьанехь баланаш хьега ша дезахь а, цхьана а хӀумано новкъарло ян йиш яц цуьнан паччахьна тешаме хиларна тӀехь.

## Дешна бевлларш

Оцу верриг пхеа энделитхочун пхийтта шо кхаьчнера. Билгалдаькккхинчу дийнахь кхечу ши эзар студенташца цхьаьна школера арахецархой хилира царах. ХӀорранна а къаьсттина гӀуллакх дар тӀе а диллина, Джейлина хӀоттийна, коьртачу урхалхочо школера арахецаран денна лерина билгалдаькккхина ахча деллера.

Вайн турпалхошна юкъахь ахча кху кепара дӀасадекъна дара: Возуш воцчо шовзткъе пхийтта эзар доллар схьаэцнера; Ӏехийначо а, Ийзалучо а хӀорраммо шовзткъа эзар схьаэцнера; Эгоисто массарел дукха кхузткъе пхийтта эзар, тӀаккха, эххар а, ГӀоьналло ткъе пхи эзар доллар схьаэцнера. ТӀаьххьарчу хьехамашка ла а доьгӀна, кисанахь ахча а долуш, къона нах школера арахецна бара.

## Йохкархо

Возуш воцург школе наггахь бен лелаш ца хиллехь а, цуьнан хӀинца а урокаш дагахь йолчуха, синхаам бара. Цкъаццкъа цунна шена хезначух цхьацца хӀума бакъ хуьлийла ду, аьлла, хеталора. Нагахь иза иштта хилча, школа чекхъяькккхинчул тӀаьхьа цунна хӀоттийначу ахчанна, цуьнан вон леларо Ӏаткъам бийриг ца хиларе сатуьйсура цо.

Возуш воцчун куьйгаш дегош дара, цо шех тешна делла ахча чохь долу, конверт схьаэцча. Иза, конверт дӀадиллича, шена делла долу ахча гича, халла ларийра шен цецвалар а, дайдалар а охьатаӀо. Иза кхин а дукха воккхавера, схьаэцнарг Ийзалучо схьаэцначул пхийтта эзарна сов хиларх, ткъа ГӀоьналло схьаэцначул шозза сов хилла а ца Ӏара иза. Цо ойла йира: «Ма эрна яйина хан ю! ГӀоьналло а, Ийзалучо а

цу яьссачу урокашкахь, оццул дукха хан яьккхина-кх, цунах царна цхьа а пайда а ца хуьлуш». ЖамIехь цу дерригено а, цуьнан Джейлин ванне а воцуш хиларан шеко чIагIяр бен ца хилийтира. И ахча, дуккха шераш хьалха дIабевллачу шайн дайша-наноша дитина хилла хила тарло аьлла, сацам бира цо. Ткъа хIинца иза чакхенца чIагIвелира, и дерриг а школан куьйгалхоша, къоначу хьекъалчашна тIехь Iуналла дарна дагадаийтина хилла хиларх.

Шина кIиранах сакъийринчул тIаьхьа, Возуш воцург шен гIуллакх дIадоло дезаш хиларан хан тIекхаьчна хиларх кхийтира. Цо хIинца, ша Iалашо хIоттийначул, дуккха а сов ахча дайинера. Автомашенаш йохка волаваларца, Возуш воцчунна ша бакъволу йохкархо хилар хааделира. ГIуллакх цецволуьйтуш дика дIадахара. Дуккха а болчу школера арахецархоша шайн ахчанах юьххьара долу дакъа, Возуш воцчун салон чуьра лелийна а, ур-атталла кхоччуш цIена йолу а машенаш дола йохуш, доьхкинера. Шен ахча сов а даьккхина, Возуш воцург и ахча кхечу гIуллакхашна хьажо хIоьттира, тIаккха цигахь а цуьнан аьтто хилира. Капитал хьалаяларца дерриг а цуьнан дахар хийцалора. Иза сихха кхийтира, ахча Iаткъаман цецвоккху гIирс а, тIаккха, схьахетарехь, ирс дола даккха а ницкъ болуш хиларх. Керлачу аьттонаша а, бахамо а, хьоло а зударий тIеийзабо цунна, цу гIуллакхо дахар кхин а сов инзаре дора.

Возуш воцург школехь хIора кIиранах хуьлучу гуламашка ца воьдура, амма дукхахболчу бахархоша иза лараме стаг ву аьлла лорура, хIунда аьлча цо гIалин проекташна ахчанца гIо деш хилар мехала хетара царна. Энделера цу къахьоьгучун дахар кхин а сов ирсе хуьлийла а дац, аьлла, хеталора.

## ГIишлошъярхо а, латта дохкархо а

Iехийнарг а, дустар дойла хир доцуш ирсе вара, иза масех кIиранах Возуш воцчуьнца цхьаьна самукъадоккхуш лийлира. Ша схьаэцна ахча бисинчаьрца дуьстича оццул дукха дацахь а, шегахь хIетте а, ГIоьналлехь долчул алсам ахча хиларна воккхавера иза. Иштточу дIасадекъаро шен ойланехь, Джейлинан къинхетамо цхьацца хIуманашна бIаьргаш дIакъовлийла хирг хиларна тIехь, чIагIвора иза.

Школехь иза шина йоIаца леллера, иштта лелар школан законашна дуьхьал дуйла хуъушехь. Ткъа цунна шена цу тIехь цхьа а вочу агIор ду иза аьлла ца гора, иза-х Джейлинах а, цуьнан пачхьалкхах а чIогIа тешаш ма вара. Цуьнан дахарне ша тайпана долу хьажар кхолладеллера: «Ас суо Джейлинна лерина хилар чIагI мел до, я цхьанна а ладаме зуламе дерг ас леладаллалц, паччахьан сайца дика хиларе сатуьйсила ду сан». Цо лорура: Джейлин кхета, хIораннан а шен цхьацца хьашташ ду, кхачаме адамаш дан а ма дац ткъа. Джейлина кхелъечохь дерриге цуьнан гIалаташ а, кхачамбацарш а дIакъовлур ду, Iехийнарг доллучу даггара цунах теша дела.

Цхьа ши кIира дIадаьлча, Возуш воцчо санна, цо шен гIуллакх дIадолийра. Иза гIишлошъярхо хилла дIахIоьттира. Юьхьенца клиенташ каро атта дацара. Цуьнан цIенойн проекташ массо а хIуманан тергонехь тIех дика яра, амма цуьнан эцархой каро аьтто ца болура. Цхьаммо цуьнан тIех беза мехаш хилар лорура, цхьаннан шена цу тайпана долу исбаьхьа цIа эца магдойла дацара.

Дог дохарца цо мехаш охьабехира, кхин дIа а клиенташна шен исбаьхьа проекташ дIа а хьееш. Цо изза ваIданаш дора, хьалха санна, амма ма-дарра аьлча, мелла а ледара йолу материал лелайора. Цхьаболу гIирсаш стандарташца цхьаьнабогIуш бацара. Iехийначо, и стандарташ чIагIъеш болчу наха, иза дуьххьалдIа жоьпаллара далийтархьама деш хиларан, сацам бира. Ша хаьржинчу материалаша мохь а, муьлхха а хенан хIоттаман йозалла а ловр хиларх, тешна вара иза. ХIинца барт хилар чIогIа тIеийзош гора, тIаккха хьашташ долчу Энделан бахархоша оццул дукха контракташна куьйгаш теIорна, иза цIенош хьалахIитто а ца кхуьура. Эххар а гIуллакх дика дIадаха доладелира.

Ши шо дIадаьллачул тIаьхьа Iехийначо лаьттан дакъош дохкар лелоран сацам бира. ЦIенош эцначу клиенташкара чаккхейоцучу аьрзнашка ладегIа кIад а велла, цунна латта дохка лиира, цIенош дохкарца кхин цхьа а гIуллакх хилар а доцуш. Кхин юкъараллин хьашташ кхочушдаран а, ремонт яран а гIуллакхаш дан дезара дацара цуьнан.

Iехийначунна сотех эзар доллар луш долу латта карийра. Иза бакъ

хиларна, тIех дика хир дара. ГIуллакх леррина теллича, хи тIедалар нисделча, и латта хин кIел доьдуш хилар гучуделира. Амма и хууш масех стаг бен вацара, цу тIе уьш берриш а цуьнан доттагIий бара. Цо, Возуш воцчун доттагI волу, гIалин урхалча, латта геологически зер доцуш дохка магорна тешийра. Эххар а, кхунна дага мел догIу, кхузахь цхьа а хи тIедалар хилла дац, тIаккха хало стенца ю? Барт бар хало йоцуш дIанисделира. Цул тIаьхьа къоначу предпринимателна дахар кхин дика хуьлийла а дац аьлла, хеталора.

## Устазан гIоьнча

Школера арахецаран суьйре чекхъяьллачул тIаьхьа Ийзалург сихха шен доттагIашца туьканашкахула дIасаелира. Цуьнан ши Iалашо яра: цкъа-делахь, уллорчу доттагIашца, школа чекхъяккхар даздеш хан яккхар, ткъа шолгIа-делахь, керла духар а, керлачу дахарна дерриг оьшург а эца дезара цуьнан. Цуьнан уггаре а къайлаха болу лаам Энделан школехь Хьехархочун ГIоьнча хилла дIахIоттар бара. Цу дарже дIаэцарх лаьцна къамел тIедогIучу пIераскан дийнахь хила дезара.

Туьканашкахула кхерсташ леллачу шолгIачу дийнахь, Ийзалучун доттагIа йолчу Эладитанчас, церан юкъара доттагIа йолчу вукху Эладитанчас школан директоре Ийзалурган цхьана студентаца юххера юкъаметтигаш йолчуха лаьцна хаам бина хиларх лаьцна дийцира, ткъа цу гIуллакхо цунна луучу дарже кхачарна йоккха новкъарло йойла дара. Амма иза кхоччуш цхьа а доцург ма ду! Цо школехь доьшучу ерриге а хенахь ша цIена ма латтийна. Ийзалург кхийтира, Эладитанчас иза шега йолчу хьогIана я ур-атталла гамонна дина хиларх.

Ийзалург даръеллера. КIоргге юьхьIаьржачу хIоьттинчу цо мукъа денойн йисина хан, шен доттагIа ю бохуш цIе йолчо шена йинчу ямартлонах лаьцна ойла еш яьккхира. Цо ша-шена чIагIо йира, Эладитанче цу харцонна тIера мах болуьйтург хиларх.

Къамел хила деза де тIекхечира. Ийзалург цец а йоккхуш, иза дарже дIаийцира. Директоро, шена цхьацца хабар хезна хилар чIагIдира, амма теллинчул тIаьхьа, иза бух боцу хIума хиларх ша тешна хилар тIечIагIдира.

Цунна дарж кхаьчна а ца Iаш, иза цуьнан безаме волчу хьехархочун ассистент дIахIоттийнера, цуьнан цIе Шалха Дахар яра. Иза Джейлинан уггаре а хьуьнаречарех цхьа хьехархо вара. Цуьнан ткъе пхи шо дара, тIаккха иза хIинца масех шарахь къоначу энделитхошца болх беш а вара. (Хьехархой, берриге кхиболу ткъа шо кхаьчнарш санна а доцуш, ткъе итт шо кхаьчча богIура кхелъечу.) Ийзалург цецъяьллера ишттачу лидерца болх бар шех тешна шена баларх.

Занятиш дIайолаелира. Дерриг а дика дIадоьдура, амма иза хьалха санна, Эладитанчина халахетар шеца лелош яра. Дерриг а мел дика дIадоьдуш хилар лараме дац, хеталора, иза шен хиллачу доттагIчо шена йинчу ямартлонца ца ларайора.

Цуьнан дахар тIехула дика гуш делахь а, амма цу тIехуленна бухахь цатемаш къайлабевлла бара. Шалха Дахар цIе йолчу хьехархочун цIеро кхоччуш гойтура иза мила ву бохург. Иза балхахь цхьа стаг вара, тIаккха шен юьхьша дахарехь кхоччуш кхин вара. Цуьнан кхелъяр даим а уггаре а къовламе дара, иза хьехархо хиларе терра, Джейлинца юьхьдуьххьал цхьаьнакхета йиш йолуш, цуьнан озабезамехь вара.

Цхьана суьйранна, Ийзалург а, Шалха Дахар а шаьшшиъ дисинчу хенахь, иза цуьнан амал дайа хIоьттира. Шовкъ хилла а, емалдина а хилла йолу иза цу сохьта и волчуьра дIаяхара. Иза, масех кIиранах кхин дIа а иза ца юьтуш, юха ца волура. Ийзалург ур-атталла ларамечу хьехархочун леларе шен терго а хийцина, цуьнан берта ярна дечу къамелашка ладогIа йолаелира: иза-х ишттa исбаьхьа а, инзаре а стаг ма вара. Иза Iехайора цуьнан агIор йолчу тергоно. Иза гIиллакхе а, кIеда-мерза а, цу тIе юкъараллехь уггаре а тIеийзош волу стаг лоруш вара. ХIетте а цуьнан тIегIертарна кIел иза юхаелира, тIаккха церан даггара дезаш хилар доладелира.

Ийзалучо шен дахарехь цкъа а даггара безаман иштта хьайре даран синхаам ца зийнера. ХIоразза а, и стаг гича, цуьнан са лоцура. Билгалдаьккхинчу дийнахь цуьнца цхьаьнакхетарх лаьцначу ойланаша оццул дIалоцуш хиларна, ша Эладитанчина юхахьаралле латточу кIоргечу а, къайлечу а халахетарх цкъачунна юхаелира иза.

Мухха делахь а, биъ бутт дlабаьллачул тlаьхьа, ц1еххьана Шалхачу Дахаран цунах дог делира. Кхоччуш маьттазъяьллачу йоlана бахьана довза лаьара. Шайн хилла хlора цхьаьнакхетар дага а догlий, Ийзалурго шена жоп далар тlедуьллура цунна.Тlаккха Шалха Дахаро цуьнга, шена Эладитанчера хезначу, цуьнан хьалха хиллачу безамечу юкъаметтигех лаьцна, дийцира. Иза, дуьйцийла а яц, дlасакъастаран билггал бакъдолу бахьана и дацара, цуьнан билггал аьлча Ийзалучуьнца самукъадалар дайнера. Шалха Дахар хlинца гlалара кхечу къоначу йоlе даггара безам бахаро дlалаьцнера. Йоlарий цу хьогамечу а, гlараваьллачу а стеган хаддочу тlеверзарна хьалха латта-м ма ца лорий.

Ийзалург йоьхна а, дог доьхна а яра. Цуьнца хlора денна школехь ган дезаш хиларан ойла лалун йоцуш яра. Кхуззахь балхара дlаяла дlахьедар а яздина, масех дийнахь сингаттаме а lийна, дисинчу шовзткъа эзар долларх цо Хазаллин Салон дlайиллира. Ийзалучо школехь хlора кlиранах хуьлучу гуламе лелар дlатесира, Джейлинан lедалца и гулам битар ца магош дlахьедар дина доллушехь. Цунна шалханчашца цхьаьнадогlуш хlумма а хила ца лаьара, ткъа царех дукхах берш, дукххахьолахь, иштта бан а бара.

Де моссазза долу иза кхин а алсам чlагlлора, цо наггахь бен ца хьахадора школах а, Джейлинах а лаьцна. Хьалха адамашца атта тlекере хила гlо деш долу иракарахlоттар дlадаьллера. Ткъа нагахь шега тlаьхьара ца бовларца хетта уьш буьйлабелча, цо ша Джейлинна муьт1ахь хилар тlечlагlдора, шен деган кlоргенехь, цо иштташу телхинчу стаге школехь хьехархочун дарж дlалаца магорна, иза бехке вахь а.

Зеран хан чекхйолучу муьрехь Ийзалург халахетта а, дера а зуда хилла хийцаеллера, ша иза къера хиларца тlе ца эцахь а. Зеран хенан дисина денош, шена адамаша дина халахетарна тlехь толам баккха гlерташ дехира цо.

## Энделан мэр

Ткъа хlинца, дуьххьалдlа ша схьаэцначу ахчанах чlогlа цецваьллачу, Эгоистана тlе юхадоьрзур ду вай. Джейлинан хьехамаш бевзаш волчу цо, ша школа чекхъяккхар магош доцучу вахочу сакъерарх юхаозалуш

даздира. Масех дийнахь са а даьIна, иза шен ахча инвестировать дан волавелира. Махлелор тIе хIума йогIуш нисделира, тIаккха цо сихха шен хьалха хилла капитал алсамъяьккхира. Ахчана тIехь кхиаме хиларца, иза шен накъосташна юкъахь гIараваьлла хилира.

Эгоисто гIалин уггаре хазачу меттигех цхьанхьа цIа а эцна, нуьцкъала а, лараме а болу нах хьошалгIа кхайкхира. Куьйгалхойн декъашхой а, профессиональни спортсменаш а, предпринимательш а, кхиболу гIарабевлла нах а цуьнан комаьршачу хьошалла дарх марзо оьцуш бара. Цу кепара иза сихха юкъараллехь уггаре ларамечу нахах цхьаъ хилла дIахIоьттира.

Кхо шо дIадаьллачул тIаьхьа, шен ахчанца долчу хьолан а, зIенийн а бахьана долуш, цо шен кандидатура Эндалан мэран дарже хьалха а теттина, атта толам баьккхира. Керлачу дарже кхаьчча, цунна, ша дуккха а ладаме сацамаш тIеэца безаш хилар карийра, царех цхьаъ школах хьакхалуш бара. Доьшуш берш сихха алсамбовлуш хиларна, чIогIа тIеоьшу чоь яран хьашт хилира. Цу гIуллакхан юкъа догIура латта эцар, подрядчикаш лехар, гIишло ярна харж яр, иштта школа кечъярна оьшу гIирс эцар. И хало цхьалхаяккхарна дуьххьарлера гIулч гIалин бахархошкара ахча гулдар яра. ХIора кIиранах хуьлучу гIалин бахархойн гуламехь ахча гулдар чекхдаьлча, и ахча школа шоръярна тоьаш доцуш хилар а хезна, Эгоисто шеггара эзар доллар тIетуьйхира.

ТIаккха атта боцу сацам тIеэца беза мур тIехIоьттира. Школан эххар а билгалдаьккхина латта дола даккха тоам болуш ахча дара; схьахьебеш болу мах цецваллал бюджетца богIуш бара. Делахь а изза лаьттан дакъа дола даккха лууш яккхийн супермаркетийн долахой бара. ГIалин совет ойланашкахь екъаелира. Школа коммерчески организаци яцара, цундела цо цхьа а налогови пайда ца бохьура. Кхечу агIор, туьканан, боккха пайда а бохьуш, гIалина белхан меттигаш тIетухийла дара. ГIалин советехь ойланаш цхьаьнайогIуш ца хиларна, хаддош долу дош мэран хила дезара. Эгоист дуьхь-дуьхьал йолчу ойланаша хьийзавора. Махлелорхойн туьканаша, цуьнгахьа пайденна шайн Iаткъаме ларам барца, дуккха ахча диллинера цуьнан харжаман кампани йолуш. Уьш сих-сиха хьошалгIахь хуьлура цуьнан цIахь.

Эгоисто махлелорхойн туьканашкахьа кхаж тесира. Юкъараллина хьалха цо шен харжам, оцу гӀуллакхо Энделан берриге бахархошна дика дерг бен дохьург ца хиларан дӀахьедарца бакъбира. Цо, гӀалин белхан меттигаш сов хир ю, тӀаккха цу гӀуллакхо гӀалин бюджет, налогийн кепехь, ладаме юзург хиларх, тешадора. Иза кхочуш хуьлийла доцийла хуъушехь, цо хӀетте а, школана шен йолуш йолу гӀишло шоръярна чоьхьара аьттонаш лаха беза аьлла, хьехам бира. Цуьнан сацамо Джейлинна даггара тӀаьхьахӀиттинчу массарна а халахетийтинера, юкъараллин дукхахдолу дакъа даккхийдеш хиллехь а.

Мэран даржехь хиларан шина шеран хан чаккхене герга йогӀура, керла харжамаш баран хан тӀейогӀуш яра. Дагахьбалламан синхаам хиларна, цо Энделан школана сагӀина шен ахчанах пхи эзар доллар делира. И ахча дӀа а делла, цо гӀишло ярна мегар долу лаьттан кхин дакъа карорна ваӀда дира. ТӀаккха цуьнан иштта леларо, Джейлинна тӀаьхьахӀиттинчийн тешам юхабаккха гӀо дира цунна. Цу къоначу куьйгалхочуьнга шозлагӀа а харжамашкахь атта толам баккхалур бу аьлла хеталора.

## Ресторанан долахо

Школа чекхъяьkkхича ша схьаэцначу ткъе пхеа эзарна тӀера кхо эзар доллар ГӀоьналло школан керла гӀишло дӀахӀотторна сагӀа дира. Цуьнан дог, шена хьехархоша Ӏамийна долчух, баркалле хиларо тӀехдузура, тӀаккха цунна иза иштттачу кепара гайта лаьара. Дисинчу ткъе шина эзарнах ГӀоьналле ресторан дӀаеллаелира.

Иза кулинарни гӀуллакхаш лелорца доьгӀна долу массо а хӀума дагадоьхна яра. Кхиндолчу массо а хӀуманна тӀе, иза хьекъале бизнес-леди хиллера. Ресторан, шен корматаллаш гайта а, юкъараллина гӀуллакх дарна а, уггаре тоьлла гӀирс хиллера.Ерриге провинцера гӀоли болу поварш балха а кхайкхина, церан тӀетаьӀӀина гӀертар цхьаьна а тоьхна, тоьлла меню вовшахтоха аьтто баьллера цуьнан. Ресторан сихха кхиаме хилира.

Шен ресторанан лаккхара мах хадийча, ГӀоьналла даим а Джейлинан хьекъалаллина тӀетевжара. Шен интервьюшкахь цо

гуттара а баркалла олура школан хьехархошна а, ресторанан исбаьхьа белхалой а хестабора. Цо кхиам шен хилар ца лорура, ша-шегара болу кхиамаш хеста а ца бора. ГӀоьналлина и дерриг а Джейлин бахьана долуш аьтто баларна дӀахӀоьттина дуйла хаьара.

ГӀоьналлас Эндалан юкъараллина а, школана а гӀо дарца пайда оьцура шен кхиаме хиларх. Школан столови чу цо эшамехь болчарна делкъе ярна юург йохьура. Сих-сиха цо шен мукъа суьйренаш иштта еана йолу юург ша царна дӀасайоькъуш йойура. Цунна тамехь хетара къечарна йовха юург дӀасаекъар. Кхин а цо школан хьашташна берриге шена болучу пайданах ткъе пхи процент дӀаяла сацам бинера. Зеран хенан пхеа шарахь цо школана ши бӀе эзар доллар сагӀина деллера.

ГӀоьналло дог дарца, дукха къа а хьоьгуш, амма халла лол бетташ бохкучарна гӀо дора. Ахчанца гӀо дар доцург цо йоккхаерца доькъура цаьрца Джейлинан хьекъалалла, даим а ша гӀо деш болчаьрга юха-юха, Джейлин ца хиллехьара, ша цкъа а иштташ кхиаме кхачалур яцара, бохуш.

Ресторанан иштта кхиамаш боллушехь, ГӀоьналла цкъа а Эгоисто шен цӀа кхайкхинчу хьешашна юкъахь яцара. Цуьнга цкъа а юкъараллехь цхьа-муьлхха куьйгалле дарж дӀалацар дӀа ца хьединера. Иза тӀехрадикальни Джейлинна тӀаьхьахӀоьттинчарех лоруш яра, цу тӀе иза зуда а яра. Ша гӀалин ларамечу нахана юкъайогӀуш ца хиларо, цхьа а тайпана дог а ца дохадора, кхера а ца йора ГӀоьналла. Иза кӀезиг кхиамаш болчарна тӀе тидам бахийтина яра. Ша сих-сиха нахана ахчанца а, кхечу кепара а гӀо дечу школехь хӀора кӀиранах хуьлу гуламашка лелар тамехь дара цунна. ГӀоьналла ирсе йолу къона зуда яра.

## Кхел ян билгалдаьккхина де

Зеран тӀаьххьара де тӀекхечира. Суьде бахка безачарш иза тӀедогӀучу пхеа шарахь муьлххачу дийнахь хуьлийла дуйла бохучух кхетара, хьалхара пхи шо хӀинца чаккхенга деана дела. Амма цхьаммо а сурт ца хӀоттадора иза иштта сихха хирг хиларан. Де гуттара санна дӀадоладелира, амма ца моьттучу тайпана цӀаьххьана чекхделира. Буьйса юккъе яхханчу хенахь Аффабелан паччахьан шина эзар

гIаролаша дIабигира школан арахецархой. Церан къайлаха арабахар Энделан бисина бахархой дIабийшина болуш хилира.

Ши эзар къона адам, гIаролхой тIаьхьа а болуш, къайлахчу некъахула гIалара арадаьккхинера. И некъ, Эдонга-хина кIелахь йолчу, кIоргачу туннелехула боьдуш бара. Туннелах чекхбевллачул тIаьхьа, уьш кхин а шина дийнахь дахар доцчу пана аренгахула дIаихира. Дерриг а гездар долчу хенахь, гIаролхойн хьаькамо гIайгIа бора церан, шен коьчаллах царна юург а, хи а, дерриг оьшург а луш.

ГIаролхой цаьрца гIиллакхе лелара, амма юхаозабаларца. Уьш шайна хьалха хIоттийначу гIуллакхна тIегулбелла бара. Цара цхьадолчу хаттаршна бен жоьпаш ца лора, цундела эндалхой кхетара дисинчу хаттаршна жоьпаш далар царна дихкина хиларх. Дихкина долчу хаттаршна луш долу стандартни жоп иштта хезара: «Шен хеннахь шуна дерриг а хуур ду», цу гIуллакхо шайн хаттаршна жоп хила болу церан лаам кхин а чIагIбора. Шаьш дукха сатийсина сийлахь гIала йолчу боьлхуш, шайна бегIийла ца хилар а, пана аренгара йовхо а башха хаа а ца лора. КхоалгIачу дийнахь сатоссуш уьш гу тIе хьалабевлира, цигара, Iуьйренан маьлхан зIаьнарша дIалаьцна йолу, сийлахь гIала гуш яра. Аффабель, царех муьлхха а шена сурт хIотто ваьхьар волчул, дуккха а сов сийлахьалле яра.

ГIалина улло мел кхочу, цуьнан исбаьхьалла кхин а сов дIаеллалора. Ур-атталла геннара а гуш дара, цуьнца юсталур йолуш гIала ца хилар. Аффабелан юккъерчу кIошта чу бевлча, царна цигахь дерриг хIума а дахарх дуьзна хилар карийра. Кху тамашийначу меттехь олхазарш дуьххьалдIа эшарш лекхна а ца Iаш, ткъа церан къамел дан хаар а дара. Церан тамашийначу а, мукъамечу а эшарша сийлахьчу гIалин хазалла а, гIараялар а кхайкхадора.

Энделхойн цунах кхоччуш цецбовлар ца хилира, шайна хIетале гIаролхойн говраша къамел деш хезна дела. И дика дийнаташ вовшашца къамелаш дина а ца Iаш, амма шайн берешка а дистхуьлура. Гуш дара адамашна а, церан говрашна а юкъахь доглазаме юкъаметтигаш хилар. Иштта гуш дара, Аффабелехь дехаш долчу дерриге дийнаташна къамел дан хаар а, уьш безаме хила а, даккхийден а хьуьнар долуш хилар а.

Къона энделитхой миччанхьа хьаьвсича а, массанхьа а царна цхьа инзаре дерг гора. Уьш Аффабелан сий даро дIахьулбинера. Цу чохь ур-атталла хIаваъ а дара гIора доуьйтуш, церан хьекъална а, кIадделлачу догIмашна а ницкъ а луш. Ерриге гIалахула чекхдуьйлучу хиша, схьабаьхкинчийн тидам марзбинера. ДогIу хи дахарца лепаш хеталора. Исбаьхьачу мукъамаша дерриг а хIаваъ дIа а лаьцна, церан синош машарх дузура. Уггаре а жимчу ораматашна тIера хIаваана тIекхаччалц, дерриг а хIума дахар дала хьуьнар долуш дара. Кху инзаречу лаьттан хIора дакъа дахарх дуьзна дара.

Шаьш сецо ницкъ ца кхачарна, къоначу наха кху сийлахьчу гIалахь шайна мел гинчу хIуманах хьакхадалархьама, тIе куьйгаш кхийдадора. Царна девдда дахана, массо а хIумане шаьш хьовса лаьара, амма уьш дика кхетара, хIинца царна иза дан цхьаммо а магор доцийла. Уьш йоккхачу тIедуьтучу чоьнна чу балийра. Цигахь зударий а, божарий а дIасакъастийра.

Уьш схьабалийна йолу гIишло, барам боцуш дукха нах чу тарлур болуш хеталора, оццул йоккха яра иза. Шеко йоцуш, мел лахара а бIе эзар стаг чу тарлойла дара цуьнан шагатIулгийн пенашна юкъахь.

Вестибюль чохь энделитхошна хаза хьожа йогIучу ванниш чу я душ кIела баха магийнера, тIаккха паччахьца аудиенцина кечбалархьама, специальни духарш деллера. Некъахой дуьххьалдIа, кху лепаш йолчу гIалахь иштта тамашийна а, партала а гуш долу, новкъахь ченах дуьзна, духар тIера охьакхосса ирсе бара.

ХIора энделитхо кху гIалахь ваха лааро дIалаьцнера. Уьш тамашийначу синхаамо зуьйш бара, шаьш цIа юхабирзинчуха. Лийча а лийчина а, тIе хIуманаш юьйхинчул тIаьхьа, уьш юха а цхьана тобане гулбелира, Iуьйре ярхьама. Iуьйре йинчул тIаьхьа тоба юха а дIасайийкъира, хIинца шайн-шайн цIерашца. ГIоьналла а, Эгоист а, кхиболу пхи бIе къона нах а аьтту агIорчу луларчу зал чу балийра. Ийзалург а, Iехийнарг а, Возуш воцург а бисинчу цхьаъ ах эзар адамца кхечу аьрру агIор йолчу чоьнна чу дIабигира. Зал чу бовлуш, царна неIсагIина тIе язйина шайн цIераш хааелира. ЦIераш тамашийначу кепара, энделитхошна бевзаш боцчу маттахь язйина яра. Цхьана залах «Дахаран Зал», вукхунах «Дов хаттаран Зал» олура.

## Дахаран Зал а, Дов хаттаран Зал а

НеIсагIех чоьхьа ма-велли, Возуш воцург ирча хьоле воккхучу, тамашеначу синтем баран синхаамо дIалецира. Иза ойланехь школерчу урокашна тIе юхавирзира, Джейлинах лаьцна цхьа хIуъа а долу хIума дагадаийта гIерташ. Коьртехь буьззина гIурт бара. Иза къаьхьа дагахьбаллам болуш вара, ша иштта дукха урокаш ца лелаш йитина хиларна. Ма харц хиллера со, ма гIалатваьлла а хилла, гIала а, паччахь а хIетте а волуш хилла-кх! Хьалаболуш болу кхерам юхаозо гIерташ, цо вегорца Джейлинан безамах а, ГIоьналлах а лаьцна дерг дагаоьхуьйтура. ХIинцца йолчу ханна цунна, шен ойланашкахь тIехлелхачу, паччахьан бакъахьараллах а, возаллех а лаьцна кхоччуш ойла ян лаъане а ца лаьара. Цо ша дика стаг а, юкъараллин гIуллакхашкахь дакъа лоцуш а хилла хиларца тевора ша.

КIоргге са а даьккхина гонах дIасахьаьжча, Возуш воцчунна ша Энделехь уггаре а зуламе болчийн тобанехь хилар билгалделира. Царна юкъахь цунна жоьлгаш а, харцончаш а, маларчаш а бевзира. Кхин болчарна юкъахь хьарамхой а, къахьоьгурш а бара. Керлачу кхераман тулгIено дIалецира иза, тIаккха иза воьхначу муьрехь, цунна Ийзалург гира. БIаьргаш дIа а къевлина, цо дайдаларца са даьккхира. Цунна цу сохьта дагадеара, школехь иза уггаре а тIехдаьккхина а, тIейирззина а Джейлинна тIаьхьахIиттинчарех хилла хилар. Цунна хезна дацара ткъа, цхьана хенахь иза ур-атталла школехь болх беш а хилла хилар? Нагахь иза а кхуьнца цхьаьна кху зал чохь хилча, дерриг а хIинца а дика чекхдер ду.

И йолчу агIор воьдуш, иза Iехийначунна тIеIоттавелира. Кхин а цхьа дика билгало ю! Нагахь Ийзалучуьнца цуьнан дIогара уьйр ца хиллехь а, цунна, Iехийнарг чIогIа тешаш верг хиллийла хаьара. Цара ур-атталла Джейлинан хьокъехь сих-сиха къийсамаш а латтийнера. Шен шира доттагI мара ма воьллина, цуьнан дог-ойла кхоччуш хийцаелира.

Iехийначун реакци чехка а, бакъахьара а яра. Берриге кхерамаш дIатийначул тIаьхьа, доттагIаша къамел долийра. Джейлинан къинхетамалла цара сатийсинчул а сов тIехбаьлла хила тарлора. Хьажахь, Возуш воцчунна, цунна-м гечдойла а дац аьлла хетачунна а,

ма атта гечди цо. Иштта дац иза ткъа? ГӀараваьлла волчу хьехархочо Шалха Дахаро царна ша тӀедуьллурш совдохуш хилла те? ХӀинца дерриг а дика хирг хиларх тешна хиларна герга вара 1ехийнарг.

Делахь а ГӀоьналла а, Эгоист а кхузахь ца хиларо жимма сагатдора. Кхин, бен ца хеташ дуьтийла доцу, там боцург, маьӀ-маьӀехь тийжамаш беш долу, адамаш дара. Амма, уьш Джейлинан дикаллина баркалле хиларо тӀехбуьзна хила а ма тарло?

Вукху зал чохь а иштта дукха даккхийдер дара. Школа чекхъяьккхинчул тӀаьхьа вовшийн гина боцу доттагӀий, баккхийбера шаьш вовшахкхетарна. Кестта хӀора къамелехь массеран а дог меттахдоху цхьа хабар бен дацара: кестта царна Джейлин гур ву!

Шайн ма-дарра долу тӀекхайкхар а, ваӀда дина болу кхоллам а зеран хан тӀекхаьчнера церан. Уьш берриш а инзаречу гӀаланах лаьцна гӀовгӀа еш бара. Царна даим хаьара хӀара меттиг Энделал дуккха а гӀоли юйла, амма ур-атталла дуьххьарлерчу битамаша а тӀех цецбаьхнера уьш. Дерриг а церан кхетам чу тарлучул дуккха а алсам дара. Баккъалла а бакъ ду те, цара дерриг а шайн дахар ишттачу сийлахьчу меттехь дӀакхоьхьург хилар? Ишттачу сий дарна царах муьлхха а ур-атталла горгамаш хьекха а реза хир вара-кх! Кху зал чохь мел волчунна ша Джейлинца цхьаьна хир вуйла хаьара, амма ша цуьнан бакъахьарчу кхелъярна хьалха муха латталур ву ца кхетара. Цхьа хан дӀаяьлча, зал чохь даздаре хьал дӀахӀоьттира. Тешаме хиллий те уьш? Хено кестта гойтур ду. ХӀаъ, шайн пачхахьца цхьаьнакхетаре сатуьйсу муьтӀахь болу ялхой, кхерамаллин синхаамца цхьаьнаайначу дог деттадаларо бузура.

Цкъа хьалха кхел Дахаран Зал чохь сатуьйсуш болчарна ян езара. Амма царна тӀе вай тӀаьхьо юхадоьрзур ду. Ткъа цкъачунна вайн историно вай Дов хаттаран Зал чу дуьгу.

## Суьдан Зал чу кхайкхар

Делкъа хан яра. Дов хаттаран Зал чохь берш дӀатийнера, царна цхьана а агӀор кхерам ца хиларах тешна хилар юхадирзинера цаьрга. Дерриг а царна эхь хетуьйтуш я уьш ца кхеташ дерг, Джейлинан

къинхетамаллина я цуьнан некъаш къайле йолуш хиларна тӀедуьллура цара. Ишттачу ойланаша дӀатебора уьш.

Цхьаъ ах эзар къоначу энделитхойх зал чу кхайкхинчех, хьалхарниг Возуш воцург нисвеллера. Паччахьан виъ гӀаролхо веанера иза Сийлахь Дов хаттаран Зал чу валорхьама. ГӀоьртина хилар малдан гӀертарца, цо вела а къежна, ларамаза хьажар тӀехӀоьттинчу, царах цхьаьнга бӀаьрг таӀийра. Иза чӀогӀа цецвелира, ша динчунна реакци ца хиларх.

Залан неӀарш цунна тӀаьхьа дӀа-ма-чӀеггӀи, дерриге а иза хьалха хьийзош хилла долу хаттарш, юха а хӀоьттира цунна хьалха. Кийрара дог, вота етташ санна, детталора. Цунна, и тата ур-атталла гӀаролхошна а хезаш санна хетара, уьш гучубовлуш боццушехь. Ма лаьара цунна Ӏехийнарг юххехь хила! ХӀинцца иза Кхелахочунна хьалха хӀуттур ву, ткъа цунна цуьнца ша волуш ца висар гӀолехь хетара. Возуш воцчун тешна хилар сихха лелина дӀадолуш дара.

Сийлахь Зал чу волуш гӀаролхойх цхьаммо доцца протокол дийшира. Возуш воцчо ерриге а хенахь корта теӀабора, дешнарг дагахь ца латтарна а кхоьруш. Лерташ чохь деттадалар хазарна, иза ша ца хезаш висарна кхоьрура. ГӀароло жоп луш, корта таӀийра, Возуш воцург процедурин низамах кхеташ хиларх тешна а хиларца, тӀаккха залан неӀарш шуьйрра дӀаеллаелира.

Йоккхачу зал чу масех гӀулч яьккхича, Возуш воцург шен доллу дегӀ дегош хиларх кхийтира. Дукхахьолахь шийла хуьлуш долчу хьаьжа тӀехь хьацаран тӀадамаш гучудевллера. Иза чаккхенца инзарваьккхинарг гича, цуьнан кхоччуш воьхна хиларан синхаам хилира!

КОРТА 3

# Аффабель Пачхьалкх: Кхелъяран Хьалхара Де

*И шадерг а Іийсас гулбеллачарна хьекъале дустарш далош дуьйцура. Дустар ца далош, Цо хІумма а ца дуьйцура царна. Цу тІехь пайхамарехула аьлларг кхочушхилира.*

– Маттай 13:34, 35

Сайн аллегори кхин дІа йолаяле хьалха, суна юха а Іийсас тІейогІучу кхелъярх лаьцна аьллачу дешнашна кІел сиз хьакха луур дара. Инжилан Яхьъяс дІаяздинчу декъехь (12:48) вай доьшу: «Со юхатухуш а, Сан дешнаш тІе ца оьцуш а волчун шен кхел ю. Ас аьллачу дашо йийр ю цунна кхел тІаьххьарчу дийнахь». Вайна хІинца, Цуьнан 1аьршана хьалха дІахІиттича хаьа, стенца доьзна йийр ю вайна кхел – Деза Йозанаш т1ехь долчуьнца дуьстина.

Цундела Джейлина, Дов хоттучу Зала чохь, дуккха аьлла долчунна юххехь терахьашца тІетовжарш дехкина хир ду. И терахьаш тайп-тайпаначу гочдаршкара Дезачу Йозанийн меттигашна догІуш ду, уьш дерриш а книгин чаккхенгахь далийна ду. Джейлинан дешнийн доккхах долу дакъа, вайн историн персонажашка хьаьжжина, Дезачу Йозанийн меттигашкахь долчуьнца доьзна ду.

Ткъа хІинца Аффабеле юхадоьрзур вай.

## Возуш воцчунна тІехь кхелъяр

Сийлахь зал, Возуш воцчун суртхІоттадойла долчул алсам инзаре яра. Нагахь цунна бисинчу цхьаъ ах ээзар нахе цунах лаьцна дийца

аьтто балийтинехьара, цунна цуьнан сийлахьаллах а, исбаьхьаллах а лаьцна ала дешнаш а, дустарш а карор дацара. Энделан муьлхха а гӀишло, кху залан архитектурица юьстича, барам боцуш тишъелла хеталора. Чоь бӀе эзар стагана гергга лерина яра. Цуьнан цкъа а гар ца хиллера оццул дукха долу адам цхьана зал чохь .

Улло кхачарца, Возуш воцург трибуни тӀехь болчу Аффабелан нехан яххьаш къесто хӀоьттира. Дуьххьара цунна хааделларг, царах схьадолу лепар дара. Иза цецваьллера церан, хуьлийла а доцчу кепара долчу хазаллех: уьш, кхечу дуьненан бахархой санна, гуш бара. Ишттa хийцабалар, царна массарна а дахаран диттан стоьмаш баа магийна хиларца кхетадойла дара.

Возуш воцчо дагахь ойла йира: «Уьш берриш а Энделан бахархой бу те?» – аьлла. ТӀаккха цунна шена евзаш йолу йоӀ гира. Цуьнан цӀе Дикалла яра. Иза масех шо бен воккха вацара цул, цунна, даим а цуьнан эсалалла бахьана долуш, цунах бийлар дагадогӀура. ХӀинца иза инзарвоккхуш гуш яра. Юьхьан амат, иза атта йовзийла долуш, хьалхалерра диснера цуьнан, амма цхьа муьлххачу кепара делахь а, Энделан уггар а шена тӀе ийзор долчу вахархочул, алсам товш яра иза. Ма-дарра аьлча, кхузахь болчех муьлхха а, ур-атталла кхинаш санна, товш воцург а, цунна бевзина хиллачел дуккха а тамехь вара.

Дуьххьарлерчу шовкъах меттавеанчул тӀаьхьа, массеран хьажар, иза гӀаролаша вуьгуш волчхьа дерзийна хилар, хааделира цунна. Ишттаниг цунна цкъа а ца гинера. Иза паччахьан гӀант дара. И сийлахь паччахьан гӀант ма-дарра муха ду бохург, цхьана а дустарца гайталур дацара. Паччахьан гӀанта тӀехь хиъна Ӏаш волчуьнга леррина хьаьжча, иза сихха кхийтира, ерриге гӀалан сийлаллин хьоста мила ву бохучух. Иза паччахьах схьайолуш яра. «Тешна, хӀара Джейлин хила а веза», – ойла йира Возуш воцчо. ЦӀаьхххьана, ша оццул тӀера ца волуш, дацаре винчух, кӀоргге тийшира иза.

Джейлинан юьхьан амал товш, амма къовламе, дара, мел лахарчу а барамехь цу муьрехь. Товш, амма кхерош, мелла а нийса гайтар иштта хир дара. Дерриг а цуьнан гар инзаре исбаьхьа дара, делахь а хӀора гӀулч яккхарца Возуш воцчун даг чохь ирча хьал хилар

сов дуьйлура. Тешна хиларх диснарг дӀаделира. ХӀун хир ду цунах? Собаре хила а гӀерташ, Возуш воцчо ша къинхетамечу паччахьна гергахьа вогӀуш хилар, чӀагӀдора шен даг чохь. ХӀинца гӀуллакх дика чекхдаларан хьокъехь шеконо хьийзош вара иза.

ЦӀаьххьана, паччахьан гӀанта тӀекхача ах некъ бисинчу хенахь, цуьнга саца аьлла омра дира. Цунна тӀехула айавелла, гулбеллачаьрга вистхуьлуш, Джейлин вара:

– ...ТӀаккха кхетар бу динан массо а тобанашкахь берш, шайн дегнаш а, ойланаш а зуьйш верг Со хиларх. Шуна хӀоранна а, шун гӀуллакхашка хьаьжжина, хьакъ дерг дӀалур ду Ас.

Возуш воцург кхечу массаьрца цхьаьна ладугӀуш вара, цӀаьххьана Джейлина нийсса цуьнан бӀаьргаш чу а хьаьжна, тӀедиллира:

– Айхьа динчу урхаллина тӀера отчет е.

Возуш воцург дош ала кхиале хьалха, паччахьан гӀантана тӀехула йоккхачу экрана тӀехь, школехь дуьххьарлерчу дийнахь дуьйна селханлера денна тӀекхаччалц йолчу хенара, дерриг а цуьнан дахар гайта долийра. ХӀора цуьнан лелар а, хӀора дош а, хӀора нигат а дӀадиллина дара гулбеллачу тешийн бӀаьргашна хьалха. ДӀаделладеллачу Джейлинах лаьцна билггал бакъ долчо цуьнан дог деттадала доладалийтира: «Кхоьллина долчух цхьа а хӀума дац Цунах къайладаьлла, амма дерриг а хӀума дерзина а, дӀадиллина а ду Цуьнан бӀаьргашна хьалха: Цунна лур ю отчет».

Возуш воцург шен сонта а, зуламе а, ша-шен веза а некъаш гуш, хебаршка воьдура. Оццул долчу адамийн бӀаьргашна и дерриг гуш а, дӀадиллина а хилар, эхье а, шовкъе а цецваккхар дара. Энделехь дӀогара доккха а, я ур-атталла халахетуьйтуш а доцуш хетало хӀума, хӀинца, кху сийлаллечу кхелахочунна а, Аффабелан ларамечу нахана а хьалха вуно вон гуш дара. Иза шен леларх цецваьлла вара. Муха хуьлийла дара иза иштта дог лазаме воцуш а, сонта а, тилавелла а? Иза, дика гӀуллакхаш вончарел совдовларан гӀалартечу сатийсамах тийсалора.

Шена ирча таӀзар дар хила дезийла хуъушехь, фильм чекхъяьллачу хенахь, цунна шен дог дайдалар хааделира. Иза оцу юкъараллехь

уггар а кIезиг верг хилла ша дIахIоттича ирсе хир вара, цо шен дика гIуллакхаш зуламечарел совдаларе сатуьйсура.

ТIаккха Джейлина коьртачу яздеш волчуьнга хьаьттира:

– Дахаран Тептар тIехь карийний те цуьнан цIе?

Вукхо сихха жоп делира:

– ХIан-хIа, сан олахо.

ТIаккха Джейлино элира:

– Возуш воцург, хьо зуламе Iалам харжарна бехке ву, цундела хьо, дерриг а хьайн дахар арахьарчу боданан а, сатуьйсийла доцчу а, цхьаллехь висаран а Iазапехь даккхархьама, Лоун лаьтта тIе дIаэккхийна хир ву.

Iадорца Возуш воцчо мохь хьаькхира:

– ХIунда, олахо?

– Хьо сох ца тешара, жоп делира Джейлина. Хьан хьехамчаша хьоьхура: «Нагахь хIара Со волуш хиларх шу ца тешахь, шайн къиношлахь лийр ду шу», тIаккха кхин а: «Кхин цхьаьнггахь а кIелхьардовлар дац, хIунда аьлча стигал кIелахь кхин цIе яц адамашна кIелхьардовла елла».

– Амма, олахо Джейлин, ткъа сан дикачу гIуллакхех хIун хуьлу? Уьш зуламечарел сов дац ткъа?

Паччахьо Джейлина жоп делира:

– ГIуллакх ахь мел кIезиг я мел дукха Iедало т1едиллинчунна дуьхьало йина бохучуьнца доьзна дац, хIунда аьлча «Дерриге Iедал лар а деш, цхьана хIуманна тIехь къа латадахь, иза массо хIуманна тIехь бехке хилла дIахIутту».

Возуш воцург дуьхьалвелира:

– Стеган кIелхьарволийла муха хир ду тIаккха?

Цу хаттарна Джейлина жоп ша ца делира. Иза Аффабелан ларамечу яхархочуьнга хьаьжира, схьахетарехь, цуьнан гIоьнче, иза, паччахьан санна, амма жимочу барамехь долчу гIанта тIе хиъна йолу дела. Зудчо элира:

– Хьоьга хьехархоша аьлла дацара-ткъа, Джейлина хьо шен къаьсттинчу диканца кІелхьарваьккхинийла, ткъа хьо цунах теша везара. КІелхьарвалар доккхийла дац, иза Джейлинан совгІат ду. КІелхьарвалар, цхьаннан а ша хестор ца хилийтархьама, дикачу гІуллакхашна тІера совгІат дац.

Джейлина тІетуьйхира:

– Ас адамаша яханчу а, тІейогІун йолчу а хенахь Іедало тІедуьллург дохорна тІера тоххара мах дІабелла. Цхьа а адам суна дуьхьал къа ца лато я Іедало тІедуьллург кхоччуш лардан хьуьнар долуш дацара, амма адамашка болчу безамна, ас айса таІзар дІададьхьна церан метта. Цундела аса кІелхьарваккхар, – шен гІуллакхашца даккха хьакъ доцу совгІат ду; хьоьга Аффабелехь ваха гражданство хила хьакъдолуш хилархьама, тоъал дика гІуллакхаш дан ца делла. Иза соьга долчу тешарехула луш ю. Ткъа ахьа ас хьан кІелхьарваккхарна динарг дІатеттина.

Масех секундехь кхоччуш Іадийна вист ца хуьлуш а Іийна, Возуш воцчо элира:

– Кхета. – Цуьнан ша сатуьйсийла доцчу хІордан буха воьдуш хиларан синхаам бара. Цхьана хІуманах тасавалар лехарца, цо хаьттира: – ХІета, дерриг а ас динарг, эрна хилла-кх?

Джейлина жоп делира:

– Эрна хилла: «... беллачарна хІумма ца хаьа, кхин царна йоггІу ял лойла дац царна, хІунда аьлча царах лаьцна дегалацам а хир бац кхин, церан безам, церан цабезам, церан хьагІ хилар дІададьлла, маьлхана кІелахь долчу цхьана а хІуманна юкъахь кхин дакъа ца лоцу цара» тІаккха кхин а: «Зуламечу нехан кхин сатуьйсийла а доцу дела а, Іесачийн дахаран чиркх а дІабовр болу дела а».

Джейлинан дешнаша, вистцахилалуш висина волу, Возуш воцург цецваьккхинера. Иэа ша юкъахйовлийтина урокаш дагахь йоллуш вара. Хила тарло, нагахь цунна билггал бакъдерг хезнехьара, цо шен дахарехь и доьгІнахиларан гІалат хуьлуьйтур дацара.

Вист а ца хуьлуш Іачу секундашкахь цунна чохь кхин ойла

кхоллаелира. Иза, цо дийнан дохалла ша тевеш хилла а, цунна чохь керла сатуьйсийла кхоллаялийтина а ойла яра:

– ХӀаъ, дерриг а ахь аьлларг билггал бакъдерг ду. Амма, Джейлин, хьо къинхетаме паччахь ма ву! Нагахь иза иштта хилча, хьан со эккхавойла муха ду?

Джейлина жоп делира:

– Со къинхетаме паччахь ву, билггал и бахьана долуш ас дӀахьажаво хьо. Хьо Энделехь вехаш ма-хиллара ваха сацам барца, ахь гуттаренна а хьайна боданечу олахочун Дагонан Ӏалам хаьржина. Нагахь хьан телхина хиларе хӀара сийлахь гӀала хьоьга бехъяйтича, со къинхетаме волу а, билггал бакъволу а, безаме волу а паччахь волуш муха вуьсийла ду? Ас Аффабелан цӀена хиларна бохам бийр ма бу. Ахь хаьржина Ӏалам кестта гучудала долалур ду, тӀаккха цу гӀуллакхо эзарнийн цӀена дахарш дохор ду. Ахь айхьа хаьржина хьайн некъ. Цундела, хьо тӀаьхьахӀоьттинчу Дагонна декхна ма-хиллара, нийсса оццул та1зар хир ду хьуна а. Нагахь ас хьуна цунна чул кӀезиг кхел яхь, со харц олахо хир вара. Ткъа со нийсо йолуш ву!

ТӀаккха Джейлина гулбеллачу массарна а шен дас аьлла долу шира дешнаш далийра: «Дош тергалдеш воцчо, шена бохам бо; ткъа весетах кхоьруш волчунна, хьакъ дерг лур ду».

ТӀаккха паччахьо ялхошка элира: «Цуьнан куьйгаш а, когаш а дӀа а бехкий, арахьарчу бодане кхосса иза; цигахь белхар а, цергаш хьекхор а хир ду; хӀунда аьлча кхайкхинарш дуккха бу, ткъа хаьржинарш кӀезиг бу».

Возуш воцчо Ӏадийна мохь хьаькхира, гӀаролхойн хьаькамо дӀа а воьхкуш, иза залан агӀонгахь йолчу неӀаре вуьгучу хенахь, кхерамечу саийзаро дӀалецира иза. Гулбеллачу эзаршна юкъахь цхьа а аз ца хезара. Уьш, оццул сонта шен дахаран Ӏуналла а дарна, дерриг а дисинчу дахарна таӀзар хиллачу стаге, гӀайгӀане хьоьжура.

Возуш воцург кхечу сатийсаран зал чу дӀавигира. Кхузахь, хантоьхначарна кечйина, эзарнаш кегий камераш яра. Цу залана чу волучохь тӀехула хӀара дешнаш яздина дара:

«Декъала бу шайн духарш цIандинарш. Цундела церан бакъо хир ю, кевнехула чекх а бевлла, гIалин чу бовла а, дахаран диттана тIера стом баа а. ГIалина арахь буьсур бу жIаьлех тера леларш а, бозбунчаш а, сийсаза леларш а, стаг вийнарш а, цIушна Iамал йийраш а, массо а харцонаш ян а лууш, уьш йийраш».

Возуш воцург цу йозанна тIевогIавелира, тIаккха цунна чохь дералла кхихкира. ХIинца и кхоччуш шен зуламечу дегIан Iаткъамо дIалаьцна вара. Цо цуьнан амалера дерриг а диканиг дIахьулдинера. Цуьнан лелар сихха хьерадаьллачу жIаьлин леларе хийцалуш дара. Паччахьан Iаткъам боцуш иза шен харц хьекъалан йийсархо хилла дIахIоьттира.

## Iехийнарг Джейлинна хьалха

Кхин а масех сахьт дIаделира. Дуккха берш хIинца Хан тохаран зал чу кхайкхинера, амма Iехийнарг а, Ийзалург а, Шалха Дахар а хIинца а шайн рогIе сатуьйсучарна юкъахь бара. Iехийнарг дог-ойла айаеллачу хьолехь вара, цу гIуллакхо диканан сатуьйсийла хуьлуьйтура бисинчеран а.

Залан неIарш дIаеллаелира тIаккха паччахьан виъ гIаролхо гучувелира, хIинца Iехийнарг а кхойкхуш. Вулавелла хиларо дIалаьцна волу иза вегийра: цуьнан хан тIекхаьчнера. Шен синтем бар къайлабаккхархьама, ткъа иза цуьнга дика далора, цо буьсуш болчаьрга элира: «ХIета, кегийраш, сан номер толам баккхаре ю!»

Iехийнарг протокол а дешна, Дов хаттаран Залан дIасагIаттийначу неIарех чоьхьа велира. Иза, Возуш воцчо зийна боллу, синхаамаш зуьйш вара. Иза а инзарваьллера залан хазаллех а, сийлаллех а, иштта гулбеллачийн тийналлех а. Зал чухула воьдуш, цунна масех вевзаш верг гира: уьш берриш а Энделехь школехь доьшуш а, цхьаъ я ши шо кхул хьалха иза чекхъяьккхина а бара, цу тIе цунна Возуш воцчунна чул алсам бевзаш берш гира, школехь цо, цкъа а бохург санна, цхьаьнакхетарш юкъах ца дитина дела.

Цунна бевзинчех волу цхьаъ, школе ца лелаш хилла стаг вара,

цуьнан цӀе Къизаниг яра. Иза, уггар а бага ваханчех волу зуламхо санна, вевзаш вара. Цецваларца Іехийнарг цунна дуьххьал сецира.

– Ткъа хӀара хӀун деш ву кхузахь?

ГӀаролхойн хьалкамо Іехийначуьнга корта ластийра, цуьнан цу стагца къамел дан йиш хиларх иза кхетош. Цо юххехьа тӀе а веана, хаьттира:

– Къизаниг, хьо вуй и?

Стага жоп делира:

– Цкъа мацах со Къизаниг вара, амма олахочо Джейлина сан цӀе хийцина, Машарениг цӀе а тиллина.

Іехийнарг цецвелира:

– Хьан муха баьлла-те кхуза кхача аьтто? Хьо вайн юкъараллехь уггаре а вон стаг лорура. Хьо школе а ца лелара, суна бевзачарех, массарал а дукха Джейлинна дуьхьалваьлла ма вара.

– ХӀаъ, иза цӀена бакъ ду, амма суна, со муха хилла бохург а, аса лелийнарг а бахьанехь, суо-сайна бӀаьрга ван а ца везара, – жоп делира Машаречо. – Со школе ца лелла дела, суна цкъа а, сайн дахар хийца хьуьнар долу, Джейлинан дешнаш ца хезнера. Сайн Къемат-де тӀекхачале пхи де хьалха, со ГӀоьналлин ресторанехь делкъе еш вара. Цунна сан дахар цхьа йоьхначу хӀуман кескаш санна дуйла хаьара, тӀаккха цхьа муьлххачу кепара делахь а, цуьнан сан лазамах синхаам хила аьтто белира. Цо сан юучух мах дӀабелира, со хӀума йиъна ваьлча, шеца къамел дан вуьсург хиларан билламца. Цо суна Джейлинах а, цуьнан дикаллах а, цуьнан кӀелхьарваккхарх а, Аффабель цӀе йолчу исбаьхьачу меттигах а лаьцна дуьйцуш ши сахьт хан яйира.

Цо, сайн дахар сийлахьчу паччахьна лерина хилийта хӀинца а тӀаьхьа ца хиларх, кхетийра со. Сан хӀинца а йиш яра гечдар тӀеэца а, цуьнан пачхьалкхе дӀаэцна хилийта а. Джейлинан безамо тӀехвуьзира со, тӀаккха ас суо кхоччуш цуьнан олалле д1авелира. Энделехь цунна гӀуллакхдарна цхьа кӀира бен хан йоццушехь, ас иза доллучу дагца дора. Аса, айса халахетийтинарш а, айса къоладинарш а болчу а вахана, цаьрга сайна къинтӀера довлар дийхира. Ас царна айса

цаьргара схьаэцначул дуккха а сов юхаделира.

Iехийнарг вист ца хуьлуш лаьттара. Юхавирзича, цунна гIаролхочо, и аьлларг тIечIагIдеш корта теIор гира. ТIаккха Машаречо шен метте гIулч яьккхира, ткъа Iехийнарг кхин дIа паччахьан гIантана тIе вахара.

Иза хIинцца хезначу дийцарх лаьцна ойла ца еш ца Iалора. Цунна Джейлинан сийлахь-боккхачу къинхетамах лаьцна дийцинера, ткъа хIинца, и къинхетам мел инзарвоккхуш бу бохучун, теш хилла дIахIоьттира иза. И стаг цунна бевзаш болчех уггаре а воniг вара, ткъа кхузахь иза кхиберш санна, сийлалле хилла дIахIоьттинера. Хьалха цкъа а ца хиллачу кепара, Iехийнарг Джейлинан бIаьргаш чохь, иза шена реза хилар карориг хиларх тешна вара, ша даим а цунах тешаш хилла дела.

Паччахьан гIантана хьалха дIахIоьттича, Iехийначунна, Возуш воцчунна хезна доллу, омра хезира:

– Айхьа динчу урхаллин тIера отчет е.

Возуш воцчунна санна, экрана тIехь цунна школера хьалхарчу дийнахь дуьйна селханалера де тIекхаччалц хилла долу шен дерриг а дахар гира. Ма дайдалар дохьура шен тIевирззина урокашка лелар гаро а, гулбеллачу массарна хьалха Джейлинан тамаша баллал долу тIетовжар хиларо а.

Делахь а кестта цуьнан корта оллабелира. Цуьнан вахаран кепо бехкевора иза. Цо даим а бакъдора шен гIуллакхаш, амма уьш сийлахьчу кхелахочун серлонгахь а, цIена эхь-бехк хиларан тоьшалла деш болчийн а хьалха хIиттича, цунна эхьхетар а, вохар а хааделира. Цуьнан зударшца эвхьаза леларх дерриге а ларамечу юкъараллина девзича, цунна цхьана Iуьрга а ваьлла, цигахь дIалачкъа лаьара.

Серлонга цуьнан лелар даьккхина а ца Iаш, цуьнан ойланаш а, нигаташ а даьхнера. Джейлинна и дерриг а мичара хуийла дара? Iехийначо динарг цхьанна а, цкъа а хууш доцчунна тIера кхел йойла муха ду Цуьнан? Цуьнан кIорггера къайлаха хилларг, кхин къайле йолуш дацара. Берриге гулбеллачарна, иза гIуллакхашна тIехь барт барехь а, цIеной а, лаьттан дакъош а дохкарехь а тIе хIума яран хьогалло тоьттуш лелла хилар, гойла дара. Цо шен лаамехь дерг

кхочушдархьама, шен марзваларца аьшнаш а, эладитанаш а муха леладора хьуьйсура уьш. Цо мел динарг а, шена дуккха а хӀума даккха йолчу Ӏалашонца дина аьлла хеталора. Цунна дерриг хӀума а ша ма-бохху а, шен дуьхьа а деш хила лаьара. Ма-дарра долчуьнца къуьйсийла дацара. Делахь а цо, и дерриг а доккха маьӀна долуш хӀума ца хиларца, тевора ша, иза-х Джейлинах теша а тешаш, даим а ша цунна лерина хилар даре деш ма вара, бохуш.

Дерриг а цуьнан дахарх лаьцна хьаьвсина бевлча, Джейлина паччахьан йозанче хаьттира:

– Ӏехийначун цӀе Дахаран Тептар тӀехь дӀаязъйина юй?

– ХӀан-хӀа, сан олахо, – хилира жоп.

Джейлина кхайкхийра:

– Ӏехийнарг, хьо со дӀатасарна бехке ву, цундела хьо, дерриг а хьайн дисина дахар арахьарчу боданан а, сатуьйсийла доцчу а, цхьаллехь висаран а Ӏазапехь даккхархьама, Лоун лаьтта тӀе дӀаэккхийна хир ву.

Ӏехийнарг меттах ца валалуш виснера. Цуьнан ойланаш хьийзара: «ХӀан-хӀа, иза гӀалат ду. Иза хуьлийла а дац! Со Джейлинах тешаш ву. ХӀун дара цуьнан дагахь, цо: «ДӀатесна со» - аьлча?».

Цо элира:

– Ас маца дӀатесна хьо?!

– Хьуна хезнерий, Джейлин шайна вевза а бохуш, ткъа шайн гӀуллакхашца, сийдоцуш хиларца а, муьтӀахь воцуш леларца а, цхьа а дика гӀуллакх дан а хьуьнар доцучех лаьцна а, хьехархоша деш хилла дӀахьедар?

ТӀаккха юха а Ӏехийнарг дуьхьалвала гӀоьртира:

– Амма, Сийлахь Паччахь, со хьан школе лелара. Со урокаш юкъах юьтуш а вацара, школан дуккха а гӀуллакхашкахь дакъа лоцуш а вара. Ас ур-атталла хьох олахо а олура!

Джейлина цу сохьтта жоп делира:

– ХӀунда кхойкху аша Соьга: Веза Эла! Веза Эла! – бохуш, Аса шайна

тӀедиллинарг кхочуш а ца деш? Соьга: “ Веза Эла! Веза Эла!” бохучех берриш кхочур бац Аффабель Пачхьалкхе, Стиглашкарчу Сан Ден лаамаш кхочушбийраш бен. Дуккхаммо а эр ду Соьга цу дийнахь: Веза Эла! Веза Эла!, тхох дуккхаммо а ма дуьйцура Хьан цӀарах лаьцна... ТӀаккха дӀахьедийр ду Аса цаьрга: Суна цкъа а девзина а дац шу, дӀадовла Суна уллора, зуламе гӀуллакхаш дийраш.

Ӏехийнарг чуьравуьйлура:

– Амма со тешара... Со хьан дашца догӀуш тешара хьох, со кӀелхьарваьккхина хила веза!

Джейлин собаре вара, амма шеко йолуш вацара. Цо гулбеллачу нахе а, жимочу, паччахьан санна, долчу гӀанта тӀехь хиъна Ӏачу, школехь хьалха хиллачу хьехархочуьнга а бӀаьрг туьйхира:

– Урокашкахь хӀун Ӏамадора аша, деша Ӏехийначунна. Цу стага дезачу йозанаш тӀера дийшира: «ХӀун пайда бу, сан вежарий, нагахь цхьаммо шен тешар ду аларх, ткъа цо иза гӀуллакхашца чӀагӀдеш дацахь? КӀелхьарвоккхур вуй теша иза цуьнан тешаро? Цу тайпана, нагахь тешар ду а бохуш, ткъа иза гӀуллакхашца чӀагӀдеш дацахь, иза делла хуьлу. Амма цхьаммо ала тарло: «хьан тешар ду, ткъа сан гӀуллакхаш ду»: гайтал суна хьайн тешар, гӀуллакхашца доьзна доцу, ткъа аса гӀуллакхаш дарца доьзна долу сайн тешар гойтур ду хьуна. Хьо тешна Джейлин хиларх, иза дика ду; жинаш а теша, дега а до. Амма хаа лаьий хьуна, сонта стаг, гӀуллакхашца доцу тешар эрна дуйла?».

ТӀаккха Джейлина юха а кхин цкъа элира:

– Ахьа хьо тешара боху, амма тешарх тешар ца хуьлу, нагахь цуьнца догӀуш долу муьтӀахь хиларан гӀуллакхаш дацахь. Теша бахарх тоьаш дац, хӀунда аьлча ур-атталла жинаш а теша, кӀелхьардаьхна хуьлийла доцу. Баккъалла а тешачара, шайн хийцаделла дегнаш гойту, зуламечу Ӏаламан стоьмаш а ца кхиош. Ахь даим а зуламечу Дагонан стоьмаш бохьура, иза, ма-дарра аьлча, хьо сох доллучу даггара тешаш хилла ца хиларан, тӀечӀагӀдар ду.

Ӏехийнарг халонца кхетара хезначух:

– ХӀета цу зуламечу Къизаллечун хьокъехь дерг ткъа? Со цул гӀоли вара! Хьан иза тӀе а эцна, со эккхавойла муха ду? Хьо нийса вац!

Джейлина жоп делира:

– Ахь боху: «Везачу Элан некъ нийса бац!». ЛадогӀахьа... Сан некъ буй те и нийса боцург? Хьан некъаш дац ткъа и нийса доцурш? ТӀаккха харцончо а, нагахь ша лелийначу харцонех дӀа а вирзина, нийсонца а, бакъонца а иза лелаш велахь, шен са дахаре юха далор ду. ХӀунда аьлча, ша лелийна дерриг а зуламаш ган а гина, иза царах дӀавирзина; иза дийна хир ву, лийр вац.

Догдаьлла а, дера а волчу, Ӏехийначо кхин дӀа а мохь хьоьккхура:

– Амма ас хьох лаьцна кхечаьрга а дуьйцуш, хьан дош цаьрца декъа ма доькъура. Ас ур-атталла сайн лаамца цхьаннан метта урокаш а ма хьоьхура хьан школехь!

ХӀинца Джейлина маллур доцу жоп делира:

– Сан уставаш а хьоьхуш, Сан весет хьайн бага стенна оьцу ахь, ткъа Сан хьехам бӀаьрга бан а ца безаш, Сан дешнаш а хьайх хӀунда кхуьссу ахь? Къу гича, цунах дӀакхета хьо, нахаца лелачаьрца а уьйр йолуш ву хьо; воних аларна бага гӀаттайо ахь, хьан матто а мекарло юцу; охьа а хиъна, хьайн вешина хӀума олу ахь, хьайн ненан кӀантана мотт бетта ахьа; ахь и дора, Со вист ца хуьлура; хьуна Со, хьуо санна, ву моьттира. Ӏора а ваьккхина, хьан бӀаьргашна [хьан къиношна] хьалха хьан къинош охьадохкур ду аса.

Ӏехийнарг вист ца хуьлура. Ойланаш дарц хилла хьийзара коьрта чохь, амма цуьнан шен бехказлонна ала кхин хӀумма а дацара.

Масех секунд елира. «ТӀаккха паччахьо ялхошка элира: куьйгаш а, когаш а дӀа а бехкий, схьа а эций арахьарчу бодане кхосса иза; цигахь белхар а, цергаш хьекхор а хир ду».

ГӀаролхойн хьаькам шена улло тӀекхаччалц йолчу хенахь, цо Джейлинна а, гӀаролхошна а, ур-атталла Аффабелан бахархошна а юьхьдуьххьал емалдаран дешнаш кхуьссура. Иза хьераваларца ветталора. Цунна чуьра дерриг а диканиг хӀинца цуьнан ма-дарра долчу Ӏаламан довзийтаро дӀахьулдинера.

Куьйгаш а, когаш а бихкина волу иза зал чуьра дӀаваьхьира, ткъа иза кхин дӀа а луьйш вара. Возуш воцург санна, кхелъяр чекхдаллалц, иза къаьсттинчу камери чу виллира.

Ӏехийнарг зал чуьра дӀа-ма-ваьххьи, Джейлин гуламе вистхилира:

– Шайн боьха хилар хих даьккхина а доцуш, шайн бӀаьргаш чохь шаьш цӀена хеташ долу тайпа а ду.

## Ийзалург Джейлинна хьалха

Дов хаттаран Зал чу тӀеоьцучу чоьнна чохь бӀеннал сов хир боцуш нах биснера, царна юкъахь бара Ийзалург а, Шалха Дахар а. Ийзалург, аьтто болччул цунна генохь лаьттара, хӀинца а халахетаран къаьхьалла а зуьйш. Иза а вара цуьнах къехкаш.

Виъ гӀарол Ийзалург дӀайигархьама чу веара. Иза дог этӀаш яра, ша мича юьгуш ю бохучун сурт ца хӀоттадаларна, делахь а мелла а дог дайдалар хаалуш яра, Шалха Дахар тӀаьхьа висина дела. Вукхарна санна, цунна а Сийлахьчу Залан неӀарехь протокол дийшира, цул тӀаьхьа иза чу йигира.

Аффабелан бахархошна юххехула йолучу хенахь, цунна хьалха школехь хилла болу дуккха берш бевзара. Царех дукхах берш, иза школехь хиллачуьнца дуьстича, кхул гӀарабевлла а, шайн тешарехь муьтӀахь хиларца сов бевлла а бацара. Ийзалучунна цецъйоккхуш, уьш кху меттехь хила ца безар бохучух иза тешна йолу, масех стаг гира.

Паччахьан гӀантана юххе кхаьчча, Ийзалучунна, доккхачу гӀантана гонаха лаьтта масех жимо гӀант гира. Цунна цхьаболу хьехархой бевзира, уьш кху пачхьалкххехь, цунна хетарехь, лидерш хила безара. Делахь а иза гӀанташна тӀе хевшинчу дуккха болчара цецъяьккхинера. Уьш Энделан уггаре а пайдабоцу бахархой бара. Цу гӀанташна тӀехь охьахевшина болчех, масех стаг баккъал а хьалдолуш вара. «Хьалдерш кху гӀанташна тӀе муха кхаьчна?» – ойла йира цо шен дагахь.

Цу хаттарна цо ша шена жоп далале хьалха, цунна Джейлинан аз хезира:

– Хьайн урхаллина тӀера отчет е.

Йоккхачу экрана тlехь дерриг а цуьнан дахар гойтуш дара. Ийзалург йоккхаерца хьоьжура ша школехь даьхначу шерашка. Цуьнан шен лаамехь доттагlашна деш долчу гlоьно а, урокел сов йинчу занятиша а, классерчу лидерствос а, гlолехь долчуьнга сатийсар лора. Цо дозалла дора шен майраллах а, тlера хиларх а. Амма цуьнан дог-ойла, Эладитанчин харцонна реакци экрана тlехь гучуяьлча, хийцаяла йолаелира. Кхоччуш гуш дара, цо шен халахетар дитина ца хилар. Тамехь гуш йоцу, цуьнан деган ойланаш дlаеллаелира.

Тlаккха цуьнан Шалха Дахарца йолу юкъаметтигаш йолаелира. Иза шен цуьнца хиллачу юкъаметтигашна цкъа а дохко ца яьллера. Бохам тlебеанарг ша хилар а лоруш, цо даим а шен бехк Эладитанчина а, Шалха Дахарна а тlебуьллура, и бахьанехь шен харжамна тlера жоьпалла схьаэцарна новкъарло йора цунна. Хан мел йолу деган къахьалла а, working дералла а, дlадекха болчу лааман хьогалла а шена чохь алсамъюьйлуш хилар гора цунна. Шен синхаамаш охьатаlо аьтто баьллехь а, цо деган халонан орамца дерг цхьалха ца даьккхинера. Иза Шалха Дахарна а, Эладитанчина а чаккхейоцчу халахетарна тlехь гина а ца lаш, амма, ма-дарра аьлча, шена тlехlиттинчу ерриге а халонаш тlехь Джейлин бехкевора цо. Цо, Шалха Дахар санна волчу стагана цу школехь хьеха муха магадойла дара Цо? Цуьнан эргlадалла а, къинтlера яла хьуьнар ца хилар а массарна хьалха къизаллица дlадиллина дара.

Хьажар чекхдаьлча, иза къахьаллах юьзна а, кхечу адамашка къинхетам боцуш йолу а зуда хилар, гучуделира. Делахь а, и дерриг а гуламна хьалха дlадиллина хиллехь а, хьалха Джейлинна шен муьт1ахь хилла хиларо, иза шеца дика хуьлуьйтур ву бохучух тешна яра иза. Иза хиланза ца долучу шена лерах кхоьрура, амма цуьнга ур-атталла сурт а ца хlотталора, шена хlинца хин долчун.

Джейлин паччахьан йозанчехьа вирзира:

– Дахаран Тептар тlехь Ийзалучун цlе юй те?

– Яц, сан олахо.

Джейлина шен кхел дlакхайкхийра:

– Ийзалург, хьо хьайн бакъахьара хиларх яларна а, ямартло

ярехула ахьа со дӀатасарна а бехке ю, цундела хьо, дерриг а хьайн дисина дахар арахьарчу боданан а, сатуьйсийла доцчу а, цхьаллехь йисаран а Ӏазапехь даккхархьама, Лоун лаьтта тӀе дӀаэккхийна хир ю.

Дийцалур доцчу Ӏадоро дӀалаьцнера Ийзалург. Цо, кхузахь шел хьалха мел лаьттинчу кхечу массара чул а сов йолу шовкъ зийра. Иза хуьлийла дац! Иза вон гӀан ду, хӀан-хӀа, ирча гӀан ду, иза самаяла еза цу набарх! Со цхьана хӀуманах кхетта хир яц.

Шена хезначух ца тешаш, цо хаьттира:

– Джейлин, ахь со кхерамечу Лоун лаьтта тӀе дӀаяха еза боху?

– ХӀаъ, Ийзалург, хьо дерригенах нийса кхетта, жоп делира паччахьо.

– И муха хуьлийла ду, паччахь Джейлин? Со теша хьох. Иза сан дахар гойтучу экрана тӀехь къаьстташ гуш дара. Сан дахаро дика тоьшалла до сан тешаран. Со къера ю, сан дог чӀагӀделла хиларх а, цу чуьра безам белла хиларх а, амма сан бехкана дацара иза. Цу тӀехь бехке Эладитанча а, Шалха Дахар а ву. Уьш бахьана долуш карзахе хилла дӀахӀоьттина со.

– Ас хьехархошкахула дина сан дӀахьедар дицделла хьуна? – хаьттира Джейлина. «Зен-зулам дар совдалар бахьанехь, дукхахболчийн безам хилар лагӀлур ду. Амма оцу дерригенах кхоччуш чекхваьлларг кӀелхьарвоккхур ву». Ахь чекхъяллалц са ца тоьхна.

Ийзалург дуьхьалъелира:

– Амма, олахо Джейлин, со бакъахьара ю, хьох теша дела. Хила тарло,сан, тоьшаллин цӀе санна йогуш хилар дӀадаьлла, амма со даим а тешна яра, нагахь адамо кӀелхьардалар тӀеэцнехь, иза цунах долийла ца хиларх. Ур-атталла хьехархойх цхьаболчара а чӀагӀдора иза. Церан дешнашца со цхьаьнгга а хьан карара схьаяккхалур яц.

Джейлина жоп делира цуьнга:

– ХӀаъ, иза билггал бакъ ду. Цхьаьнгга а хьо сан карара схьаяккхалур яц, амма ас цкъа а ца аьллера, хьо-хьуо дӀаяхалур яц. Хьоьгахь хьайгахь бен бац иштта ницкъ. Ахь ца дешна ткъа Деза Йозанаш: «Нагахь цхьаболу нах вайн Веза Эла а, КӀелхьардохург

а волу Джейлин вовзар бахьана долуш дуьненан айпечу хӀуманех къаьстинехь, ткъа цул тӀаьхьа уьш, вочу хӀуманна тӀе а тевжина, и бахьанехь кӀел биснехь, шолгӀа галбевлча, хьалхачул а ледара хир ду церан хьал. Нийсонан некъ бевзина цахилар гӀолехь дара царна, иза а бевзина, Дала тӀедиллинарг дӀа а тесна, хьалхалерчунна тӀе юхабоьрзучул». Нагахь, царна бакъдолчун некъ ца бовзар гӀолехь дара, хӀунда аьлча уьш хӀинца, шайн кӀелхьардовлар хиллачул тӀаьхьа, хьалхачул а оьшучу хьоле бевлла, ас аьлла хилча, кӀелхьарвaлaрх волийла дац бохург дага муха деанера хьуна? Нагахь иза хуьлийла дацахьара, адам, ша кӀелхьардалале хьалха хиллачул а, оьшуш хилла дӀа муха хӀотталур ду?

Сан дашна дуьхьал дерг бохуш болчу хьехархошка ла хӀунда дугӀура ахь? Ас дерриг а ма-дарра дӀаяздина, хӀораннан а бакъахьараллин некъ бовзийла хилийтархьама. Хьо Ӏехо хӀунда магийтина ахьа? Нагахь хьо ас аьллачух тешаш хиллехьара, ахь хьайн даг чуьра къахьаллина тӀехь толам баккха безара. Ткъа ахьа, хьайн биллам боцчу кхерамазаллин харц сурт хотторан хьолахь йолуш, цунна, контроль йойла доцчу бараме кхаччалц хьалаяла магийна, хӀинца, шех кӀелхьарйолийла хилла долу, кхел яр даийтина ахьа хьайна.

– Ткъа сан дикачу гӀуллакххех хӀун хуьлу? – дийхира Ийзалучо.

Олахочо Джейлина жоп делира:

– ТӀаккха юха а хоьтту ас, дешний те ахьа, пайхамарехула аьлла долу, сан дешнаш: «Нагахь санна бакъахьара лелаш верг шен нийсачу некъа тӀера а ваьлла, зуламхоша мел до, зуламе гӀуллакхаш иза дан волалахь, дийна вуьсур вуй-ткъа иза? Цо мел дина дика лорур дац цунна. Сан лаамехь дерг деш иза ца леларна а, цо къинош леторна а иза лийр ву. Ткъа аша боху: «Везачу Эло дийриг нийса дац!». ЛадогӀийша... Сан лелар ду те и нийса доцург? Шун болар дац-ткъа и нийса доцург? Нагахь санна Делан лаамехь верг, шен нийсачу некъа тӀера а ваьлла, зуламе дерг лело волалахь, цо дина зуламе гӀуллакхаш бахьанехь иза велча, шен зуламе гӀуллакхаш бахьанехь велла хуьлу иза». Дерриг а, яздина ма-хиллара ду; хьан дика гӀуллакхаш диццдина, лоруш а дац.

ТӀаьххьарчу шансах таса а луш, Ийзалучо элира:

– Амма, олахо, ахь айхьа аьлла, нагахь аса хьо сайн КӀелхьарвоккхург даре деш велахь, сан цӀе Дахаран Тептар тӀехь дӀаязйина хир ю. Иза цигахь хӀунда яц? Хьан ялхочунна иза кара хӀунда ца йо? Иза мухачу кепара дӀаяьлла?

Собаре, амма чӀагӀонца олахочо Джейлина элира:

– Хьуна ца хезна, хьалха хӀун аьлла дара? «Амма оцу дерригенах кхоччуш чекхваьлларг кӀелхьарвоккхур ву». Чекхдаллалц тешна бисинчара, кхелъяран де тӀекхаччалц, толам баьккхина. Ас къаьстташ аьлла: «Шен зуламечу гӀуллакхашна тӀехь толам баьккхинчунна тӀе кӀайн духар духур ду, шен са кӀелхьардоккхур ду цо. Цуьнан цӀе дахаран тептар тӀера дӀайойур яц Аса». Нагахь ас Дахаран Тептар тӀера цӀе дӀашарйийр яц аьллехь, иза дӀашарйина хуьлийла ду. Иштта дацахьара, ас эр дара: «Нагахь ахьа сох олахо олуш делахь, хьан цӀе гуттаренна а Дахаран Тептар тӀехь дӀаязйина хир ю».

– Хьан со Лоун лаьтта дӀаэккхайойла муха ду, дийна боллуш, белларш дӀалелхочу меттиге? – доьхура Ийзалучо.

– Энделан бахархошна девзаш хилла долу шира йозанаш деша, – элира Джейлина, жимачу гӀанта тӀехь хиъна Ӏаш волчу цхьаьнга.

Урхалчас дийшира:

– Хьекъал долчун некъа тӀехь тилавелларг беллачеран дуьнен чохь соцур ву.

Ийзалург йистцахуьлуш йисира. ТӀаккха паччахьо ялхошка элира:

– Цуьнан куьйгаш а, когаш а дӀа а бехкий, схьа а эций, арахьарчу бодане кхосса иза; цигахь белхар а, цергаш хьекхор а хир ду; хӀунда аьлча кхайкхинарш дуккха бу, ткъа хаьржинарш кӀезиг бу.

Коьрта гӀаролхо цунна юххе веача, иза Джейлинна сардамаш беха хӀоьттира. Иза чӀогӀачу къаьхьалло дӀалецира, тӀаккха шозза доьжна долу дегӀ боллучу кхачамаллехь гучуделира (ЯхӀуда 12). Иза, гуьйренан мохо орамашца схьадоккхучу, дакъаделлачу диттах таръелла дӀахӀоьттира.

Куьйгаш а, когаш а дихкина йолу иза, агӀонгарчу неӀарехула

дӀаяьхьира. Берриге биснарш санна, иза къаьсттинчу камера чохь охьахаийра. Цо зал ма-йитти, коьртачу йозанчас элира:

> «ХӀунда аьлча, нагахь вай билггал бакъдолчун хаар а хилла, ма-луъу къинош летадахь, къиношна тӀера кхин сагӀа ца дуьсу, амма Джейлинан кхеле цхьа кхераме сатийсар а, мостагӀий дӀакхалла кийча йолу цӀе а... Вайна вевза хӀара аьлларг: Соьгахь бу бекхам, Ас лур ду хьакъ дерг, боху Везачу Эло. ТӀаккха кхин а: Везачу Эло кхел йийр ю Шен халкъана. Кхераме ду Джейлинан каравахар».

## Шалха Дахарна тӀехь кхелъяр

Шалха Дахар тӀаьххьара кхайкхинера. Цунна Джейлинан законаш девзара тӀаккха, цуьнан кхел яр кӀеда хирг ца хиларх, дика кхетара. Кестта цунна, цуьнан зуламаш хӀун мах болуш хир ду, хуур ду.

Иза, гӀаролхой тӀаьхьа а болуш, Дов хаттаран Зал чу воьдучу некъахь, сингаттамах вуьзна вара. Цуьнан дахар экрана тӀехь гайтира, тӀаккха цунна, шен цӀе Дахаран Тептар тӀехь ца хиларан къаьхьа дешнаш хезира.

Джейлина чӀагӀонца элира:

– Шалха Дахар, хьо ямарта хиларна а, хьайн бакъахьаралла ахьа дайарна а, дуккха а болчарна хьо тийсабаларан тӀулг хиларна а кхел йина хьуна, цундела Лоун латта тӀе эккхор ву, цигахь хьуна даккхий таӀзарш а хир ду.

Шалха Дахаро, Ӏадорца кхеле ла а доьгӀна, дийхира:

– Олахо, ткъа со хьехархо ма вара хьан школехь. Ас сайн дахар дӀаделла хьан гӀуллакхан дуьхьа.

Джейлина жоп лора:

– Ахьа, хьехархо а волуш, айхьа хьоьхуш йолу книга ца йоьшура: «Сан вежарий! Шуна юкъара кӀезиг нах бен ма хила хьехамчаш, ишттачарна Джейлина емалбар тӀех чӀогӀа хир дуйла хаарна».

– Мича кепара хилла со тасаваларан тӀулг? – хьаьттира Шалха Дахаро.

Джейлинан аларан кеп буьрсо хилла дӀахӀоьттира:

– Ахьа сан дуккха а болчу кегийчарна тасабалийта бахьана хӀоттийнера, уьш, таса а белла, гуттаренна а охьаэгна. Ийзалург царех цхьаъ ю. Иза ахьа гӀайгӀа барх тешна йитина яра. Ас иза ларъян олалла деллера хьуна, хьан хьайн хьашташна пайда эцарна а доцуш. Хьайн ларам бар хьайгахьа а дерзош, ахьа хьайн хьаьйна лаамаш кхочушбора, иза а, кхиберш а хьийзош. Цунна цуьнан доттагӀчо а чов йинера, ткъа цунна дарба дан дезаш волчу ахьа, хьайна пайда хуьлчу агӀор дезийнера иза. Ахь цуьнан тешар дохийна. Иза Лоун лаьтта тӀе хьажорца таӀзар дина ю. Хьуна-х, сан дӀахьедар дага ма догӀий: «Делах тешаш болчу лахара болчех цхьаьнга къа латадойтучул, хьеран тӀулг коча а оьллина, ша хӀорда чу кхоссийтар гӀоле ю цу стагана», бохуш долу.

– Джейлин, суна со Лоун лаьтта тӀе хьажо везийла хаьа, – доьхура Шалха Дахаро, – амма со къизачу Ӏазапашна кхел йина хӀунда ву? Хьо иштта къиза стенна ву соьца? Со-х хьан тешаме ялхо ма вара, цхьа тешар доцург санна а воцуш. Со, хьоьца цхьа а юкъаралле хӀума хилар лууш воцу, Возуш воцург санна, ма вацара. ХӀунда?

Джейлин чӀоггӀа а, меттахваккхалур воцуш а вара.

– Хьуна Деза Йозанаш девзара. ХӀунда ло ахь соьга дерриге и хаттарш? Ас дагадоуьйту хьуна яздинарг, нагахь хьо вицвеллехь. Деза дешнаша къаьсттош боху: «Амма нагахь цу ялхочо шен даг чохь: сан олахо кестта цӀа вогӀур вац, бохуш, вукху ялхошна коча а оьхуш, царна етта волалахь,... иза цӀа варе ца хьоьжжучу дийнахь а, цунна дагахь доццучу хенахь а цу ялхочун олахо цӀа кхочур ву. ХӀусамдас и ялхо, тур тоьхна, шина декъе воькъур ву, шалхо лелочу нехан дакъа цунна дӀа а кхочуьйтуш. Ткъа цигахь белхар а, цергаш хьекхор а хир ду».

Возуш воцург шен зуламех кхетарна генахь вара. Ткъа хьан хаар а, кхетам а ма бара. Цуьнан къовламе таӀзар хӀетте а хьайнчул дайн хир ду. Хьуна ас гуттаренна а Ӏаьржачу боданехь меттиг кечйина.

ТӀаккха Джейлина коьртачу гӀаролхочунна омра дира:

– Цуьнан куьйгаш а, когаш а дӀа а бехкий, схьа а эций, арахьарчу бодане кхосса иза; цигахь белхар а, цергаш хьекхор а хир ду; хӀунда аьлча кхайкхинарш дуккха бу, ткъа хаьржинарш кӀезиг бу.

ГӀаролхой тӀебахкаре хьоьжучу Шалха Дахаро Джейлинна а, гӀаролхошна а, Аффабелан бахархошна а неӀалташ кхайкхадора. Дуьхьало еш волу иза, кӀелхьара а ваьлла, Джейлинна тӀекхета гӀертара. Цуьнан билггал бакъдолчу Ӏаламо ша кхоччуш гучудаьккхира. ХӀинццалц цуьнца долу дерриг а диканиг, шалхалло дӀахуьйдира.

Зал чуьра араболучу берриге а новкъахь, неӀалташ а Ӏеттош, куьйгаш а, когаш а бихкина волу иза, агӀонгарчу неӀарехула айина ара а ваьккхина, бисинчу цхьаъ ах эзарнах дӀакхетта вара, уьш цу сохьта Лоун лаьтта тӀе дӀахьовсийра.

Шалха Дахар зал чуьра дӀа-ма-ваьххьи, коьртачу йозанчас гуламе дӀахьедира:

– Нийса ву Хьо, Веза Эла... иштта кхел ярна; цара шайна доггӀург дӀаоьцу.

ТӀаккха суна сагӀа доккхучу меттера, кхечу,иштта бохучун аз хезира:

– Хьан кхелаш билггал бакъ а, нийса а ю.

## Юхатеттина латта Лоун

Клеткаш чу боьхкина цхьаъ ах эзар хенаш йиттина энделитхой, паччахьан гӀаролхой тӀаьхьа а болуш, шина кӀиранна гездар долчу боданечу Лоун лаьтта тӀе дӀабахара. Церан некъ цӀеран Йоккхачу пана аренгахула боьдуш бара, цӀийделлачу лаьттах йолу йовхо, са ца тохалуш яра. ЦӀаьххьана, йовхонан дог долчохь, пана аренан юккъехь, йоккхачу гӀишлонан го гучубелира. Юххе кхаьчча, цаьрга йоза дешаделира: «Юхатеттина латта Лоун».

Леррина хьаьвсича, гӀишлонан кораш ца хилар а, йоккха цхьа неӀ бен ца хилар а карийра царна. Цу неӀарехула чоьхьа бовлуш, хан тоьхначу хӀоранна а цу чуьра, эзарнаш адамийн Ӏадоран маьхьарех тера долу, аьзнаш хезара. Уьш кхуззахь гӀаролхойн хьаькаме деха хӀиттира: «Вай тоъал гена ца дахна ткъа? Дехахьа тхох къинхетам бар, тхан таӀзар тӀех къиза ду!»

– Мел дахло адамийн кхузахь хилар? – хьаьттира Возуш воцчо гӀароле.

– Цхьана шаранна тӀера бӀе ткъе исс шо кхаччалц.

Ӏехийнарг Ӏадийна вара: синан кӀоргенехь иза ерриг а хенахь, тӀаьхьарчу шина кӀиранах хилларг дуьххьал дӀа ирча гӀан я кхероран тактика хирг хиларе, сатуьйсуш вара иза. ТӀаьхьадогӀу хаттар цо оццу гӀароле дира:

– Бакъдуй и, сан дисина дахар кхузахь даккха дезаш хилар?

– ХӀаъ, биллггал кхунах лаьцна Энделехь хьоьга хьалххе дуьйна дӀахьедеш дара.

Алсамо къовламе таӀзар дарна хан тоьхнарш аьчкан гӀишлонан лакхарчу этажаш тӀехь, йовхо уггаре чӀогӀа йолчохь, дӀатарбора. ТаӀзар дан хьакъдолу гӀуллакхаш дина, амма билггал бакъдерг девзаш ца хилларш, цу йоккхачу гӀишлонан лахарчу этажаш тӀехь дӀатарбора. Делахь а цигахь ур-атталла цхьа де даккхар а, сатохийла доцуш дара, бӀе шо-м хьехор дацара вай!

Шалха Дахаран Ӏан веза меттиг суртхӀотталур доцуш бодане яра. Иза, цӀийдина сегӀазна юххе, лаьттан бухарчу набахти чу дӀахьажийнера. Цхьа хьожа а лалур яцара цигахь, ткъа йовхо кху меттехь уггаре а чӀогӀа яра. Набахти, ур-атталла гӀишлонна чохь а йоцуш, кӀоргге лаьттан кийрахь яра. Шеко йоцуш, иза къизалле таӀзар хьегаран меттиг яра. Кхузахь иза кхоччуш цхьаалле волуш бала хьега дезаш вара. Ткъа чоь, цхьатерра таӀзар дар билгалбаьхнарш чу тарбалийтархьама, тоъал йоккха яра. Вовшех дӀакъастийна болчу царна, шайн аз бен хезийла дацара.

Хан тоьхнарш тешам боллуш дӀакъевлина ма-бевлли, паччахьан гӀаролхой араволучухьа бахара. Йоккха аьчкан неӀ царна тӀаьхьа тата даккхарца дӀакъовлаелира, хӀинца цхьа а серлонан зӀенар гӀишлонна чоьхьайолийла долуш яцара. Цу мискачу синоша, кхоччучу боданехь а, цхьааллехь а долуш, бӀе ткъе пхеа шарал сов хан яккха езара. Серло ган цхьаъ бен боцу аьтто шарахь цкъа хуьлура, хан тоьхначийн керла тоба ялочу хенахь. Амма иза гойла йоккхачу неӀарна уллохь дӀанисбеллачеран бен дацара. Шалха Дахар санна болчу кхечарна кхин цкъа а дийнан серло гур яц. Царна Ӏаьржа бода билгалдина таӀзар дара.

## Ойланаш

Шаьш мел ду, йисинчу хенахь, хӀара виъ, шаьш мацах билггал бакъдолчуьнга ла ца догӀа сацам барна, дохковаьллера. Энделан лаьттахь шайн тӀекхуьийла хиллачу Джейлинан дешнийн шаьш леррина терго ца ярна, даим а шайн сонталлех лаьцна ойланаш йора цара. Уьш, яханчу хене юха а бирзина, шайн кхоллам хийцархьама, кхин цкъа а цхьаъ мукъана а шанс хилийта, хӀуъа а дан кийча бара. ЭхӀ, дукхахболчеран гӀараевллачу ойланашка ла ца дегӀа а, шаьш-шайн сонта тешна хиларш дӀатийса а, тӀаккха шира хийцалуш доцу а, дохалуш доцу а Деза Йозанаш дӀалаца а ма лаьара царна.

Уьш, шайна евзаш хиллачу, пачхьалкхах лаьцначу дагалецамаша хьийзош бара. Шайна иза масех муьрехь бен гина йоццушехь, царна даим а баланехь а болуш, кхин дӀа а сийлахьчу гӀалин хазалла дуьхьалхӀуьттура. Контрасто баланаш хьегар чӀагӀдора, цӀеран йовхоно а, Ӏовжамечу хьожано а, бодано а билггал бакъдолчунна кӀел сиз хьакхар бен ца дора. Исбаьхьаниг дара царна хьажийнарг, амма цара иза шайн сонтачу харжамца дӀатеттинера.

# Дийцаре Дарна Хатарш

## ДАКЪА1: КОРТОШ 1 – 3

1. Шу хIара книга еша дуьйладалале, шун кхиам бохучун билгалдаккхар муха дара? Шун Iалашонаш а, приоритеташ а, марздаларш а цу билгалдаккхарехь мухачу кепара гучудолура? Аша ешначу агIонаша шун хьажаршна мел Iаткъам а бина, уьш хийца а хийцина?

2. Абаде бохучу кхетамна тIехь ойла еш, адам, цуьнан гуттаренна а болу кхоллам билгалбоккхур болчу кхелехь, нисдаларх йолу ойла, цхьа а доцург хиллал хета. ХIетте а билггал цунах лаьцна яздина ду Яхьъян Хьалхарчу дахьийтарехь (4:17). Книгин дисинчу декъехь вай цу сатийсаран духехь дерг дIадоьллур ду, амма шу, шайн хааршна тIедоьгIна, и тешна хилар мичхьара схьадолуш ду бохучух кхето гIорта.

3. Кху декъехь шуна Аффабель пачхьалкхах лаьцна дерг девзира, цо вайн лаьттарчу дахарна а, вайн абаденгахь даха хьахначунна а юкъахь хIуттучун сурт гойту. Цу пачхьалкхехь а, цуьнан урхаллехь а шу долччул а цецдохург хIун ду? Цецдохий-те шу цуьнан цхьана а хIумано я даккхийдер дохьий-те шуна? Муха гойту Дезачу Йозанаша историн и агIонаш?

4. Энделан бахархойх лаьцна дийциий вай. Хьалхарчу еа кхелъяран терго яр муха хилира шун? Аша уьш кхечу тайпана чекхъериг хиларх сатийсирий? Нагахь хиллехь, шун сатийсарш муха дара?

5. ХIара курс Iаморан бараме терра, долччул а дукха муьлхачу хаттарша я кхерамаша синтем бойу шун?

# Дакъа 2

КОРТА 4

# Беллачарна Долу Абаде Цiа

*Цуьнан мурдаша хаьттира Цуьнга, хIун маьIна долуш ду и дийцар аьлла. Iийсас элира: Шун таро ю Делан Олаллех йолу къайленаш йовза, ткъа кхечаьрга Ас иштташ дустаршца дуьйцу, уьш хьоьжуш боллушехь, царна хIумма а ца гархьама, ладугIуш боллушехь, дуьйцучух ца кхетийтархьама.*

– Лака 8:9, 10 (Шордина гочдар)

Вешан дийцар юкъах а даьккхина, тIаьхьабогIучу беа коьртехь, ваьшна Возуш воцчунна а, Iехийначунна а, Ийзалучунна а, Шалхачу Дахарна а кхелъяран исторехь вайна д1аделладелла билггал бакъдерг алсам доккхур ду вай, цул тIаьхьа историн чаккхенна тIе а догIуш. ГIоьналлах а, Эгоистах а хIун хилла а хьовсуш, бисинчу кортошкахь, церан дахаран исторехь дIаделладеллачу, билггал бакъдолчаьрга хьовсур ду вай. Кху книгин гIолехь долчу декъо, Дала леррина къобалвинчу Iийсана тIаьхьахIиттинчарна кечдинчу, абаденнгах хин долчу совгIатех лаьцна дуьйцур ду вай.

## Бух болу билггал бакъдерг

Вайн кицанехь волу Джейлин Дала леррина къобалвинчу Iийсан вастехь ву, ткъа Да волу паччахь, – иза Нуьцкъала Да волу Дела ву. Дагон иблисан суртхIоттош ву; Энделера дахар, – иза адамийн лаьттара дахар ду; Аффабель Делан стигаларчу гIалин суртхIоттош ю. Юхатеттина латта Лоун, цIе яьлла богучу Iоман васт ду, цигахь, Дала леррина къобалвинчу Iийсан кIелхьарвоккху ниIмат доцчу хIораммо а, абаде дIакхоьхьур ю. Хьалха богIучу кортошкахь къамел хилла йолу

персонажаш, гуттаренна а хан тоьхна хинболчийн, дахаран тайп-тайпана сценариш ю. Дала шалха маьӀна а доцуш дӀахьедо вайга цунах лаьцна.

ХӀаъ, аша нийса дешна, абаденна хан тоьхна хир ду. ХӀара книга язъян кечам беш, Дезачу Йозанаша «абаденна ечу кхелех» лаьцна дуьйцург, ешархочунна муха д1акхачадойла ду бохучух лаьцна, дукха ойла йора аса. Леррина деша хӀара:

> «Цундела Дала леррина Къобалвинчо хьехначух уггар аттаниг дита вай. Вайн ца деза кхин цкъа а хьехаман дух дӀахӀотто: къинах дӀакъастарх а, Делах тешарх а болу хьехам, хих чекхдовларх а, тӀе куьйгаш дахкарх а болу хьехам, веллачуьра денваларх а, гуттар а хин йолчу кхелах (таӀзарх) а болу хьехам». [Цунах лаьцна шу тоххара хаа дезаш дара] (Іебархошка 6:1, 2, Шордина гочдар).

Шуна гуш ма-хиллара, аса йисина, дийна доцучу гӀуллакхашна дохкодовлар а, Делах тешар а санна йолу, коьрта пхиъ доктрина юкъахйитина, и дарца, абаден кхелаш яр а, таӀзар а Дала леррина Къобалвинчун юьхьанцара хьехам хиларна тӀехь акцент а еш.

Дошамех цхьаммо элементарни бохучу дешан иштта билгалдаккхар ло: «бух хоттаболуьйту, баккъалла а долуш долу я бух болу дакъа». И баккъалла а болу бух вайн доладаларна тӀера схьа хила беза, иза бух бу. Цунах дикахо кхетарна масалина вешан дешаран система ялор вай. Юьхьанцарчу школехь вай коьрта хаарш схьаоьцу, ешар а, йоза а, арифметика а, царах пайда эцарца, дешар кхин дӀа кхоьхьийла ду. И бух ца хилча, вайн цкъа а хир дац хьакъ доллучу кепара дешна. Изза ала мегар ду тешаш болчарех а. Абаденан кхелех лаьцна ондда кхетам ца хилча, Дала леррина Къобалвинчуьнца долу нийса дахар дӀахӀотто хьуьнар долуш хир дац вай. И дерриг а, ур-атталла еша а Іамаза, шен дешаран тӀегӀа хьалаяккха гӀортарца дуста мегар ду.

ТӀаккха хӀетте а, Далла гӀуллакх дарехь ткъа шо доккхуш а, тайп-тайпаначу меттигашкахула гездарца лелачу хенахь а суна карийра, дуккха долчу адамашна, царна юкъа богӀу шайн дахар Дала леррина къобалвинчу Іийсана дӀадаларца Цунна тӀаьхьахӀиттина берш а, цунах

лаьцна цхьа а хӀума ца хаар. Билгалдаккхалаш, авторо яздо: «Цунах лаьцна шуна тоххара дуьйна хаа дезаш дара». Цо дуьххьалдӀа «девзаш» хилла а ца Ӏаш, амма кхоччуш, дуьззина хаа дезар, алар. «Тоххара дуьйна» бохучу дешнаша, еша а, яздан а корматалла хилар, дешар схьаэцарна бух хилар санна, иза вайн тешаран а бух хиларан кӀел сиз хьокху.

Кхоччуш долу Ӏийсана тӀаьхьахӀиттинчийн дахар дӀахӀотторхьама, абаден кхел яр вайна юьхьанцара доктрина хӀунда ю бохучуьнга, доцца хьовсур ду вай. Книга кхиндӀа а йоьшуш, кхунах лаьцна дерг дагахь латтаделаш, и кхетам ца хилча, вай хьовсуш долу тема тӀеэца шуна чолхе хир долу дела. И къамел стенах лаьцна ду?- *боху хаттар кхолладала тарло шун.*

## Жоьжахати – метафора ю я бакъдерг ду?

Книга язъян волавалале хьалха, со цхьана ойланца къуьйсуш вара: «Ас муха кхетор ю „ваха тахана» боху лозунг йолчу тӀаьхьенна, кестта дуьненан Кхелахочо вайн кхолламех хьакхалуш тӀеэцна хиндолу, абаден сацамийн ма-дарра дерг?» ДоӀанехь къийсам латтаран масех де даьлча, суна ойла еара: адамашна синан лакхаллин билггал бакъдерш атта тӀекхачорхьама, Ӏийсас историш юьйцура. Иштта кхоллаелира Аффабелах лаьцна йолу аллегорин ойла.

Книга язъечу хенахь, со Лоун лаьтта тӀехь историн турпалхошна дахар чекхдаллалц таӀзар дарна кхелах лаьцна гайтарна герга кхаьчча, сан кийра бегош бара. Хьалхарчу коьртан чаккхенан дакъа, аса цхьана кӀирандийнан суьйранна командировкера цӀа вогӀучу хенахь, кемана тӀехь яздинера. Цу дийнахь аса кхаа гуламехь хьехамаш бинера. Сан гӀоьнчаш маьрша набарш еш бара, ткъа со дуьххьалдӀа саца цалора. Буьйса юкъал тӀехъяьллачул тӀаьхьа дуккха хан яьлча со цӀакхаьчча а, суна иштта наб ца кхетара, цкъа, кхин а дуккха а вочу, цӀе яьлла богуш болу Ӏам, бохучу меттехь нислун болчу массарна тӀера кхерамехь хиларца. Ӏийсас бохучуьнца, иштта адамаш дукхахдерш хир ду:

> «Далла уллорачу дахаре боьду некъ готта бу шуна. Цундела готта ков а, некъ а лаха. Шуьйра ков а долуш, шуьйра некъ – иза стаг

хIаллакьхуьлу некъ бу. Дукха нах дIабоьлху цу новкъахула. Дахарна тIевоьдучохь долу ков готта ду, цу тIе боьдуш болу некъ хала бу. КIеззигчарна бен иза кара а ца бо» (Маттай 7:13, 14).

Меттахь дIатевжина Iаш, суна дагадеара, ши шо хьалха со Инжил хьеха Къилбехьарчу Африкин къовламе низам долчу божарийн колони кхайкхар. Со цу ирчачу меттиган чоьхьа муха велира, дагадеара суна: боьха хьожа, вуно вон хьелашкахь латтор, шайна чохь ткъанна тIера ткъе иттанга кхаччалц божарий, вовшашна масех сантиметр бен юкъахь йоцуш, камераш, пенаш тIехь дIаоьхкина презервативаш, – иза, со теш хилла дIахIоьттина, ирчачу хIуманийн кIезиг долу дакъа бен дац. Хьалха сан Америкин масех набахтехь гIуллакхдар нисделлера, амма иштта ма-дарра долу хьелаш суна дахарехь цкъа а ца гинера. Вайн набахта цуьнца дустар дича, юьртара клуб ю аьлла хетало.

Соьга, сурт ца хIоттало, ишттачу вуно вочу хьелашкахь, кIиранах а муха Iалур ву, шовзткъа-шовзткъе итт шераш-м хьехор дацара. Чубоьхкина болу дукххаберш уьш мел беха а йолчу ханна хан тоьхна бара. Дала леррина къобалвинчу Iийсах ца тешачийн яххьаш тIехь сатуьйсийла доцу кIорге мухIар Iуьллура. Со церан ойланаш хаза гергга вара: «Со лен волу де тIедогIур ду, тIаккха хIетте а со кхузара аравер ву». Вукху агIор, Iожалла ма-ярра ца йовзаро кхерабора уьш. Иза билггал ирча хIума дара. Уьш кхоччуш сатуьйсийла доцчу хьолехь Iаш бара. Нагахь стаг, цкъа мацах церан массеран хиллачу маьршонехь а ваьхна, тIаккха шен дерриг дахар чекхдаллалц цу набахти чохь хан яккха кхаьчнехь, иза лаьттахь кхоччуш долу Iазап хьегар дара.

Цигахь волуш, оцу дерриге а ирчалле хьаьжча а, хIетте а и набахти жоьжахатил дуккха а гIолехь ю, аьлла, ойла йира аса. ХIетте а кхузахь хан тоьхначийн лулахой бу. Адамийн, масех готтачу корийн решеткашкахула чекхйолу, маьлхан серло гойла ду. Жоьжахатехь я накъостий а бац, я, йовш йоцчу цIеран йоцург, серло а яц. ЦIе яьлла богучу Iоман чуьра абаденгахь а кIелхьарволийла дац; синош гуттара долчу Iазапехь хир ду! Жоьжахатихь адаме: «Цкъа со кхузара аравер

ву» – аьлла, ойла ялур яц. Цигахь абаден таІзар бен дац!

Жоьжахатих лаьцна хьехам Іийсан коьртачу хьехамех цхьаъ хилар бахьанехь, Цо цунах лаьцна, тахана динан тобанан кафедри тІера бохуш долчул, дуккха а сих-сиха дуьйцура. Жоьжахати цуьнан чаккхе йоцчу Іазапашца гайтарца, Дела, Шен адамашка тоам боллуш къинхетам бац ала лууш вацара. Мелхо а, Дика Іу санна, вай кхеторхьама, и дийцар оьшуш хилар гуш вара Иза. Дерриг а Цо деш дерг а, Цо хьоьхург а, кхоччуш дог лазамечу дагара схьадолуш дара, тІаккха жоьжахатих лаьцна хьехам а безамца Іаьтоьхна бара. Ас хаттар до: вай тахана сцени тІера цу теманах лаьцна дист ца хилар, адамийн гІайгІа бар ду те? И бу те и билггал бакъболу безам?

Дезачу Йозанашкахь жоьжахатин масех цІе ю. Шеол (Ширачу Весетехь бен дац), жоьжахати, каш – Іожаллан юккъера набахтийн масех цІе ю. Геенна а, цІе яьлла богу Іам а, абаденан жоьжахатина елла цІераш ю. Вай доцца хьовсур ду юккъерачу ханна а, абаденгарчу ханна а юкъахь йолчу башхалле.

Дезачу Йозанаша, жоьжахати билггал йолуш хиларх лаьцна боху, ткъа ша-шен тешош йолчу, вайн юкъаралло санна, фигуральни меттиг ю аьлла а ца лоруш. Лелар (16-гІа корта) книги тІехь, тоьшалла дечийн тобанан бІаьргашна а гуш, лаьтто дІа а делладелла, кхаа доьзалан догІмаш дІахуьлдира. Керлачу Весетехь дажалх а, цуьнан харцпайхамарх а лаьцна боху: «ший а дийна доллушехь, чохь саьмгал долчу а, цІе яьлла богучу а Іома чу тесира» (Довзийтинарг 19:20). Беллачул тІаьхьа цу метте церан синош хилла а ца Іаш, амма церан догІмаш а, синош а кхоьссина дара цІе яьлла богучу Іома чу.

## ЛаІзар а, хьолахо а

Инжилан Лакас дІаяздинчу декъехь Іийсас ма-дарра хиллачу хиламах лаьцна дуьйцу. Цо дуьйцу, шен дуьхьа бен вехаш ца хиллачу, хІора денна голаш тІехь цуьнан цІа долчохь сагІа доьхуш хиллачу мискачу стагах ца ваьшначу, хьалдолуш хиллачу стагаца хиллачух лаьцна. Вайна иза кица доцийла хаьа, Іийсас дийцар иштточу дешнашца доладо дела: «Цхьа хьалдолу стаг хилла». ШолгІа-

делахь, Цо ИбрахIиман цIе а хьахайо, мискачун билггал йолу цIе а йоккху, – ЛаIзар, алий. Ткъа Iийсана гуттара дерг санна дацара Шен кицанашкахь адамийн цIерш яхар.

Веллачул тIаьхьа ЛаIзар маликаша ИбрахIиман метте дIаваьхьнера (иза, Iийсас царна стигалшкахь Дела волчу болу некъ дIабеллалц, Ширачу Весетан эвлаяашна тебарна а, садаIарна а кечйина меттиг яра). Хьалдерг веллачул тIаьхьа жоьжахатехь нисвеллера. Вай доьшу:

> «Жоьжахатин цIергахь Iазапехь воллуш, дIахьаьжначу хьолахочунна геннахь ИбрахIим а, цунна уллохь ЛаIзар а гина. Мохь а тухуш, дехар дина хьолахочо: „Ва сан да ИбрахIим! Къинхетам бехьа сох. ЛаIзар ваийтахьа, шен пIелг хи чу а Iоьттина, сан мотт шелбайта, хIокху цIергахь чIогIа холчохь ву-кх со!“ – аьлла» (Лака 16:23, 24).

Тидаме эцалаш, хьалдерг са ца деттало лазам ловш вара. Кхечу гочдарш тIехь, цуьнан кхин чIогIа хуьлийла а доцу баланаш хьегар гайтархьама, саийзаран а, Iазапаш хьегаран а боху дешнаш даладо. Жоьжахати даим а Iазап хьегаран меттиг ю. Кхин а тидам белаш, цунна ИбрахIим а, ЛаIзар а вевзира, царна иза а санна. Жоьжахатихь адамаш шаьш ма-хиллара бохург санна, дуьсур ду, шайн эмоцишца а, ойланашца а, лаамашца а, тIехуларчу аматца а, синхаамашца а. Цу стеган хозийла а, гойла а, лазам хаалойла а дара. Иза дегIехь вара; цхьаммо шен багара мотт башабахьара бохучу цуьнан лаамо гучудоккху иза. Са а, дегI а гуттаренна а хIаллакдина хир ду жоьжахатихь, аьлла Iийсас (хь. Матай 10:28). Кхечу дешнашца, адаман дилха даим а жоьжахатин цIерах а, нIаьнех а бала хьоьгуш а, Iазап хьоьгуш а хир ду.

Хьалдочу стага, вайн исторехь Лоунерчу набахтехь болчара къинхетам бар доьхуш ма-хиллара, къинхетам бар доьхура. Жоьжахатера юхаверзар дац! Дайдар хиларан боккха лаам боллушехь, цигахь берш тебан, цхьа а вогIур вац. Цу ма-дарра долчух, схьахетарехь, чекхдовллалц кхетийла а дац. ИбрахIима дагадаийтира хьалдолчунна: «Цул сов, хьуна а, тхуна а юкъахь чIогIа кIорга Iин даькхина. Нагахь кхузара цхьанна хьуна тIеван лиъча а, иза дIавалур

вац, цигара цхьа а кхуза сехьа а валалур вац» (Лака 16:26, курсив авторан). Суна, шена тӀехь баккъал йолу жоьжахати зийна, зуда евза. ТӀаьхьа цо дуьйцура, цунна цигахь гина волчу хӀораммо а, лан ницкъ болчул сов долу Ӏазапаш шаьш хьегарна, мохь хьоькхура. Уьш, хьалха догӀучу аятехь хьалдолчу стага аьлла долу, Ӏазапех лаьцна изза дешнаш ду. Кхин дӀа йоьшур вай:

«Амма ИбрахӀима аьлла: „Сан кӀант! Дагадаийта, хьо муха Ӏаш вара. Хьуна дерриг а диканиг кхаьчнера хьайн дахарехь, ткъа ЛаӀзарна – дерриг вониг. ХӀинца цунна кхузахь синтем хилла, ткъа хьо баланехь ву... ТӀаккха аьлла хьолахочо: „Ас доьху хьоьга, ЛаӀзар вахийтахьа сан ден хӀусаме, сан пхи ваша ма ву. Цаьрга дӀахоуьйтур дара цо кхузахь дерг, хӀара Ӏазап хьега уьш кхуза ца кхачийта» (Лака 16:25, 27, 28).

Шуна хезний цхьа шира дешнаш: «баланаш хьегарна юххехь тоба еза. Ткъа хӀокху хьолехь хӀунда ца догӀу-те иза? Кху стагана хӀунда ца лиъна, кхиберш а шайх схьакхетийта? Жоп стенца доьзна ду аьлча, жоьжахатехь уьйр хилар а, накъосталла а дац. Цхьаболчарна моьтту, жоьжахатехь боккха синкъерам хир бу, вукхара, шаьш цигахь доттагӀашца хирг хиларх йолчу ойланца тедо шаьш. Нагахь иза иштта делхьара, кху стагана шена уллехь берриге а шен юххера доттагӀий ган луур дара, амма цунна дог дохарца, уьш цкъа а и Ӏазап хьоьгучу метте кхача ца лаьара. Жоьжахати кхоччуш цхьааллехь вуьсу а, сатуьйсийла доцу а меттиг ю. Кхин а и абаден дагалецаман меттиг ю, иза, суна гарехь, уггаре а доккха Ӏазап хьегар ду.

Хьовсийша, ИбрахӀима цуьнан вежаршна тӀера дехарна хӀун жоп ло.

«ИбрахӀима аьлла цуьнга: „Церан Мусан а, кхечу пайхамарийн а деза йозанаш ду, цара яздинчуьнга ладогӀа дезаш ма бу уьш!“ Хьолахочо жоп делла: „ХӀан-хӀа, дада ИбрахӀим! Нагахь веллачех цхьаъ шайна тӀевеача, лелийначунна дохко а бевлла, Далла тӀебоьрзур бара уьш“. ТӀаккха ИбрахӀима аьлла цуьнга: „Нагахь Мусага а, кхечу пайхамаршка а ла ца догӀахь, веллачуьра денвеллачух а уьш тешар бац» (Лака 16:29-31).

Доккха билггал бакъдерг ду къайладаьлла кху дешнашкахь. Дуккха болчарна цхьа хӀуъа а Ӏаламехь доцу тамашена дерг лан луур дара, Инжилах тешархьама. Делахь а, вай чекхдовллалц Далла тӀаьхьахӀиттина дахийтархьама, тешар дала хьуьнар долчу Делан Дашал сов даккха йиш йолу цхьа а хӀума ца хилар, гойту вайна Ӏийсас. Сох нийса доцуш ма кхеталаш, – Ӏаламехь хуьлуш доцчу лайначо, адамана чохь кхерам а тосий, хийцамаш йоццачу ханна бен ца хуьлуьйту, цуьнан даг чу гуттаренна а долу тешна хилар ца дохьу цо.

Со, Ӏийсах тешар хилале чаккхе йоцчу синкъерамашкахула ваьлла лелачу хенахь, цкъа сан дас Чарлтон Хестон юкъахь а волуш гойтуш йолчу, «Итт весет» цӀе йолчу фильме вигнера. Шена тӀехь латта дӀа а делладелла, адамаш жоьжахати чу дӀахудар гойтучу, йоккхачу экранна тӀера бӀаьргаш дӀа а ца бохуш со хьежар, дика дагадогӀу суна; цу фильмо синан кӀорггелц инзарваьккхира со. Со кинотеатрера кхин адам хилла аравелира. Дийнна кӀиранах кхечу тайпана ваха гӀертара со, ткъа цул тӀаьхьа дерриг а шен метта юхадирзира. ХӀунда? Суна Делан Дош ца хезна дела а, сайн некъаш дӀакхехьарх дохко ца ваьлла дела а, Цуьнан ниӀмато со хийцавалийтархьама, аса сайн дахар Ӏийсана дӀа ца делла дела а.

Сан а, сан доттагӀийн а кхин Ӏаламат инзаре лайнарш хиллера, амма со цу Ӏаламехь доцчуьнгахула кӀелхьарваьккхина вацара. Сан дахар хийцалуш дацара, соьца цхьана курсехь доьшуш волчу цхьаммо, сан чу а веана, суна Делан Дош а, Дала леррина къобалвинчу Ӏийсан Инжил а довзийтталц. Вайга аьлла ду: «Делахь, Дала леррина Къобалвинчух лаьцна долу дош цхьаммо кхайкхийча, адамашна хаза кхаъ хеза, ткъа и кхаъ хезча, адамаш Цунах теша» (Римхошка 10:17) тӀаккха «Шун керлачу дахаран хьоста лийр долу хӀу дац, амма гуттар а хин дерг ду. Иза дийна долу а, гуттар а хин долу а Делан Дош ду» (1 Кипин 1:23). И бахьана долуш лараме ду, вай Ӏамош а, хьоьхуш а дерг Делан Дош хилар, вешан синца вай лайнарш а доцуш.

Вукху агӀор, лакхахь аьлларг нисдеш, кху тӀехь тохар дарна пурба лолаш суна: нагахь син хаам лайна долчара Делан Дош дузуш я иза т1ечӀагӀдан гӀо деш делахь, уьш Ӏаламате а, ур-атталла хьашт долуш

а ду.Тоьшаллаш доккха маӀна долуш хуьлу Инжил дӀасадаржорехь, амма тешаро а, Делан Дош тӀеэцаро а бен магор дац вайна абаденгарчу хедар доцчу дахаре кхача.

## «Со кхуза стенна хьажош ву?»

ХӀинца суна, вай Дезачу Йозанашкахь дешнарг дузуш долу, сайн тоьшалла декъа лаьа. Цкъа суьйранна со сайн зудчуьнца, Карибхойн гӀайренашкахь къона хан яьккхина волу, тхуна шеца хиллачух лаьцна дийцина волу, доттагӀ волчохь хьошалгӀахь вара. Цкъа догӀанаш догӀучу заманахь иза догӀанан хи гулдечу ор чу воьжнера. Цуьнан ваша, цунна тӀаьххье чу а иккхина, иза кӀелхьарваккха гӀоьртира, тхан доттагӀчунна нека дан ца хаьа дела. Оцу хӀоьттинчу хьолаца лара а ца вина, ваша хи чуьра ара а иккхина, гӀоьнчаш бало ведира. ГӀо кхаьчначу муьрехь, и кӀант велла Ӏуьллу ах сахьт дара.

Цо тӀаьхьа тхуна дуьйцура, шен дегӀ сино дитинчу хенахь, шен хаадаларех цхьа а ца дайнера, бохуш. Цунна ша чехка цхьана кӀоргачу бодане воьдуш хилар хааделира. Бода оццул буькъа хиларна, цунна ур-атталла юьхьана хьалха дахийтина долу куьг а ца гора; цунна ша бодано юкъахьарчийначу санна хеталора. «Кхерам оццул чӀогӀа хиларна, кхин чӀогӀа хуьлийла а дац, аьлла хеталора, хӀетте а, со кӀорге мел вужу, кхерам алсамбуьйлура. Цкъа а лаьттарчу дахарехь аса иштта кхерам ца зийнера, иза дешнашца дийцалур а дац. Цул тӀаьхьа суна серлонан къедар гира, тӀаккха суо жоьжахатана герга вогӀуш хиларх кхийтира со. Ас мохь хьаьккхира: „Со кхуза стенна хьажош ву? Со Ӏийсана тӀаьхьахӀиттинчарах ву!»». Цуьнан нана а, да а шаьш тешарна леринарш бара, ткъа хӀара цаьрца цхьаьна, компанина, лелара динан цӀийне, цара шена харжам ца буьту дела.

Кхин дӀа дуьйцуш, шена Ӏадоран а, Ӏазапехь хиларан а маьхьарий хезна хилар, дагадогӀура цунна. Ас къаьстташ дагахь латтийра цуьнан дешнаш: «Джон, Лиза, гуттара санна долу маьхьарий хьекхар хуьлу. Амма пхенаш чуьра цӀий шелдолуьйтуш долу маьхьарий хьекхар а ду. Суна уьш хезна. ТӀаккха со пелагаш тӀехь долчу хӀуманца юьхь-дуьхьал Ӏоттавелира, цо даим а юха-юха олура: „Схьавола суна тӀе, хьо сан ву».

Со цу хӀуманца къийсавелира. Юьхьанца кхерарна соьга цхьа а дош ца алалора, амма тӀаьхьа мохь хьекха волавелира: «ДӀахеца со, дӀахеца со», бохуш.

ЦӀаьххьана со сайн дегӀа чохь меттавеара, шен пӀелг сан логге Ӏоьттина волу лор, мохь хьекхарца юха а тоьттуш. Цунах лаьцна сан нанас дийцинера суна, аса сайца хиллачух лаьцна шега дийцинчул тӀаьхьа. Цу муьрехь сан нана операционнина юххехь (больницехь) хиъна Ӏаш яра: «Дела, Да, нагахь Ахь суна кӀант юхаверзавахь, ас иза гуттаренна а Хьуна дӀалур ву!» - бохуш Деле доьхуш. ТӀаьхьа тхан доттагӀа, Карибхойн гӀайренашкахь Далла гӀуллакхдар долийначу хьалхарчарах цхьаъ хилла дӀахӀоьттинера.

Шун цо лайначух шек довлийла ду, делахь а, шайца цхьа цунах тера хӀуманаш хилла болу, тоъал дукха божарий а, зударий а, бераш а ду. Лоьраш сих-сиха клинически Ӏожаллин хьал шайна гуш хуьлий дӀахӀуьтту дела, царех дукха болчара и хӀума талла Ӏалашо хӀоттийна.

Царех цхьаъ, клинически Ӏожалла лайна бераш талларна тӀехь гӀуллакх дӀакхоьхьуш волу, Мелвин Морс цӀе йолу, лор ву. Цо берийн ши тоба теллина. Хьалхарчу тобанехь 121 пациент вара, уьш кхерамечу хьолахь бара, амма цара клинически Ӏожалла ца лайнера. Кхаа шарна тӀера ялхийтта шо кхаччалц долчу берийн дахар реанимацехь нуьцкъаша садеӀаран аппаратийн я езачу медикаментийн гӀоьнца латтош дара. Царах цхьаммо а ша шен дегӀ дӀатесна хиларх хаам ца бора.

ШолгӀа тоба, оццу хенашкара 12 берах хоттаелла яра, цара дог сацар лайнера (уьш хин буха а бахнера, некъан аваришка а нисбеллера, иштта кхин дӀа а). Цу кӀезигчу тобанехь верриге шийттаммо а шаьш дегӀа чуьра арадевлла хилла хиларх хаам бора. Цхьаболчара, агӀонгара кӀеззиг шайн догӀмаш а гуш, лоьрашна дерриг а шайца цу хенахь хилларг дуьйцура.

Цхьанна, тхан доттагӀчо лайнарг дуьххьалдӀа моттаргӀа ю аьлла, моьттур ду, делахь а берийн шолгӀачу тобанехь динчу талламан жамӀо, бӀостанехьа долчун тешалла до. Цу тӀе цуьнан моттаргӀа йойла муха дара, нагахь иза эха сохьтехь клинически Ӏожаллин хьолехь Ӏиллина хилча?

## Жоьжахати цӀе яьлла богучу Ӏомаца юстар

Тхан доттагӀчунна, Ӏожалла лайначу кхечарна санна, жоьжахати цӀе йолу, Ӏазап хьегаран юккъера меттиг гина. Иза, кӀелхьарвалар доцчун, абаден тӀетовжийла яц, амма Сийлахьчу Кхелан КӀайчу Васхалан сатийсаран меттиг ю. Кхел йинчул тӀаьхьа, адамаш а, дегна маликаш а гуттаренна а дӀагӀур долчу меттигах, цӀе яьлла богу Ӏам, олу. Иза къаьстташ гойла ду Дезачу Йозанашкара:

> «Цул тӀаьхьа суна гира йоккха кӀайн басахь йолу Ӏарш а, цигахь хиъна Верг а… ТӀаккха суна гира лараме боцу а, цӀеяхана хилла болу а белларш. Уьш Ӏаршана хьалха лаьтташ бара. ХӀордо а схьабелира шена чохь болу белларш. Шайна чохь болу белларш схьабелира Ӏожалло а, эхарто а. Царна хӀоранна а, шайн-шайн гӀуллакхашка хьаьжжина, кхел йира. Ӏожалла а, эхарт а цӀе яьлла богучу Ӏам чу тесира. (И Ӏам шозлагӀа валар ду.) Дахаран тептар тӀе дӀаязвина мел воцург цӀе яьлла богучу Ӏам чу тесира» (Довзийтинарг 20:13-15, дацдарш авторера).

Цкъа хьалха суна нисдар дан луур дара, берриш а Ӏазап хьегаран юккъерачу меттигехь, жоьжахатехь берш, кхел ян балийна бара. Кхел яр кхочушхилча, берриге бехке берш а, закон доцуш баьхнарш а цӀе яьлла богучу Ӏома чу кхуьссур бу, дегна маликаш а, ша жоьжахати а юкъа а ялош.

## ЦӀе яьлла богучу Ӏоман бӀарлагӀа

Сан а, сан зудчун а доттагӀий бу, мар-зуда, грекахойн къомах а болуш. Зудчун цӀе Джой ю. Иза кхоалгӀачу тӀаьхьенан Далла гӀуллакхдархо ю. Грецехь дуьнен чу яьлла а, хьалакхиъна а йолу цуьнан баба, хьалххе дуьйна Дела леха йолаелла. Цо, шена гонаха долчу, адамашка луш долчу хаттарша, белам боккхура я цара уьш бен доцуш дуьтура. Иза динан тобанан цӀийне яха лууш яра, амма цуьнга: «Дела вац» тӀаккха «И дош доцург дийцар дӀасацаде», аьллера.

Цкъа, Грекахойн фестиваль йолчу хенахь, юьртан майданахь, шен

доттагIий гонаха болуш, къоман хелхар деш йолуш, цунна шега иштта бохуш долу аз хезира: «Ефросини, абаден хелхаран ойла е, ахь хIинца деш долу хелхар, мах болуш дац».

Иза чIогIа кхераелла яра! «И хьан элира?» – цецъелира иза. Сихха саца а сецна, цо бисинчу йоIаршка дIахьедира: аша деш долу хелхар, дика хIума дац. Хиллачух цхьа а ца кхийтира, ткъа иза сихонца хелхаран майданара цIа едира. ЦIайогIуш новкъахь, цунна, шен белшаш тIе йоккхачу йозаллица бижина, беза мохь хаабелира.

Ша дIаюьжучу чоьнна чу а едда, голашна тIе а йоьжна, елха йолаелира иза. Цунна и аз долахь Долчуьнца къамел дан лаьара. Мила вара цуьнга вистхилларг? Уьш хIун дешнаш дара? Иза хIун ала гIертара? Цу хаттарша цуьнан хьекъал хьийзадора, амма иза деха ца латтира. Голаш цIенкъа хьакхаяла а кхиале, цунна, ша дIалаьцна, чоьнна чоьхьаяьлла цIе йолчуха хIума хааделира. Иза бертал юьйжира, тIаккха цунна кIайн духар дуьйхина, маликах тера долчун бIарлагIа хIоьттира.

Цунна, кIайн духарш дуьйхина, маликех тера дерг гира. Цо иза хьала а айина, бодане серлонан метте дехьаяьккхира, цигахь а юьтуш. Дикка хьаьжча, иза кхоччуш долчу цецъяларца кхийтира, ша Голготина хьалха лаьтташ хиларх. Веза Эла жIара тIе оьллина вара, Цуьнан чевнех цIийн тIадамаш Iенаш дара. Iазапан агони яра Цуьнан юьхьа тIехь.

Цу муьрехь Ефросинина геннара схьадогIу маьхьарий хезира. Юхайирзича, цунна ЖIарана а, лаьттара йоккха цIеран алу хьалайолучу меттигна а юккъехь боккха берд гира. Иза дуьххьалдIа цIеран хIорд бара. Цунна хезаш долчу маьхьарша, Далла неIалт кхайкхош долу, дуккха а долчу адамийн маьхьарий дагабохкуьйтура. Цхьана муьрехь цунна ша цхьана ницкъо бердехьа тоьттуш хилар хааделира, тIаккха цуьнга хьалха дистхиллачу озо элира: «Хьо кху меттиган долахь ю».

Iадорца елха а йоьлхуш, къинхетам бар деха йолаелира иза! Шена тIехь беза мохь а бохьуш, иза ЖIаран кIаже охьаюьйжира, дикка хенахь цигахь а юьсуш. ТIаккха, безамах а, доглазамах а дуьзначу озо юха а элира цуьнга: «Цо иза хьан дуьхьа дина! Иза хьан дуьхьа велла!

Нагахь ахьа гечдар а дехна, Цуьнан сагIа тIеэцахь, хьан цига яха дезар дац (цIе яьлла богучу Iома чу)!».

Цу дешнел тIаьхьа, иза кхин а чIогIа йилхира, шена хезначу дешнашна жоп а луш. Цо гечдар дийхира, цул тIаьхьа цунна дайдалар хилира, иза охьатеIош болу мохь, кхуззахь Жlарана уллохь охьабоьжна дела.

Хьалахьаьжча, цунна шена хьалха лаьтта, тIедуьйхина сийлахь духар а долуш, Веза Эла волу Дала леррина къобалвина Iийса гира. Цо иза, хьала а айина, геннахь гуш болчу, уггаре а исбаьхьачу баьццарчу гу тIе яьхьира. ХIинца Iийсаца ойланашкахь къамел дан йиш яра цуьнан. ХIокхо хаттарш дора, ткъа Цо цунна жоьпаш лора. Иза чIогIа инзаре дара! Цо Цуьнга, и шиъ стенга доьду хаьттира, ткъа Iийсас жоп делира: «Стигаларчу Деца цхьаьнакхета!».

Гу боьххье хьаладевлча, цунна, гIалин кевнера схьайолу, серло гира. Исбаьхьа маликийн мукъам а, эшарш а хезара массанхьа а, зезагаша а, дитташа а арахоьцура уьш. Уьш цхьаьна кевнех чоьхьабевлира. ГIалин хазалла дешнашца йийцалур а яцара!

Уьш нийсса Делан Iаьршехьа бахара. Цуьнан Делан юьхь гойла дацара, иза къайлаяьккхина йолу дела, амма цуьнан, Иза къайлавоккхучу лепарна юкъара арайолу йоккха книга а, куьг а гойла дара. Куьг яздан доладелира. ТIаккха цуьнан хьалха охьатаIа дийзира, яздина долу дешнаш гIоли гархьама. Шен инзаръяларна, цо, Дахаран Тептар тIе язйина йолу, шен цIе йийшира! (Цу хенахь цунна цуьнан хиларх лаьцна цхьа а хIума хууш ца хиллехь а.)

Стигаларчу Дас цуьнан цIе Дахаран Тептар тIе дIаязйинчу хенахь, Цо элира: «Диканца йогIийла доьзале!» Цо цуьнан хьаьжа тIе оба яьккхинчу муьрехь, маликаш, го барца дIа а хIиттина, сийлахьчу даккхийдерца эшарш лекха а, хелхадийла а хIиттар гира цунна! Цунна къаьстташ маликаша лоьххучу эшаршкахь шен цIе йохуш хилар хезара. Ефросини хелхарехь царах дIакхийтира. ТIаккха кхузахь цунна, Везачу Эло аьлларг дагадеара: «Абаден хелхар лаха!». Сихха дага ца деара йоIана, маликаша доккха даздар цуьнан кIелхьаръяккхарна лерина дIахIоттийна хиларх.

Цхьа хан дIаяьллачул тIаьхьа, Везачу Эло цуьнга элира, хьо лаьтта

юхаерзаран сахьт тӀекхаьчна, Иза цунна боккха болх бала Ӏалашо йолуш волу дела. Иза Ӏийсан цӀеран дуьхьа алунан зерех чекхъяла еза, амма Иза даим а юххехь хир ву, ткъа дерриг а кхочушдина даьлча, иза абаденна Цунна тӀе юхайоьрзур ю.

Юха муьрехь иза шен чоьнна чохь меттаеара. Иштта инзаре стигалара гездар дарал тӀаьхьа, лаьтта юхайирзича, цунна доккха догдалар хааделира, амма кхин харжам дуьххьалдӀа бацара.

Ефросинин тамашийначу синан хаадаларх долу хабарш юьртахула дӀасадаьржича, цунна дуьхьалбовлар дӀадоладелира. Дерриг а дӀадоладелира, нагахь цо ша тешнарг дӀа ца тасахь, иза диг тоьхна ен кхерам туьйсучу, дена тӀера. Цо дега шен синна хааделларг шега цкъа а дӀатасалур дац, элира.

Лаьллина лелор чӀагӀлуш дӀахӀуьттура, цкъа буьйсанна цуьнан йишас, и йолчу а еана, нах, Ӏуьйранна иза схьа а лаьцна, юьртан, грекийн бакъахьарчу динан тобанан цӀа лаьттачу, майдане схьатакхо бохкуш хиларх хаам баллалц йолчу ханна. Делан цӀа чуьра Делан ненан икона ара а яьккхина, тӀаккха нагахь санна, иконина хьалха охьа а таӀна, цо цунна барт ца баккхахь, цунна тӀе мехкадаьтта а доьттина, цӀе таса бохкура уьш.

Ефросини ца тешара и нах иштта гена беврг хиларх, амма, схьахетарехь, уьш билггал шайн кхерамаш тийсар кхочушбан бохкура, хӀунда аьлча Ефросинина оццу буьйсанна Везачу Элан малико деана, дайн белшах куьг а тоьхна, иза самаяьккхира. Иза самаяьлла хиларх тешна а хилла, цо цуьнга тӀе хӀуманаш а юхий, неӀаре йола элира. Иза муьтӀахь яра. Лабана кӀел яьлча, цунна ша цхьаммо лаьттара хьалаайина хилар хааделира. Иза дегӀаца цӀера, масех чаккхарма цӀенна генахь йолчу кхераме йоцчу метте дехьаяьллера.

## Ӏаламат доккха Ӏазап

Джойн бабина жоьжахати а йоцуш, ткъа «шолгӀа Ӏожалла» цӀе йоккху, цӀе яьлла богу Ӏам гинера. Цуьнан кхоллам хийцабеллера, цо доллучу шен дагца Ӏийсана тӀаьхьахӀоттар хаьржина дела. Дезачу Йозанаша боху:

«Ткъа кIиллойн а, Iийсах тешар доцучеран а, вон болчеран а, адам дийначеран а, сийсаза лелачийн а, бозбунчийн а, харцделанашна Iамал еш болчеран а, массо а харцлуьйчеран а дакъа хир ду цIарах а, саьнгалх а богучу Iам чохь. Иза шозлагIа валар ду» (Довзийтинарг 21:8).

Тидам белаш, и Iам цIерца а, саьнгалца а богуш хиларан. Саьнгал, лаккхарчу температурехь догуш а, вон хьожа йолуш а, аьчкан субстанци ю. Жоьжахати гойтучу дуккха болчара, вочу хьожанах лаьцна хьахадора: «лалун йоцу» – уггаре дIасадаьржина дешнаш дара. Ма-дарра аьлча, цу Iожаллин меттехь хиллачу наха, адамийн дешнашца цигахь долу ирча хьал а, Iазапаш хьегар а дийца а лур дац, бохура соьга.

Иштта тидам белаш шолгIа валар бохучун а. Iийсас боху: «Лерг долчунна (ладогIа) хезийла, Сино динан тобанашка боху (аьлча а, Иза ца тешачу адамашка а доцуш, динан тобанашка ала воллу): «Толам баьккхинчун шолгIа валар хир дац» (Довзийтинарг 2:11, курсив авторан).

Тамашийна-м ца хета те шуна, Цо иза динан тобанашка бохуш хилар. Тидам белаш: цIе яьлла богучу Iома чохь адамийн кхоъ коьрта категориш хир ю: хьалхарниг, – Цунна тIаьхьахIиттинчуьра дIабевлларш; шолгIаниг – Цунна тешаме цахилларш; кхоалгIаниг – Цуьнца цкъа а хиллане а ца хилла болу, къилахь берш. Хьалхарчу шина тобанна юкъабогIу, динан тобанан декъашхой хилларш.

Вайн историн хьалхара кхо турпалхо дагаваийтийша: Ийзалург а, Iехийнарг а, Возуш воцург а. Царех шиъ, динан тобанан вастехь йолчу, Энделерчу школехь жигара дакъа лацархо дара. Кестта вай иза ма-дарра цхьалхадоккхур ду.

ШолгIа валар – иза ерриге абаденахь цIе яьлла богучу Iома чохь чIогIа Iазап хьегар ду. Дагадаийтийша, хьалхарчу коьртехь вай элира, абаде – гуттаренна а ю, чаккхе йоцуш а ю, цхьаннан а цигара араволийла а дац, цхьа а кIелхьарволийла а дац! Цхьаболчарна моьтту, цкъа-мацца а хIетте дерриг а чекхдер ду, амма иштта долу тешар, кхечу тайпана олийла а доцуш, Делан Дашо хьоьхучунна дуьхь-

дуьхьал ду: «Цара дийнахь а, буса а Іазап хьоьгур ду ерриг а тІейогІучу заманахь» (Довзийтинарг 20:10).

Іазап хьегаран чаккхе хир йоцийла гайтархьама, Іийсас Цуьнан Дашна муьтІахь хир боцчу массарах иштта аьлла: «ТІаккха уьш цкъа а хедар доцучу таІзарехь хир бу, ткъа Делан лаамехь берш хедар доцучу дахаре кхочур бу» (Маттай 25:46). Тидам белаш абаден Іазап хьегар бохучу дешнийн. Кхечу дешнашца, таІзаран чаккхе хир яц, иза абаденна ду! Іийсас вайга боху:

> «Ткъа нагахь хьан бІаьрго хьоьга къа латадайтахь, чуьра баккха иза. Делан Олалла тІе а лаьцна, Цунна юххехь цхьана бІаьргаца вахар а гІоле ю, ши бІаьрг а болуш ша жоьжахате кхуссуьйтучул» (Марк 9:47).

Кху декъера гуш ма-хиллара, Цо цІе яьлла богучу Іомах, жоьжахатех лаьцна боху. ХІинца иза кхечу гочдарехь муха хеза хьовсур ду вай:

> «Ткъа нагахь хьан бІаьрго хьоьга къа латадайтахь, чуьра баккха иза. Делан Олалла тІе а лаьцна, Цунна юххехь цхьана бІаьргаца вахар а гІоле ю, ши бІаьрг а болуш ша жоьжахате кхуссуьйтучул, цу чохь „уьш бууш болу нІаьна а лийр бац, уьш багош йолу цІе дІа а йойур яц”» (Марк 9:47, 48).

Тидам белаш, уьш бууш долу нІаьний а леш дац, церан даим а яа хІума ю боху маьІна ду цуьнан. Дустур вай иза Іаламца. Адам делча, нІаьнаша цуьнан дилха дуу, даьІахкаш бен ца юьтуш, тІаккха уьш ле. Ткъа жоьжахатехь и юуш долу нІаьний, цкъа а леш дац, цара дууш дерг цкъа а дІадолуш доцу дела. Жоьжахати гина волчу цхьана стага дуьйцура, шена цІеран алунехь ийзалуш долчу адамийн дилха дууш долу даккхий нІаьний гинера, бохуш. Уьш жоьжахатехь мел дукха бехаш лаьтташ бу бохург лараме дац, церан хІинца а даа мегаш долу дилха ду.

ХІаъ, хІаъ кхоччуш бакъ ду, и меттиг чІогІа ІалагІожане ю! Амма вайна даим а дагахь хила деза, юьхьанца Дала цІе яьлла богу Іам адамашна кхоьллина ца хилар. ЛадогІийша, цу ирчачу метте ваха везаш волчух лаьцна, Іийсас хІун боху:

> «ТӀаккха Шена аьрру агӀор болчаьрга эр ду: Гена довла Суна, Делан неӀалт хилларш! Иблисаний, цуьнан харцмаликашний кечйинчу жоьжахатин цӀера юккъехь ю шун меттиг» (Маттай 25:41).

Иза адамна а доцуш, ткъа иблисана а, цуьнан дегначу маликашна а кхоьллина бара. Делахь а Ӏехорца, иблисо дуккха берш шена тӀаьхьа абаденан таӀзар дарна теийзабо. Изза го вайна вешан аллигорехь а. Дагонан Ӏаткъам дуккха берш Ӏехорна бахьана хилла дӀахӀоьттина, тӀаккха Дагонна хьаьхна йолу Джейлинан дералла, цуьнан Ӏаткъамна кӀелбаханчарна тӀейоьжна. Иштта ца хилча Джейлин нийса хир вацара.

## Абаденна ирсе хилар

Хьалхарчу кортошкахь вайна къаьстташ Джейлинан дералла муха яра гира. Дезачу Йозанаша кхайкхадо: «Делан оьгӀазлонан кеда чу, э а ца деш, доьттина долу Делан дераллин чагӀар мер ду цо. Иштта волу стаг Делан маликашна а, Ӏахарна а хьалха цӀергахь а, саьмгал чохь а хьийзор ву. Уьш хьийзош йолчу цӀеран кӀур массо а заманахь хьалаоьхур бу. Цу тайпана я дийнахь, я буьйсанна синтем хир бац, оцу экханна а, цуьнан суьртана а Ӏибадат а деш, цуьнан цӀеран мухӀар тӀеэцначийн» (Довзийтинарг 14:10, 11).

БӀешерашкара бӀешерашка бохург хӀун ду? Хьалхарчу коьртехь абаденан хьокъехь вайн ойланаш дагайогӀий шуна? Чаккхе йоцуш хилар хӀун ду кхета гӀертар? Хьекъалца чаккхе ца хиларх кхета хала ду, амма дагца кхетар хуьлийла ду. Цундела Дала, Шега ладогӀа ца лиъна йолчу, дийнна тӀаьхьенна тӀера белхам бора:

> «ЭхӀ-хӀай, Соьга ларамах дуьзна а хилла, дерриге а Сан весеташ кхочушдан даим церан дегнаш делахьара, шайна а, шайн берашна а гуттаренна диканиг хилийтархьама!» (Карлабаьккхинарг 5:29).

Тидам белаш «гуттаренна» бохучу дешан. Нагахь уьш, деккъа абаденца йоьзначу агӀоно лелош а хиллехьара! Цо аьлла: «Сан дерриге весеташ гуттара а ларде», ткъа «цхьана хенахь» а доцуш. Иштта Цо ца аьлла: «Даим а Сан цхьадолу весеташ ларде». ХӀан-

хIа, гуттара а дерриге ларде! Вайна берриг а Цуьнан лаам гуттара а кхочушбан весет дина.

Аша ойла ян там бу: «Ас Цуьнан дерриге весеташ кхочушдеш дац. Со хан тоьхна хир ву!». ХIаъ, иза билггал бакъ ду. Делан Iедало билгал а доккху, тешалла а до, цхьа а адам Делан нийсонан стандарте кхачалуш ца хиларан, цундела хIорра а бехке хир ву Цуьнан кхелана хьалха. Делан юьхьана хьалха лаьтташ, цхьаьнгга а алалур дац: «Аса Хьан пачхьалкхехь хиларна хьакъдолу дахар дIадаьхьна, тIаккха абаденна таIзар дар ца догIу суна».

Вайн кхачаме ца хиларан бахьана уггаре а юьхьенгахь къайладаьлла ду: бешахь адамо кхетамехь долуш Деле ла ца доьгIна, и бахьанехь цо къинан Iалам тIеэцна. Далла ямартло ярца, иза иблисан лай хилла дIахIоьттира, цуьнан олаллин кIела а воьдуш, ша паргIатваккхa я кIелхьарваккха цхьа а агIо а йоцуш. Къилахь долу амал Адаман хIора тIаьхьенна, хIора адамна, дехьадолуш хилла дIахIоьттира, вай вешан ден-ненан амалехь дуьнен чу довлу.

Ша адаме болчу цIеначу безамо лелорна, адам ша къа латорна, кхоччуш жоьпаллехь доллушехь, Дала вайна КIелхьардохург вохуьйтур ву аьлла, ваIда дина. И КIелхьардохург – Дала леррина къобалвина Iийса ву. И дуьнен чу валале бIешераш хьалха, Иза йоIстагах дуьнен чу вер ву, аьлла, хьалхxe дуьйна схьахьедина дара (хь. ЕшаI-ЯхIу 7:14). Цуьнан Да – Дела ву, ткъа нана, – Марем цIе йолу, Дауд-паччахьан тайпанах схьаяьлла йоI ю. Иза билггал иштта хила дезара, иштта дацахьара, ший а да-нана адамаш делхьара, Iийса Адаман Iаламна, аьлча а къинан лоллина каравирзина хир вара. Цуьнга кхачаме дахар дIакхехьалур дацара, тIаккха и бахьана долуш вай къинойх цIандалур дацара. Делахь а, Иза зудчух дуьнен чу вала везара, адамо къа латорна а, ямартло ярна а болу мах адамо дIабала безаш хилла дела. Iийса бIе процентана Дела а, бIе процентана адам а дара.

ЖIарах дIатоьхна волчу Iийсас дерриг а вайн къинош Шена тIе а эцна, Шен цIий а Iанийна, къинна тIера мах дIабаларца велла. Амма Цо бакъахьара дахар дIакхехьна дела, Дас Иза, беллачарна юкъара ден а вина, Шен аьтту агIор охьахаийна. Iийсан дайн хIу а, пайхамар

а хиллачу Дауда-паччахьна, эзар шо кхул хьалха, Іийса жІарах дІатоьхначул тІаьхьа хиндолчух лаьцна гуш а хилла, цо и дІа а яздина. Кипас цуьнан дешнаш ШавуІот дийнахь далийра:

> «Иза пайхамар вара. Дала цунна чІагІо йинера, цуьнан тІаьхьенах стагана паччахьалла лур ду Ша аьлла. Хиндерг хууш, Дауда дийцинера Дала леррина Къобалвинарг денлург хиларх а, Иза кошахь вуьсург ца хиларх а, Цуьнан дегІана дахкадалар гург ца хиларх а лаьцна. Дала Іийса денвира, вай Цуьнан тешаш а ду» (Векалийн 2:30-32).

Іийса, вай кІелхьардахархьама, беллачарна юкъара денвелла. Тидам белаш, Иза жоьжахатехь витина вацара. Цу дешнаша къаьстташ кхетадо вай, Иза цу чохь хилла хиларх. Маца хилла Иза цигахь? ЖІарана а, Денваларна а юкъарчу цхьана муьрехь. Іийсас, вайх хІоранна тІера, вайна абаден таІзар ца хилийтархьама, валаран я жоьжахатин чам баьккхина. ХІинца, вешан дуьхьа долу дахар дІа а тоьттуш, кхоччуш ваьш Цуьнан олалле дІа а луш, Цо, Шен цІий а Іанийна, валаран чам а баьккхина, вайн дуьхьа динчунна а тІера, вай Далла хьалха цІандалар а, бехказдовлар а схьаоьцу. ХІинца вай Цуьнан нийса хиларца догІуш ду, тІаккха тешна хиларца кхелъяран Іаьршана хьалха латтийла долуш ду. Далла бу хастам абаденна!

Цу бахьанина аьлла ду вайга цхьа а тайпана билгалдаккхар а доцуш: «Іийсах тешна дела, Делан доккхачу диканца кІелхьардаьхна шу. Ткъа иза шуьгара дац. Иза Делан совгІат ду. Аша дика гІуллакхаш дина хиларна делла дац иза, цундела шух цхьаммо а дозалла ма де» (Эпасхошка 2:8, 9).

Нагахь шу хьалха цкъа а дохкодевлла а, дерриг а шайн дахар кхоччуш Іийсан олалле дІаделла а дацахь, хІета хІинца кху книгин чаккхенгахь долу Юххедиллар дІаделла, цигахь вай кІелхьардахаран Делан Іалашонан хьокъехь долу кхетор а ду, доІа а ду, и доІа дарца, шуьга Дала леррина къобалвина Іийса шайн Веза Эла а, КІелхьардохург а тІеоьцийла ду.

Тешачарна, тІаьхьарчу масех агІонгахь къамел стенах лаьцна

дара, дика девза. Делахь а, нисдаларехь, царах дуккха берш, ас кхиндӀа болчу кортошкахь дуьйцун долчух, чекхдаллалц ца кхета. Ма-дарра аьлча, шаьш Ӏийсана тӀаьхьахӀиттинчарах ду бохуш болу дуккха берш, Дезачу Йозанашкахь дӀаделлалуш долчу дуьххьалдӀа долчу билггал бакъдолчух, Ӏадийна хир бу. КхиндӀа болчу кортошкахь вайна гур ду, абаден таӀзарх лаьцна бухенгара хаар, хӀора Ӏийсана тӀаьхьахӀоьттинчунна хила ма-дезза синца хьалакхиарна хӀунда оьшу.

КОРТА 5

# IЕХОРНА ТIЕРА КХЕЛЪЯР

*Ткъа вайна хаьа, иштта гIуллакхаш дечарна*
*Дала еш йолу кхел нийса юйла*

– Римхошка 2:2, (Шордина гочдар)

Iийса вайн къинна тIехула, юьхьенца дуьйна иблисана а, цунна тIаьхьахIиттинчарна а хьажийначу, абаден таIзар дарх кIелхьардахархьама веана. Вайн дуьхьа дIаделлачу Iийсан дахаро, Делан тамашийна безам дIабоьллу.

Ойла ейша кху тIехь: Дала адам а, дийнаташ а, олхазарш а, сагалматаш а, хIордан дийнаташ а, латта а цуьнан кхачамечу атмосферица кхоьллина. Вай доьшу: «Оцу Ша мел кхоьллинчуьнга Дела резахиларца хьаьжира» (Доладалар 1:31). ТIаккха Цо кхачаме кхоьллинарг адаман кара дIаделира, цо иза лардархьама а, Iалашдархьама а. Назмаалархочо кхайкхош ма-хиллара: «Стигал Везачу Элан долахь ю, ткъа латта Цо адамашна дIаделла» (Забур 113:24). Адам, Делан коьртачу мостагIчух Люциферах ша бен ларвина а ца Iаш, дерриге кхоьллинарг а Iалашдарна жоьпаллехь вара.

Далла бешахь, Иза веза а, Цунна муьтIахь хила а харжаман маьршо йоцу, роботаш ган ца лаьара, цундела ээарнаш дитташна юкъахь бешахь, шех иштта аьлла долу, цхьа дитт дара: «Массо а дитт тIера стом баа мегар ду ахьа, амма дика а, вон а довзуьйтучу дитта тIера ма баалахь, хIунда аьлча ахьа оцу тIера стом биинчу дийнахь валарца дIавер ву хьо, – аьлла» (Доладалар 2:16, 17).

Дала аьлла йолу Iожалла, дегIаца йолу Iожалла яцара, Адам кхин а дуккха шерашкахь ваьхна, цо шен муьтIахь ца хиларан тIаьхьалонаш

сохьтта ца лайна дела. Везачу Эло адамна, иза Делан дахарх дӀахадийна хирг хилар а, цо, Ӏожалла йолу амал тӀеоьцург хилар а гайтина.

Цхьа хан дӀаяьлча Люциферо Хьава Ӏехийра, цуьнан бӀаьргаш чохь Делан амал харцхьа а доккхуш. Цуьнга хӀилла даделира, Хьаван тидам, бешара тӀекхочийла долчу дерриге дитташна тӀера дӀа а баьккхина, дихкина долчу, цхьанна тӀебахийтарна тӀехь. Дитт дика а, тамехь а хиларан мах а хӀоттийна, цо цу тӀера стоьман чам баьккхира, хӀинца Веза Эла «луш верг» а воцуш, «схьадоккхуш верг» хилар а лоруш. Делахь а цу муьрехь адамаш хӀинца а къилахь дерш хилла дӀа ца хӀиттира. Цу гӀуллакхна цуьнан майра схьакхеттачу минотехь, Дала кхоьллина долчо Ӏожаллин Ӏалам тӀе ийцира. Цундела цуьнан къа дезо дара: Хьава Ӏехийна яра, ткъа Адам, Делан дош а дохийна, хаа а хууш муьтӀахь ца хилира (хь. 1 Тимапига 2:14).

И бахьана долуш, Адама хилла а ца Ӏаш, амма кхоьллина мел долчо цу сохьтта Ӏожаллин Ӏалам схьаийцира. Адамо къалатадале хьалха, дийнаташ акха а ца хилла, цара жижиг а ца дуура, уьш леш а дацара. Я мехкаш дегор а, я йилбазмехаш а, я дарцаш а, я мацалла а, я цамгарш а яцара. И дерриг а, адамо Дала шех тешна дитинарг Ӏалаш ца даран бахьанина, гучудаьлла дара. Цу муьрехь дуьйна адамаш хилла а ца Ӏаш, амма кхоьллина мел дерг а Ӏожалла йолуш хилла дӀахӀоьттира. Вай йоьшу:

> «Дала мел кхоьллинарг цу хӀуманийн лаамца ца дахийтина эрна долчун кара, ткъа иза Карадерзийначун лаамца дахийтина. Амма догдохийла ю, Дала кхоьллина мел дерг талхаран лоллера паргӀатдоккхург хиларе, Делан берашца цхьаьна сийлаллин паргӀатонехь хилийтархьама. Вайна хаьа, Дала мел кхоьллина хӀума хӀинццалц баланехь дуйла, берах хьийзош йолу зуда санна» (Римхошка 8:20-22).

Ӏаламо Ӏожаллин неӀалт шен лаамехь а долуш тӀе ца эцна, амма адамаш Далла дуьхьалдалар бахьанехь тӀеэцна. Адамо шега гӀайгӀа бан тӀедилларца делларг, лар ца дина. Юьхьенца Люциферна бен хилла доцу неӀалт, Адама Делах дӀакъастар а, Ӏожалла тӀехӀоттар а, Ӏаламна тӀедаийтина а ца Ӏаш, амма шена а, шен зудчунна а, ерриге

шен тӀаьхьенашна а даийтина. Ма тешнабехк бу, ма ямартло ю! Делан олийла дара: «Суна дезаш а, Ас декъалдина а, кхачаме кхоьллина а долчу адамна Люцифер Сол гӀоли хетта; хӀета дӀагӀор-кх уьш цӀе яьлла богучу Ӏома чу, ткъа Оха (Дас а, КӀанта а, Дезачу Сино а) дерриг а юхьенца дӀа а долош, Тхуна шаьш дезаш ма-хиллара, Тхо дезаш хир долчу тешаме долчарах а дуьзна, кхин дуьне кхуллур ду».

Нагахь Веза Эла иштта леллехьара, Иза Шен сацамехь кхоччуш бакъахьара хир вара. Делахь а Шен тамашийна болчу безамца Цо адамашна, уьш, шаьш кхаьчначу, лоллера кӀелхьардаха хьуьнар долу, къинойх ЦӀандийриг вахийта ваӀда дина. И ЦӀандийриг, Делаца стигал а, латта а кхоьллина, Цуьнан КӀант хир ву. Кхечу дешнашца аьлча, цхьа а таӀзар дан хьакъ долуш воцчу, Цо, барам боцуш вай деза а дезна, вай къилахь долчуьра схьадахархьама а, Ӏожаллин Ӏаламера паргӀатдахархьама а, ирча боккха мах дӀалур бу. Иза инзаре безам бу.

ТӀаккха цунах Голготин Ӏалашо хилира. Со цецвоккху, Ӏийсах тешаш боцучара: «Безамечу Дала, Инжил хезна доцу адамаш, жоьжахати хьовсадойла муха ду?» – бохуш хӀотточу хаттаро, Ӏийсана тӀаьхьахӀоьттинарг тупике хӀоттаваро. Сан дуьххьалдӀа долу жоп ду: «Иза Цуьнан бехк бац, ткъа вайн бехк бу». Ӏийсас адамийн паргӀатонна тӀера вуно лакхара мах дӀа а белла, вайга, хӀинца шу, хаза кхаъ тӀеэцнарш, дерриге дуьненахула, неӀалтах цӀандеш хиларх лаьцна ца хезначарна тӀе гӀо, аьлла. Вай массара а отчет лур ю вешан тӀаьхьенна тӀера, Дела Шен дакъа кхочушдина ваьлла дела!

## Вай Делан васт тӀеоьцу

Ӏийсас вайн къиношна тӀера дӀабеллачу мехо, вай кхелъярх паргӀатдаьхна а ца Ӏаш, амма, Делан долчух тера долу, кхин къинан лоллахь доцу, керла васт ло вайна. Цундела, шен дахар дерриг а Ӏийсана дӀалуш верг, кхоччуш керла адам хуьлий дӀахӀутту.

> «Иштта, Дала леррина Къобалвинчуьнца верг – юхакхоьллинарг ву. Шира дахар дӀадаьлла, хӀинца керланиг хилла дӀахӀоьттина!» (2 Коринтхошка 5:17, ингалс маттера гочдар).

Дала леррина къобалвина Іийса вешан Веза Эла хилар тІеэцарца, вай ма-дарра долчу маьІнехь ле. Вайн шира Іалам делла хуьлу; Делан бІаьргаш чохь иза Дала леррина Къобалвинчуьнца жІарах дІатоьхна. Кхоччуш керла адам дуьнен чу долу, Делан амалехь а долуш. Вай юха дуьнен чу довлу. ХІинца вай, мацах шен лаам вайн дахарехь тІедожош хиллачу, вастах мукъа ду. Дезачу Йозанашкахь къаьстташ аьлла ду: «Иштта, вай хих чекхдахийтича, вай Цуьнца цхьаьна дІа а доьхкина, дала а делла. Ткъа иза хилира, Шен Ден ницкъаца веллачуьра денвина волу Дала леррина Къобалвинарг санна, вай а керлачу дахарехь Іайтархьама... Нагахь санна Дала леррина Къобалвинчуьнца цхьаьна вай делла хилча, вай теша, Цуьнца цхьаьна ваьш дехар долуш хиларх а» (Римхошка 6:4, 6-8). ХІинца вайн Дала леррина Къобалвинчун вастаца догІуш дехийла ду, Адаман ямартлонгахула кІелдитина хилар а доцуш.

Іийсана тІаьхьахІиттинчарш кхоччуш бодане хилар гойтур дара, Іийса шен Веза Эла хилар тІе ца оьцург, бен доцуш царна хетаро. Уьш адаман чохь йолчу къинан ДНК-с лелош бу. Амма “тешар дерг”, шена хуъушшехь, даим а къилахь вахар, иза кхоччуш хьекъале доцу а, хуьлийла доцу а хІума ду. Къовларшна юкъара тешарг боху дош далорца аса вуьйцург, Іийса шен КІелхьарвоккхург а, Веза Эла а ву а олуш, амма ма-дарра аьлча, Иза цунна иштта хеташ воцу стаг ву. Нагахь Іийса билггал цуьнан Веза Эла велхьара, иштгачу стеган дахарехь Делан амал гур яра. Іийсас цунах лаьцна цкъа аьлла ца Іара:

> «Дикачу дитто дика стом ло, ткъа вуочу дитта тІехь вон стом кхуьу. Дикачу дитта тІехь вон стом кхиа а йиш яц, амма вуочу дитта тІехь дика стом а ца хуьлу. ХІора вон дитт, цу тІехь дика стом кхуьуш бацахь, схьа а хададой, цІера юккъехь дагадо. Иштта, харцпайхамарш церан гІуллакхаша бовзуьйту» (Маттай 7:17-20).

Іийсан чІагІдар кхетарна чолхе а дац, хийцалуш а дац. Бахьана стоьмашца доьзна дац, ткъа диттан Іаламца доьзна ду, иза билггал стоьмашца гучудолуш делахь а. Масала, кулла тІехь дика цІазамаш карийча, вайна цу ораматан стоьмаш юучунна мегаш хилар хаьа. Кхечу агІор, нагахь вайна дІаьвше цІазамаш карийнехь, иза дика колл яц. Дитто луш долу стоьмаш, гуш долу тешалла ду, иза дика хиларан

я юучунна мегаш ца хиларан. Цу кепара Iийсас, стаг билггал бакъволу Iийсана тIаьхьахIоьттинарг хилар, цуьнан дешнашца а доцуш, цуьнан суьпа гарца а доцуш, иза тешачийн гуламашка мел сих-сих леларца а доцуш, амма цуьнан шен леларца билгалдаккха хьоьху вайна! Цуьнан стом муха бу, Пачхьалкхана я шена а, кху дуьненна а тIегулвелла ву те и? Векало Яхьъяс шен дахьийтарехь иштта яздо цунах лаьцна:

> «ХIара дуьне а, цунна чохь мел дерг а ма дезалаш! Нагахь санна цхьаъ хIара дуьне дезаш велахь, стигаларчу Ден безам цуьнца бац. ХIара ду дуьнен чохь мел долу хIума: къилахь болу лаамаш хилар, адамийн цхьана хIуманна бIаьрган хьагам хилар, адамаша шайн долчух а, шаьш динчух а куралла яр. Ткъа стигалахь волчу Дегара дац уьш – кху дуьненара ма ду и дерриге а. Дуьне а, дуьненан лаамаш а дIабевр бу, ткъа Делан лаам кхочушбеш мел волчун хедар доцу дахар ду» (1 Яхьъяс 2:15-17, The Message).

Суна а, Лизина а тоъал дукха хан йиийзира, цунах тхайн бераш тешорхьама. Царна, Iийсана тIаьхьахIиттинчийн школе шаьш лелаш, цаьрца цхьана классехь болу цхьаберш, дай-наношца диллина динан тобанан цIийне а лелаш, шаьш Iийсана тIаьхьахIиттинчарах ду а бохуш, Дала леррина Къобалвинчух терра хилла дIахIуьттучу метта, лакхахь далийначу декъехь яздина ма-хиллара лелаш, го. Классера и бераш, Делан лаамехь дерг кхочушдан лаам хиларал а, цунах там хиларал а, иза карочул а сов, шайн дуьхьа дехаш ду.

Школехь долу вайн берийн хьал, сан дало йиш йолчу, барам боцуш дукха долчу масалех цхьаъ бен дац. И хало доьзалшкахь а, дуьненан гIуллакх деш болчарна а, ур-атталла динан тобанашкахь а, Далла гIуллакх деш болчарна а юкъахь Iитталуш ю. Дуккха болчу тахана шаьш Iийсана тIаьхьахIиттинчех ду бохучара, иза халахетуьйту хIума делахь а, нисса бIостанехьа долчух тоьшалла деш долу, стоьмаш дохьу.

## Гуттара санна долу «хийцадалар»

Ткъа вай хьоьхуш долу Инжил гамдар нисделла, деккъа шен къиношна дохко а ваьлла, Iийса тIе а эцна, шен «Веза Эла» хилар чIагIдеш динчу доIано адам гуттаренна а кIелхьардоккху бохучунна

тӀехь сацам баро. Амма и гӀуллакх дац Ӏийсас хьоьхург. Цо боху: «ХӀора Соьга: „Ва сан Веза Эла“ бохуш волчо Стигалийн Олалла тӀелоцур дац. Цига кхочун верг стигалахь волчу Сан Ден лаам кхочуш а беш, Цунна муьтӀахь хила веза» (Маттай 7:21).

Нагахь вай, Цуьнан дешнашка, цхьа агӀо бен дӀаеллар доцучу, Делан ниӀматах лаьцна болчу динан хьехамашка, книгашка, эшаршка, литтарх чекхдаккхар доцуш ладегӀахьара, вайна, уьш вайн хӀинцлерачу Инжилца догӀуш ца хилар хаалур дара. Цуьнан дешнаш сов дика къаьсташ ду – къилахь волчун доӀанца доӀа а дина, Ӏийса шен Веза Эла ву аьлла волу, муьлхха а гӀур вац стигала. Ткъа нагахь уьш стигала боьлхуш бацахь, хӀета вайна кхул хьалхабогӀучу коьртехь гина махиллара, цхьа аьтто бен ца буьсу.

Хьовсур вай инжилах лаьцна хьехамаш бечун тайпаналлин гӀуллакхдаре. Кхайкхорхочо кхайкхам бо кху темина: «Ӏийса волчу а волий, “декъалалла” схьаэца». Цо боху, Ӏийсас вайна даккхийдер а, машар а, кхиаме хилар а, ирс а, могушалла а, стигалш а, иштта кхин дӀа а дерг лур ду. Сох нийса кхеталаш. Далла баккъалла а вай декъалдан лаьа, амма Ӏийсас цкъа а декъалаллаш, адамаш Шена тӀаьхьахӀиттийтархьама, тӀехьовхург долуш санна, пайда ца эцна.

Шовзткъе пхеа минотехь хилла рекламни акци чекхъяьлча, инжилкхайкхорхочо ладугӀуш болчаьрга шайн кортош охьатаӀор а доьхий, хаттар до цаьрга. Нагахь тховса буьйсанна церан цӀаьххьана балар хилахь, стигалшка гӀур буй те уьш? Цо хӀорра а иракарахӀоттаво, дӀаса а хьажий, шайна аьрру а, аьтту а агӀор хиъна Ӏаш болчаьрга и хаттар ло, олий, тешаре баьхкинчу керлачарна гӀо дархьама. ТӀаккха: «Нагахь хьан лулахочунна “хӀаъ”, аьлла, жоп ца далалахь, цуьнан куьг а лаций, хьалха ваккха иза», боху дешнаш тӀаьхьадогӀу.

Кандидаташ хьалха бовллушехь, «Ша ма-варра», бохучу эшаран кепара йолу эшарш хеза. Кхечу вариацехь уьш залан тӀараш деттаран а, инструментальни даздаре марш аларан а мукъамца хьалха бовлу.

Хьалхадевллачу адамашка кхайкхархочо кортош охьа а бахийтий, гуттара деш долу доӀа юха дар доьху, масала, иштташиг: «Дада, со къера ву, со къилахь верг хиларна, гечдехьа сан къиношна. Тахана ас Ӏийсага

сайн дахаре Веза Эла а, КIелхьардохург а санна вар доьху. Баркалла ду Хьуна, Ахь сох Хьайн бер деш хиларна. Iийсан цIеран дуьхьа, амин».

Зало тIараш детта, мукъам а бу хезаш, тIаккха «керла тIебирзинарш» шайн меттигашка юхабоьрзу «шаьш хьалха махиллара». Шаьш хIинца Iехийна хилар хетар доцург. Шаьш муьтIахь доцуш дахарна тIера дохкодовларх а, Делан лаамехь долчух тасавалархьама, шен лаамаш дIатасарх а, хIинца Дала леррина Къобалвинчун дуьхьа шен дахарх валарх а лаьцна цхьа а дош ца хезира. Цара Iийса шайн «Веза Эла» ву бохуш даре дора, амма даг чохь цхьа а хийцамаш ца хиллера. Iийса дуьххьалдIа церан дахаран дакъа хилла дIахIоьттира.

Амма пурба лойша суна шуьга дIахаийта, паччахьийн Паччахь а, олахойн Веза Эла а цхьаннан дахаре шолгIаниг я ур-атталла дуккха болчу конкуренташна юкъахь хьалхарниг волуш ца вогIу. Иза, вайн даг чохь Шен меттиг я адамца а, я хIуманца а, я гIуллакхца а къийсар доцуш, цхьаъ бен воцу Паччахь санна вогIу. Иза Олахо хила веза: Лаккхара Олахо а, Хьолан да: иза ду, вай кхин вешан дахаран олахой дац бохург.

Шен кхинболу тIехьийзарш дIа а ца тосуш, хьоьца Iийр ю ша, амма хьо шен спискехь хьалхарниг хир ву, бохуш, хаам беш йолчуьнца брак ян воллуш хиларан, сурт хIотталой те шуьга? Дерриг а дуьненал мел воккха ву теша Паччахь? ТIеоьцур дуй те Цо иштта бохуш долу нускал: «Хьо суна безаш болчарех хьалхарниг ву»? Ишттачу хиламехь весетан тергонаш яр дац, цхьаъ хилла дIахIиттар ца хуьлу. Ма тиладалар ду и!

Цу «керла тIебирзинчара» жIарана, церан эгоцентрични дахарх чекх а яьлла, шайна чохь Iийсан керла амал кхоллаяла меттиг паргIатъяккха ца магийна. Цара кхузахь, лаьттахь, гIоли долчу дахаре сатийсар хилар а, стигала даха ваIда а схьаэцна. Тамашийна хIума ду-кх, Iийсана тIаьхьахIиттинарш лаьхкина лелочу дуккха а йолчу пачхьалкхашкахь, адамаш, шаьш шайн дахарх довлуш хилар хуъушшехь, Iийсана тIе догIу. Ткъа вай, малхбузехьарчу юкъараллехь, гIолехь долу дахар а, стигала а схьаэцархьама догIу Цунна тIе. Ткъа вай, уьш санна, вешан дахарх довла дезаш ду.

Таханлерчу заманахь вай кхайкхош болу Хаза Кхаъ бахьанехь цу хьехамна тIаьхьахIиттина болу вайна юкъара дукха нах Iехабелла лелаш бу. И хьехам тIеэцна дукха хан яьлла боцурш, шаьш тIеэцначу керлачу «тешарх» бузий, Iийсан дуьхьа гIуллакх дечарах дIакхета, уьш динан тобанан цIийне а лела, ур-атталла хаза кхаъ кхайкхош лелачарна юкъа а боьлху, шайна и дерриг а цхьа керла а, догъойуш а долу хIума ду аьлла хета дела. Цара иза дусту шаьш цхьана керлачу клубана юкъадахарца я спортехь шаьш керлачу агIор гайта меттиг шайна яларца, я шаьш цхьана керлачу школе эха доладаларца, я шаьш цхьана керлачу балха бахарца. Иза дустало царна дахарехь цхьа керла а, кхинтайпана а долу хIума карорца. Амма билггал Шена тIаьхьахIиттинчу массарна а Iийсас тIедиллинарг кхочуш ца дина цара – Iийсана тIаьхьахIиттинчарна хила хьакъ долчун хьесап а дина, кхоччуш болу сацам бар, Цунна лерина гIуллакх дарх шайн дахар дIадала а кийча хиларца боьзна болу мах дIабала (хь. Лака 14:27-33).

## Дола даккхархьама, дайар

Иза хийцар ду: вай вешан дахар кхоччуш дIадала деза, ткъа цуьнан меттана Цуьнан дахар (амал) схьаэца деза. Iийса хIара вайна тIекхачо цкъа гIиртина ца Iара:

> «ТIаккха, нах а, Шен мурдаш а тIе а кхайкхина, Цо элира цаьрга: «Соьца ван луург, шен „со“ бохург дIа а теттина, шен баланийн мохь тIе а лаьцна, Суна тIаьхьахIотта веза» (Марк 8:34, Шордина гочдар).

Вай даим а Иза дIалаьцна хила деза. КIелхьарвалар – иза дуьхххьалдIа цкъа доIа а дина, тIаккха, хьалха санна ваха веза бохург дац, хIинца, шайна стигалаш ваIда йинчу, “синойн карладовлар хиллачийн” клубе юкъадахар санна долу хIума ду. Iийсас кхин дIа боху: «ХIунда аьлча шен са кIелхьардаккха лууш верг сих вер ву, амма Сан а, Делера болу хазачу кхоан а дуьхьа шен са дIалучо иза кIелхьардоккхур ду» (Марк 8:35). Шординчу гочдарехь и меттиг иштта хезаш ю: «Лаьттахь вехачу хенахь долу шен дахар Сан дуьхьа а, Инжилан дуьхьа а дIаделла волчу хIораммо а шен дахар Iалашдийр ду (иза лакхешкахь

синца долу, Делан Олаллехь гуттара а хир долу дахар ду)».

И биллам боцу хийцар ду; вай, Цуьнан лаамашца лелархьама, вешан дахар доладаккха бакъо ло, ткъа цуьнан метта Цуьнан абаде дахар схьаоьцу. Тахана кхайкхош долчу Инжило, Іийсана тІаьхьахІиттина леларца йоьзначу, оцу чІогІа лараме йолчу агІонна тІехь йоккха акцент ца йо; вайна пайда эцарх дерг бен ца хеза. Ма-дарра аьлча, вай жІаран Іаткъамах лаьцна кхайкхор а ца деш, дендаран сатийсарх лаьцна хьехамаш бо.

И хьал дуста мегар ду, къона стаг телевизорехула армехь хуьлчу контрактни гІуллакхдарх лаьцначу рекламе хьежарца. Цунна, тІе юьйхина дика къовламе флотски форма а йолуш, цІеначу чекх са гучу ангалин басахь йолчу стигалан кІелахь, исбаьхьачу хІордан кеманан борта тІехь лаьтта, шен хенара хир волу, велакъежа къонаха го. Рекламехь дуьненан ерриге а гІаланийн порташ тІехлелха, тІаккха и дерриг а исбаьхьалла атта тІекхочийла долуш санна хета.

Къоначу стага, ваха а воьдий, кхуззахь контрактни гІуллакхдарна куьг таІадо. Шен берриг тидам шена хинболчу пайданна тІе бахийтарна, ур-атталла билламаш бовзарна тІехь къа а ца хьийгира цо. Иза ирсе ву, хІинца цуьнан дуьнене хьажа а, сийлахьчу армин дакъа хилла дІахІотта а, керла доттагІий бовза а аьтто баьлла.

Амма кестта цунна, ша марзвелла ма-хиллара, шен Іуьйранна исс даллалц наб ян бакъо йоцийла хааделира. Иза шен мехала йолу еха месаш дІаларга декхарийлахь ву. Цуьнан юкъараллин меттигашка араволийла дац, иза, баттахь ши де юкъардалар доцург, ерриге а хенахь базехь хила декхарийлахь волу дела. Долччул вон дерг, цу къовламечу расписанино мукъа хан луш ца хилар ду. Ерриге хан хьаштагІаш йиларна а, казарма цІанъярна а, куьйгашца хьалаийаваларна а, кхин йолчу атта йоцчу упражненишна а дІайоьду. Шен мацах шортта хиллачу мукъачу хенах ваьлла волу иза, хІора суьйранна кІадваларца маьнги тІе вужура.

Къона стаг хІетте а сатийсарх вуьзна ву, цунна хууш ма дай, кестта иза хІордан кеманна тІе нислур вуйла. Коьрта хьехарх чекх а волий, иза хІордан кеманна тІе дІавоьду, амма болх оццу сихонехь бан безар

дуьсу, иза хIинца беллабеллачу хIордана тIехь къахьоьгуш хилар доцург. ТIом болало, тIаккха ша куьг таIийна доцчу, тIеман декъашхо хилар нисло цуьнан.

Цо, ша шена цкъа а магадойла доцчу, дахарна кIел сиз хьаькхнера, цул совнаха иза маьхза схьахьедеш дара. ХIаъ, и дерриг а маьхза ду, амма, контрактан берриге билламаш бовзарна хан а ца яйарна, и гIуллакх шена маьршонан меха хир ду бохучуьнга сатесна вацара иза. Ша левина аьлла хетарна, хIинца иза дуккха долчуьнга халахетарца хьоьжу. Иза дика кховдорца Iехийнера, пайда хин болу агIо бен ца гайтарца, цунна шена иза мича меха хир ду бохург хьаха а ца деш.

Вай маьхза болу кIелхьардовларан Хаза Кхаъ кхайкхабора, иза билггал бакъ ду, амма иза тIеэца лууш болчу массара а, шайн маьршонах довла дезарца мах бала безарх лаьцна ца дийцинера. Маьршонах лаьцна аса бохуш, сан дагахь ерг билггала йолу маьршо яц, амма Дала леррина Къобалвинчуьнца уьш ца хиларна, къино бихкина болчу нехан дагахь ерг ю. Уьш, шаьш кхоччуш маьрша хиларх тешна а болуш, леш бу. Иштта хьал «Матрица» фильман сюжетаца дуста мегар ду. Цкъа суьйранна сан воккхаха волчу кIанта хьажархьама схьаэцна фильман верси еанера цIа, тIаккха тхо цуьнга берриге доьзалца хьоьвсира. Суна фильмехь тамашийна параллель гира.

«Матрицехь» тамашийна хаттар ду хIоттийна: «Ма-дарра долуш долу дуьне, гIенах долчу дуьненах муха къасталур ду, нагахь хьо набъечуьра меттавеана вацахь?».

Кху фильмехь ткъоалгIачу бIешерашкахь хилла дахар, хила ма-дезза дIаоьхуш ду аьлла хетало. Дийцар дIадолало ткъе хьалхарчу бIешерашкахь, искусственни хьекъал (дуьххьалдIа Машен олу) кхуллу. Цу Машенаша, адам юха схьадаккха гIерташ долу, лаьтта тIехь олалла дар схьадоккху. ТIеман жамIехь, дуьне хIаллак а хилла, Машенаш толам баьккхинарш хилла буьсу. Царна, шайн хуьлийла, адаман дегIо луш болчу ницкъехула хилар хаало, цундела шайн Iалашонашкахь адамех пайда эцархьама, йоккха моттаргIа кхуллу. Дуьне хIинца а хьалха (ткъоалгIачу бIешарахь) санна, гIеххьа «гуш ду», амма билггал ма-хиллара, адамийн догIмаш йоккхачу «фермехь» камераш чу

доьхкина ду, ткъа церан хьекъал дерриге дуьненан виртуальни долуш долчун, Матрица олучу, компьютерни программех тесна. Ма-дарра аьлча, церан дахарера маьрша хилар баккъалла а дац, уьш леш бу.

Фильман оццу муьрехь, Матрицера араяла хиъна йолу, божарийн а, зударийн а хаьржина тоба гучуйолу, шайн баккъалла а долу цхьатералла кара а дой. Долуш долчу шена чохь дийна хIума доцчу дуьненахь, цара, Сион олу колони кхуллу. Царах цхьаберш юха а Матрице юхабоьрзу, адамаш паргIатдаха, Машенашца тIом бархьама. Латар къиза а ду, дахар а атта дац, амма церан хьашт, харцонехь долчу маьрша дахарал, баккъалла а маьрша хилар ду. Харцачу комфортехь леш хуьлучул, халонашца йолу билггал йолу маьршо гIолехь хета царна.

Кхузахь гучуйолу билггал йолу параллель. Дуккха болу ца теша нах Iийсана тIаьхьахIиттинчаьрга, паргIатонах бевллачу, лешка санна, хьоьжу, оццу хенахь, уьш шаьш маьрша болчуха. Делахь а, билггал бакъдерг стенца ду аьлча, бихкина берш, билггал Дала леррина Къобалвинчуьнца берш а боцуш, ткъа харцонехь бехачу Машенийн леш санна, берш бу. Уьш къинан леш бу.

## Iийсах тешарг хила хала ду

Лоллехь бохкуш Хазачу Кхоах лаьцна цкъа а ца хезнарш я цунах тешар дIатоьттуш берш бен хилла ца Iаш, амма дуккха кху тIаьхьенах болу типични “тIебирзинчарах” берш а бу. Вай ваьш кхоьллина и дилемма, Iийсана тIаьхьахIитина леларан мах бовзийта декхаралла тергал ца дарца. Дуккха болчара шаьш маьрша хилар лору, амма ма-дарра долчуьнца, церан маьршо яц, ткъа церан дахаро иза тIечIагIдо. Iийсас боху:

> «Iийсас царна жоп делира: «Баккъалла а боху Ас шуьга: хIора къа латош верг цу къинан лай ву. Лай шен оьмар хаддалц веха олахочун доьзалехь, ткъа кIант хаддаза доьзалхо хилла вуьсу. Иштта, нагахь Адамийн КIанта шу паргIатдахахь, шу билггал паргIат хир ду» (Яхьъя 8:34-36).

Кху дешнаша диттан стоьмех лаьцна билггал бакъдолчун маЫна юха-юха олу. Нагахь цхьаммо даим а къа летадахь, иза къинан лай ву. Иза кӀант вац, цуьнан амал ца хийцаелла дела. Цуьнан ша маьрша лорийла ду, ша къилахь волчуьнан доӀа дина дела, делахь а цо шен бакъонаш кхоччуш дӀа ца елла Ӏийсан кара. Цунна шен харц маьршо лар а йина, кӀелхьарваларх хуьлу санаш схьаэца лаьа. Иза а, важа а цхьанахеннахь хуьлийла дац!

Хьалха аьлла ма-хиллара, адамаша шайн "лаккхара юха дуьнен чу довлар" даккхийдерца а, дегнаш айадаларца а, даггара а лов, иза цхьа керла а, тайна а дерг долу дела. Амма хьалха я тӀаьхьа, хазачу кхоан дешнашна а, дахаран кепана а тӀехьа къайладаьлла долу, церан хийцалуш доцу васт гучудала долалур ду. Цо ша хӀинца Ӏийсана тӀаьхьахӀиттинчийн гонашкахь гучудохур ду. Цундела ду и тилавалар иштта хала къасталуш. ХӀетте а Керлачу Весето къаьсттина кху Ӏехоран хьокъехь схьахьедо вайга.

ПахӀала яздо: «Хаалахь, тӀаьхьарчу деношкахь хала хенаш хир ю» (2 Тимапига 3:1, ингалс гочдар). Вай тӀаьхьарчу заманахь дехаш ду. Цу тӀехь цхьа а шеко яц. Дерриге а пайхамарийн Дезачу Йозанаша Ӏийса кестта юхавоьрзург хиларх лаьцна боху. ПахӀална хьалхе дуьйна хууш хилла, вайн зама, «Ӏийсана тӀаьхьахӀиттинчарах хилар» бохучу кхетамах хьакхалуш долчуьнца, уггаре а хала мур хирг хилар.

Кхечу гочдаршкахь вайн заманца доьзна кхераме а, ирча а боху дешнаш оьцу. ХӀунда? ПахӀалан дахаран хенаш толлуш, вайна го, цо шена чӀогӀа дуьхьалбовлар лайна хилар. Пхоьазза шед тохар а, ткъе ткъаесназза гӀаж тохар а дина, кхузза цӀулла серий а диттина, цкъа тӀулгаш а диттина цунна, дуккха шераш набахтехь а даьхна цо. Иза миччанхьа вахча а, лаьллина лелорна тӀеӀитталора. Делахь а ПахӀала, Ӏийсана тӀаьхьахӀиттинчарна вайн зама алсамо хала хир ю, боху! ХӀунда? Цо ша жоп ло:

> «Шайн бен ойла ца еш хир ду адамаш. Уьш хир ду сутара, дозаллаш деш, кураллаш еш, вон баганаш лееш, дена а, нанна а муьтӀахь доцуш, баркалла доцуш, дин доцуш. Вовшех къа ца хеташ, къинхетаме боцуш, вовшашна мотт бетташ, сацам боцуш, къизаллех буьзна, дика хӀума бӀаьрга дан ца дезаш хир бу уьш.

Ямартлонаш лелош, шаьш лелочун кІоргга ойла ца еш, даг чу куралла йоьссина, сийсаза лелар Дела везарал алсам дезаш хир бу нах» (2 Тимапига 3:2-4).

Нагахь леррина цуьнан дешнаш теллича, шун хІетте а кхин а, иза цу гІуллакхца хІун ала гІерта, аьлла, хаттар дагадогІийла ду. Цу амалийн список, ПахІалан заманахь даьхначу адамийн амалел оццул чІогІа къасталуш ю те? Цуьнан заманхойн массеран а хилла и башхаллаш. Уьш ша-шен безаш а, ахчанна бІаьрмециг а, харцо йийраш а, къиза а иштта кхин дІа а бу. Ур-атталла Кипас а аьлла ШавуІотан дийнахь: «КІелхьардовлалаш хІокху телхинчу адамех» (Векалийн 2:40). ПахІала, и амалш Іийсана тІаьхьахІиттинчарна уггаре хала хирг хиларан бахьана хилла дІахІоттарна, вайн заманан тІаьхье къаьсттина схьа хІунда къастайо те? Кхин дІа цо кхетадар до: «Дин лелорехь тІехула суьпа лелар бу уьш, амма динан бакъболу ницкъ дІатоттур бу цара. Иштточех къахкалахь» (2 Тимапига 3:5, Шордина гочдар).

Иштта, шуна го, вайн заманахь Іийсана тІаьхьахІоьттинарг хила хала хІунда ду. Дуккха болчара (Керлачу Весетан кхечу дакъошца догІуш) шайх, Іийсана тІаьхьахІиттинарш, лаккхара юха дуьнен чу девлларш я кІелхьардевлларш эр ду, амма ЖІарана церан эго ден магор дац. Іийсана тІаьхьахІиттархьама, шайн ерриге бакъонаш дІатаса сацамаш тІеоьцур бац цара. Иштта долу адамаш, Іийса шайн КІелхьардохург хиларх, даггара тешар ду, амма церан Цунах дІакхетар, Иза мила ву бохучуьнца доьзна а доцуш, ткъа дукхахьолахь Цуьнга шайна лерина далун дерг бахьанехь хир ду. Иза, зуда стаге цуьнан ахча долу дела йоьдуш хуьлчу хьолах, цхьана а тайпана къасталуш дац. Хила тарло, иза безам хиларна маре йоьдуш, амма нийса йоцчу Іалашонаша лелош ю иза. Оццу Іалашонашца адамаша, шаьш кІелхьардовларан дуьхьа а, суьпа болчу нахана юкъахь хилархьама а, кху дахарехь кхиамаш шайн хилийтархьама а, шаьш деллачул тІаьхьа стиглашкахь долчу дахаре кхачийтархьама а, лоьхур ву Иза. Иза шайн КІелхьардохург хиларх даггара теша а тешаш, цара шайн дахарна тІехь контроль яр цкъа а Іийсан кара лур дац.

## Билгалдаьхна дозанаш ца хилар

Кхин а цхьа хало къаьсташ доцчу дозанашца йоьзна ю. Шениг лоьхуш волчу, амма шех синца юха дуьнен чу ваьлларг олуш а, билггал бакъволчу тешаш волчун маттаца къамел деш а, бакъахьара доттагIий болуш а, тешачийн динан гуламех воккхавеш а волчу, амма хийцалуш доцчу Iаламца висинчу, стаге хьовсур вай. Ма-дарра аьлча, иштта стаг – ларамза харцонча ву, тIаккха хало стенца ю аьлча, цуьнан ша-шен Iехавар цамгар санна дIасадаьржа. Билггал бакъволу тешаш верг хила чIогIа хала ду, нагахь стага шен дахар, стигаларчу хила ма-дезза долчуьнца догIуш доцчу, Iийсана тIаьхьахIиттинчийн культурин «гIеххьа долчун» бухенга дуьллуш хилча. ПахIалан заманахь, нагахь стаг тешаш верг хилча, цуьнан дахар хIора сахьтехь кхерамаллехь дара. Ур-атталла хаттар а ца кхоллалора – цо ша Iийсана лерина я ца лерина, аьлла, стага шен дахар къаьстташ дIакхоьхьуш хилла дела. ПахIала кхин дIа боху:

> «Ткъа ахь диний ас диннарг хьехарехь а, вахарехь а, дика хиларехь а, тешарехь а, догдикаллехь а, безамехь а, собарехь а, лаьллина лелорехь а, Антиохехь а, Иконехь а, Листрехь а беанчу баланаш хьегарехь а; ас лаьллина лелораш лайна, тIаккха царех массарех а со Везачу Эло паргIатваьккхина. Вуьшта, Дала леррина къобалвинчу Iийсаца цIена баха лууш берш, берриш а лаьхкина лелош хир бу. ХIилланчаш а, къиза нах а кхин а вон хир бу. Цара нах лебийр бу, ткъа шаьш а лебойтур бу» (2 Тимапига 3:10-13).

ПахIала дерриг а къаьсташ кхетийна. Иза хьоьхуш хилла а ца Iаш, амма цхьаъ бен йоцчу Iалашонца (абадене кхийда дегнаш, кхунах лаьцна къамел хир ду кхин дIа кху книги тIехь) вехаш хилла, цу тIехула Тимапин ПахIалх тешна хуьлийла дара. Бахьана доIанна жоьпаш хилар а, Iаламехь доцу совгIаташ а, деш долу Iаламаташ а, Делан Дош хьеха исбаьхьа корматалла хилар а дацара. ХIан-хIа, цо иза ца гойтура. Цо дахаран кепах лаьцна бохура. Иза къастамаллин фактор хила а хилла, диса а деза.

Цо кхин дIа иштташу дешнашца олу «зуламе нах а, ледийраш а» кхиаме хир бу. Вайна массарна а, зуламечу стагана генахь латтар

гӀолехь дуйла хаьа, делахь а, шайн гар билггал бакъйолчу амалшца йогӀуш боцу ледийраш, уггаре боккха кхерам бу. Оцу наха шаьш Ӏийсана тӀаьхьахӀиттинарш ду олу, тӀехула а царах тера а хуьлу уьш, амма церан дахарехь хийцавалар хуьлуьйтучу ни1матан ницкъ болуш хиларан цхьа а тешалла дац. Тидам белаш, ПахӀала, цара кхинаш лебина а ца Ӏаш, амма шаьш а Ӏехабелла хуьлу уьш, боху.

Иза вайн аллегорехь Ӏехийначун историехь ма-дарра гайтина ду. Къона стаг Энделан школехь жигара дешархо вара, цо ша Ӏийсана лерина а, Цунна тӀаьхьахӀоьттина а ву олура, тӀаккха иза паччахь шеца дика хиларна хьакъ долуш хиларх а даггара тешара. Цо, шен дахарца ша тешаш хиларан тешалла дечу меттана, дукха ницкъ ша Цунна лерина хиларан тешорна бойура. Тилавелла и ша хилла а ца Ӏаш, амма тилабаларехь цунна гонаха берш а хуьлура. Ӏехийнарг вехачу стандарташа, дуккха берш эгарна бахьана хуьлуш гӀуллакх дина, иза дӀавижина Ӏийначу йоӀаршна тӀера дӀа а долийна, шен кхайкхорца Ӏаткъам бинчу, кхечу дуккха болчу студенташца чекх а волуш.

Кхайкхорца, хоттур ду аша? Иза-х хьехархо ма ца хилла. ЭхӀ хӀаъ, кхайкхор бохучу дешана кӀел сан дагахь, вай олуш долчу дешнел чӀогӀа хезаш долу, вайн дахар ду. Шайн дахар Джейлинна лерина болчу, Энделан студенташна, Ӏехийначун чӀогӀачу амална а, дахаран кепана а Ӏаткъаман кӀел ца нисвала вуно хала дара. ЧӀагӀделла доцу адамаш цуьнан Ӏаткъамна кӀел доьлхура.

Цу тӀамах лаьцна вайга ПахӀала аьлла хилла ца Ӏаш, амма Керлачу Весетан кхечу автораша а схьахьедина. ЯхӀуда боху вайга:

> «Хьоменаш! Вайн массеран а кӀелхьардовларх яздан кӀорга лаам боллушехь, шуьга, цкъа массо а ханна Дала Шен нахана делла долу дин чӀагӀдарехьа къийсам латтабе аьлла» (ЯхӀуда 3).

Цуьнан дешнашкахь хезаш долчу, тӀевирззина хиларан тидам белаш. Вайна кӀелхьардовларехула хуьлуш долчу, цу исбаьхьа долчух лаьцна ала лаарца, ЯхӀуда хӀетте а кхин а цхьацца долчух лаьцна яздан дезаш дара. Цуьнан вай тешарна тӀера къийсам барна иракарахӀитто дезна. Иза хӀун къийсам бу? Кхин дӀа цо кхетадо:

«ХӀунда аьлча шуна уллохь хӀилланца нисбелла цхьа Ӏеса нах. Дукха хенахь дуьйна Делан Йозанашкахь дӀаяздина ду, Дала царна кхел йийр ю аьлла. Вайн Делан маьхза долчу диканах лаьцна болу кхаъ харцахьа берзийна цара, шайн маьттаза лелар бакъдархьама. Ткъа цхьаъ бен воцу вайн Хьалдолу а, Веза а Эла, Дала леррина къобалвина Ӏийса, тӀе ца оьцу цара» (ЯхӀуда 4).

Къийсам, шайн цӀена доцу дахар бехказадаккхаран дуьхьа, Делан ниӀмат харцхьадаьккхинчу адамийн Ӏаткъамна дуьхьал латтош бу. Иштта тӀелатарш, динан тобанна дерриге а арахьара деш долчу лаьллина лелорал, алсамо Ӏожалле ду. Уьш, Делан Йозанийн агӀонашна дуьхь-дуьхьал бохучу законел, алсамо кхераме ду, масала, аборташ магор а, школехь эволюцин теори хьехар тӀедиллар а. Церан Ӏаткъам, цхьа-муьлххачу культан я харц динан Ӏаткъамал, дуккха а чӀогӀа бу. Цара гуттаренна а хӀаллакдар дохьу!

Аша, хатта тарло, иза динан тобанарчу адамашна муха ду дог1ийла, ЯхӀудан дешнаш Дала леррина къобалвина Ӏийса дӀатеттинчарна я дӀатесначарна догӀуш ма ду, аьлла. Тахана вайн динан тобанашкахь, иштта лелла волу цхьа а, Ӏийсана тӀаьхьахӀоьттинарг санна, тӀеэцна хуьлийла дацара. Ткъа аша цу заманахь кхечу тайпана хилла хилар стенна лору? Кхин цкъа а леррина деша Дезачу Йозанийн дакъа. И адамаш ца гуш чекхдевлла вайна юкъа. Вайн динан тобанийн гуламашкахь я ЯхӀудан заманан гуламехь, къайлаха а доцуш, ша Дала леррина Къобалвинарг дӀатесна хилар дӀахьединарг, цхьа а ца гуш вуьсийла дацара. ХӀета цара Иза дӀа муха тосу те? Жоп вайна Керлачу Весетан кхечу книги тӀехь карор ду. «Шайна Дела вевза олу цара, амма шаьш лелош дерг бахьана долуш Цунах дӀабоьрзу уьш...» (Тите. 1:16). Цара Иза дешнашца а доцуш, амма шайн дахарца дӀатосу. Дела вовзар дӀа а хьедеш, Ӏийса шайн Веза Эла хилар даре а деш, билггал аьлча, шайн гӀуллакхашца кхоччуш кхиндерг гойту цара. Дагахь латтаделаш, цара кхинаш Ӏехийна а ца Ӏаш, шаьш а Ӏехабо. Кхечу дешнашца, царна доллучу даггара, шаьш Ӏийсана тӀаьхьахӀиттинарш ду моьтту.

# Делан билггал бакъдолу ниӀмат

ЯхӀуда чӀагӀдо, иштачу наха Делан ниӀматан дахьийтар харцхьадохуш хилар. ТӀаьхьарчу заманахь иза чӀогӀа дӀасадаьржина ду, вайн хьехамо цу хӀуманна неӀ дӀайиллина дела. Делан ниӀмат вешан муьтӀахь ца хилар Ӏалашдаран дӀакъовлург хилар хьоьхура вай. Динан тобанехь дуккха болчаьргара хӀара дешнаш хезийла ду: «Суна, со ваха ма-веззара вехаш воцийла хаьа, амма Далла бу хастам, Цуьнан ниӀматна». Иза кхераме Ӏехадалар ду! Дезачу Йозанаша, ниӀмат – иза, билггал бакъдолчо тӀедуьллуш дерг кхочушдархьама, вайна чу нисбина, Делаллин ницкъ хилар хьоьху.

НиӀматах лаьцна дуьххьалдӀа хьакъ доцчу Делан диканах санна хьоьхура. Иза билггал бакъдолу, я эца а, я даккха а йиш йоцу, Делан дика ду. Амма цо вайна муьтӀахь хиларна ницкъ ло. Вайн ма-дарра ниӀмат хиларан тешалла, вайн цӀена дахар ду. Цуьнан Даше ладугӀуш хиларо вайн дахарехь ниӀмат хилар тӀечӀагӀдо! Цу бахьанехь Якъуба боху:

> «Иштта ду тешар а, нагахь цуьнца цхьаьна деш гӀуллакхаш дацахь, иза делла ду.
>
> Амма цхьаммо ала тарло: «Хьан тешар ду, ткъа сан гӀуллакхаш ду». ГӀуллакхашца доцуш долу хьайн тешар гайта суна, ткъа аса гӀуллакхашца долу сайн тешар гойтур ду хьуна. Хьо теша Дела цхьаъ хиларх, иза дика ду. Ур-атталла жинаш а теша Иза хиларх – ткъа уьш кхерарна дегадо!» (Якъуба 2:17-19, Шордина гочдар).

Якъуба вайн хӀинцалерчу хьехаман боккха кхачам бацар гойту. Вай Дезачу Йозанашкара иштта дакъош схьалоьцу «Везачу Эла волчу Ӏийсах теша хьо, – тӀаккха хьо а, хьан цӀеранаш а кӀелхьарбевр бу... » (Векалийн 16:31). Нагахь кӀелхьардовларна Дела хиларх а, тӀаккха Ӏийса – Цуьнан КӀант хиларх а тешаран тоам белахь, хӀета Якъуба бохучуьнца догӀуш шайтӀанаш кӀелхьардаьхна хир ду, уьш теша дела. Иза-х лартӀахь доцург ма ду! Шен ойла къаьстташ тӀекхачорхьама, Якъуба жинаш ур-атталла дегош хилар а хьахадо. Кхечу дешнашца аьлча, шайн тешар ду а бохуш, амма иза ладугӀуш хиларан гӀуллакхашца тӀечӀагӀдеш боцчарел, жинаш Делах алсам кхоьру.

Вай билггал бакъдолуш Дала леррина къобалвинчу Іийсан ниІматца кІелхьардаьхна хилар ма-дарра гойтург, и тІечІагІдеш долу вайн дахар ду. Векало Яхьъяс цундела чІагІдо:

> «Ткъа вайна Дела вевзина хиларан тоьшалла до вайна Цо тІедехкина парзаш вай лардаро. Шена Дела вевза а бохуш, парзаш лардеш воцург харцлуьйш а ву, цуьнца бакъдерг а дац. Ткъа Делан дош лардеш волчунна чохь Делан безам билггал буьззина бу. Вай билггал Делаца хиларан билгало иштта ю: шен Делаца уьйр ю бохург Іийса ма-леллара лела веза» (1 Яхьъяс 2:3-6).

Яхьъяс шалха маьІна доцуш дІахьедо, Дала леррина къобалвина Іийса билггал бакъдолуш вовзаран тешалла, Цуьнан весеташ лардар ду. Іийса вевза бохуш чІагІдеш волу, амма Цуьнан дош лардеш воцу стаг, ша Делан Дош хаар даре деш воллушехь, билггал бакъдолчунна генахь волу харцлуьйриг а, ледийриг а ву. Цундела боху Яхьъяс: «Сан хьоме бераш, шуьга къинош ца летададайтархьама яздо ас хІара кехат. Ткъа нагахь цхьаммо къа латадахь, стигаларчу Дена хьалха лаьтташ волу ГІодийриг ву вайн: Дала леррина къобалвина Іийса – Делан лаамехь Верг. Иза вайн къинош дІадахаран сагІа ду. Ткъа и сагІа, вайн къиношна тІера тоьъна а ца Іаш, дуьнен чуьра массо а адамийн къиношна тІера тоьар ду» (1 Яхьъяс 2:1, 2).

Тидам белаш, цо иштта ца аьлла: «ХІара ас шуьга яздо, къа латорца, шун... ГІодоккхург хилийта». ХІан-хІа, Іалашо хІун ю аьлча, къинош ца летор. Делан ниІматан ницкъ схьаэцарца, вайн Дала леррина Къобалвинчух тера хиларна, тІегІертийла ду («Иза лелаш ма-хиллара, лела»), хІунда аьлча, вай ладугІуш доцчу дегІан тергонах паргІатдевлла. Ткъа нагахь вай къино эшадахь, вайн ГІодоккхург ву.

Тешачун воккхавер доьзна ду, цуьнан хІинца вайн Далла, Цунна тамехь ма-дарра гІуллакх дойла хиларца.

> «Цундела вай, егалур йоцу пачхьалкх тІеоьцу ерш, Далла баркалла олуш хила деза. Баркалла а долуш, Цунна товш йолчу кепара Далла Іамал ян еза вай, ларамах дуьзна а, кхоьруш а долуш» (Іебархошка 12:28).

Кхуьнца ду маыIна. НиIмато Далла тамехь хиларца гIуллакх дан ницкъ ло вайна.

Вай кхоччуш болу Хаза Кхаъ хIунда ца кхайкхабо, ткъа цуьнан ах бен доцуш? ХIаъ, кIелхьарвалар – иза совгIат ду, и эцийла я хьакъ хуьлийла долуш дац. И билггал иштта ду. Делахь а вай, адамашка, иза схьаэцийла хиларан цхьаъ бен боцу аьтто – массо хIума дIа а тесна, Иза шен Олахо хилар даре дарца, шен дахар Цунна ларар дуйла, ала дицдо. ТIаккха, и динчул тIаьхьа, Цуьнан Iаламца догIучу дахарца даха ницкъ хуьлийла ду. Цунах лаьцна Кипас яздина:

> «Дела а, вайн Веза Эла волу Iийса а вовзарехь Делан дика а, синпаргIато а совйолийла шун. Дала тIекхайкхар а, харжар а Iийсагахь болчу Делан ницкъо оьшуш мел дерг делла вайна баккъалла а суьпа дахархьама, хIунда аьлча Шен сийлаллица а, оьздангаллица а вайга Кхайкхийнарг вевза вайна. Ша лур ду аьлла сийлахь а, деза а совгIаташ делла Цо вайна Шен сийлаллехула а, оьздангаллехула а, уьш бахьана долуш, хьарамчу лаамаша дуьнен чохь лелачу талхарна гена а девлла, шу Деле терра хилийтархьама» (2 Кипин 1:2–4).

Тидаме эцалаш, Дала леррина къобалвина Iийса вовзарехула Делан ниIмат вайна кховдийна хилар. Делан Iаламе хьаьжжина, Цуьнан лаамехь долуш вай лелийтархьама, вайна оьшуш мел дерг луш болу Делан ницкъ вайн хилар ду и ниIмат. Цу тайпана Адамехула, дуьнен чу, адамаша, Делан лаамехь доцург лелош, шайн лаамехь дерг дар совдаккхар бахьанехь деанчу, гуттаренна хин долчу даларх мах белла кIелхьардаьхна вай. Шайна чохь кхоллаеллачу Делан амалца дахарна дуьхьал я дашца, я кхин хIума дарца а хамталла ян гIертачу цхьанна а меттиг ма лолаш. ПахIала къаьстташ дIахьедо:

> «ХIунда аьлча массо а адамашна кIелхьардохуш долу Делан дикалла гучуделира. Iесалла а, дуьненан боьха лаамаш а дIа а тесна, собаре а, догцIена а, суьпа а лелаш кху заманчохь даха хьоьху вайна оцу дикалло. Вай иштта лела деза, къобалдинчу сатийсаре ла а дуьйгIуш: иза хир ду сийлахьчу Делан а, вайн

Кlелхьардохург волчу Дала леррина къобалвинчу Іийсан а сийлалла схьадар. Цо вайн дуьхьа Шен дахар дІаделла, вай муьлххачу а зуламех парг1атдахархьама а, Шен долахь долу а, дикачунна т1ег1иртина долу а халкъ ц1андархьама а» (Тите 2:11–15).

Везачу Элан ниІмато вай дерриге а цІена доцу адамийн хьаьйна лаамаш дІатетта а, бакъахьара а, ша юхаозар долчу дахарца даха а Іамадо. Делан ниІмат, вайна шайца лела инструкциш а, корматалла а луш волчу хьехархочух тера ду.

Тидам белаш, вай кху гІуллакхна кхинаш Іамо беза. ПахІала кхин дІа боху: «И дош бакъ ду. Цундела суна а лаьа оцу тІехь хьо латта (даим), Делах тешнарш дика гІуллакхаш дарна тІехь кхиамаш баха гІертийтархьама. Иза дика а ду, адамашна пайден а ду» (Тите 3:8).

Вай вешан дахарехь Делан ниІматан ницкъаца дика гІуллакхаш дан деза. Вешан кІелхьардовлар хилале хьалха вайн иза бацара, Ширачу Весетан эвлаяийн санна долу ниІмат – иза, Дала леррина къобалвинчу Іийсагахула деана долу, Делан совгІат ду. И бахьана долуш боху вайга Іийсас, Ширачу Весетан заманахь, цхьаъ вийна адам, жоьжахатина хьакъ долу, адам дийнарг лору. Делахь а ниІматан кІелахь хьуна кхерам туьйсуш жоьжахатин цІе ю, ур-атталла ахь вешина Іовдал аьллехь а, цхьаъ емалвинехь а, къинтІера вала ца лиънехь я муьлххачу кепара хьагІ ловш велахь а (хь. Маттай 5:21, 22). ХІунда? Вайн хІинца чоьхьара а, тІехулара а Делан Іаламца догІуш, ниІматан ницкъаца даха хьуьнар долу дела.

## Даим тІечІагІдар

Дезачу Йозанийн хьалха догІучу декъехь вайна Делан Дашца даим а цунах лаьцна тІечІагІдар я хьехар дан весет дина ду. Шуна хезний? Суна иза тахана кафедри тІера я тешачийн уьйр хиларехь наггахь хезаш хилар карадо, даим алар а доцуш. Цу бахьанехь вай Делан ниІматца кхочушдина дика гІуллакхаш лараме хиларх дІадирзина. Ма-дарра аьлча, вай вешан болчу ницкъан тешар а, хаар а тоъал ца хиларна, партал биса магийна. НиІмат хуьлуьйтуш долу тешар, вай стенах теша бохург даре дарехула, жигаре долуш диса дезаш ду. ПахІала боху: «Аса доІа до Іийсах тешачаьрца хьан йолу юкъаметтиг

кхин а кхоччуш хилар доьхуш, Дала леррина Къобалвинчун сийдархьама вай дан мегаш мел долу дика хьуна хаа а хууш» (Пхьалмане 6).

Нагахь вай иза даим тӀечӀагӀдеш дацахь, кӀез-кӀезиг билггал бакъдолчух херло вай. Ӏебархошка Дахьийтаран авторо тоъал кхеташ яздина цунах лаьцна:

> «Цундела ваьшна хезначунна къаьсттина чӀогӀа тидам тӀебохуьйтуш хила деза вай, тешарх хера ца довлархьама. Нагахь маликашкахула аьлла дош чӀогӀа а хилча, муьлххачу зуламна а, лацадогӀарна а таӀзар деш а хилча, таӀзарх муха девр ду вай, оццул сийлахьчу кӀелхьардовларх ца дашахь...» (Ӏебархошка 2:1-3).

И тӀечӀагӀдарца а, цунах лаьцна хьехарца а, вайна даим а ваьшна хьалха абаденан лараме агӀонаш го, цу гӀуллакхо вай къинош леторах сецадо.

Суна дагадогӀу, со кӀант волчу хенахь, суна чӀерий лецар безаме хетар. ЧӀерий лецаран гӀуллакхна тӀегулделла долуш, тхуна хинкема даим хино дӀахьуш хилар ца хаалора. Шовзткъе пхи минот дӀаяьлча тхо дӀасахьовсура, тӀаккха тхуна и меттиг ца евзара. Иза, тхан ойланаш кхечу хӀуманаша дӀалаьцна йолу дела хуьлура, ткъа кху хиламехь чӀерий лецаран гӀуллакхо.

Цхьаболчу, хи Ӏожалле кхерамечу чухчарина тӀедоьдучу хи чохь чӀерий лоьцучарна, иштта хьал чӀогӀа гӀайгӀане чекхдолура. Барам боцуш дукха адамаш хӀаллакьхилла чухчаришкахь, церан хинкема уьш чӀерий леца буьйлабеллачу меттера, хино тӀех гена дӀададьхьар бахьана а бен доцуш.

Иза билггал бакъ ду абаденан ларамечу агӀонашца доьзна а. Нагахь Дала, вайга даим а цунах лаьцна хьеха бохуш хилча, вай цу тергонехь чӀогӀа тидаме хила деза. Ваьшна, муьтӀахь хилар долуш, цӀена дахаран кеп дӀакхехьа хьуьнар луш долчу ниӀматан ницкъо луш долу и деза гӀуллакх, билгал хӀунда ца доккху вай?

Суна го, дуьххьарлерчу динан тобано иза деш хилла хилар. Хьалхалерчу динан тобанийн къанойн масех болх теллича, цара вайн

хІинцлерчу хьехамна кхоччуш хийра хеташ, амма Дезачу Йозанашна дуьхь-дуьхьал доцуш дерг хьоьхуш хилар карийра суна. Хьалхарчу масех бІешерийн Динан къаной, кІелхьардовларан тешаллехь гІуллакхаша лараме меттиг дІалоцуш хиларх тешара. Масех масалле хьовсур ду вай.

Цкъа хьалха ас Поликарпан (69-156 шш.) дешнийн цитаташ ялор ю, иза Смирнерчу динан тобанан епископ а, векалан Яхьъян доттагІ а вара. Хенара стаг волчу хенахь, иза, схьа а лаьцна, цІергахь вагийнера. Цо яздора: «Дуккха болчарна цу (кІелхьардовларан) даккхийдерна юкъабаха лаьа, вай гІуллакхашца а доцуш, ткъа ниІматца кІелхьардаьхнийла а хууш». ХІинцлерачу заманахь Хаза Кхаъ дІасабаржош болчарна юкъахь и дешнаш долуш ма-дарра тІеэцна хир дара, вай иза билгалдаккхар, ваьш дика гІуллакхаш дар бахьанехь вай кІелхьардовлуш доцу дела ду. Цо кхин а яздора тешачаьрга: «Иза беллачарна юкъара Денвинчо вай а дендийр ду, нагахь вай Цуьнан лаам кхочушбеш а делахь, Цуьнан весеташца лелаш а делахь, ваьш муьлххачу бакъахьара доцчух лардарца, Цунна дезаш дерг дезаш а делахь». Тахана долчу кхайкхорашкахь сих-сиха хезар дац иштта дешнаш.

Тидам тІебахийталаш «нагахь» бохучу дашна. Вайна, дендалар хилархьама, Цуьнан лаам а, весеташ а кхочушдар тІедожийна ду. Оццунах лаьцна бохура Іийсас а.

Ас, цуьнан дешнаш далон долу, кхин стаг, Климент Римски (30-100) ву, иза, Римехь динан тобанан коьртехь волу, векалийн ПахІалан а, Кипин а белхан накъост хилла. Цо яздора: «Вай шаьш-шайх а, цІена леларца а, я гІуллакхаш дарца а бакъдина дац. Амма, шегахула Хьалдолчо дерриге адамаш бакъ деш долчу тешарехула бакъ дина». ХІара дІахьедар а шуьйрра тІеэцна хир дара таханлерчу Іийсана тІаьхьахІиттинчийн гонашкахь. Амма цо кхин а яздора тешачаьрга: «Вай дика гІуллакхаш дарехь каде хила деза. Цо вайга, Ша хІоранна а цуьнан гІуллакхашка хьаьжжина, хьакъ дерг лун долу, Дела хилар схьахьедо» (хь. Римхошка 2:6-10).

Хила тарло, и бахьана долуш, ша зуьйш волчу хенахь, ПахІала

аьлла: «Цундела, АгӀарипа-паччахь, ас дуьхьало ца йира стигалара сайна хӀоьттинчу бӀарлагӀина. Со кхайкхам бан волавелира цкъа хьалха Дамасакхехь а, Ярушалаймехь а, берриг а ЯхӀуд-махкахь а, юха кхечу къаьмнийн нахана юкъахь а, уьш дохко а бевлла, Далла тӀе берзийтархьама, шайн гӀуллакхашца дохкобовлар цаьрга гайтийтархьама» (Век. 26:19-20). ПахӀала а гӀуллакхийн лараме хиларна тӀе тохар деш хилча, цу тайпана дешнаш цуьнан белхан накъосто Климента аларо вай а цецдаха ца деза.

Александриера (150-200 шш.) Климент цӀе йолчу кхин а цхьана стеган дешнаш дало лаьа суна. Иза Мисарара Александрия гӀалин динан тобанан коьртехь а волуш, керла тӀебирзинчийн школа лелош вара. Тешаш боцчарех лаьцна цо иштта яздора: «Цара дика гӀуллакхаш деш хилла доллушехь, цу гӀуллакхаша уьш беллачул тӀаьхьа цхьа а тайпана пайда бохьур бац, нагахь уьш (тешаш боцурш) тешар долуш ца хиллехь».

ХӀара дӀахьедар а даккхийдерца тӀеоьцур дара Хаза Кхаъ дӀасабаржочу гонашкахь. Хьалха богӀучу кортошкахь вай хӀинца аьллера: лараме дац, тешаш воцчу стага дика гӀуллакхаш мел дийр ду, цаьрга цунна Делан Пачхьалкхе чоьхьавалар далалур дац; вай Делан ниӀматца кӀелхьардаьхна ду. Делахь а, Климента тешачаьрга хӀун яздора, хьовсийша:

> «Билггал бакъдолчунна тӀекхиъначу, дика гӀуллакхаш деш волчу, муьлххачо, совгӀатна абаден дахар схьаоьцур ду... Цхьаберш, Дала ницкъ луш (кӀелхьардовларна) хиларх нийса кхета, амма, кӀелхьардовларна тӀедуьгу гӀуллакхаш дӀогара тергал ца до, цундела шаьш сатуьйсучунна тӀекхиарехь, кхиам ца хуьлу церан».

Шух цхьаболчарна билггал моьттур ду: «Схьахетарехь, цара Керла Весет дешшане а ца дешна». Дешна. Шен «ТӀеэцар тӀедожош долу, тешалла» цӀе йолчу книги тӀехь, Джоша Макдауэлла Климента Александрийскис шен 2400 аьлларг Керлачу Весетан книгашна тӀера схьаэцна хилар гойту. Иза иштта кхечу авторшна а догӀуш ду. Со ала дезаш ву, тахана туьканашкахь юхкучу динах лаьцначу дуккха а йолчу

книгаш тӀехь, Дезачу Йозанех лаьцна дерг чӀогӀа кӀезиг ду бохург. Мадарра лараме долчух лаьцна хьоьхуш ца хилар бахьана долуш, вай цхьана агӀор дӀадуьгийла хиллий те?

## Вайн кхоччуш доцу Инжил

Хала хетахь а, вай Дезачу Йозанийн иштта меттигаш бен ца ялайо: «Ӏийса Веза Эла ву! – бохург хьайн баганца ахь къобалдахь, Дала Иза веллачуьра денвина хиларх хьо даггара тешахь, хьо кӀелхьарваьккхина хир ву» (Римхошка 10:9). Вай нахе, цара цхьа магически доӀа дан бен ца деза, тӀаккха уьш кӀелхьарбаьхна хир бу, олу.

Ткъа Ӏийсан хӀара дешнаш хӀунда ца олу те вай: «Нагахь санна аш Сох „Эла" олуш делахь, тӀаккха аш Ас бохург дан деза» (Лака 6:46). Вайна, «Веза Эла» бохучун Лаккхара Олахо а, Долахо а маьӀна хилар, гина. Иштта, Ӏийсас боху: «Сох Хьолада цӀе ма яккха, нагахь шаьш кхин дӀа а шаьш-шайна хьоладай долуш шу дуьсуш делахь. Сох "Сийлахь Пайхамар" я "Устаз" алар гӀолехь хир ду-кх, шаьш-шайн Ӏеха ца дархьама».

ХӀинца кхин цкъа а, ваьш хӀара къовсар шайна тӀера дӀадолийначу, Ӏийсан дешнашка хьовсур вай: «ХӀора Соьга: „Ва сан Веза Эла" бохуш волчо Стигалийн Олалла тӀелоцур дац...» (Маттай 7:21).

Вай хьалхо аьллера, Дала леррина къобалвинчу Ӏийсах Веза Эла олуш волу муьлхха а кхочур вац стигалшка. Оцу билгалоно кхетадо, деккъа «къилахь волчун доӀа» даро стигалшка кхачарна некъ буьллуш кхачо ца йо бохучух. ТӀаккха сан хаттар кхоллало: «Мила вер ву те Стигаларчу Пачхьалкхана чоьхьа?» Ӏийсас иштачу дешнашца жоп ло: «... Цига кхочун верг стигалахь волчу Сан Ден лаам кхочуш а беш, Цунна муьтӀахь хила веза» (Маттай 7:21).

Тамашийна хӀума ду. Поликарпан дешнашца дош даше гергга догӀуш ду-кх. Ӏийса Веза Эла хилар даре даро бен хилла ца Ӏаш, амма Делан лаам даре баро а, кхочушбаро а далор ду вай стигалшка. Вайга Цуьнан лаам кхочушбалун йолу цхьаъ бен йоцу кеп, иза Цо вайна, ваьш муьтӀахь а дина, вешан дахар дӀа а тесна, Иза вешан Олахо хилар тӀеэцча, луш долчу ниӀматехула ду. Даре дан атта ду, амма

алсамо хала долу дакъа, кхоччуш хьо Іийсан ма-дарра долчу олалле каравалар ду.

ЛадогІийша, ас цунах лаьцна иштта тІевирззина хІунда боху:

> «Дуккха а болчара эр ду Соьга цу дийнахь: „Ва Веза Эла! Хьан цІарах ца бора оха Делера болу хаам? Хьан цІарах дІа ца лелхадора оха жинаш? Хьан цІарах ца бора оха дуккха а тамашийна белхаш?“ Ткъа Аса цаьрга эр ду: „Генадовлал Суна уллора, харц белхаш лелош дерш! Суна шу цкъа а девзаш ца хилла!» (Маттай 7:22, 23).

ДезткъалгІачу шерийн чаккхенгахь Дала суна синан лакхаллера йолу бІарлагІа еллера. Суна шен доза гуш йоцу адамийн йоккха тоба гинера. Иза адамийн хІорд бара. Суна царна юкъахь атеисташ а, къилахь берш а я кхечу диношна тІаьхьахІиттинарш а боцийла хаьара. Мелхо а, уьш берриш а Іийсан олалла тІеэцарца, Цунна тІаьхьахІиттина хилар даре деш бара. И адамаш шайна тІехь Кхелъечу даьхкинера, Іийсас шайга: «Шайн Олахо воккхаверна, Делан Пачхьалкхе чоьхьа довла» – боху дешнаш эр ду бохучух тешна хиларца. Цуьнан метта царна иштта дешнаш хеза: «Генадовлал Суна уллора, харц белхаш лелош дерш! Суна шу цкъа а девзаш ца хилла» (Маттай 7:23).

Суна церан яххьаш тІехь Іадор гора. Сурт хІотталой шуьга, шу, шайн долахь доцчу, кІелхьардовларх тешна хиларан хьолан? Шу, стигалш шайн хиларх тешна долчу хенахь, абаденна жоьжахатин цІерга кхиссаран сурт хІотталой шуна? Хуьлийла иза, аша я шуна динан хьехамаш бинчара абаденах лаьцна к1орггера ойла йина ца хилар бахьанехь, шаьш абаденгахь мел йоккху хан, цунах лаьцна ойла еш, Іазап хьега тарло аша?

Динан гІуллакхдархочо адамашка Іийсас лардала дезарх лаьцна баьхнарг дІаолуш доцу гІуллакхдар бакъдина дуй те?

Вай, позитивни а, пайда болу а меттигаш бен кхайкхийна а ца Іаш, амма кхоччуш долу Делан дахьийтар хІунда кхайкхо деза бохучух кхетий-те шу? ХІаъ, вайна тамехь хета декъалдарш, вай царах лаьцна баха а, марзо эца а деза, амма иза Дезачу Йозанийн весеташ а,

тӀедилларш а цахьахоран чоьтах хила ца деза!

Дагадогӏу, конференцих цхьанхьа ас дӀахьедира, цу билггал бакъдолчух лаьцна айса кхайкхор стенна до: «Кхел ен йолчу Къемат-дийнахь цхьаммо а сайна тӀехтоха ца лаьа суна, билггал бакъдолчух лаьцна аса шайга хӀунда ца дийцинера, аьлла, оцу нехан цӀий сан куьйгаш тӀера охьаоьхуш лаьттачу хенахь» - аьлла.

Кхайкхор чекхдаьлча сихха суна тӀе дог доьхна, ур-атталла оьгӀазвахана волу, динан да тӀе веара. Цо элира: «Хьо тхуна, динан гӀуллакхдархошна, Ширачу Весетан теологи кочайолла муха ваьхьа. Ас кхоччуш Хаза Кхаъ кхайкхийна ца хиларна, сан куьгаш тӀехь адамийн цӀий хир дац». Гуш дара, цунна позитивни меттигаш бен тамехь ца хилар, тӀаккха иза Делан Дешан кхечу агӀонан дакъа кхайкхо юхаозалора.

ТӀаккха ас элира: «Ларамениг, хьажахьа, ПахӀала Эпасехь динан тобанан лидершка дӀахьединчуьнга». Ас сайн карахь долу Делан Йзанаш дӀа а диллина, цуьнга иза дӀадешар дийхира: «Цундела ас тахана дӀахоуьйту шуьга, со жоьпехь хир вац, шух цхьаъ кӀелхьара ца валахь, хӀунда аьлча, шеко а йоцуш, хӀумма а лечкъа а ца деш, ас шуна Делан берриг лаам кхайкхийна» (Векалийн 20:26, 27).

Инзарваьлла, иза соьга хьаьжира, цуьнан бӀаьргаш а, бага а шуьйрра гӀаттийна яра. Цо элира: «Керла Весет массазза дешча а, цкъа а ца гинера суна хӀара». Кхин дӀа тхан доттагӀалле къамел хилира. Вай, хьехамаш бина а ца Ӏаш, амма хӀора стагана, Дала леррина Къобалвинчуьнца хьалакхиъна волуш а хилла дӀахӀотта гӀо дан дезаш а хилар, дӀахьедира (хь. Ковлусихошка 1:28). Стенах лаьцна дӀахьедира? Билггал бакъдолчух дӀа ца верзарх, харцончаша пропаганда еш долчу, шаьш Ӏехийна а ца Ӏаш, амма барам боцуш дукха синош цӀеначу новкъара бохучу, дахьийтаршка шаьш техка ца дайтарх а лаьцна.

ПахӀала тоъал еха хан яьккхира эпасхошца. Цунна уьш даггара безара, иштта Делан Синехула, шена лаьттахь уьш кхин гур боцийла а хаьара. Ойла ейша, уьш шайн бераш долуш санна, шайна хьоме болчаьрга шайн тӀаьххьара олу дешнаш мел леррина хьажош лоьхур дара аша. Цуьнан дешнаш:

> «Сема а, ларлуш а хила. Іуьно Іалашбо бажа санна, Дала Шен Кlентан цlийца яьккхина йолу, Делан Сино шайга елла йолу Іийсах тешачу нехан тоба Іалашъе. Суна хаьа, со шуна юкъара дІавахча, дерачу берзалоша, чу а яьхкина, бажа кхоор бац. Шуна юкъахь а хир бу бакъдерг харцахьададьккхина нах, Іийсан мурдаш шайна тlаьхьа хlитторхьама. Цундела сема хила. Шайна аса кхаа шарахь дийнахь а, буса а хlоранга а бlаьрхица дlахьедина хилар дагахь латтаде» (Векалийн 20:28-31).

Мича кепара харцхьадоккхур ду цара билггал бакъдерг? Хила тарло, дешнашца, амма долччул сиха, леларца. Билгалделаш, ПахІална иза оццул чlогlа хаалуш хиларна, иза кхаа шарахь дийнахь а, буьйсанна а ца соцура цаьрга дlахьедечуьра. Тlаккха юха а, цара даим а цу хlуманех лаьцна дуьйцуш а, тlечlагlдеш а хила дезачунна, тохар дар го вайна.

## Безаман а, нийсонан а Дела

Вайн истори йоьшуш, Іехийначо зийна Іадор а, агони а хаалойла хилла хир ду шун. Шуна Лоун набахтехь ма-дарра дерг хааделла. Шу хебара 130 шо боданехь а, са ца тохалучу йовхонехь а, хlаваъ телхинчу гlутакх чохь а даккха дезаран ойла йича. Хlетте а иза, чот йоцуш дукха болчу божаршна а, зударшна а тlеlитталур долчуьнца дусталур дац, нагахь вай берриге Делан хьехамаш кхайкха ца бахь.

Шуна тешна а дагадогlур ду, Джейлин безам болуш а, нийсо еш а вара. Цо кхел еш, безам гучуболура, Дагонан Іалам а, амал а йолу цхьа а, Аффабель гlалина чоьхьа вала магош ца хиларехь. Нагахь цо магийнехьара, цо гlалина а, цуьнан бахархошна а бохам боккхур бара. Безамо бехке боцурш Іалашбора.

Оццу хенахь, цуьнан нийса хиларо Дагонан амалехь долчу адамашна, церан ладугlуш ца хиларна царна догlу таlзар, Дагонна шена динчу таlзарал кlезиг дар магадойла дацара. И бахьана долуш, Джейлинна шаьш тlаьхьахlиттар ца хаьржина болу берриш, оццу Лоун набахти чу хьажийна хила безара.

Цу тайппанна Делан безамо, иблисан Іалам шеца лелош верг,

Шен абаден гӀали чу валар магадойла дац. Иза, нийсо йолуш хир вацара, нагахь иблисана а, цуьнца цхьаьна болчарна а цӀе яьлла богучу Ӏома чу кхиссаран таӀзар а деш, ткъа иблисан олаллин кӀелахь болчарна догӀучу таӀзар дарх юхаваьлча. Иблисан Ӏалам долу берриш а, абаденна таӀзар дина хир бу цуьнца цхьаьна. Дела ван а ву, хир а ву цхьаьна метта адам дезаш а, нийсо езаш а, тӀаккха Цуьнан сийлалла дерриге лаьттахь девзаш хир ду.

# Дийцаре Дарна Хаттарш

## ДАКЪА 2: КОРТОШ 4, 5

1. ХӀара дакъа деша шаьш дуьйлалуш, абаденан кхелъяр Ӏийсана тӀаьхьахӀиттинчарна бухенга буьллу хьехам хилар леририй-те аша?

2. Дуккха болчу Ӏийсана тӀаьхьахӀиттинчара кхечаьрга жоьжахати билггал йолуш хиларх лаьцна ца дуьйцу, шайх лаьцна, уьш вончух а, емалдарх а буьзна бу аьлла царна моттарх шаьш кхоьру дела. Амма билггал аьлча, цу гӀуллакххех лаьцна дийцар – къахетар гайтар ду. Тешачаьрга (къаьстина я динан тобанехь) и хаттар безамах дузарца муха айалур дара те?

3. Тешаран а, стоьмийн (гӀуллакххийн) а уьйрах лаьцна муха кхетор дара аша? Нагахь кӀелхьардахар совгӀат делахь, вайн гӀуллакхаш вайн тешарца догӀуш хӀунда ду?

4. ПхоьалгӀачу коьртехь вай дийцира, адаман дахарна, цуьнан Ӏийсана тӀаьхьахӀоьттина ваха сацам баро хӀун Ӏаткъам боху хаттар ца хьадеш, ваьш Хазачу Кхоан сатийсарш кхайкхо тӀетайна хиларх лаьцна. Дала леррина Къобалвинчун олаллина муьтӀахь долуш дахар, вай дуьххьалдӀа синна оьшу гӀо схьаоьцучу а, вайгара дахаран кеп хийцар тӀедуьллуш доцчу а дахарал хьоле хӀунда ду?

5. КӀелхьардовларх а, кхелах а, вайн дахаро абаденна бечу Ӏаткъамах а лаьцна шайна девзинчу дерригенах а лаций ойла е. НиӀматан Ӏаламах лаьцна болу пхоьалгӀа корта бешначул тӀаьхьа, цунах лаьцна шун суртхӀоттар муха хийцаделла?

# Дакъа 3

КОРТА 6

# Сийлахь Дlакъастар

*Амма и дерриг а чекхдаллалц лайнарг кlелхьарвоккхур ву.*

– Маттай 24:13

Хlинца вай, Ийзалучун а, Шалха Дахаран а исторехь дlаделлалучу билггал бакъдолчунна тlедаьхкина. Цхьана муьрехь уьш билггал бакъдолуш Джейлинна тlаьхьахlиттина лелара, амма кхиндlа и шиъ цуьнан некъашна тlера дlадирзира, даим а гlайгlанечу чаккхене герга а догlуш.

## «Еша, ваьш тешачух лаьцна» я «Теша, ваьш йоьшучух»

Суна, вай кху коьртехь дуьйцун долу билггал бакъдерш, цхьаболчу Хаза Кхаъ кхайкхочу гонашкахь къийсаме хилар карийна, делахь а Деза Йозанаш леррина теллинчул тlаьхьа, къийсамаш дlабовлу. Иштта, Делан Йозанаша Ийзалург а, Шалха Дахар а санна долчу адамех лаьцна хlун боху талла вай дуьйладалале хьалха, ас кхин дlа дlаделладеллачу дагца а, хьекъалца а ешар доьху шуьга.

Делан лаам бовзарна тlехь йоккха дуьхьало хуьлу, кху тlе далош долчу Делан Йозанаш дешарх: адамаша шаьш тешачух лаьцна йоьшу, шаьш йоьшучух лаьцна тешачу меттана. Билггал бакъдерг кхоьлинчу куьзганах чекх гар хоржучу хенахь, вай ваьш тешаш долчух дерг доьшу. Иштта даьржина хилар, кхечаьргара а, вайн динаминацийн хьехаршкара а доладаькkхинчу нийсадоцчу хаарх я Дела муха ву а, Цуьнан некъаш муха ду а бохучух ша-шегара сурт хlотторца доьзна

ду, иза чIогIа кхераме ду, цо вай тиладаларе даладойла долу дела. Цуьнан масалла вайна Аюбан тептар тIехь карадо.

Дукха хан йоццуш, Делан Йозанаш деша воллуш, со уьш дIадиллина валале хьалха, суна Дезачу Сино сайга олуш хезира: «Аюбан тептар дIа а деллий, ткъе шийтталгIачу коьрта тIера дIаеша волало». Ас сихха и меттиг дIайиллира, суна цигахь ЭлихIун къамел долалуш хилар гира.

Лайначу бохамал тIаьхьа, лазар а, эшамаш а хиларна тIехула, Аюбан Делан некъех кхеташ хилар мелла телхаш дара. ХIинца иза Деле, Цуьнан хьекъалалла лоьхучу метта, ша ловш долчух чекх хьожура (хь. Якъуба 1:2-8). Хан яьлча цуьнан ойланаш яр ша-шен бакъварехьа агIор йирзира. Аюбан, хьалхарчу кортошкахь къамелаш дина волу, кхо доттагIа, шаьш Iемина динан Iилманхо вара, тIаккха, уьш шайн тилабаларца, Аюбан бохамаш шайна гучу агIор кхето гIертара. Цу гIуллакхо и хьал кхин тIе а галдаьккхира. Аюбан керчаш йолу ойланаш харцъян хьуьнар шайн ца кхачарна, цара емалвира иза.

Уггаре къона волу, ЭлихIу, Аюбан кхаа доттагIчо, Делан хьекъалалле дешнашца аьллачуьнга вехха ладоьгIуш а Iийна, тIаккха эххар а шен вистхуьлийла хилча, элира: «Ас собарца ладуьйгIира шун къамелашка, леррина ладуьйгIира шун хьекъалечу дешнашка, шаьш ала дезарг аша лоьхучу хенахь. Дикка хьоьжуш вара со шуьга, амма шух цхьаммо а Аюб къар а ца вира, цо аьллачунна дуьхьал жоп а ца делира. Аша баха ца оьшу: „Аюбана чохь хьекъалалла карийна тхуна“. Аюб къарвийриг Дела хир ву, адам хир дац» (Аюб 32:11-13).

ЭлихIу и кхо доттагI Iораваккхва волало: «Дала деш дерг ахь дIатоттучу хенахь хьуна таIзар ца деш Иза Iийр ву моьтту хьуна? Хьо ву сацам бан безарг, со вац. Ала хIинца хьайна хууш дерг» (Аюб 34:33). ЭхI, ма нийса эли цо, тахана дуккха болчара, нисдолуьйтучу гIалатах лаьцна. Иза динан тобанехь нийса йоцчу теологин коьртачу орамех цхьаъ бу: Делан Даше билггал бакъдерг дIахIотто магадечу метта, вай, Делан Дашах кхетор ваьш ловш долчуьнгахула а, вайн зедаларехула *а* кхетор магадо!

ЭлихIус адамийн ойла ярца я, теологица догIуш, хиламийн

тӀеӀаткъаман кӀел кхолладелчу хьелашца, Дела мила хиларх лаьцна, ца дуьйцура. Билггал бакъдерг харцхьа ца доккхуш, цо цӀена Делан Дош кхайкхадора. Цуьнан къамел чекхдолуш вай доьшу:

> «ЭлихӀу вистхилла ваьлча, дарца юккъера Аюбе вистхилира Веза Эла. «Сан Ӏалашонаш хьекъале доцучу дешнашца кхулуьйтуш верг мила ву? ДӀаехка хьайн гӀодаюкъ, къонахчо ма-еххкара: Со хьоьга хаттарш дан воллу, ткъа ахьа Суна жоп ло» (Аюб 38:1-3).

Делан Йозанийн Шординчу гочдарехь хӀара меттиг иштта хезаш ю: «Хаар а доцуш дешнашца хьекъалалла кхоьлина дийриг мила ву?» Билггал хӀара хуьлу, вай Делан Дош вешан зедаларехула а, хийрачийн ойланашкахула я бӀатиларехула а луьттучу хенахь. Вай Цуьнан хьекъалалла кхоьлина до, ваьш Ӏаткъам бечу адамийн цунна тӀе кхуьийла дӀа а доккхуш. Ма-дарра аьлча вай хьекъалалла, цунна тӀекхиа лууш волчух къайладоккху. Цундела дарвеллера Дела Аюбана а, цуьнан доттагӀашна а, тӀаккха тахана а оьгӀазоьху Иза, Цуьнан некъаш харцхьадохучу хенахь. Вай адамаш билггал бакъдерг довзарх сецадо! ТӀаккха беа коьртан бохалла Везачу Эло Шен дош дӀадоьллу Аюбана. Иза аьлла ваьлча, Аюба холчухӀоттарца олу:

> «Хаьа суна Хьоьга массо а хӀума далой тӀаккха, Хьан нигат а сацадойла дац. Мила ву хӀара, Хиндерг гар кхоьлина деш, цхьана а хӀуманах кхеташ а воцуш? Иштта, аса суо ца кхеташ дерг дийцина, сайна тамашийна долчу гӀуллакхех лаьцна, сайна девзаш ца хиллачух. ЛадогӀахьа, [доьхура ас] со вистхир вара-кх, тӀаккха ас Хьайга хоьттун долчух кхетавехьа со. Суна Хьох лаьцна хьалха дуьйцуш хезнера, ткъа хӀинца сайн бӀаьргашца гина Хьо суна. ХӀинца со айса аьллачунна дохковаьлла, цундела ченашна а, овкъаршна юккъе а хиъна Ӏаш ву» (Аюб 42:2-6).

Билгалделаш, Аюба боху: «Хьалха суна сайга кхечара дуьйцуш дерг бен ца хаьара, ткъа хӀинца суна Хьо сайн бӀаьргашца гина». Цу дешнашкахь доккха билггал бакъдерг ду. Дезачу Йозанаша чӀагӀдо, вай Цуьнга хьоьжучу хенахь, сийлаллера сийлалле хийцало (2 Коринтхошка 3:18), ткъа Цуьнах лаьцна дуьйцучу

хенахь а доцуш. Иза Делан дийна Дош ду, тӀаккха Иза гар, Иза вовзар а, Цуьнан некъаш довзар а ду.

И ду и дӀаделладеллачу билггал бакъдолчо адамна ган магош дерг. Вайна Делан Дош хеза, амма хийцамаш, вайна чохь серло хиллалц, ца хуьлу. Вайн даг чу Делан Дешан кхетам чоьхьабаьлча, вай олу: «Суна го, го». Ишттачу муьрашкахь вай серла а дуьйлу, хийца а ло, Цунах тера хиларна герга а доьлхуш.

Цу синан чуьра схьаболчу лаамо ПахӀална чохь доӀанаш дан болу лаам кхуллу: «сайн доӀанашкахь, шу дага а лоьцуш, саццаза шуна тӀера Далла баркаллаш боху аса. Вайн Веза Эла волчу а, Ша леррина къобалвинчу а Ӏийсан Дала, сийлаллин Дас, Шех дерг кӀоргге хаийта шуна хьекъалаллин а, довзийтаран а Са лойла. Шун дегнашна тӀера пардо дӀадоккхийла Цо, шу тӀекхайкхина долу сатийсар а, Шен нахана лур ду аьлла долчун хьал муха ду а, Шех тешаш долчу вайна чохь лела барам боцу боккха ницкъ бохург хӀун ду а шуна хаийтархьама...» (Эпасхошка 1:16-18). ХӀинца Аюб хьалха цкъа а ца хилча санна, серлаваьлла вара, бохам балале хьалха а иза цӀена вехаш хилла воллушехь. ХӀинца Цунна Дела ма-варра вевзинера.

Аюбаца къамел дина ваьлча, Дела, Аюбан доттагӀех цхьаъ волчу Элипазе вистхуьлу кху дешнашца: «Со хьуна а, шина доттагӀчунна а чӀогӀа оьгӀазвахана, аша Сох лаьцна Сан ялхо волчу Аюба санна нийса дерг ца аьлла дела» (Аюб 42:7).

Везачу Эло тидаме хиларца терго йо, вай Цуьнан а, Цуьнан некъийн а харц суьрташ хӀитторан. Цу гӀуллакхо хьекъалалла кхоьлина хуьлуьйту, Цуьнан нийса хилар харцхьадоккху. И бахьана долуш со чӀогӀа цецвуьйлу, адамаша, дерриге а Дезачу Йозанийн хьекъалалло тӀечӀагӀйина йоцу, доктринаш кхайкхорах. ОхӀ, ма кхераме ду иза! Вайна билггал бакъдерг хуийла муха ду, нагахь вай цо Ӏамийна а, нисдина а хила лууш ца хилча?

Аюбан книга ешна ваьллачул тӀаьхьа Везачу Эло соьга кхин а, дуккха а хаттаршна жоьпаш делла долу, цхьацца хӀума элира. Цо элира: «КӀант, Аюба а, цуьнан доттагӀаша а Сох лаьцна нийса ца дуьйцучу хенахь, Со вист ца хуьлуш Ӏаш хилар, хааделирий- те хьуна?

Аса, царах цхьаъ билггал бакъдерг дуьйцуш дӀахӀотталц, Сайн цигахь хилар ца гойтура!»

Дала сайн даг чохь аьллачу дешнех цецваьлла, со царах лаьцна ойла ян хӀоьттира. ТӀаккха суна юха а хезира Иза: «Цу бахьанина дуккха долчу адамаша а, динан тобанаша а, дийнначу деноминациша а Сан а, церан дахарш хуьйцуш болу, ницкъ а цигахь хилар ца лов. Цара Сан цӀена дош а доцуш, ткъа шайн литтина долу, Аюбан а, цуьнан накъостийн а долчух цхьана а хӀуманца къасталуш доцу, кхетораш кхайкхадо. Цара Сан хьекъалалла шайн маьӀна доцчу дешнашца кхоьлина до».

Нагахь вай билггал долу Дела юххехь хилар а, Цуьнан ницкъ бовзар а вайн хила лууш вай делахь, вай билггал бакъдерг леха деза, иза харцхьа ца доккхуш. Цундела, кхин дӀа Делан кхелъяриййн хьокъехь Деза Йозанаш Ӏамош, Делах лаьцначу бӀатиларшка а, гӀалатечу теологина а, шун шайн зедаларшка я хьелашка а, Цо хӀинцале къаьсташ динарг, харцхьадаккхар ма магаде. Цуьнан метта Иза дӀаделладеллачу Делан Дашехь леха, шаьш Цуьнан некъашкахь серладевлла хилийтархьама.

## Декъалаллашна тӀаьхьадевлла лелар

Юха а, хьалхабогӀучу коьртехь далийначу, Шалхачу Дахаран кхолламах лаьцначу, Ӏийсан дешнашна тӀе юхадоьрзур ду вай:

> «Дуккха а болчара эр ду Соьга цу дийнахь: „Ва Веза Эла! Хьан цӀарах ца бора оха Делера болу хаам? Хьан цӀарах дӀа ца лелхадора оха жинаш? Хьан цӀарах ца бора оха дуккха а тамашийна белхаш?“ Ткъа Аса цаьрга эр ду: „Генадовлал Суна уллора, харц белхаш лелош дерш! Суна шу цкъа а девзаш ца хилла!» (Маттай 7:22, 23).

Грекахойн маттара «Ӏедална дуьхьал дерг» (аномиа) боху дош, Ӏедало тӀедуьллучунна я Делан (лаамна) дуьхьало яр бохург ду.

Ӏедална дуьхьал дерг бохучу дешнашна хьалха дийраш боху дош даладо Ӏийсас (шайн дахарехь цу адамаша лелориг) гойтуш долу. Иза доьзна дац хӀинцца тешар тӀеэцначу, шен къинойх паргӀатваларна

тӀехь къахьоьгуш тӀом беш волчу, ша муьтӀахь ца хиларна реза воцучу, я кест-кеста вожар хуьлучу стагах лаьцна. Мелхо а, кхузахь вуьйцург Делан лаамехь долчунна дуьхьало еш, Далла муьтӀахь болчех кхардар долуш вехаш волу стаг ву. Иза тиладелла лелачу, масала, Ӏехийнарг я Шалха Дахар дерг санна, долчу адамашна догӀуш ду. Цу тайпана долчу дуккха долчу адамашка а хьаьжна, Ӏийсас кхел йийр ю царна, азаллехь цкъа а чекхдер доцучу дахаран церан синошна кхайкхийна неӀалт даима а церан дегнаш чохь а латтош.

Хьовсур вай кӀорггера тидаме оьцуш, Дезачу Йозанийн кху декъехь Ӏийса хьаьнга вистхуьлу бохург. Делан Пачхьалкхе тӀеоьцун доцчу адамийн дакъа, уьш Ӏийсан цӀеран дуьхьа жинаш дӀалоьхкуш хилларш хир бу. Уьш муьлш бу? Хуьлийла дуй те, уьш, жинаш дӀалехкархьама Ӏийсан цӀерах пайда оьцуш болу божарий а, зударий а хилар, Веза Эла волчу Ӏийсаца кхин цхьа а тайпана шайн уьйр йоцушшехь? Цу хаттарна жоп карорхьама, вай Векалийн гӀуллакххаш цӀе йолчу тептар тӀе хьовса деза.

> «ГӀалара гӀала а боьлхуш, нахана чуьра жинаш арадохуш лелаш болу цхьаболу жуьгтий, цомгушчу нахана тӀехӀиттича, Везачу Элан Ӏийсан цӀе йоккхуш хуьлура: «ПахӀала Шех лаьцна дуьйцучу Ӏийсан дуьхьа арадала цу стагана чуьра», – олий. Изза дора жуьгтийн динан коьртачу ден Сакхавин борхӀ кӀанта а. Амма цкъа жино элира цаьрга: «Ас Ӏийса а къобалво, ПахӀал а вевза суна, ткъа шу муьлш ду?» – аьлла. И жин шена чохь долу стаг вежарех летира. Етта а йиттина, церан хӀуманаш, этӀош, дӀа а кхийсина, царна тӀехь толам баьккхира цо. Берзина, чевнаш йина а болуш, цу цӀа чуьра аралилхира вежарий» (Векалийн 19:13-16).

Цу экзорцистийн ницкъ кхочу гӀуллакх дацара Ӏийсан цӀеран дуьхьа жинаш арадахар! ХӀара ду билггал бакъдерг: жинаш арадахархьама деккъа стеган цӀерах пайда эцарх тоам ца хуьлу, адаман и цӀе лелош Волчуьнца юкъаметтигаш хила еза. Стаг Ӏийсана тӀаьхьахӀоьттинарг а, ялхо а хила веза.

ХӀинца аша, иштта ойла йина хила тарло: «Амма Ӏийсас аьлла, уьш цкъа а бевзина бац Шена, тӀаккха цаьрга Цуьнан цӀеран дуьхьа жинаш

ара а муха дахаделла, Іаламаташ а муха даделла? И муха хуьлийла ду?»

КІелхьардовларан дуьхьа, шайна са яларан хьогалло лелош, Іийсах схьакхетта дуккха адамаш ду. Делан ницкъ а, декъалаллаш а бен лууш боцчу царна, Цуьнан дог цкъа а ца девзина. ПахІала ишттачу адамех лардалар доьху: «… Хьекъалх телхинчу нахана юкъахь хуьлу и къийсарш. Билггал бакъдолчунна гена бу уьш. Динах шайна цхьа са ер ю моьтту царна» (1 Тимапига 6:5).

Цара Іийса шайна са хиларан дуьхьа лоьхура, цундела церан гІуллакхдар пайда хиларо лелош дара, безамо а доцуш. Іийсана уьш бевзар бац, вай доьшуш ма-хиллара: «Ткъа цхьанна Дела везаш велахь, иза Далла вевзина» (1 Коринтхошка 8:3).

Иза Далла вевза. Вевза бохучу дешан цхьаъ дуьххьалдІа вевза боху маьІна хилла ца Іа, Далла массарех лаьцна дерриг а хаьа дела; Иза массо а хІума хуург ву! Кху дашо шеца уллора хиларан маьІна гойту. Делан Йозанийн Шординчу гочдарехь иштта аьлла ду: «Нагахь цхьанна Дела билггал везаш велахь (сий дарца а, сихонца ладугІуш хиларца а, баркалле хиларца Цуьнан декъалаллех кхетарца а), иза Далла вевза (Цо иза Шеца уллора а, безаме а хила хьакъ долуш хиларца тІеоьцу, тІаккха важа Цуьнан а хуьлу)».

Іийсас Къемат-дийнахь дуккха халкъашка боху: «Суна шу цкъа а ца девзина». Иштта, Дела ца везарш (иза Цуьнга сихха муьтІахь хилар а, кІеда-мерза а, сий дар а, баркалле хилар а церан ца хиларна гучубовлу) Дена я Іийсана юххера уьйр хиларехь бевзина бац, уьш Цуьнгара кІелхьардовларе сатуьйсуш хиллехь а. Іийса везар – иза Цуьнан дуьхьа шен дахар дІадалар бохург ду. Хьо кхин хьайн дуьхьа а ца вехаш, Цуьнан дуьхьа веха.

ЯхІуд ву иштта масал. Цо шен дахар Іийсаца дихкинера. ТІехула хьаьжча дерригено а цунна Дела везар гойтура, цуьнан тоьшалла дора, иза Іийсана тІаьхьахІоьттина леларан доккхачу сагІано. ЯхІуда дерриг хІума а дІатеснера, Далла гІуллакхдаран тобанах дІа а кхетта, Олахочуьнца цхьана новкъахула а лелаш, ур-атталла лаьхкина лелочу хенахь а Цуьнца вуьсура иза, тобанан бисинчу декъашхоша Иза дІатесча а, иза дІа ца вахара (хь. Яхьъя 6:66). Цо жинаш а лоьхкура,

цомгушнаш то а бора, Хаза Кхаъ а кхайкхабора (Лака 9:1).

Делахь а юьхьенца дуьйна ЯхIудан ойланаш нийса яцара. Иза цкъа а шена чохь йоллучу ша-шен везаран Iалашо шен хиларх дохко ца велира. Цуьнан ма-дарра хилар ишттачу дешнашкахь дIаделлалора: «Суна хIун лур ю аша, аса Иза шайна...» (Маттай 26:15). Цо шена пайда хиларан дуьхьа харцдерг а дуьйцура, хьеста а лора иза (хь. Маттай 26:25), Iийсан хазни чуьра шен хьашташна ахча а лечкъадора (хь. Аюб 12:4-6). И список кхин дIа а яхйойла дара. ЯхIудана Веза Эла цкъа а уллора ца вевзара, цо Цуьнца кхоъ ах шо даьккхина доллушехь. Цундела Iийсас цунах лаьцна аьлла: «Шу шийтта хаьржина вацара Ас? Амма шуна юкъара цхьаъ иблис ду. Цо и элира ШамIа-Искархочун кIантах ЯхIудах лаьцна. ХIунда аьлча шийттаннах цхьаъ воллушехь, цо тIаьхьо тешнабехк бийр болуш бара Iийсана» (Яхьъя 6:70-71).

ЯхIудах тера догIуш, дуккха адамаш ду, цара динан гIуллакхдарна даккхий сагIанаш а доху, жинаш а дIалоьхку, цомгушнаш а тобо, Хаза Кхаъ а кхайкхабо, Цо синош кIелхьардахарх а теша уьш, амма царна Iийса уллора ца вевза, хIунда аьлча дерриге а цара деш долу гIуллакхаш Дела везаро леладойтуш дац, ткъа шайна хин болчу пайданна тIаьхьабевлла леларо дойтуш ду. И гайтинарг тIехдика догIуш ду вайн истори тIерачу Шалха Дахарна. Иза Джейлинна тIаьхьахIоьттина лелара, шена делла долу Iаткъам бар а, ницкъ а беза дела. Юьхьенца дуьйна цуьнан Iалашо Джейлине болу безам бацара.

Ишттачу адамашка ладоьгIуш кхелъяр а, таIзар дар а ду. ЯхIудах лаьцна Iийсас аьлла: «Цунна дуьнен чу ца валар гIоле яра!» (Маттай 26:24). Цо, Делан цIе а йохуш, адамашна Iаткъам баран а, шайна са яларан а дуьхьа, Далла гIуллакхдеш болчу, динан лидершка боху: «Къа ду шун, Iелам нах а, парушхой а, шалхалла шайца йолуш долу! Адамашна Стигалийн Олалла тIелаца боьду некъ дIакъевлина аша. Шаьш а ца доьлху шу цу некъахула, ткъа кхечу нахана а дуьхьал ду шу цу некъахула уьш бахийта» (Маттай 23:14). И божарий а, зударий а, Шалха Дахар санна, жоьжахатин уггаре а боданечу а, Iазапечу а декъехь нислур бу.

## КIелхьарвалар дайар

Дерриг а лакхахь аьлларг исбаьхьа догIуш ду Шалха Дахаран вастана. Ткъа Ийзалучун хьокъехь дерг муха ду те? Цуьнан ма-дарра аьлча Джейлинаца юкъаметтигаш яра, амма иза чекхъяллалц дIа хIунда ца яхаелла? Цунах лаьцна а бохий те Дезачу Йозанашкахь? ДIадолор вай пайхамар волчу Яхьазкхиалан тIера:

> «Амма нагахь санна бакъахьа лелаш верг ша дIахьочу некъа тIера валахь, иза вонаш дан волалахь, зуламхочо ма-леллора, вехар вуй ткъа иза? Цо мел дина дика лорур дац. Суна тешаме ца хиларна а, ша къинош леторна а, и стаг лийр ву» (Яхьазкхиал 18:24).

Хьалхара а, уггаре коьрта а ду: Дала бакъахьарчу стагах лаьцна боху, ткъа ша, иштта а воцуш, бакъахьара ву моьттучух а доцуш. Цхьа а шеко йоцуш, иштта стаг, хьалха вай шех лаьцна къамел дина волу, тилавелларг я ледийриг вац.

Дала бакъахьараллах лаьцна дагадоуьйтур дац боху. Цунна цунах лаьцна, иза цкъа а ца хиллача санна, дицло. Дала вайн къинош дицдо бохучу хенахь, Цуьнан дагахь ду, Цо уьш малхбале малхбузенна гена йолччул генадоху, тIаккха уьш диццдаран хIорда чу кхуьссу. Цо Ша чIагIдо: «Цаьргара даьллачу вочунна Со къинхетаме хир ву, церан къинош кхин дагадоуьйтур дац Аса» (Iебархошка 8:12). Вай Iийса вешан Веза Эла хилар тIеоьцучу хенахь, Далла вайн къинош дицло. Иблис вай бехке дан гIерта, амма Дала Шена царах лаьцна кхин дагадогIур дац боху.

Цо вай цкъа а къинош ца летийнача санна ойла йо. ХIета, юханехьа дерг а билггал бакъ ду. Нагахь Дала стеган бакъахьараллах лаьцна дагадоуьйтур дац бахахь, Цуьнан дагахь ду, Ша диццдийр ду, цкъа мацах иза вевзаш хилар, цуьнца йолу юкъаметтиг къино хIаллакйина хилла дела.

Леррина хьовсур вай, Дезачу Йозанаша, даим а шен кIелхьалваларх генаволучу, тешаш волчу стеган хьокъехь хIун боху. Векало Якъуба яздо:

> «Вежарий, нагахь шух бакъдолчун новкъара ваьлларг цхьаммо нисвахь, цунна дIахаийла, харц новкъара къа латийнарг нийсачу новкъа ваьккхинчо лечуьра са кIелхьар а доккхур ду, дуккха а къинош дIа а къовлур ду» (Якъуба 5:19, 20).

Тидам тIебахийта дезаш долу хьалхарниг, хIара дешнаш ду: «Вежарий, нагахь шух…». Якъуба дуьххьалдIа ша Iийсана тIаьхьахIиттинчарах лоруш волчух лаьцна ца боху. Цо билггал бакъдолчух дIавирзинчу тешаш волчух лаьцна боху. Дезачу Йозанийн кху декъехь ишттачу динан вешех къилахь верг аьлла ду. Цуьнан, иза кхин кIелхьарвалар доцуш ву боху маьIна дац, амма иза даим а къилахь вехаш ву, иза муьтIахь хиларна тIе юхаверза веза бохург ду. Якъуба къаьстташ дIахьедо: нагахь стаг харц некъахула кхин дIа а водахь, Далла тIе а ца воьрзуш (дохко ца валахь), синна кхоччуш йолу Iожалла тIейогIур ю цунна(синах валар). Кицанашкахь цунна тIечIагIдар ду: «Хьекъал долчун некъа тIехь тилавелларг, беллачеран дуьнен чохь соцур ву» (Кицанаш 21:16).

Кицанаша, Якъубан дешнаш тIечIагIдо, Делан некъара а ваьлла, бакъахьаралле юхаверза ца луучу стагах хиндерг дIадоьллуш, – беллачийн гуламна юкъахь вахар, иза жоьжахатехь, ткъа тIаьхьа цIе яьлла богучу Iома чохь бохург ду.

## Дахаран Тептар

Керлачу Весетехь Дахаран Тептар бархIазза хьахош ду. ПахIала а, Яхьъяс а вайна, Iийсаца абаде хан йоккхун ерш, берриш а цу тептар тIехь дIаязбина хилар гайтина. Вайн цIераш цу тIе лаккхара дуьнен чу девллачу муьрехь дIаязъеш ю.

Дагадаийта шайна боьалгIачу коьртера Ефросинин тоьшалла. Къоначу йоIа шен дахар Iийсана дIаделча, Дела волчу Дас цуьнан цIе Дахаран Тептар тIе дIаязйира, иштта а олуш: «Диканца йогIийла доьзале!». ПахIала динан вежарех цхьаьнга яздо: «Иштта хьоьга а, сан тешаме волу СезагIа, гIо дар доьху аса оцу зударшна. Хаза кхаъ баржош, аса бинчу балха тIехь Кала-Ментица а, кхиболчу сан накъосташца а дакъалаьцнера цара. Церан цIераш дахаран тептар тIе дIаязйина ю» (Пилапхошка 4:3).

БӀостанехьа дерг а билггал бакъ ду: Дахаран Тептар тӀе дӀаязбина боцу берриш а, байна бу. ЛадогӀийша, Довзийтинарг цӀе йолчу тептаро хӀун чӀагӀдо: «Дахаран тептар тӀе дӀаязвина мел воцург цӀе яьлла богучу Ӏам чу тесира» (Довзийтинарг 20:15).

Яхьъяс доккхачу маьӀница боху вайга, Делан абаде гӀала чу битина хир бу «Ӏахарехь долчу дахаран тептар тӀехь цӀераш язйина берш бен, цхьа а гӀур вац цу чу» (Довзийтинарг 21:27); биснарш белларш гулбинчохь хир бу.

Довзийтинчунна тӀехь (корта 3), Ӏийсас гӀалин бахархошка а, тилбеллачу нехан тобане я цӀушна Ӏамалъечаьрга ца боху иза. ХӀан-хӀа, Цо билггал бакъдолуш Цуьнан долахь болчаьрга дӀахьедо: «Толам баьккхинчунна тӀе кӀайн духар духур ду. Цуьнан цӀе дахаран тептар тӀера Ас дӀа а йойур яц. Иза Сан долахь хиларх тоьшалла а дийр ду Ас Сайн Дена а, Цуьнан маликашна а хьалха» (Довзийтинарг 3:5). Шординчу гочдарехь Цуьнан дешнаш иштта дӀаяздина ду: «Ас цуьнан цӀерана тӀе сиз а хьокхур дац я дӀа а йойур яц Дахаран Тепар тӀера».

Шуна билгалделирий дӀайойур яц боху дош? ЦӀе Дахаран Тептар тӀера дӀаяйина хилийтархьама, цкъа хьалха иза цу тӀехь дӀаязйина хила еза. Билггал бакъдолу Дала леррина къобалвинчу Ӏийсах тешарехула лаккхара юха дуьнен чу девлла адамаш бен дӀа ца яздо цу тӀе. Тешаш боцчийн а, ур-атталла, Ӏийса цкъа а ма-дарра Веза Эла волуш санна тӀеоьцуш ца хиллачу Ӏехабеллачийн цӀераш дӀаязйина яцара, цундела уьш дӀайойийла дац. Къамел «доьзалан декъашхойх» лаьцна ду!

## Васволуьйту суртхӀоттар

ТкъоалгӀачу бӀешарахь, кхузткъе итт шарахь гергга тешаме Далла гӀуллакх деш волу, цхьа гӀуллакхдархо вехаш вара. Цуьнан, Дала леррина Къобалвинчун ДегӀана бина Ӏаткъам, кӀорггера бу, цуьнан книгаш 65 миллион экземпляр зорба тоьхна ю, тӀаккха цуьнан библейски школано 20 000 студент арахецна.

Цунах лаьцна цо шен книгех цхьанна тӀехь яздинера. 1952-чу шарахь, Деза Йозанаш дӀадоьллуш, цунна Ӏийса гучуваьллера. БӀарлагӀехь Везачу Эло цунна вевзачу цхьана динан тобанан

Іуналхочун зуда гайтира. Иза, шен корматаллаш а, хазалла а динан гІуллакхдарна ша эрна яйина хиларан, харцдолчух тешнера. Цхьа хан яьлча, иза, шен адамашна юкъахь хуьлийла долчу сийлаллех а, гІараяьлла хиларх а, хьалдолуш хиларх а йолчу ойланашка марзъеллера. Эххар а, иза, дуьнено кхийдочух Іеха а елла, шен майра а витина, шен ойланашкахь долу ирс леха яхара.

Везачу Эло цу гІуллакдархочуьнга кхоччуш билгалдаккхарца элира: «И зуда Сан йоІ яра», ткъа цул тІаьхьа кхин цунна тІера доІа ца дар тІедиллира Цо. ТІаьхьадогІу дакъа нийсса цуьнан книги тІера схьаэцна ду:

«Веза Эла, хІун хир ду цуьнца?» – хаьттира ас.

«Цо абаде белхар а, цергаш хьекхор а долчохь йоккхур ю», – жоп делира Цо. ТІаккха суна, бІарлагІехь иза жоьжахатин кІоргене яхар гира. Суна цуьнан Іадоран мохь хьекхар хезара.

«И зуда Хьан бер дара, Веза Эла. Иза Хьан Синах юьзна а, динан гІуллакхдарехь дакъа лоцуш а яра. Цу гІуллакхе ца хьоьжуш, Ахь цунна тІера доІа ма де аьлла. Со ца кхета цунах!»

Везачу Эло хІара Деза Йоза дагадаийтира суна: «Нагахь цхьанна шен динан вашас валарна доцу къа латош гуш делахь, тІаккха цо доІа дан деза. Ткъа Дала дахар лур ду цунна. Аса бохурш валаре далош доцу къинош ду. Амма къиношна юкъахь валаре далош долу къа а ду, цунна тІера деха ца боху аса» (1 Яхьъяс 5:16).

Ас элира: «Веза Эла, со даима а тешна вара, оцу меттиго, дегІаца валарх лаьцна боху, ткъа адам, цо къа латийнехь а, шен кІелхьарваларх иза ца долу бохучух».

«Кхузахь дегІаца валарх лаьцна ца боху, – тІенисдира Везачу Эло. – Иза ахь хьайгара тІетоьхна. Нагахь ахь леррина берриге пхоьалгІа корта бешахь, хьуна гур ду, цигахь синан лакхаллин дахаран а, синан лакхаллин Іожаллин а дахарх а, Іожаллах а бохуш хилар. Кхузахь, валар тІедоуьйту къа латочу, Іийсах тешар долчун синца йолчу лакхаллин Іожаллах лаьцна бохуш ду, и бахьана долуш аьлла Ас хьоьга, цунна тІера доІа ма де. Ас хьоьга цу зудчунна тІера доІа ма де аьлла, цо яларе далош долу къа латийна дела».

«Кху гӀуллакхо кхоччуш йохайо ерриг а сан теологи, Веза Эла. Кхин а кхетадойла дуй те Хьан? – хьаьттира ас (Наггахь хьан хьайн теологи йохо езаш хуьлу, нагахь санна иза Делан Дешаца цхьаьнадогӀуш дацахь).

Ӏийсас хӀара Деза Йоза дагадаийтира суна: Ӏебархошка 6:4-6.

> «Йиш яц цкъа хазачу кхоан серло шайна тӀе кхеттарш, стигаларчу совгӀатан чам хиънарш, Делан Синан зовкх хьоьгуш дакъалаьцнарш, Делан Дашо луш долу дика а, хин долчу дуьненан ницкъ а бевзинарш, тешарх дӀа а къаьстина, юха а Далла тӀеберзо. Уьш дохкобовлараn некъа тӀе цхьаьнгге а бахалур бац, хӀунда аьлча цара юха а жӀарах дӀатуху Делан КӀант, массарна а хьалха Иза сийсаз а воккхуш»[1].

Далийначу декъехь, тидам тӀебахийта дезаш йолу цхьайолу башхаллонаш ягаръеш ю. Цкъа-делахь, стаг стигалара делла долчун чам баккха хьаьжна. Иза Ӏийса тӀеэцначарна догӀуш ду, Иза Стигалара делла совгӀат долу дела. ШолгӀа-делахь, иза Дезачу Синах вуьзна ву. КхозлагӀа-делахь, цо Делан Дешан а, тӀедогӀун долчу дуьненан а диканан чам баьккхина. Цо шена юкъа даладо Синан совгӀаташ а, Делан даьтта хьакхар а иштта кхин дӀа а. Кху декъера вайна, къамел хӀинцца лаккхара дуьнен чу ваьллачу Ӏийсана тӀаьхьахьоьттинчух а доцуш, ткъа кхиъна ваьллачу тешачух лаьцна хилар, го.

Яханчу хенахь суна тӀе бӀаьрхиш а долуш масех стаг веанера, цара дуьйцура, цкъа шаьш Везачу Эле шайна Цунна гӀуллакхдан ца лаьа аьллера, аьлла. ТӀаьхьа уьш догдохарца шаьш аьллачунна дохко бевллера. Дезачу Йозанийн кхунна а, цхьайолчу кхечу меттигашна а тӀеӀиттабелча, уьш чӀогӀа кхерамо зуьйш бара. Делахь а кегийчара наггахь ца хаарна сонталлаш лелайо, тӀаккха Везачу Элана цунах лаьцна хаа а хаьа. Ӏебархошка Дахьийтаран авторо Дала леррина Къобалвинчуьнца долчу кегийчу берех а доцуш, амма кхиъна бевллачу тешачарех лаьцна яздора.

Цу синтем байначу синошна тем баран гӀуллакхдеш, ас цаьрга бохура, нагахь цара валаре дало къа латийнехьара (Дезачу

Йозанашкара гуш ма-хиллара), церан Iийсаца шайн уллора уьйр хилар карладаккха лаам кхоллалур бацара. Церан Iийсага болчу хьагамо а, дика стом а бохьуш, уьш даггара дохкобовларо а ма-дарра гойту, Дезачу Сино уьш юкъаметтиг кхоллаяларе тIеийзош хилар. Нагахь уьш, динан вешин Хейгинан бIарлагIера зуда санна, гуттаренна дIабахана хиллехьара, церан Iийсаца юххера хила я цIена дахар дIакхехьа лаам хир бацара.

БIарлагIехь Iийсас и зуда билггал бакъйолу Делан йоI ю аьллера. Динан вешин Хейгинан бералла, дукхах долу адамаш шайн кIелхьардовларх довлийла хилар ца тешачу деноминацехь дIадаьллера; уьш биллам боцчу абаден гарантих теша. Билггал цу бахьанина Iийсан дешнашна цо жоп делира: «Кху гIуллакхо кхоччуш йохайо ерриг а сан теологи». Делан йоI хилла дIахIоттарца, иза Дахаран Тептар тIе дIаязйина яра. Амма, чекхъяллалц дIа а ца яхана, гуттаренна а кху дуьненах болчийн юкъа юхайирзира, цундела цуьнан цIе дIашарйина яра. Иза, шена лаа а лууш, дIаяханера. Цундела Iебархошка яздинчу Дахьийтаран авторо, иштачу адаман юхаметтахIоттийна хуьлийла дац боху. Иза шозза елла. Цкъа и зуда къилахь елла яра, тIаккха, тIаьхьалонна абаде дахар а хилла, юха а къилахь елла, гуттаренна дIа а яхана (хь. ЯхIуда 12).

Адамаш цу хьоле кхаьчча, уьш цкъа а юха дуьнен чу довлалур дац. Цундела боху Iебархошка Дахьийтаран авторо «йиш яц... дохкодовларца юха керладаккха». Адамаш юх-юха а лаккхара дуьнен чу дийлалур ду бохург, гIалате моттар ду.

Юха а ала пурба лолаш суна, нагахь адамаша билггал иштта долу къа латадахь, церан цхьа кIезиг а лаам ца хуьлу дохкодовла а, юха а шаьш кхоччуш Iийсан долахь хилийта а. Дезачу Сине доцучу, цхьаьнгга а вай Iийсана тIеийзалур дац. Церан юхабовларан жамIехь, мацах, билггал бакъболу динан гIуллакхдархой Цо дIатасахь, цхьанна бIарлагIехь гина йолу и зуда санна болу, Иза юха ца вогIу. Цу бахьанина Деза Са чIогIа собаре хуьлу, Иза атта юха ца долу.

# Іаьржа бода

Векало Кипас алсамо гучудоккху: «Нагахь цхьаболу нах вайн Веза Эла а, Кlелхьардохург а волу Дала леррина къобалвина Іийса вовзар бахьана долуш дуьненан айпечу хIуманех къаьстинехь,...» (2 Киипин 2:20).

Цкъа-делахь, Кипас хьанах лаьцна боху хьовсур вай. Нагахь цхьа-милла а Веза Эла а, КІелхьардохург волу Дала леррина къобалвина Іийса а вовзарехула дуьненан вон долчух кІелхьарваьллехь, иза билггал Іийсана тІаьхьахІоьттинарг хилла дІахІоьттина. И дуьйцург, вай хьалха бийцинчу (шайна Дела вевза а бохуш, ткъа билггал аьлча, Дела вовзар ца хиллачу) тилделла лелачу, шайца бакъдерг доцучу адамех лаьцна дац, мелхо а, вай буьйцурш, Веза Эла волчу Іийсас кховдийначу кІелхьардовлар луш долчу ниІматехула, кху дуьнено Іехорах паргІатбевлларш бу. Цхьа а шеко а йоцуш, цо буьйцу нах, билггал лаккхара юха дуьнен чу бевлларш бу.

Кхин дІа доьшу вай:

> «... ткъа нагахь и хийцабалар хилларш, дуьненан лаамашка шайна тІехь толам а баккхийтина, юха а тилабелча, церан хьалха хиллачул а тІаьхьарниг дуккха а эшаме долу хьал хуьлу. Нийсонан некъ бевзина цахилар гІолехь дара царна, иза а бевзина, Дала тІедиллинарг дІа а тесна, хьалхалерчунна тІе юхабоьрзучул. Амма цаьрца хуьлуш дерг кицанехь ма-аллара ду: «ЖІаьла шен Іетторaш тІе юхадогІу», кхин а: «ЦІанйина хьакха хоттала йижа йоьду» (2 Кипин 2:20-22).

Кипас, дуьненан некъашна тІе юхабоьрзучу, Іийсана тІаьхьахІиттинчарах лаьцна боху, уьш кху дуьненан боьха долчо эшийна, царна Дала леррина къобалвинчу Іийсагахула ма-дарра долчу кІелхьарвалархчa хиънехь гІоли хир дара, аьлла, тІе а тухуш. Цара даим а там хуьлуш дерг а, хьар а, дахараллин дозалла а хоржу, муьтІахь а болуш а, цІена дахар хилар хоржучу меттана.

Бакъахьараллин некъ цкъа а ца бовзар гІолехь хІунда хир дара? ЯхІуда жоп ло цу хаттарна. Кипас санна, цо шайн кІелхьардовларх бевллачарех лаьцна боху: «Къа ду церан, хІунда аьлча Кхаиман

новкъахула боьлхура уьш, БалиӀам санна, кхаьънашка марзбелира уьш, Кхорахь санна, дуьхьалбевлира уьш, ткъа иза санна, хӀаллак а хир бу уьш» (ЯхӀуда 11).

Кхаим а, БалиӀам а, Кхорахь а, хӀорра а шен хенахь Делаца терго йолуш вара, ткъа царех шиъ ур-атталла динан гӀуллакхдархо а вара. Кхаиман гӀалат Деле ла ца догӀар дара, БалиӀаман гӀалат ахча дезар дара, ткъа Кхорахьан гӀалат дӀахӀоьттина долчу Ӏедална дуьхьал бунт яр дара.

ЯхӀуда кхин дӀа боху:

> «Иштганаш марздаларе хуьлу шун безаман суьйренашкахь: шуьца тойнехь хиларца, кхерам боцуш хьандо шаьш. Мохо лело, догӀа доцу мархаш ю уьш, стом боцу гуьйренан дитташ ду, шаьш лаьттах орамашца схьадахарна шозза делла долу. Шайн эхьечу гӀуллакххийн чопа тӀеяьлла йолу хӀордан буьрса тулгӀенаш ю уьш, кхерста седарчий ду уьш, гуттар а лаьттачу Ӏаьржачу боданехь меттиг кечйина долу» (ЯхӀуда 12-13).

Безаман суьйре, иза дуьххьарлерчу динан тобанан декъашхой суьйранна пхьор дууш цхьаьна а кхеташ, Деле а, вовшашка а болу безам гойту хӀума дара. Безаман суьйре, гуттара санна, Дезачу къайленах кхетарца чекхйолура. ХӀинца ваставолуьйту ма-дарра дерг хӀара ду: кӀелхьардовларх дӀабахана болу берриш а, динан гӀуллакххочун бӀарлагӀера зуда санна, меттигерчу динан тобанера дӀагӀур бу. Цу ма-дарра долчо до иштта адамаш кхераме, Ӏожаллин чевнашна ледара болчу а, дегнаш дӀаделладелла а болчу керлатӀебирзинчарна.

Кхорахь ву цу тайпана долчу адамийн масал. Иза АхӀаронан гӀоьнча вара динан гӀуллакхдарехь, амма цо Мусага а, АхӀароне а элира: «... Тоьар ду шуна: дерриг а халкъ ду даздина, цунна юкъахь Веза Эла а ву! Ткъа шуна хӀунда хета те шаьш Везачу Элан халкъал а лакхара?» (Лелар 16:3). Цуьнан Ӏаткъамна кӀел вахана 250 баьчча а, Исраилан юкъараллин 14700 декъашхо а валаран таӀзар дина вара!

ЯхӀуда вайга боху, иштта, марзбелларш цӀе йоккхуш берш санна

болу юхабевлларш, кхин дӀа а вайн юкъараллехь буьсу, шайн цкъа мацах хиллачу ниӀматан хаадаларан харц тешнахиларца, тӀаккха, иза харцхьа а даьккхина, шайн лаамехь беха, Делах кхерар а дайина. Кхорахьа бохура: «Дела вайца массаьрца а ву». Цуьнан а бара харц кхерамазаллин синхаамаш, амма шолгӀачу дийнахь лаьтто, дӀаса а дахана, иза дийна воллуш дӀахуьйдира, жоьжахати чу а вохуьйтуш. Ишттачу адамаша тешачаьрца цхьана маттахь къамел а дийр ду, цаьрца цхьаьна хан а йоккхур ю, амма уьш, Ӏийса шайна тӀаьхьавогӀун болчу, толам баьккхиначарна юкъахь карабойла дац. Иза сакхт доцчу динан тобанна тӀаьхьа вогӀур ву (хь. Эпаасхошка 5:27).

ЯхӀуда царах шозза белларш олу. Шозза валийла муха ду? Къилахь хиларна велла а волуш, юха дуьнен чу валарца абаден дахар схьа а эцна, ткъа тӀаккха юха а дохко ца ваьллачу къинна тӀера бохаме валар хуьлийла дуй те? Дагадаийтийша, Якъубан, билггал бакъдолчунна тӀера дӀа а ваьлла, оццу хьолахь вуьсуш волчу, Ӏийсана тӀаьхьахӀоьттинчун са, лийр ду, боху чӀагӀдар. Яхьъяс, тешаш болчарна валарна тӀе далош долу къа ду, боху. Иза а, важа а шозза веллачунна догӀуш ду.

Тидам белаш ЯхӀудан дешнийн: «... абаденна бода Ӏалашбеш бу». *Ӏаьржа* бода абаден уггаре вон таӀзар ду. Иза къаьстташ Ӏийсан дешнашкара гуш ду, Цо Шен схьаварах а, кхелъярх а бохучу хенахь:

> «Декъала бу, хӀусамда цӀа кхаьчча, сема болу ялхой... Амма, масала, и ялхо: „Сан хӀусамда кеста цӀа вогӀий ца хаьа“, – аьлла, ойла а йина, кхечу ялхошна етта а йиттина, дууш, ваххалц молуш Ӏийр ву. Цунна дагахь а доцучу, иза цӀа варе ца хьоьжучу хенахь, хӀусамда цӀа кхочур ву. ХӀусамдас иштта ялхо, тур тоьхна, шина декъе воькъур ву, Делах ца тешачу нехан дакъа цунна кхочуьйтур ду. Шен хӀусамден лаам а хууш, цо бохург дан а ца динчу, дан а ца гӀиртинчу ялхочунна чӀогӀа еттар ю, ткъа ларамаза гӀалат даьллачунна кӀезиг таӀзар дийр ду. Дуккха а кхаьчначуьнгара дуккха а хоттур ду, дуккха а хӀума шех тешна дитинчунна тӀехь доккха декхар ду» (Лака 12:37, 45-48).

Кху аяташкахь дукха хӀума аьлла ду. Царех масех меттиг гайта

пурба лолаш суна. Уггар хьалха, билгалделаш, иза лай вара, ткъа цIу-дин дерг а, къилахь верг а воцуш. Цунна олахочун лаам бевзара, делахь а иза цунна дуьхьал лийлира. Иза эр дац, хууш боцчийн категорина юкъа вогIучу, кIезиго еттар динчу, Возуш воцчун хьокъехь. Иза иштта Iехийначунна а догIуш ду, цо ша ялхо лоруш хилла дела, амма Джейлинан кхетамашцa иза цкъа а вацара хила ма-везза волу ялхо вацара. Iийсас бохуш волчу стагах, ша олахочо шен лай ву олура, тIаккха вукхунна шен олахочун лаам кхоччуш бевзара. И стаг ша дIавахана шен кIелхьарваларх.

Тидам белаш, цу лено кхечу ялхойх болчу божаршна а, зударшна а еттара. Кхузахь, стага кхечеран счетах шена хIума эцарх йолчу, дахаран кепах лаьцна боху. Иза тахана долчуьнца вехаш ву. Иза юуш а, ваххалц молуш а, шена там барца веха. Дагадаийталаш, ЯхIуда кхечу тешаш болчаьрца пхьор дууш болчу телхинчарех лаьцна аьлларг, уьш Делах кхерар доцуш а, шайна там беш а бара. ТIехула дика бу аьлла а хеташ, цара шайна са ерг бен ца до.

Ишттачу лена таIзар даран хьокъехь, тидаме эцалаш, иза тешаш боцурш (кIелхьардовлар тIеэцна боцурш) а, масех цIулла серий диттина леш а болчу вахийтина. Цунна олахочун лаам бевзаш хилла дела, кхунна массарна чул а сов йиттина. Цо хIун боху аьлча, цунна гуттаренна а цIе яьлла богучу Iома чу кхоссаран я Iаьржачу бодане вахийтаран хан тоьхна хир ю!

## Къаьхьа геч ца дар

Дера, билгалдаккхар-м, Ийзалучунна а (Шалха Дахарна санна) догIур ду. Ийзалург, къинтIера ялар Джейлинан лаам буйла, хууш яра, делахь а цо и ца дира. Цо Эладитанчина халахетта хилар латто сацам бира. Цунан къаьхьалло емалдарна нeIарш дIайиллира. Вай доьшу: «Къаьсттина тидаме хила шайна юкъара цхьаъ Делан диканах дIа ца къастийта, «къаьхьачу орамех дIаьвше маргIал хьала а даьлла, цуьнга дуккха а нахана зен ца дайта» (Iебархошка 12:15).

Керла Весет талларан бухенгахь а, сан сайн дуккха шерашкахь динан гIуллакхдаран зедаларехь а суна гира, адамаша Делаца йолу

юххера тергонаш латтор сацийча, уьш къинтlера ца довларан боккхачу гурано дlалацар. Ийзалучун хиламехь санна, къинтlера ца яларо тайп-тайпаначу гlалатечу тешарна а, леларна а неl дlайоьллу.

Инжилан Маттайс (корта 18) дlаяздинчу декъехь lийсас, шен ялхошкара, ша царех тешна дитинчу ахчанах отчет йоьхуш волчу, сийлахьчу паччахьах лаьцна кица дуьйцу. Царех цхьаъ паччахьна итт эзар талант декхарийлахь вара. Талант – иза ахчанан мехалла дац, ткъа дозаллин барам бу. Цу барамехь деши (Дауд 12:30), дети (Сулим 20:39), кхидолу металлаш я товараш дустарца узура. Кицанехь талант декхар ду, цундела, шеко йоцуш, къамел деших я детих лаьцна хила там бу. Хуьлуьйтур вай, иза деши хилла.

Дашо талант 75 герка гергга еза ю. Иза дешин адаме дlабахьабаллал беза мохь бу (Тlаьххьарнаш 5:23). Итт эзар талант – иза 750000 герка гергга я 375 тонн ю. Иштта, ялхо паччахьна 375 тонн деши декхарийлахь вара. Ас хlара книга язъечу хенахь, цхьана унцин (28,3грамм) дешин мах 1200 доллар гергга бара. Дагардер вай. Таханлерчу базарахь итт эзар талант деши дейтта миллиард доллар хир дара! Билггал оццул декхар долуш вара и стаг паччахьна! lийсас кху кицанехь и декхар цу стаге дlа ца такхадаллал доккха хиларна тlе тохар до.

Паччахьо иза а, цуьнан берриг доьзал а, декхар дlадаккхархьама, лолле дlабала буьйра динера. Ялхочо паччахьан когашка а воьжна, къинхетам бар доьху, вукхо иза кхочуш а до. Цо цунна дерриг а декхарна гечдо.

Кху кицанехь вайна го, паччахь Дела волу Да хилар билгалдаккхар. Декхар шена гечдина волу стаг, иза Дала леррина къобалвинчу lийсагахула гечдар схьаэцна волчу стеган суртхlоттош ву. Цхьанна вон дечу хенахь, декхар кхоллало. Шуна хезний иштта олуш: «Цо цу тlера мах лур бу»? Гечдар – декхар дlадаккхар ду. Хlинца стаг паргlатваьккхина вара. Шуна го, кху кицанехь паччахьо Дела волчу Ден суртхlоттош хилар, ткъа ялхо, Дала леррина къобалвинчу lийсагахула Цуьнан гечдар схьаэцнарг ву.

Кхин дlа а доьшу вай: «Ткъа цу ялхочо, шена бlе динари дети-

ахча декхарийлахь волчу вукху ялхочунна тӀе а вахана, иза лаг тӀера а лаьцна, цуьнан са а дукъош, цо шена схьадалаза долу декхар схьадийхира: „Схьало айхьа суна схьадала дезарг!“ – аьлла» (Маттай 18:28).

Динари, – гуттара санна долу, дийнан алапа ду. Хуьлуьйтур вай иза 100 доллар ду. Дерриг ахча 10000 доллар гергга хуьлу. Шуна го, иза кӀезиг а дац.

Кхин дӀадоьшу вай: «ТӀаккха цу ялхочо, хӀокхунна хьалха гора а воьжна, дехар а деш, элира: „Собар дахьара ахьа, аса хьан дерриг а декхар дӀалур дара“. Амма хьалхарчу ялхочо цуьнга ла ца дуьйгӀира. Цо иза шен декхар схьадаллалц набахти чу воллийтира» (Маттай 18:29, 30). Дейтта миллиард гечдина волчунна, накъост 10000 декхарийлахь вара, амма иза цунна и декхар геч а ца деш, мах схьабалийта лууш вара. Лараме ду билгалдаккхар, вай вовшашна къайлаха латтош долу халахетарш, вайн Далла хьалха долчу декхарца дуьстича, 10000 а, дейтта миллиард а доллар санна хуьлу! Цхьа а маьӀна дац шуьца иза муха хилла бохучун, иза, вай Далла дуьхьал лелийначу зуламашца дустийла а дац. Хила тарло, шуна шайгахь долчу хьолал вон хьал цхьаннан а хуьлийла дац, аьлла, хеташ. Амма шу ца кхета, мел ирча дерг лелийна Ӏийсаца бохучух. ЦӀена а, сакхт доцу а Ӏахар, вайн дейтта миллиард декхарх мах дӀабалархьама, сагӀина велла вара!

Гечдан хьуьнар доцчу стагана, цунна шена мел доккхачу декхарна гечдина дицделла! Ӏийсас шаьш йоккхачу Ӏожаллах а, абаденна долчу Ӏазап хьегарх а паргӀатдаьхнийла кхетча, шу кхечарна атта къинтӀера девр ду.

ЦӀе яьлла богучу Ӏома чохь абаде яккхарал вон цхьа а хӀума дац. Цигахь кӀелхьарволийла дац, нӀаьна а ца ле, цӀе а ца йов. Цига доьлхуш дара вай, Дала вайна Шен КӀентан Дала леррина къобалвинчу Ӏийсан валарехула гечдаллалц! Нагахь стаг къинтӀера валалуш вацахь, тӀаккха цуьнан жоьжахати билггал йолуш хиларх кхетар дац, Делан безамах а, Цо гечдарх а ца кхета иза.

Кхин дӀа доьшур вай кица:

> «И хIума гина болчу ялхоша шайна гинарг, эла волчу дIа а бахана, дIадийцира. Эло, и ялхо тIе а кхайкхина, цуьнга элира: „Сий доцу лай! Ахьа дехар дича, аса сайн дерриг а декхар, къинтIера а ваьлла, хьуна дитира. Ткъа ахьа а мегар дацара хьо санна волчу хьайн накъостах къинхетам бан, аса хьайх ма-барра?» (Маттай 18:31-33).

Шун тидам тIебахийта лаьа суна, кху кицанехь Iийсас тешаш боцчарех лаьцна ца боху. Цо паччахьан ялхойх я лаккхара дуьнен чу юхабевллачех лаьцна дуьйцу. Цу стага шен доккхачу декхарна гечдар (кIелхьарвалар) схьаэцнера, цунах паччахьан ялхо олура х1инца. Иза къинтIера ца валалуш верг, кхуьнан накъост вара. Цундела вайн суртхIоттадойла ду, къинтIера ца валалуш «тешаш волчунна» хьакъ дерг хирг хиларан.

Суна тамашийна ма-дарра хIоьттинарг го. Дерриге а кхин долу Инжил тIера кицанех кхетор доьхура наха. Делахь а хIокху кицанах Iийсас цхьа а дехарш а доцуш кхетадо. Со теша, цуьнан бахьана, Iийса ладугIуш болчаьрга дIакхачо гIерташ долчу кицанан маьIнанца доьзна хиларх. И маьIна къаьсттина лараме ду, цундела Цунна, уьш берриш а кхетта хиларх тешна хила лаьара. ХIара ду цуьнан кхетор:

> «ОьгIазваханчу эло омра дира, ницкъ а беш, иза набахти чохь латтаве, цо дерриг а декхар схьадаллалц, аьлла. Иштта хир ву шуьца Сан Стигалара Да а, шу даггара шайн вешина къинтIера ца довлахь» (Маттай 18:34-35).

Суна кху шина аята тIера лараме йолу кхо меттигна билгалъяккха лаьа. Цкъа-делахь, геч ца далуш волу ялхо, хьийзавайта дIавелла. ШолгIа-делахь, хIинца иза хьалхалера декхар, 375 тонн деши, юха схьадала дезаш ву, кхоазлагIа-делахь, билггал изза дийр ду Дала муьлххачу шен вешина гечдеш воцчу «тешар долчуьнца».

Цу меттигех хIорранга а доцца хьовсур ду вай. Хьалхара: хьийзор бохург, иза хуьлийла доцу лазам бар а, Iадорна дегI дегор а, хьекъалх а, гIеххьа долчу хьолах валар а ду. Хьийзош верг – лазам беш верг ву.

Геч ца деш волу тешаш верг, жинаша хьийзош хир ву. Хьийзорхошна бакъо елла ю лазам бан а, хьекъална а, дегIана а

агони ян а. Динан гӀуллакхдарехь сан сих-сиха, даггара къинтӀера ца довларна бен доцу, тобалар а, тедар а, я паргӀатдовлар а, ца хуьлучу адамашна тӀера доӀанаш дар нисделла. Шен рогӀехь, цу гӀуллакхо гуттара бохург санна, Далла огӀазлонна а, халахетарна а тӀедаладо. Цу адамийн тешар емалдина хуьлу, тӀаккха, нагахь дохкодовлар а, гечдар а ца хилахь, церан чаккхе гӀайгӀане хир ю.

ШолгӀа меттиг: цу ялхочун шен хьалхалера декхар юха дӀадала деза. ХӀинца иза далун доцург дан дезаш ву! Цу декхарх Ӏийсас Голготехь мах дӀабелла. Шун цунах хебарш хир ду, амма ладогӀийша Ӏийсан дешнашка кхечу хиламехь: «Шаьш доӀа дечу хенахь шайн даг чохь цхьанна вас елахь, къинтӀера довла цунна, шайн къиношна а Стигаларчу Дега гечдайтархьама» (Марк 11:25).

Хьанах лаьцна боху Ӏийсас? Тидам белаш кху дешнийн «Стигалара шун Да». Дела къилахь болчарна Да вац, Иза къилахь болчарна Дела а, тешачарна Да а ву. Ца тешачара доӀанаш ца до. Иштта, кхоччуш къаьсташ ду, Цо Делан берех лаьцна бохуш хилар.

Кхин дӀа хьосур ду вай. «… шайн къиношна а Стигаларчу Дега гечдайтархьама» (Марк 11:26). Кхин къаьсташ олийла а дац. ХӀокхо вай кхоалгӀачу меттиге даладо. Нагахь стаг гечдеш вацахь, цуьнан, шега мах дӀабалалур боцчу хьолера, декхарх мах дӀабала деза. Иза хуьлийла дац, цхьаьнгге а шен синах я шен вешин синах Далла мах балалур бац (Забур 48:8). Ӏийсас боху, шун Дас шун къиношна гечдийр дац, тӀаккха шу абаденна Ӏазап хьегарна дӀалур ду. Оьший те иза?

Вай хӀинца халахетаршна тӀехь толам а боккхуш, гечдархьама доӀанаш деш болчарех лаьцна а доцуш, амма, Ийзалург санна, гечдарна дуьхьалбевллачех лаьцна боху. Дагадаийтийша, аллегорехь цуьнан геч ца даро дерриге а дисинчу иблисан леларшна неӀарш дӀайиллира, тӀаккха иза кӀез-кӀезиг ша Джейлинан долахь йолчуьра дӀайирзира. Оьшурий-те и дерриг иштта дан, абаденна хӀаллакьхиларе а воьдуш? Цу бахьанина Ӏебархошка Дахьийтаран авторо юха а чӀогӀамалле, муьлххачу а къахьаллин кепах паргӀатдовлархьама, ваьш таллар дӀахьедо, дуккха берш цуьнца емалбина болу дела.

ХӀинца вайна кхеташ хилла дӀахӀуьтту Ӏийсан Динан тобанан

тIаьхьарчу заманах лаьцна дешнаш. Цо боху: «Сох тешна болу дукхахберш дохко а бевр бу, ямартлонаш а еш, вовшашца гамо лелор ю цара... Зен-зулам совдалар бахьана долуш, дукхахболчеран безам лахлур бу. Амма и дерриг а чекхдаллалц лайнарг кIелхьарвоккхур ву» (Маттай 24:10, 12, 13).

Билгалделаш, «цхьаберш» я «масех» а воцуш, амма дуккха берш халахетаро дIалаьцна хир бу вайн заманахь. Дуккха берш бохург, иза Iаламат дукха бохург ду. Халахетаро я геч ца даро Iедал дохорна тIедалор ду, тIаккха дуккха болчу нехан безам шеллур бу.

Грекахойн "агапе" безам бохург, иза, Iийсана тIаьхьахIиттинчийн кIелхьарбовларан муьрехь, даг чу Iанийна Делан безам бу. Iийсас ца боху иза тилабеллачарех лаьцна ца, цара цкъа а ма-дарра Делан безам тIеоьцуш ца хилла дела. ХIан-хIа, Цо билггал тешачарех лаьцна боху: «и дерриг а чекхдаллалц лайнарг кIелхьарвоккхур ву». Къилахь волчуьнга я адам ледеш волчуьнга алалур дац: «Чекхдаллалц латта тIаккха кIелхьарвер ву хьо», цара шайн бовдар ур-атталла долийна а ма дац!

## Тешарх юхавалар

Дезачу Йозанаша схьахьедо вайга, вайн заманарчу тешачарна юкъахь тешарх юхадийларш хир ду, аьлла. ПахIала боху: «Цхьаьнгге а цхьана а кепара шаьш ле ма дайталаш, хIунда аьлча адам, Iеса а даьлла, Далла дуьхьал эргIаддаьлча а, хIаллакьхиларна лерина волу а, зуламех кхачам хиллал вуьзна волу а цхьа стаг гучуваьлчий бен, и де тIедогIур доцу дела...» (2 Тассалникахошка 2:3). ТIаккха юха а цо хиндерг олу: «Делан Сино кхеттош схьабоху: тIаьхьарчу хенашкахь цхьаболу нах Iийсах тешарх юхабевр бу... (1 Тимапига 4:1).

ХIунда? «ХIунда аьлча адамаша нийсачу хьехамашка ладугIур доцу хан тIейогIур ю. Шайн-шайн лаамашка а хьоьжуш, шортта хьехамчаш шайна гонах гулбийр бу цара, шайн лергашна хаза лууш дер-дерг цаьрга дийцийта. Билггал бакъболчу хьехамах дIа а бирзина, туьйранашкахьа боьрзур бу уьш...» (2 Тимапига 4:3, 4). Билгалделаш, Дезачу Йозанийн хьалха догIучу декъехь ПахIала, уьш

«тешарх юхабевр бу», боху. Цо бохуш долу тешар, иза Дала леррина къобалвинчу Іийсах билггал бакъдолу тешар ду. Юхавалар, нагахь стаг цкъа ма-дарра тешаш хиллачу хиламехь бен, хуьлийла дац.

Ас шуьца декъна, тешаш волчун шен кІелхьарвалархь волийла хиларх долу, билггал бакъдерг, Керлачу Весетан берриге авторшна бохург санна, тІеІитталуш ду. ХІинца динан тобанийн тхьамданаша аьлларг дало пурба лойша суна, царех цхьаберш Керла Весет яздинчу векалийн белхан накъостий хилла бу. Суна, церан куьйгаяздарш, вай Дезачу Йозанашкахь дешначуьнца цхьаьнадогІуш хилар карадо.

> «Чаккхенгахь кІелхьардовлар хилийтархьама, бакъахьаралла лелор вай».
>
> – Климент Римски

> «Ур-атталла дахарехь сийлахь дика гІуллакхаш дина волу, амма некъан чаккхенгахь зуламехьа дІавирзинчунна, хьалхалерчу къахьегарх цхьа а пайда бац, дахаран лакхенгахь иза шен декъах ваьлла дела».
>
> – Климент Александрийски

> «Цхьаболчара, Дела ур-атталла хьакъ доцчунна а ваІда динарг (дала) дезаш хилар лору. Ишттачу тергонца цара Цуьнан дикалла Цуьнан лолле хийцайо... КІезиг буй те тІаьхьа ниІматах бовлуш берш? Дуккха болчаьргара схьадоккхий те и делларг?»
>
> – Тертуллиан

> «Адаман, дІайолийла долу, бакъахьаралла хуьлийла ду».
>
> – Ориген

> «Цуьнга ладугІуш боцурш, тІаьхьалонах а бовлий, Цуьнан кІентий хуьлучуьра совцу».
>
> – Ириней Лионски

Дезачу Йозанашкара сан билггал бакъдолу дешнаш хезча, цхьаболчара дІогара оьзда доцуш бохура соьга: «Джон, хьо

арминист ву-кх». Дошам тIехь цу дешан хIара билгалдаккхар ду: «Кальвинистийн билгалдаккхарх а, хаьржина хиларх а йолу доктрина тIе ца оьцучу Якобусан Арминиусан а, цунна тIаьхьахIиттинчийн а теологица, адаман маьрша лаам хилар Делан шен лаамехь хиларца цхьаьнадогIуш ду».

Ишттачу схьахьедаршна ас дуьххьалдIа жоп ло: «ХIан-хIа, со кальвинист а, арминист а вац, ткъа, Делан Йозанаш гIалатдевлла хуьлийла ца хиларх тешаш волу, Iийсана тIаьхьахIиттинчарах верг ву».

Якобус Арминиус Керлачу Весетан авторел дуккха шераш, ур-атталла ас хьалха цитировать бинчу хьалхарчу лидерел а, тIаьхьа ваьхна ву. Арминисташ олийла дуй те цу авторех? Кхоччуш къаьсташ ду, олийла дац, уьш Арминиус дуьнен чу валале дуккха а хьалха баьхна дела. Аса шех лаьцна яздеш дерг, дуьххьалдIа сайгара йолу ойланаш а, концепци а я тешар а дац, амма билггал бакъдерг ду. Тешаш волчу муьлххачунна а, Дала тоъал къаьсташ долу дIахьедар дина. Вай, Iеламчу ойланчийн хьехамашна тIедирззина хиларх ларлуш хила деза, амма Дезачу Синца Iаь тоьхначу Дезачу Йозанийн чулацамна дIаделладелла хила деза, хIунда аьлча:

> «Делан Йозанийн муьлхха а дакъа Дала Шен Iаь тоьхна ду. Бакъдерг хьеха а, харцдерг гучудаккха а, гIалаташ нисдан а, адамаш нийсачу новкъа даха а пайденна ду уьш. Цу дерригенан Iалашо ю: Делан адам муьлхха а дика гIуллакх дан кийча хилийтар» (2 Тимапига 3:16, 17).

Тамашийна ду билгалдар, Iийсас къовламе Iорабохуш болу лидерша, дукхахьолахь билггалчу школийн гонаха тобанаш а еш, цу школийн кепехь хьехамаш бора. Делахь а, нагахь Хих Чекхдохучу Яхьъях а, Iийсах а, кхиболчу билггал бакъдерг довзуьйтучарах а лаьцна аьллачуьнга хьаьвсича, цхьа юкъара дерг гойла ду: «ХIунда аьлча церан Iеламчу наха санна а доцуш, олалла долчо санна хьоьхура Цо» (Маттай 7:29). И бахьана долуш ПахIала Титана хьехам бо: «ХIара хьеха дезарш а хьеха, хьайн мел долчу олаллица иракара а хIиттабе уьш, шен-шен метта а хIиттош, дIанисбе, цхьа а хьох ца

вешаш ца хилийта...» (Тите 2:15). ТӀаккха Тимапига а цо яздо: «Доьху хьоьга, со Македон-махка воьдуш, аса хьайга ма-деххара, Эпасехь сацар. Цигарчу цхьаболчу нахана харц хьехамаш бар дехка деза ахь» (1 Тимапига 1:3). Кхин а ПахӀала Тимапина хьоьхура:

> «ДӀакхайкхаде Делан дош. Хьайна бегӀийла долчу а, доцучу а хенахь и дош дӀакхайкхо кийча хила. Доллучу собарца а, хьехамашца а адамийн гӀалаташ нисде, уьш галдевлча, дӀахаийта царна, уьш иракарахӀиттаде» (2 Тимапига 4:2).

Шех лаьцна ПахӀала иштта яздо: «Деле дехалаш, айса дийца ма-деззара, хаза кхаъ соьга майрра дӀакхайкхабайта алий» (Эпасхошка 6:20). Иза Делан берриге а билггал бакъболчу кхайкхамчийн амалан агӀо яра. Уьш цхьаьнатухург цара шаьш лайнарг а, цхьа билггалчу школин я дукхах болчийн ойланийн долахь дерг дац. Дукхахболчийн а наггахь галбовлийла ду. Вайна хаа деза, Делан, Ша бохуш дерриг, дагахь а ду, тӀаккха, Цо Шен дагахь дерриг, баха а боху!

## Тасаваларх ларвийр ву хьо

Адамаш ниӀматах довларах долчу дахьийтарх цецдевлла хуьлу, цунах лаьцна къаьстташ бохуш ду Дезачу Йозанашкахь. Дуккха берш боьхна хьовзарца суна тӀе оьхура иштта чу дешнашца: «Суна моьттура, вайн абаде гарантиш ю!»

Цунна ас жоп ло: «Кхоччуш бакъ ду! Вайн абаде гаранти ю! Ӏийсас, Шена Дас велла волу, цхьа а стаг войур вац аьлла (хь. Яхьъя 18:9), Ша вай цкъа а дуьтур а, дӀатосур а доцу дела. Амма Цо, вай Иза дӀа а тесна, дайна хуьлийла дац ца аьлла. И дешнаш хезча, суна даим а церан ойланашка бахар гора, цундела ас олу: «Нагахь хьо ма-дарра Дала леррина къобалвина Ӏийса везаш велахь, хьан дӀаваха стенна оьшу? Ахь Иза дӀатосур вац, нагахь хьуна билггал Иза везаш велахь!».

Нагахь шу Дела везаш делахь, шуна Цуьнан весеташа тӀедуьллучунна муьтӀахь хила хала хир дац! Нагахь Далла гӀуллакхдар шаьш дан деза-кх аьлла аша деш хилча, шу Ӏедалан тергонийн некъа тӀе девлла, ткъа иза иштта делахь, Цуьнан весеташ лардан чӀогӀа чолхе

ду. Вай Далла гӀуллакхдар Цуьнан къобалдар схьаэцарна а доцуш, ткъа Цуьнга безам бахарна дан дезаш ду!

ЯхӀуда, динан тобанехь ур-атталла парушхойн бод совсош долу морса делахь а, и безам керла а буьсуш, муха ларбойла ду бохучух кхин дӀа а дуьйцу. Цо боху: «Делан безамехь шаьш лелар Ӏалашде, вайн Везачу Эло, Дала леррина къобалвинчу Ӏийсас, Шен къинхетамца Дела волчохь хедар доцу дахар даларе а хьоьжуш» (ЯхӀуда 21, курсив авторан). Вай хӀора муьрехь Олахочуьнга сатуьйсуш хила деза (дагадогӀий шуна, бехке хилла волу ялхо шен олахо юхаверзаре сатуьйсуш вацара!). Вай хьогах а долуш, даим Иза леха веза, Цуьнга Ша кхин а алсам дӀавеллавалийтархьама, хӀунда аьлча «Иштта Цунах сатийсар долуш Ӏаш волчу хӀораммо а ша цӀанво, И санна цӀена хилархьама» (1 Яхьъяс 3:3, схьакъастийна авторо).

Шу Иза лоьхуш а, Цуьнан Синца уьйр йолуш а долчу хенахь, дӀадаха луур дац шуна. Иштта, шун дог дегорна цхьа а бахьана дац. ЯхӀудан Дахьийтаран чаккхенгахь дерг суна дезачу нигатех уггаре а безамениг ду. Ӏийсан довзийтаршка са а туьйсуш, Делан безамехь шаьш лардеш болчаьрга, Цо боху:

> «Цхьаъ бен воцучу а, вайн Веза Эла волчу, Дала леррина къобалвинчу Ӏийсагахула вай кӀелхьардохучу а Далла сий а, паччахьалла а, ницкъ а, олалла а хуьлийла, азалера дуьйна а, хӀинца а, абаденналц а. Амин» (ЯхӀуда 24, 25).

ХӀара сан даггара доӀа а, шуьга болу лаам а бу!

## КОРТА 7

# БУХ

*...хьанал нах онддачу бух*
*тIехь лаьтташ бу.*

– Кицанаш 10:25

Вайн Аффабелах лаьцна аллегорин истори кхин дIаяхьа а, Эгоистана а, ГIоьналлина а кхелъяр а, совгIаташ а муха хилла хаа а, юха а дирзина, тIаьхьарчу кхаа коьртехь дийцинчунна тIаьхьа тIадам буьллур бу вай. Дагадоуьйтур вай боьалгIачу коьртера Деза Йозанаш:

> «Цундела Дала леррина Къобалвинчо хьехначух уггар аттаниг дита вай. Вайн ца деза кхин цкъа а хьехаман дух дIахIотто: къинах дIакъастарх а, Делах тешарх а болу хьехам, хих чекхдовларх а, тIе куьйгаш дахкарх а болу хьехам, веллачуьра денваларх а, гуттар а хин йолчу кхелах а болу хьехам. Тешарехь кхиинчарна лерина болчу хьехамна тIе сихлойла вай» (Iебархошка 6:1, 2, Шордина гочдар).

Абаден кхелъярх а, таIзар дарх а лаьцна билггал бакъдолчун ондда бух ца хиларо Дала леррина Къобалвинчуьнца могуш дахар дIахIотто новкъарло йо вайна. Иза, юьххьерчу школехь еша а марздалале, лаккхара дешар схьаэцарца дуста мегар ду.

Иза иштта хIунда ду? Инжил леррина теллича, Iийсас жоьжахатех лаьцна, стигалах лаьцначул, алсам дуьйцуш хилар билгалдер ду шуна. Цо иза вайн бухенга Делах кхерар дилларан Iалашонца деш дара. ХIара масалех цхьаъ ду:

> «Аша боданашкахь аьлларг серлонгахь хезар ду. Аша цIа чохь цхьаьнга лере аьлларг тхевнаш тIера кхайкхор ду. Ас боху шуьга, Сан доттагIий, стаг вен ницкъ болчух ма кхера, дегI хIаллакдарал сов

цуьнга кхин хӀумма а далур дац. Ас эр ду шуьга хьанах кхера веза: шу кхера деза стеган са схьа а эцна, иза жоьжахатин цӀерга кхосса ницкъ Болчух. Билггала боху шуьга, Цунах кхера!» (Лака 12:3-5).

Цуьнан дешнаш чӀогӀа а, дагах чекхдуьйлуш а ду: абаде кхелъярх а, таӀзар дарх а лаьцна къаьстташ кхетамна тӀекхиарехула, цара ондда орам тосу вайн дегнаш чохь Делах кхерар хиларан.

Пурба лойша суна кхето. Жоьжахатехь абаде таӀзар дар, Дала бен дойла дац. Вай къайлаха баьхнарг, Цуьнан сийлаллин серлонгахь Кхелъечохь кхайкхийна хир ду. Вайн дешнаш хилла а ца Ӏаш, амма нигаташ а, тергонаш а, гӀуллакхаш а гуш хилла дӀахӀуьттур ду. Делах кхерарo даим а дагадоуьйту вайна, Цунах цхьа а хӀума къайладаьлла доцийла, ур-атталла уггаре къайлаха дерг а. Вайна хаьа, Цуьнан кхелах цхьана а хӀуман кӀелхьардалар хир доцийла, ткъа Цуьнан кхел нийса а ю. Нагахь вайн къаьстташ болу кхетам бацахь, вай атта тилададала таро ю, Далла харцонаш лелор хаалуш я ур-атталла уьш гуш а ца хиларх а тешна, долуш доцчу къинхетамаллех лаьцна йолчу ойлане ваьш те а дойтуш. Изза хиллера Ӏехийначуьнца а, Ийзалучуьнца а, Шалхачу Дахарца а. Вайн атта гӀойла ду, тӀаьхьарчу заманахь долчу, шаьш чӀагӀонца Делан олаллехь хила дезачу агӀонгара юха а дуьйлуш, харцонан некъа тӀе довлучу вуно дукха долчу адамашна юкъа.

Иштта бух боцурш адамашна хьалха болчу кхерамах бузур бу, тӀаккха цара кхоччуш шаьш кхоьручарна гӀуллакх дийр ду. Нагахь вай Делах кхоьруш делахь, вай Цуьнга ладугӀуш хир ду, ур-атталла вай охьатеӀош хилча а. Нагахь вай адамех кхоьруш делахь, вай царна тӀетовш хир ду, къаьсттина вай охьатеӀош хилча, ваьшна пайда болу агӀо а лоьхуш я вешан дегӀан лаамаш кхочуш а беш. ДегӀана лууш дерг даро чаккхенгахь ладамечу тӀаьхьалонашна тӀедаладо. Иштта, хьекъалца абаде кхелех а, таӀзар дарх а кхетам ца хиларна, вайн Везачу Элах кхераран кхоччуш барам хир бац, Дала леррина Къобалвинчун кхелъярш билггал бакъдолуш Делах кхераран агӀонех цхьаъ йолу дела. ПахӀала цунах лаьцна иштта боху:

«ХӀунда аьлча вай дерриш а Дала леррина Къобалвинчун кхелана хьалха дӀахӀитта дезаш ду. Вайх хӀораммо а ваьш кху дегӀа чохь дехачу

> хенахь динчуьнга хьаьжжина, дика я вон и делахь, доггӀург схьаоьцур ду. Везачу Элах кхерар хӀун ду тхайна хаьа дела, адамаш кхето гӀерта тхо. Далла тхох лаьцна дерриг а хаьа. Тхох лаьцна долу дерриг а шуна а хууш хиларе сатуьйсуш ву со» (2 Коринтхошка 5:10, 11).

ПахӀала, Ӏийсас хьалхадогӀучу аятехь (адамаш жоьжахати даха кхел йинарг а доцуш) бохург, Сийлахь КӀайчу Кхелъяран Ӏаршах а доцуш, амма, шех лаьцна къамел тӀаьхьабогӀучу коьртехь хиндолчу, тешачарна тӀехь хинйолчу кхелах лаьцна боху. Билгалдаккхалаш, ПахӀала Дала леррина Къобалвинчун кхелъяр Везачу Элах кхерарца нисдеш дусту (иза Сийлахь КӀайчу Кхелъяран Ӏаршана а догӀуш ду). Ма-дарра долчуьнца кху аятехь цо билггал долчу маьӀнехь кхелъярх «Везачу Элах кхерар» олу. Цуьнан маьӀна стенца доьзна ду аьлча, Везачу Элах кхерар кхелъярх дӀакъастадойла дац, ткъа Везачу Элах кхерар бакъхьара долчу дахарна догӀа ду.

ЛадогӀийша ЕшаӀ-ЯхӀу-пайхамаран дешнашка: «Веза Эла халкъан заманашкахь чӀогӀалла хир ю. Цо алссам кӀелхьардахар лур ду, хьекъалалла а, вовзар а луш. Везачу Элана хьалха ларамах дуьзна хилар – иза халкъан хазна хир ю» (ЕшаӀ-ЯхӀу 33:6).

Беза кхерам онддачу бухана догӀа ду. Дагадаийтийша хьалхарчу коьртехь, Ӏийсас Цуьнан цӀарах Ӏаламаташ динчу дуккха долчу адамех лаьцна бохура, цара абаде таӀзар дар схьаоьцур ду. Цецдовлийла дац, Инжилан Маттайс дӀаяздинчу ворхӀалгӀачу декъехь Ӏийсас сихха цара къинош леторан бахьанах кхетадо. Церан бух нийса бацара. Цара шайн дахар, дахаран бохамаш цалабеллачу, хьекъална хетачунна а, деган тешарна а тӀехь дӀахӀоттийна.

> «Цундела Соьга ла а дугӀуш, Аса аьлларг деш верг шен шахьар буточу тархана тӀехь юттучу стагах тера ву. ДогӀа а тӀедоьттина, хиш а дистина деана, чӀогӀа мох а хьаькхна, амма цуо дина долчу цӀенна хӀумма а ца хилла, хӀунда аьлча цу цӀийнан бух буточу тархана тӀехь боьттина бу *(Делан ондда бух… Везачу Элах кхерар)*. ХӀинца Аса бохучуьнга ладугӀуш воцург шен цӀийнан бух гӀамаршна тӀехь боьттинчух тера ву. ДогӀа а деача, хиш дистина а деача, мох а хьаькхча, цуьнан цӀа тӀе а кхетта, доьхна дӀадаьлла, схьаэца хӀума а доцуш» (Маттай 7:24-27).

Лан а ловш, чаккхенга баьхкинчара, боккха бохам лайна, шайн ондда бух бахьана долуш. И бух, вайна чIогIа хилар луш долу, Везачу Элах кхерар ду. Везачу Элах кхерар Делера болу бахам Iалашбо меттиг ю, Цуьнан кIелхьарваккхар а, хьекъалалла а, хаар а цу чохь къайладаьлла ду.

## Везачу Элах кхерар

Везачу Элах кхерар бохург хIун ду? Оьший те Цунах кхера? Кхера оьшуш данне а дац, иштта ца хилча Везачу Элаца юххера уьйр муха хуьлийла ду (Цунна оццул лууш йолу), нагахь вай Цунах кхоьруш хилча? Дела Ша Исраилна дIавеллархьама а, Шен Мусаца хилла йоллу юкъаметтигаш цаьрца хилийтархьама а веанера, амма, кхера а белла, уьш дIабевдира, Цунна юххе бахкар тIе а ца оьцуш. Мусас халкъе элира: «Кхера ма кхера. Дела шу зен а, Шега болчу ларамах шу дуьзна а долуш, шуьга къа ца латадайта а веана ву» (Арадаккхар 20:20).

Хетало, кху дешнашкахь дуьхь-дуьхьал дерг ду. Делахь а Мусас Делах кхерарна а, Везачу Элах кхерарна а юкъахь долчунна башхалла йо. Делах кхоьручо, Цунах цхьа-хIуъа а лечкъадо, (дагадаийталаш, хIун дира Адама, ша бешахь Деле ла ца доьгIначу хенахь: иза Делах дIалечкъира). Вукху агIор, Везачу Элах кхерар дерг Делах дIакъастийна хиларх кхоьру (иза муьтIахь хиларх воду).

Везачу Элах кхерар хиларан маьIна, ларар а, мехала хетар а, лерам бар а, Иза массо а хIуманал а, массарал а дукхавезар а ду. И бохург, Цунна деззарг дезар а, Цунна ца дезарг, ца дезар а, ду. Цунна лараме дерг, вайна а лараме ду, Цунна лараме доцург, вайна а лараме дац. Нагахь вай Цуьнах кхоьруш делахь, вай Цуьнан Дашана хьалха дегош хир ду, цуьнан маьIна ду, вай дуьхьало ца еш Цуьнга ладугIуш хир ду бохург, ур-атталла ваьшна цуьнан цхьа маьIна хилар гуш дацахь а, иза вайна лазаме долчу я пайденна доцчу хенахь а. Иштта, Везачу Элах кхерар Цуьнан Даше ладугIуш хиларехь а, Цуьнан некъашца а, весеташца а леларехь а гучудолу.

Дезачу Йозанаша боху, Везачу Элах кхерар, иза хьекъалаллин юьхьиг ю, я иштта ала мегар ду: Иза хьекъалаллин бух бу. Вай

тӀаьхьабогӀучу кортошкахь кӀоргге талламаш бийр болу хьекъалалла, – иза нийсачу хенахь нийса харжам бан хаар а, хьуьнар хилар а ду. ОхьатаӀорна кӀелахь сацамаш тӀеоьцучу стагана, хьекъалалла ца тоьа, ткъа хьекъалаллин хьоста Везачу Элах кхерарехь ду.

Дезачу Йозанаша вайн дахар, цӀа дӀахӀотторца дуста мегар ду боху: цкъа хьалха бух бутту, тӀаккха ерриг а гӀишло дӀахӀоттайо. Вай доьшу: «ЦӀенош хьекъалаллица деш ду, кхетам бахьана долуш ю цуьнан чӀогӀалла» (Кицанаш 24:3). Нагахь вай, нийса харжам барна хьуьнар хиларца, вешан дахар дӀахӀоттош делахь, вай бакъахьара дахар дӀахӀоттор ду, цул тӀаьхьа тешна хиларца Кхелана хьалха дӀахӀуьттийла хир ду вайн. Оцу хьекъалаллин дӀадоладалар я бух – Везачу Элах кхерар ду.

## Юхадиййларх лардо вай

Нагахь Везачу Элах кхерар Ӏийсана тӀаьхьахӀиттинчийн дегнашкахь ондда орам тесна делхьара, уьш Цунах юхабевр бацара. Ваьш даггара Ӏийсан долахь хиларх хер а лур дацара, дӀа а доьрзур дацара. Вай Цуьнан Даше, иза цхьа ша-шех долучу хӀумане санна а, тӀехула долчу хьажарца а хьовсур дацара. Дог чӀагӀдаларна а, къинош леторна а тӀедалочу къинца ловзуш дӀахӀуьттур дацара вай (хь. Ӏебархошка 3:12, 13). Вайна даима а хуур дара вай мел аьлларг а, къайлаха лелийнарг а Кхелъечохь нахана гуш кхайкхийна хир дуйла. ЛадогӀийша, Дала Ярми-ЯхӀуга Керлачу Весетан заманарчу нахах лаьцна хӀун аьлла:

> «Уьш Сан халкъ хир ду, ткъа Со церан Дела хир ву. Церан дегнаш чу цхьана новкъахь леларан лаам лур бу Аса царна: массо а деношкахь Суна хьалха ларамах буьзна баха луур ду царна. Иза церан диканна а, церан тӀаьхьенан диканна а хир ду. Аса цаьрца массо а тӀейогӀучу ханна барт бийр бу: царна диканиг дечуьра Со цкъа а соцур вац, Ас церан дегнаш чу Сайна болу кӀорга ларам а кхуллур бу, уьш кхин Сох дӀа ца къастийта» (Ярми-ЯхӀу 32:38-40).

Тидам белаш, Дала боху: «...Ас церан дегнаш чу Сайна болу кӀорга ларам а кхуллур бу, уьш кхин Сох дӀа ца къастийта». Суна, Малайзехь

хилла динан гулам дагабогӀу, цигахь суна чохь хиллачу Делах кхераран Сино ша чӀогӀа хадалийтира. Ас кхайкхамаш беш йолу аудитори, дуьненан берриг а Малхбалехьарчу декъара Делан Йозанийн школан студенташа а, динан Ӏуналхоша а, кхечу наха а тӀехъюьзна яра. Гуламан чаккхенгахь дуккха берш сеца а цалуш боьлхура, сценина хьалха лаьттахь а Ӏуьллуш.

Юкъаметтиг чӀогӀа Везачу Элах кхераро юьзнера. Ас хӀетахь ойла йира: «Джон Бивер, ахьа цхьа нийса доцу хӀума дахь я дош алахь, – хьо велла ву-кх!». Иза нислур дара я дацара суна ца хаьа, амма Керлачу Весетера стага а, зудчо а ишттачу хьолехь нийса доцу хӀума а лелийна, деллера. Царна тӀехь цу сохьта кхел яран жамӀ дара: «Ӏийсах тешначийн ерриг тоба а, и хилларг хезнарш а кхерамо бахьийнера» (Векалийн 5:11).

Гулам чекхбаьллачул тӀаьхьа суна тӀе Индера майрий, зудий деара ишттачу дешнашца:

«Джон, тхайна чохь йолу цӀеналла хаало тхуна».

«Суна а», – жоп делира аса.

ШолгӀачу Ӏуьйранна, хьешан цӀийнахь волуш, суна Дезачу Йозанашкара меттиг карийра: «Везачу Элах кхерар цӀена ду, иза абаденналц ду. Везачу Элан кхелаш билггал бакъ а ю, уьш нийса а ю» (Забур18:10).

Дезачу Сино кхуззахь элира сан даг чу: «Люцифер хастамаш беш долу малик дара стигалахь; иза даьтта хьаькхна а, исбаьхьа а, декъалдина а дара. Амма иза Сох ца кхоьрура; цундела иза абаденна ца лаьттина».

Аьллачун ойла еш, суна хезира: «Сан Ӏаршана гонаха а долуш, Сан сийлалла гина долу, маликийн кхоалгӀа дакъа, Суна хьалха кхерам болуш дацара; уьш абаденналц дацара». Со инзарваьккхинера цу довзийтаро, тӀаккха суна юха а хезира: «Адам а, Хьава а Сан сийлаллехь лелаш дара, Соьца уьйр йолуш а дара, амма Сох ца кхоьрура. И шиъ абаденналц Со волчохь ца дисина».

Везачу Элах кхераро вай долуш хиларна тӀехь ницкъ ло. Цо вай

Делан Даше ладогӀарехь лардо. Тешар долчаьрга дӀахьедина ду: «Дала, Ша синтем лун болчу метте кхачор ду аьлла, йина чӀагӀо хӀинца а йолуш ю, цундела ларлойла вай шух цхьаъ тӀаьхьа ца висийта» (Iебархошка 4:1). Тамашийна ду-кх, цо «кхера деза» олу «деза деза» олучу метта. Цуьнан безамо а доцуш, ткъа Делах кхераро Iалашдеш ду вай юха къила дахарх.

## ГIараваьлла Хаза Кхаъ кхайкхорхо

Суна цкъа а дицлур дац, шена тоьхначу пхеа шеран хенах тӀаьххьара шо доккхуш, цхьа гӀараваьлла Хаза Кхаъ кхайкхорхо волчу, набахте со вахар. Цуьнан гӀуллакх юкъараллина шуьйрра девзаш дара, тӀаккха шен хенахь Делан Пачхьалкх дуккха долчунна бехкеяр а деанера цо. Мухха делахь а, лаьцначохь хьалхара шо доккхуш, цо Везачу Элаца билггал цхьаьнакхетар лайнера. Диъ шо дӀадаьлча, со цуьнга хьажа веанчу хенахь, цо соьга аьлла долу хьалхарниг хӀара дара: «Джон, и набахти суна Делан таӀзар а доцуш, ткъа долччул сиха Цуьнан къинхетам бара. Нагахь со кхин дӀа а, хьалха вехаш махиллара, ваьхнехьара, со абаденна жоьжахатехь нислур вара».

Цу дешнаша сан тидам кхоччуш дӀалецира. Суна айса Далла муьтӀахь волчу стагаца, билггал бакъволу Дала леррина Къобалвинчун ялхочуьнца, къамел деш дуйла хаьара. Цу стага шен динан гӀуллакхдар, Iийсага безам бахана волчу хенахь, дӀадолийнийла хаьара суна. Цуьнан Далла тӀегӀертар ма-дарра гуш дара. Со цецвуьйлура, шен динан гӀуллакхдаран лакхенгахь а волуш, цуьнан хьекъал муха кхаьчна Везачу Элах оццул херавала. Ас цуьнга хаьттира: «Хьан Iийсага болу безам маца лагӀбеллера?» Цо, соьга а хьаьжна, сихха жоп делира: «Иза цкъа а лагӀ ца беллера!»

Цуьнан жоьпо синтем байира сан, тӀаккха ас дуьхьало йира:

Ткъа тӀаьхьарчу ворхӀ шарахь, дерриг а шена тӀехула хьуна хан тоьхна долу, почтех пайда эцарца хьарамлонаш лелоран а, хьайна лаамаш хиларан а хьокъехь дерг мича хьо ахьа?

Цо жоп делира: «Джон, суна даим а Iийса везара, амма Иза сан дахарехь уггар лакхара олалла дечуьра сецнера». Кхин дӀа со

тентак ваьккхина дешнаш элира цо: «Джон, Америкехь, со санна болу, Іийсана тІаьхьахІиттинарш, миллион ву. Цара Іийсах шайн КІелхьардоккхург а олу, царна Иза веза а веза, амма цара Иза шайн лаккхара Олахо хилар ца лору».

Цу муьрехь суна чохь серло къегира. Со цІаьххьана кхийтира, вайн Веза Эла везийла ду, амма цу безамо ша-шен вай къинош леторах совцор дац. Вай Делах кхоьруш хила деза. Дагадаийтийша Мусан дешнаш: «Кхера ма кхера. Дела шу зен а, Шега болчу ларамах шу дуьзна а долуш, шуьга къа ца латадайта а веана ву» (Арадаккхар 20:20). Шеца маликийн кхоалгІа дакъа долчу Люциферца а, Адамца а, тІаьхьарчу заманахь, динан тобанера юхабевллачаьрца а ма-хиллара, Далла муьт1ахь хиларх дІа а ца доьрзуш латта ницкъ, Везачу Элах кхерарo бен ца ло.

## Шен кІелхьарвалар дар

Цу бахьанехь ПахІала боху вайга: «Иштта, сан хьоменаш, гуттара а со юххехь волуш шаьш муьтІахь ма-хиллара, со юххехь воцуш а чІогІачу кхерарца а, дегІе зуз дарца а кхидІа къахьегалаш, шайн кІелхь ардовлар кхочушхилийтархьама» (Пилапхошка 2:12, Шордина гочдар).

Вай вешан кІелхьардовлар сийдаран гхерамца а, дегорца а кхочушдо, цу гІуллакхо, хІора ойла а, дош а, лелар а Къемат-дийнахь девзаш хирг хилар, дагахь латто гІо до вайна. Цунах кхетаро муьтІахь хиларехь а, хьекъал кхетаме хиларехь а, синан хаадаларехь а, марздаларна а, лацадогІарна а, Далла тамехь доцчу доллучу хІуманна тІехь толам баккха хьуьнар хиларехь а лардо вай.

Билгалделаш, ПахІала вай вешан кІелхьардаккхар безамца а, диканца а кхочушдо ца аьлла. Везачу Элах кхерарo ницкъ ло Цуьнан ниІматах дІа а девлла, харцхьарачу дахаре ца довла. Вукху агІор, Делан безамо вай адамийн Іадаташ лелорах лардо, оцу агІоно а Делаца уллора уьйр хилар дохадойла йолчу. Вайн Деле болчу безамо 1алашонаш а, лаамаш кхоллабаларна гІо до, уьш даггара а, нийса а деш. Нийса юкъаметтигаш хилархьама, вайн безаман боккха ницкъ а, кхерам а хила беза. И бахьана долуш ПахІала Делах «вайн Стигалара

Да а, Абба а» олу (цуьнан маьIна ду «Дада»), амма иштта, вайн Дела «дIакхоллу цIе» ю а олу (хь. Iебархошка 12:29). Иза Безам а бу, иштта Иза Бакъахьара а, Веза а Кхелахо ву. Цуьнах ца кхерар, – иза ирахь латта ьтто ца хилар ду. Iийсас дуккхазза а боху: «... и дерриге а чекхдаллалц лайнарг кIелхьарвоккхур ву» (Маттай 10:22).

## Вайн Iаткъам

Къемат-дийнахь хир йолчу кхелах а, таIзарх а болчу хьехамах лаьцна чIагIо йоллуш вайн кхетар хила дезаран коьрта бахьана, вай иза кхечу адамашна а хьеха дезарца доьзна ду. Нагахь вайн Делах кхерар тоъал дацахь, вай харцхьабаьккхина Хаза Кхаъ вешан дешнашца я гIуллакхашца дIасалур бу, цо, шен рогIехь, юхадовларна я ур-атталла вай Iаткъам бечарна къинош леторна бахьана хиларан гIуллакх дийр ду.

Бух боцучу инжилкхайкхорхошка а, хьехархошка а, динан Iуналчашка а Дезачу Йозанаш тIера, шен дахар муха далур ду декъалаллах дуьзна а, кхиаме а, ирсе а боху агIонаш бен дIасаялалур яц. Оцу агIонаша, уьш дагалаьцна ма-хиллара, могушалла а, ахчанца болу кхиам а, машар а, юкъаметтигаш гIоли яр а, иштта кхин дIа дерг а дохьуш, болх бийр бу. Делахь а абаденан кхелах лаьцна бух ца хилча, жIарах лаьцна а, Iийсана тIаьхьахIиттина леларан мехах лаьцна а дерг кхайкхорах ийзалур ду вай. Вай, доттагIий долабахархьама, дахьийтарш кхайкхор ду, вешан дахар сагIа доккхучу кхерчана тIе дилларан, лараме меттиг юкъара а йоккхуш.

Нагахь вай абадено лелош дацахь, вай лаьттахь долчу дахаран дуьхьа дехаш хир ду, дахаре абаден ойланан хьажарца хьоьжучу метта. Вай нахана таханлерчу дийнахь баха хьоьху, ширачу заманан баьччанаш бехаш ма-хиллара, бехачу метта, «Дела суртдиллархо а, гIишлоярхо а волуш, ондачу бух тIехь гIала схьаяре хьоьжуш Iара ИбрахIим (Iебархошка 11:10).

ХIаъ, кху дахарехь Дала тIедуьллучунна муьтIахь хиларна совгIат хуьлу. Вай царна дика Iамийна ду, амма диц ма дей вай, ваьш лаьттахь цкъачунна даьхкина хьеший хилар. Вай дахарехь кхиам болуш хила

деза, амма Стигалшкарчу стандарташца богӀуш болу кхиам хиларехь, вешан культурехь болчуьнца а доцуш. Вайн билггал долу цӀа кхузахь дац. Леррина дешалаш, Далла тӀаьхьахӀиттина лелархьама, хӀара дуьне дитина, эвлаяаш муьлхачу бахьанаша лелош хилла:

«Уьш берриге а, тешар а долуш, белла, лур ду аьлларш схьа а эцаза. Амма царна и хӀуманаш геннахь гина, уьш царах баккхийбеш хилла. Цара шайх лаьцна аьлла, шаьш девлла леларш а, тӀедаьхкина нах а ду лаьтта тӀехь. Иштта шайх лаьцна бохучара шаьш чубогӀу болу мохк шаьш лоьхуш хилар гойту. Нагахь церан дагахь шаьш дӀатесна даймохк хиллехьара, церан хан яра цига юхадерза. Амма уьш тоьллачу даймахке сатесна бу – стигаларчу даймахке. Цундела, наха Ша церан Дела ву аьлча, Далла эхь ца хета: Цо царна гӀала кечйина» (Iебархошка 11:13-16).

Цу, Делан гӀала лоьхуш хиллачу, эвлаяийн цӀа, вай кху книгин дисинчу декъехь шех лаьцна йиьйцун йолу, Керла Ярушалайм хилла. Цу гӀалин бахархойн толам боккхурш, аьлла, цӀе яьккхина. Церан совгӀат, кхузахь, лаьттахь, уггаре а гӀолехь долчу совгӀатал, барам боццуш исбаьхьа хир ду.

# Дийцаре Дарна Хаттарш

## ДАКЪА 3: КОРТОШ 6, 7

1. Шуна хетарехь, шаьш Дала леррина Къобалвинчунна тIаьхьахIиттарх, шайна са йолучу агIонех муьлхачо Iехадалар доьхур дара шуна, Iийсаца Шеца йолу уллорачу уьйранал совдаьккхина? Стено гIо дийр дара шуна дегнаш лардарна тIехь?

2. Деган синтем бар доьхий-те, шен тешарх юхаваларо адамана? Дог дуьхьалдалар догIий-те тешарх юхаваьллачунна? Делах тешар вайн хиларна, массеран а ма-хиллара хуьлучу кхерамах тера а доцуш, Везачу Делах кхерар вайн хила дезарх лаьцна, билггал бакъдолчуьнца доьзна шаьш лун долчу жоьпан ойла елаш.

3. Инжил тIера Маттайн тептаран (18:23-25) аяташ тIера къинхетаме воцучу ялхочух лаьцна долчу киcанна тIехь долчун ойла елаш. Шуна хетарехь, къинтIера довла дезарца доьзна долу хаттар кIорггера тидаме хIунда оьцу-те Дала?

4. Шайн дешнашца дийца хьовса, Делан къинхетамах лаьцна нийса доцучу хьажаро (Делах хила беза кхерам ца хилча) адам Iехадала муха тарло бохучух лаьцна.

5. Абаденах лаьцна вайна хетарг, деккъа вайх вешах бен хьакхаделла ца Iа. Вай кхечу адамашна а Iаткъам бо. Шуна хетарехь, лаьттахь дехачу ханна Дала леррина Къобалвинчунна тIаьхьахIиттарх хIун са йолу адамана (масала, могушаллех, кхиаме хиларх, хьал долуш хиларх) бохучух лаьцна, муха дуьйцур дара, оццу хенахь коьртачунна тIера тидам дIа а ца боккхуш?

# Дакъа 4

КОРТА 8

# Аффабель Пачхьалкх: Кхелъяран Шолгіа Де

*...Тlаккха кхетар бу динан массо а тобанашкахь берш, шайн дегнаш а, ойланаш а зуьйш верг Со хиларх. Шуна хlоранна а, шун гlуллакхашка хьаьжжина, хьакъ дерг дlалур ду Ас.*
– Довзийтинарг 2:23 (Шордина гочдар)

Эгоистаца а, Къинхетамаллица а хиллачуьнга хьовсархьама, Аффабель пачхьалкхан аллегорина тlе юхадоьрзур ду вай. Тешачарна тlехь ен йолчу кхелан ларамe агlонаш толлур ю вай, цигахь массара цхьатерра совгlаташ схьаоьцур дац.

## Тешачарна тlехь кхелъяр

Кхелъяр, кестта энделитхой Сийлахь Зал йолчу кхаьчначул тlаьхьа, lуьйранна хилира. Пхи бlе адам гергга гулделлера Дахаран Зала чохь, сатохар доцуш паччахь Джейлинаца шайн дуьххьара хила дезачу цхьаьнакхетаре ладоьгlуш. Гlоьналла а, Эгоист а, ладоьгlуш болчарна юкъахь шайн шира а, керла а доттагlий карийна, самукъадаьлла къамелаш деш бара цу муьрехь, тlаккха цlаьххьана зала чохь паччахьан гlаролаш гучубевлира. Гlаролхойн хьаькам тобане вистхилча, хабарш цу сохьта севцира:

– Дукха ца lаш шуна шайн паччахь гур ву. Цунна шу даим дезара, иза кху цхьаьнакхетаран дийне сатуьйсуш а вара. Шу цкъа а вовшахкхетта ца хиллехь а, цунна шу гуш дара. Иза шун дегнаш чу а хьоьжуш, шун стоьмаш зуьйш вара. Цунна шун дегнаш а, шун бахьанаш а, шун ойланаш а, синхаамаш а, гlуллакхаш а девза, цунах

цхьа а хIума къайладаьлла дацара. Хаалаш, цуьнан кхел нийса ю. Шух цхьа а бен доцуш а, декъах ваьккхина а хир вац.

ГIаролхойн хьаькамо уьш Сийлахьчу Зал чу муха буьгур бу а, цу чохь хIун хир ду а довзийтира. И кхетораш чекх а даьккхина, цо дIахьедира:

– Дуьххьара паччахь Джейлин волчу Эгоист кхойкху. Хьалха вала, тхоьга хьо Цунна тIе вигийтархьама.

## Эгоист а, цунна кхелъяр а

Эгоистан шеквалар дацара ша хьалха кхойкхург хиларан, ша Энделан мэран даржехь хиларна. Иза тешна вара, ша паччахьан арахьара долахь долчун коьрта агIо дIакхоьхьуш хиларна шена комаьрша совгIат дийриг хиларх. Цунна, ширачу Дезачу Йозанашкахь, Энделехь тешаме хиллачарна Аффабель пачхьалкхехь хиндолчу совгIатах а, лакхарчу меттигах а лаьцна дагадеара. Шина шарахь ша мэран даржехь волуш, цунна юкъаралла кхиаме хилар гора. Тешна хиларца воьдура иза паччахьна дуьхьал.

Сийлахьчу Залан неIарш дIаеллаелира, тIаккха Эгоист паччахь волчу вигира. Йоккхачу чоьнах инзарваьлла волчу цо тидам бира, зал юьзна хиларна гергга хиларан. Кхузахь болу берриш а ирахь лаьтташ бара. Эгоисто ойла йира, яьсса меттигаш стенна йисина те, аьлла, амма сихха шена догIу жоп карийра, цуьнан бахьана пачхьалкхан бахархой шайна ма-луъучу меттигашка дIасахевшина хилар ду, аьлла.

Цигахь, и волчуьра дIа йоккха меттиг юкъахь йолуш, Эгоисто цкъа-мацца а шена суртхIоттадойла долчул, дуккха а доккха Джейлинан паччахьан-гIант дара. Кхин а цунна масех жимо гIанташ билгалдевлира, цо нийса тардалийтина ма-хиллара, уьш Джейлинан гIоьнчашна дитина дара. Цуьнан дог сецира – масех гIант хIинца а паргIат дара. Цуьнан тешнахиларан синхаам хилира, царех цхьаъ цунна хьажийна хиларх.

## Шира доттагI

Эгоист паччахьан гIантана улло вогIуш, цуьнан тидам дIалецира, Энделан хилла болу, хIинца Аффабелан гражданаш болчу бахархойн

сийлахь хийцабалар хиларо. Паччахьан гӀантехьа цхьа ши гӀулч яьккхича, цунна, аудиторин уггаре генарчу йистехь хиъна Ӏаш волу, шира доттагӀ вевзира. Цуьнан ТӀекерениг цӀе йоккхура.

Цкъа мацах иза, Эгоист лелаш хиллачу, ресторанан долахо вара. Вистхила мегий те бохучуха, иза гӀаролхойн хьаькаме хьаьжча, къобалдаран кепехь корта таӀор хилира.

Эгоист доттагӀчунна тӀе веара, тӀаккха и шиъ маракхийтира.

– Муха ду хьан гӀуллакхаш, ТӀекерениг? – хьаьттира Эгоиста.

– Соьца дерриг а чӀогӀа дика ду, жоп делира ширачу доттагӀчо, амма хӀинца сан цӀе иштта ца йоккху; сан цӀе Реза верг ю. Олахочо Джейлина елла суна керла цӀе, шен гӀантана тӀе уьш богӀучу хенахь, цо хӀора шен ялхочунна керла цӀе луш ма-хиллара. Аффабель, вайна дагахь а ца хиллачу тайпана, исбаьхьа ю, – элира ТӀекеречо. – ХӀара Сийлахь Зал сийлаллин гӀалин къеггина а, исбаьхьа а хазаллин пачхьалкхан чуволийла бен яц. Паччахь – милла волчул а, вайна мацца вевзина волчул а уггаре безаме а, дӀавеллавелла а, сийлахь а ву. Нагахь суна Энделехь а волуш, сайна хӀинца хууш дерг хууш хиллехьара, ас дахар кхечу тайпана дӀахьур дара. Ас паччахьна тамехь дерг алсам дийр дара. Айса Энделехь йоццачу хенахь дӀакхехьна долу дахар, алсамо хьакъ долуш дӀадаьхьна хир дара. Нагахь со иштта ваьхнехьара, со хӀинца дуккха а уллохь хир вара цунна.

– ХӀун маьӀна ду ахьа бохучун? – хьаьттира Эгоисто. – Хьо Энделан дика вахархо вара! Хьан тоьллачех цхьа ресторан яра, тӀаккха ахьа юкъараллин дуккха йолу проекташна ахча а лора. Ахча гулдечу хенахь, ахьа кест-кеста доккха сагӀа доккхура. Хьо дуккха долчух волура цуьнан дуьхьа!

ТӀекеречо корта ластийра:

– Ас иза дора, сайн ларар хилийтархьама. Суна цу гӀуллакхо клиенташ тӀеийзор буйла хаьара. Сан бахьана адамаш декъалдар а доцуш, ткъа сайн кхиаме хилар чӀагӀдар дара. Со Джейлинан дешнашка ладугӀуш хила везара. Цо вайга бохура: «Айхьа гӀоьналлин делкъе нисъечу хенахь, хьайн доттагӀий а, вежарий а, гергарнаш а, хьал долу лулахой а ма кхайкха, тӀаьхьа цара хьо а кхойкхуш, хьайна

юхадалийтархьама. Къенаш а, заьlапнаш а, астагlнаш а, бlаьрзенаш а кхайкхха. Тlаккха хьо декъалвина хир ву, хlунда аьлча цаьрга хьуна мах балалур бац, ткъа хьан совгlат денваларан дийнахь хир ду». Ас иштта делкъенаш сайн пайданан дуьхьа йора, юкъараллин дуьхьа а доцуш. Суна Энделан ларамечу нахана юкъахь хила лаьара.

Эгоист кlорггене ваха гlоьртира:

– Амма ахь сих-сиха Энделан школина сагlина хlума ма лора. Цо Джейлинан декъалалла ца деана те хьуна?

– Ас билгал сагlина хlума лора Энделан школана, амма бизнесан тlедогlуш долчуьнца догlуш ма-хиллара а доцуш. Ма-дарра аьлча, ас кlезиг долу дакъа лора. Ресторанах тlедогlуш долчух дукхах долу дакъа ас дlадуьллура, банкрот хиларх кхоьруш. Цу юкъа догlура «хаза дахар» хила болу лаам а. Сан даггара болу лаам, иза суо ларвар бара. Ас дlалуш долу кlезиг дерг, иза сайн са тедаран дуьхьа деш долу гlуллакх дара. Со и ца дича ца волура, хьехархоша пачхьалкхана а, эшамехь болчарна а дlадалар ларaме гlуллакх хиларх лаьцна сих-сиха бохуш хилла дела. Жамlехь, дерриг а ас дlалуш мел хилларг, безам а, къинхетам а хиларна а доцуш, ткъа суо бехке хиларан а, ца ваьлла дала дезаран а синхаамна дара. – Тlекеречо кхин дlа элира: – Суна Джейлина, Аффабель пачхьалкх езаш йолчу йисина lачу зудчух лаьцна далийна масалла дицделлера. Дагадогlий хьуна, цо аьлла: «Бакъдерг боху шуьга, – элира lийсас, – хlокху йисина lачу къен зудчо сагlина делларг массара деллачул а деза ду».

Эгоистана ша шен цlахь дlакхехьна хьеший тlеэцарш а, царна яа хlума яор а дагадеара: цигахь цкъа а къенаш а, я ур-атталла кхул шел кlезиг кхиаме берш а ца хуьлура. Тlаккха, ша моральни компенсацина, лаьттан дакъа супермаркет дlахlотторна дlадалар къобал ца деш болчарна сагlина делла долчу, пхеа эзар долларх лаьцна дагадеара цунна. Хlетахь цунна ша тоъал дукха ахча делла хетара, амма хlинца иза эхь хеташ вара, мел кlезиг делла хилла ша хlетахь, бохуш. Муха бехказа вала веза со цу тlера Джейлинна хьалха?

Цуьнан дагалецамаш Тlекеречун дешнаша бохийра.

– Нагахь со билггал Джейлинна а, цуьнан халкъана а муьтlахь

хиллехьара, аса школана гӀуллакх деш, алсам хан йоккхур яра. Нагахь хӀораммо а белхан шен дакъа кхочушдеш хиллехьара, мохь байн хир бара, ткъа иштта ерриг а йозалла масех стага дӀакхоьхьура. Нагахь Джейлинан Ӏалашонаш кхочушъеш хиллехьара, цхьанна а и мохь базбелла хир бацара. Шайна тӀе беза мохь бехкинарш лаккхара совгӀат дина бара. ЖамӀ иштта ду: айса дӀалуш долу кӀезиг дерг, аса сайн сий тедаран дуьхьа деш дара, со Джейлинан долахь хилар тоам боллуш аса тӀе ца эцна дела.

Сан дерриг а дахар юханехьа хьовзийна гайтинчу хенахь, массарна а гуш дара, со, цуьнан сийлаллин дуьхьа долчул а, сайн аьттонийн а, кхерамазаллин а, репутацин а дуьхьа алсам ваьхна хилар. ХӀинца со кху гӀалин кӀезиг ларам болчу бахархойх цхьаъ ву. Иштточу хьоле а ца хьоьжуш, паччахь сайца дика хиларна а, сайга цуьнан безам хиларна а баркаллех тӀехвуьзна ву со. Ма-дарра аьлча, со сайна деллачух цхьа а хӀума хила хьакъ долуш вацара. Хьо-хьуо кестта тешар ву, Джейлинан безам а, комаьршалла а муьлххачу а кхетарал сов хиларх. Со сайн дахар чекхдаллалц цуьнан йист йоцчу дикаллина тӀера декхарийлахь хир ву.

– Бахархошна юкъахь кӀезиг верг! – элира Эгоисто Ӏадорца. – Ахьа бохург, кхузахь тайп-тайпанчу классашна декъадалар ду ткъа?

Вела а къежна, ТӀекеречо элира:

– ХӀаъ, цхьана агӀор аьлча, ду. Вайна цунах лаьцна Энделехь хьоьхура, амма вай иза тидаме ца оьцура. Ткъа вешан деган кӀоргенехь вайна цунах лаьцна, иза иштта дуйла хаьара: ахь цунах лаьцна ур-атталла кху зал чу волуш а ойла йира. Суна хьан ойланаш хезара: хьуна айхьа трон дӀалоцур ю моьттура. Хьуна цунах лаьцна, вай школехь Ӏамийначу, ширачу Дезачу Йозанашкара хаьара. Делахь а со шек ву, Энделехь вехаш а волуш, хьо цунах тешаш хилар ахьа тӀеэцарх.

Вай Энделехь йоккхучу йоццачу хенахь, Джейлинна тешаме хилларш, кху юкъараллехь лидерш а, мелла самукъане агӀонаш дӀалаьцна а бу. Уьш гӀалин уггаре а хазачу декъехь бехаш а, сих-сиха паччахьца гуш хиларна озабезам болуш а бу. Вайх болчу,

Энделехь шайн дуьхьа баьхначарна, гӀалин арахьара меттигаш елла. Иза аудитори чохь меттигаш дӀасаекъна хиларна тӀехь а гуш ду. Кху зал чохь тӀаьхьарчу могӀаршкахь охьахийшина берш – лахарчу нийсачу меттера бахархой бу. Царна уггаре а каде белхаш белла. Вай пачхьалкхехь уггаре а лахара меттиг дӀалаьцна ду. Юккъерчу секторехь охьахийшина берш лаьмнашкахь бехаш а болуш, мелла а кхоллараллин даржаш дӀалецна бу, оццу хенахь хьалхарчу могӀаршкахь а, тронашна тӀехь а охьахийшина берш паччахьаллин центрехь бехаш бу. Цигахь ша паччахь вехаш ву, тӀаккха царна цунна юххехь баха а, къахьега а озабезам бина бу. Уьш Аффабель пачхьалкхехь сийлахь нах бу. Сан доттагӀ Эгоист, Джейлин нийсонан а, безаман а урхалча хиларх тешна хила. Дерриг а цо хьуна делларг, билггал долу совгӀат хир ду хьуна. Вайх цхьа а, ур-атталла уггаре а кӀезиг хетар долчу пачхьалкхан декъе кхачалур вацара, нагахь цуьнан къинхетам ца хиллехь, – чекхдаьккхира шен къамел Реза волчо.

Иза а аьлла, иза шен метте юхавирзира. ГӀаролхойн хьаькамо корта таӀийра, иза кхин дӀа паччахьан гӀантехьа вахийтархьама.

## ГӀараваьлла хьехархо

Эгоисто кхин а масех гӀулч хьалха яьккхича, цунна цӀаьххьана кхин а евзаш йолу юьхь билгалъелира. Иза, цо лоруш волу стаг, Бахьанча вара. Иза школехь хьехархо вара, тӀаккха Эгоисто иза гӀараваьлла стаг лорура. Цо даим а къаьстташ гойтура шен ойланаш, хааршца декъа а доькъуш, Эгоист шен къамелашца иракара а хӀоттавора. Цу башхачу инструкторо студентийн къобалдар а, дог иракарахӀиттар а хуьлучу кепара хьоьхура. Кхечу хьехархоша а айболуьйтура дешархой, амма цхьацца йолчу хенашкахь тӀех къовламе хеталора, ткъа церан дешнаша лазаме Ӏорадахар хаадолуьйтура. Бахьанчанан урокашкахь ишттаниг цкъа а ца хуьлура. Иза Эгоистан уггаре безаме волу хьехархо вара.

Эгоист юха а хьаьжира гӀаролхойн хьаькаме, шен хиллачу хьехархочуьнга вист хила бакъо а хьоьттуш. ГӀаролхочо юха а корта таӀийра, къобалдаран билгалонна. Эгоист Бахьанчанна тӀе вахара, тӀаккха цара даггара вовшашка маршалла хаьттира.

Эгоист хаттар ца деш саца ца велира:

– Хьо кхузахь, уггаре а тӀаьхьарчу могӀаршкахь охьахиъна хӀунда ву?

– ХӀара сан агӀо а, меттиг а ю. Со Аффабелан уггаре а кӀезиг болчарех вахархо ву. Со лахахь нийсачу меттехь вехаш а, хидалорхо болх беш а ву.

– ХӀун? – элира Эгоисто. – Хьо школехь тоьллачарех цхьа хьехархо вара! Хьо уггаре кӀезигчарах верг хилла дӀа хӀунда хӀоьттина? Хьо тронаш тӀехь болчарна юкъахь охьахиъна хила веза.

– Сан, кху сийлахьчу гуламехь а, Джейлинан урхалчашна юкъахь а хьалхарчу агӀонгахь меттиг дӀалоцийла ца хиларан, масех бахьана ду! Дехха дийцарна хан ца яйархьама, сайн сонталлин духехь дерг доцца дуьйцур ду ас. ДагадогӀий хьуна, берриге а шайн дахар Джейлинн дола дӀаделларш, гӀишлошъярхошца дустарна далош хилар? Вай цунах лаьцна Ӏамийра, школехь вай яьккхинчу ерриг а хенахь. Энделерчу хьехархошна тӀедиллинчарах уггаре а коьртаниг, дешархойн дахарш дӀахӀиттор дара. Оха иза тхешан дешнийн а, тхайн дахаран масаллица а, гӀуллакхийн гӀоьнца а дора. Инструктор хиларе терра, суна а беллера и сийлахь озабезам а, жоьпалла а. Ас студенташ Джейлинан принципашна а, некъашна а Ӏамабора. Делахь а дуккха долчунна тӀехь со дӀогара дика хьехархо вацара.

Сан хьехар цхьана агӀор оьзна дара. Ас сайн тидам Джейлинна гӀуллакхдаран позитивни агӀонна тӀе а бен ца бахийтора. Дуккха болчу студенташна, уьш кхиаме хиларна тӀегӀерта безар бен ца хьоьхура ас, тӀаьхьалонийн ойла а ца еш. Ас уьш, дахарера билггал бакъйолу Ӏалашо, Джейлинна там бар хилар ца хьоьхура. Ас царна, дахарехь кхиаме хиларе тӀекхиарна пачхьалкхан принципех пайда муха эца беза бохург бен, ца Ӏамийнера. Цуьнца доьгӀна, ас цаьрга вайн юкъараллехьхуьлчу гуранех а, речӀанех а лаьцна цкъа а дӀа ца хьедора.

Ширачу йозанаша къаьстташ боху, аса Джейлинан дерриге а весеташ хьеха дезаш дара. Цуьнан маьӀна ду «муьлхха а адам Джейлинаца кхачаме хилла дӀахӀотторхьама, иза кхето а деза, муьлххачу хьекъалаллина Ӏамо а деза». Ас хьоьхура, амма кхеторна а, дӀахьедарна а къа ца хьоьгура. Къаьсттина позитивни хьехархо а

волуш, бакъахьара долу дӀахьедарш а ца деш, дӀахӀоттийна ас дуккха болчийн дахар, амма Джейлинна сийлалла кӀезиг деана. – Цо корта охьабахийтира. – Царах тоъал дуккха берш хӀинца хенаш тоьхна бу.

Эгоистан юьхьа тӀехь иза воьхна хилар а хааделла, хьехархочо юха а элира:

– ХӀаъ, уьш хӀаллакьхиларехьа дӀабахана. Царах дуккха берш, сан цхьана агӀор бен ца хилла хьехар бахьанехь, хӀинца дӀатесначу Лоун лаьттахь бу. Ас студенташна, дала дезаш дерг ца делла, царна лууш дерг бен ца делла дела. Суна гӀараваьлла хиларх вала ца лаьара. Цундела ца хьоьхура ас царна нийса. Ас студентийн, церан шаьш шайна дезаран лаамаш бузош долу хаарш бен ца луш, церан дахарера ледара а, телхина а агӀонаш дӀа ца йохура.

ДагадогӀий хьуна ширачу йозанашкахь хьехархошна дина долу дӀахьедар: «Цу пайхамарша «машар» боццушехь, «машар» бу а бохуш, Сан халкъ тиладалийтарна, халкъо пенаш дӀахӀитточу хенахь, царна тӀе цара поппар хьокхучаьрга и пен бужург хилар дӀахаийта. ЧӀогӀа догӀа а догӀур ду, ткъа шу тӀулган кескаш, охьаоьгур ю, буьрсачу мохо бохийна дӀабоккхур бу и пен». Дуккха болчу студенташа шайн дахар цкъачунна долчу хӀуманашца дӀа а хӀоттадора, лар а дора, амма аса, деган кӀоргенехь, уьш онда пенаш доцийла хуушехь, дӀа ца хьедора цаьрга. Ас дерриг а дика ду олура, иза дика доццушехь. Ас цара хаьржина некъ къобал бора, уьш тилабаларехь чӀагӀ а беш.

Со хӀинца Лоунехь болчу дешархойх дог лозуш ву. Царах цхьаберш бен ца кхаьчна Аффабеле. – Белшана тӀехула а хьожуш, аз лагӀ а деш, цо кхин дӀа элира: – амма царах дуккха берш тӀаьхьарчу могӀаршкахь охьахийшина бу. Цара шайн дахар эрна дайина, тӀаккха берриге а церан кхиамаш нийсса кху Кхелъяран гӀантана хьалххахь баьгга дӀабевлира.

– Кху паччахьан гӀантана хьалххахь бегира? – юха хаьттира Эгоисто.

– ХӀаъ, – жоп делира хьехархочо. Хьуна дага ца догӀу ткъа, ширачу Дезачу Йозанашкахь яздина долу дешнаш: «Оцу бух тӀехь деших я детих, я дезачу тӀулгех, я дечигах, я алах, я чех цхьаммо гӀишло еш хила тарло. Царах хӀораннан а гӀуллакх къематдийнахь гучудер ду, хӀунда аьлча цу дийнан цӀеро и гӀуллакх, зерца серлонга а доккхур ду,

цуьнан мах а хадор бу. Нагахь санна цхьаммо дина долу гӀуллакхаш, цӀеро талха а ца деш, шен меттехь латтахь, цунна совгӀат хир ду. Ткъа нагахь цхьаммо динарг цӀергахь дагахь, цунна эшам хир бу. Иза ша-м кӀелхьарвер ву, амма цӀергахула чекхволуш санна вер ву иза».

Ширачу векало бохуш болу бух, иза ваьш Джейлинан олаллина муьтӀахьдар ду, ткъа иза, вайшинненна а хууш ма-хиллара, адаман цуьнан пачхьалкхе кхача могуьйту, цхьаъ бен боцу некъ бу. Делахь а вай билггал цуьнан долахь делахь, вай дийриг цу буха тӀехь дӀахӀотто деза.

Сайн дахар ширачу Йозанийн стандарташца дустарца, ас цуьнан сатийсар бакъ ца дина, айса хьоьхучарна Ӏаткъам барехь кӀел а вуьсуш. Аса, студенташ Аффабель пачхьалкхана кечбарехь, сайн авторитетах пайда ца эцна, тӀаккха цуьнца доьзна догӀуш ма-хиллара, со сайн совгӀатах ваьлла. Дагадаийта сийлахьчу хьехархочун ПахӀала, цо ша Ӏаткъам бан безаш тӀедиллина болчаьрга аьлла дешнаш: «Ткъа мила ву хӀинца дегайовхо луш верг, я вайна хазахетар хуьлуьйтург, я вайн сийлаллин таж санна верг? Шу а дац-ткъа уьш, вайн Веза Эла волчу Дала леррина къобалвинчу Ӏийсана хьалха, Иза кху лаьтта юхавеача дӀахӀуьттун дерш? Шу ду тхан сийлалла а, даккхийдер а».

Со хьеха волалучу хенахь, суна Джейлинан билггал бакъдерш дика довзара, амма сайн тешарехь чӀагӀо ца хиларе а, кхечара тӀеэцна хила болчу лааме а, тӀаккха эххар а, дозалле а сайна тӀехь урхалла дар магийра аса. Дукха хан ялале, со воьдучу некъах дӀавирзира. Юьхьенца со айса кхайкхамаш беш ма-хиллара вехара. Амма дӀаверзаре терра, сан-сайн дахаран хьокъехь долу, Джейлинан схьахьедар гучуьра далийтинера аса. Со, сайна хаа а цалуш, Ӏехалуш вара. Кхузахь, пачхьалкххехь, гӀараваьлла а, вевзаш а хиларе хьажар, Энделехь долчул кхоччуш кхечу тайпана ду. Цигахь сийлахь лоруш долчунна юкъара дуккха дерг, кхузахь ларам доцуш лору.

Эгоисто боллучу ларамца хаьттира:

– Бахьанча, сан доттагӀчо, Джейлина хӀоранна а керла цӀе ло, элира. Хьан цӀе хӀун ю хӀинца?

Хьехархо велакъежира: – Сох Эсалниг олу.

Цу тIехь, корта охьа а таIийна, цо шен метте гIулч яьккхира. Эгоист гIаролхойн хьалкамехьа вирзича, цунна цо корта теIор гира, дерриг а хезнарг бакъ хиларх а кхетош.

Эгоист трон йолчухьа вахара. ХIинца цунна юьхьенца хилла долу тешнахилар ца хаалора. Цунна шен дахар дагадеара. ХIун бахьанаша лелавора иза? Джейлинан сийлаллин дуьхьа урхалла дора те цо гIалина тIехь, я ша шен везаран амбицийн дуьхьа дора те? Муха дIададьхьна цо шен дахар? Джейлинан дешнашца догIура те и, я иза а Iехалуш хилла те? Кхечарна хьоьхура те цо я царах ша-шен кхиаме хилар дIахIотторехь пайда оьцура те?

## Урхалча

Эгоист Сийлахьчу Залан юккъерчу декъехула чекхвелира, тIаккха кхузахь охьахиийшина болчу нехан паччахьалле гар алсамо долуш санна хилар хааделира цунна, нагахь иза иштта олийла делахь. Царах хIоранна а хьажарехь безам а, догдикалла а дара. Церан бIаьргийн къегарх а, яххьийн дика гуш хиларх а цуьнан мелла а теваран синхаам хилира. Цу гIуллакхо вуно чIогIа гIо дира, иза шен хиндолчу Iотталун долчух кхоччуш тешна воцу дела.

Хеталора, дийнна абаде чекхъяьлла, иза паччахьан гIантана герга кхачале. ХIора керла гIулч яккхарца цунна къаьстташ Энделера дахаран агIонаш гора. ХIетте а хIинца а, иза мэр волуш ша кхиаме хилар бахьана долуш, шена куьйгалла даран агIо яларе сатуьйсура цо.

ХIинца Эгоист, паччахьан духарш тIедуьйхинчу, урхалчашна юкъахь лаьтташ вара, церан кортош тIехь таьжнаш дара. Царах хIораммо а скипетр дIалаьцна яра. Уьш ма-дарра лараме нах бара кху сийлахьчу гIалин. Эгоист цецваьлла вара, мел сийлаллах буьзна бара и нах.

Царна юкъахь цунна билгалъелира гIалин советан декъашхойх цхьаннан секретарь. «Иза трона тIе хиъна Iаш стенна ю?» – цецвелира Эгоист. Цо цхьа а гIарадаьлла долу хIума ма ца дина. ЙоIа цхьа шо хьалха школа чекхъяьккхинера. Цунна иза дIогара дика ца евзара, и даим а эхь хеташ а, тийна а хилла дела.

ЙоӀа хьалха гӀулч яьккхира, гӀаролхойн хьаькам цунна хьалха охьатаьӀира. Цо Эгоист маравоьллира, мелачу елакъажарца маршалла а хоттуш.

– Марша вогӀийла, Эгоист. Со Собарениг ю. Джейлина соьга хьоьца къамел дар дийхира, хьо цунна юххе кхачале. Со Аффабелехь цуьнан урхалчех цхьаъ ю.

– Урхалча? Хьо урхалча хуьлийла муха ду? Хьо Энделехь цхьа а лараме хӀума деш ма яцара. – Цуьнан дешнаш гӀиллакхе а, шен меттехь а доцуш хиларх а кхетта, цунна эхь хийтира.

Собаречо кхетарца корта таӀийра.

– Эхь ма хета. Кху сийлахьчу гӀалин залан пенашна юкъахь харцдолчун меттиг яц. Хьо цӀена вара. Энделехь хьо хьайн цӀеран а, репутацин а гӀайгӀа еш хиларна, наха лаамаза харцдерг олура, шайна а хаа а ца луш. Кхузахь дешнаш чӀогӀа лараме ду, амма бахьанаш а, нигаташ а кхин а мехала ду, уьш гуш долу дела. Хьуна иза хьайна хуур ду, хӀора аьллачу дашана тӀера кхелъйина хир волу дела.

– ХӀора дашана тӀера? – элира Эгоисто. Хьан дагахь дерг хӀора ма-дарра долчу къамелера хӀора ма-дарра долу дош ду?

– ХӀаъ, – жоп делира Собаречо, – хӀора дашана тӀера. ДагадогӀий хьуна олахочун Джейлинан ширачу йозанашкара чӀагӀдар: «Амма Аса боху шуьга: къематдийнахь шаьш ойла а ца еш аьллачу хӀора дашах жоп дала дезар ду адамаша. ХӀунда аьлча ахьа аьллачу дешнашка хьаьжжина, хьо я бехказа воккхур ву, я хьуна кхел йийр ю». Даьсса аьлла дешнаш пайденна а дац, эрна а, сонта а ду, иза Джейлинан амалца цхьаьна ца догӀу.

– Суна даим а, вай йоккха харцонна тӀера я вай дикачу гӀуллакхийн а, уггаре баккхийчу кхиамийн а могӀарехь билггал бакъдолчух лаьцна аьллачу дешнашна тӀера жоп лур ду моьттура. Жимма саца а сецна, цо кхин дӀа элира: – ХӀун ду соьца хиндерг?

Собаречо жоп делира:

– Ширачу йозанаша къаьстташ боху: «Шен багах даьллачуьнгахула стаг диканах вузу, ша бинчу балхе хьаьжжина стагана йоггӀу ял лур ю».

Иштта, хьуна ахь динчу массо а хIуманна хилла а ца Iаш, амма хIора дашах а кхелйина хир ю. Цу юкъа догIу дика а, ур-атталла хьан багара девлла даьсса къамелаш а. Хьан дешнаш а, гIуллакхаш а хилла ца Iаш, амма царна тIаьхьа лаьтта Iалашонаш а теллина хир ю. Кхин а хьо хьайгара долчу хьекъалца йинчу ойланашна тIера а кхел йина хир ву. Диц ма делахь, Джейлинан кхел нийса ю хьуна, «дегнаш а, кийрахь дерг а зуьйш»; цо ша аьлла: «Со, Джейлин, адаман даг чохь долчуьнга а хьожу, цунна чохь дерг а зуьй Аса, хIоранна а цуьнан дахаран некъашка а, цу некъийн стоьмашка а хьаьжжина, цунна доггIург далархьама». ХIора лелар а, дош а хилла а ца Iаш, амма царна тIаьхьа лаьтта ойланаш а зуьйр ю.

– Цундела лайра ахь Iадоран хьал, со паччахьан гIата тIехь а гина. Ахь сох лаьцна, Энделехь кхиамаш хиларан маьIна долчуьнца догIуш, ойла йира. Джейлинан кхел кхин ю; хьо иза хIинцца ган воалур ву, тIаккха кестта кхоччуш гур а ду хьуна. Сан хьоме ваша, ахьа хьайн Энделерчу дахарна тIера хьайна нийсонца доггIу совгIат схьаоьцур ду.

Эгоисто дахарехь цкъа а иштачу къизачу билггал бакъдолчуьнга ла ца доьгIнера, делахь а иза, цунна кхоччуш бевзаш боцчу безамца аьлла дара. ХIинца цунна Джейлин безаме а, къинхетамалле а урхалча хила везийла хаьара. Цунна иза цхьадолчу декъанна хIинцца хааделира цуьнан урхалчера. Иза, безамца дина долу, нисдар дара. ЦIаьххьана иза, безам кхечарна тамехь дерг дар а доцуш, билггал бакъдерг хиларх кхийтира.

Собаречо кхин дIа элира: «Хьан паччахь хьоьга сатуьйсуш ву». Иза юха а яьлла, шен гIантана тIе яхара, ткъа гIаролхойн хьаькамо Эгоисте корта таIийра, иза тронна юххе вахийтархьама. Цара цуьнга, урхалчийн гIанташ лаьттачохь, ладоьгIур ду.

## Эгоист Джейлинна хьалха

Эгоист тIегIанаш тIехула сийлахьчу тронан хьалхарчу ламин майданна тIехь, цунна хьехна ма-хиллара, ларлуш дIахIоьттира. ТIаккха хьалахьаьжча, ша паччахь гира цунна. Кху ерриге зала чохь Джейлин санна, исбаьхьа а, сийлалле а, возалле а цхьа а вацара. Цуьнан

къеггина хиларо йийсаре а вора, цец а вохура. Цунах террачу стагана шен дахарехь цкъа а тӀе ца Ӏоттавеллера иза. Иза цу сохьта ша цуьнан хьекъалаллина а, ницкъана а дуьхьаллатталург цахиларх кхийтира.

Дуьххьара Джейлинан бӀаьргаш чу хьаьжча, Эгоист, иза хӀокхо шена цуьнан суртхӀоттадойла долчул дуккха кӀеда-мерза а, кхераме а хиларх кхийтира. Цуьнан хьажар Эгоистах чекхдолура, тӀаккха цунна ша верзина волуш санна хеталора, паччахьан бӀаьргех цхьа а хӀума къайладолийла ца хиларх кхетара иза. Эгоист кхелъяр дикачу агӀор дерзаран тешна хиларх ваьллера, амма цуьнан цо кхин гӀайгӀа а ца йора. ХӀинца цунна долччул дукха билггал бакъдерг хила лаьара.

– Марша вогӀийла сан пачхьалкхе, Эгоист, – элира Джейлина. – Со сатуьйсуш вара кху муьран. Хьо Энделехь сан халкъан урхалча вара. Аффабелехь паччахьан гӀантех цхьанна тӀе а охьа а хиъна, урхалла дан хьакъ долуш вуй те хьо?

ХӀара, цкъа а вухуш воцу, дукха хьолахь шех тешна хуьлуш волу стаг, хӀинца вист ца хуьлура. Хьалха цо, ша лидер хила сийлахьчу Ӏалашонца ларо хьуьнар долуш лорура, амма тӀаьххьара хилла хабарш дагадарца, и ойла а Ӏехаваларе хила мега аьлла, моьттира цунна.

Джейлина, цунна юххехьарчу гӀантана тӀе охьахиъна Ӏачу, урхалчех цхьаьнга хаьттира:

– Эгоисто пачхьалкхана пайдехьа Ӏаткъам бинарш мел бу?

Масех цӀе бен ца яьккхира. Ишттаниг довзарна Эгоист Ӏадийна а, вист ца хуьлуш а Ӏара.

Паччахьо юха а оццу урхалче хаттар дира:

– Масанна Ӏаткъам бинера Собаречо?

– Пхеа эзар стагал а сов, сан олахо, – жоп делира цо.

– И муха хуьлийла ду? – гӀам-гӀим дира Эгоисто. – Иза дуьххьалдӀа секретарь яра, ткъа со мэр вара. Иза муха хуьлийла ду, тхан терахьаш оццул чӀогӀа башхалла йолуш хилар?

Джейлина чӀоггӀа элира:

– Ас ца хаьттира, ахь маса стагана дуьххьалдӀа Ӏаткъам бина, амма пачхьалкхана пайдехьа маса стагана Ӏаткъам бина хаьттира!

– Цуьнан вистхиларан кеп мелла а кIеда хилира, амма лесталур доцуш дуьсура. – Ур-атталла хьан хилла волчу хьехархочо Бахьанчас, хIинца Эсалниг цIе йоккхуш вевзаш ву иза, ахь бинчул дуккха болчу нахана Iаткъам бина. Амма царах Iалашонна тIе кхиънарш дукха бац. Цундела цо кху гIалахь урхалла дечарна юкъахь меттиг дIа ца лаьцна. Шех лаьцна къамел долу, Iаткъам, Кхелъярехь латталур бу, нагахь иза сан дешнашца а, сан пачхьалкхаца а бертахь белахь. – Жимма Iийна, Джейлина кхин дIа элира: – Хьуна, Собаречуьнга пхеа эзар стагал сов болчарна мухачу кепара Iаткъам бабелла, гайта лаьа Суна. Цо школина ахчанца комаьрша сагIа а доккхура, кхин долу гIо а дора. Берриге школехь гIо хилларш, цунна тIе язбина бара.

– Амма аса а ма делла школина сагIина хIума.

– Хьан сагIанаш хьайн гIиллакх-оьздангалла тедаран а, хьан хьайн репутаци долаяккхаран а, меттахIотторан а дуьхьа дина дара. Царна тIера ахьа Энделехь кхоччуш хьайн совгIат схьаэцна. Ткъа Собаречо, пачхьалкхе а, адамашка а болчу безамо лелош хиларца, дIалора. Собаречо Къизаниг цIе йолу стаг динан гIуллакхдарна тIевалийнера.

Кху муьрехь иза Дахаран Зал чохь ву, суна хьалха хIотта шен рогIе сатуьйсуш. Цунна, Инжилкхайкхориг, аьлла, керла цIе елла хир ю, иза сан некъийн сийлахь кхайкхорхо хилла дIахIоьттина дела. Цо шен дахарца эзарнаш дахаршна Iаткъам бина. Берриге а цо Iаткъам бинарш а Собаречун счета тIе бахийтинера, хIунда аьлча, цо валийнера Къизаниг динан гIуллакхдарна тIе, хьеха а хьоьхуш, школехь гIо а деш.

Эгоистна Къизаниг цуьнца Энделехь хабар дийцинчул тIаьхьа дагавогIура. Цо иза шен тешаршкахь тIех фанатични а, даггара а лорура. Къизачо гIалин газетина сих-сиха статьяш язйора, царна тIехь цо адамаш пачхьалкхана шаьш ларар тоъал ца хиларх йолу шен ойла йоькъура. Иза дуккха болчу энделитхошца телефонан зIене а вуьйлура, гIалин советан декъашхошка электронни поштехула, школа шоръярна гIо дар доьхуш, кехаташ дIаса а кхехьуьйтура цо. Цо, Эгоисто шен школана а доцуш, ткъа супермаркет дIахIотторан пайдехьа кхаж тасарна, цатам схьагайтира. Цундела Эгоистан цабезам

бара Къизачуьнга. Ткъа хIинца иза эхьхетаран синхаамо зуьйш вара, дерриг а Къизачун къийсам латтор Джейлинан Iедалца бертахь а, пачхьалкхана пайденна долуш а хиларх кхетарна. Иза оццул бIаьрзе муха хуьлийла дара те?

Джейлина кхин дIа дуьйцура Собаречо Энделехь пачхьалкхан дуьхьа адамашна Iаткъам мухачу кепара бора, бохуш. Цо йоIан, вовшахтоьхча доккха жамI делла долу, дуккха ладам боцу гIуллакхаш дагардира. Собарениг массаьрца а цIена а, даггара а хуьлура. Иза эшамехь болчаьрца комаьрша яра. Иза меттахъяккхалур йоцуш билггал бакъдолчунна тIехь лаьттара.

Собаречух лаьцна дийцар чекх а даьккхина, Джейлин ма-дарра Эгоистан дахаре хьаьжира. Собаречо схьахьедина ма-хиллара, хIора дешан а, хIора ойланан а, леларан а мах хадийна бара.

Эгоистана цо паччахьна лерина динчу гIуллакхашна юкъахь цо дина дуккха диканиг а гира, хIетте а иза гIайгIане вахана вара, цуьнан дахарехь цо динарг ша-шен дуьхьа а, ша-шен кIелхьарваккхархьама а, шен дарж лардархьама а ша дина хилар бахьанехь. Шен дахарх лаьцна болу дегалацам чекхбаьлча, ша эшамехь хилар хааделира цунна.

– Со дерриге сайн дахар чекхдаллалц таIзар хила хьакъ долуш ву, – элира цо. – Со Лоунехь хила хьакъ долуш ву. Сайн кара делла жоьпалла а долуш, ас оццул дукха дайина, ткъа юха кIезиг дерг дерзийна!

Иза вагочу лазамо дIалаьцнера, ткъа беснеш тIехула бIаьрхиш охьаIенара. Кху Сийлахьчу Зала чу оццул тешна хиларца чоьхьаваьлла волу хIара, хIинца бецан хелиг дIалаьцна вара. Дерриг а цунна диснарг, къинхетамалле сатийсар дара. Иза муьтIахь хиларца паччахьан Лоун лаьтта тIе хьажоран таIзар даре ладогIа кечвеллера.

Еза тийналла дIа а ялийтина, эххар а, паччахьо элира:

– Эгоист, хьо сан ялхо ву, ахь оццул дукха хIума дайинехь а, хьо сох теша а тешара, сан олаллина муьтIахь а вара. Суна веза хьо, дерриге хьан дахар чекхдаллалц, сайн пачхьалкхехь хиларе тIекхойкху Ас хьо.

Эгоист лацавелла виснера. Цо бIаьргаш хьалахьаьжийра, тIаккха юха а бIаьрхиш доладелира цуьнан, амма хIинца гIайгIанна а доцуш, ткъа

алалур доцчу воккхаверна. Иза сийлахьчу пачхахьан къинхетамаллина а, дикаллина а баркалле хиларо тIех вузура. БIаьрган негIар тохале дерриг а, Джейлинан амалх лаьцна цунна хезнарг, цIаьххьана иштта кхеташ хилла дIахIоьттира. Цхьа секунда бен хьалха доцуш, иза эхь хетар а, лазам а хаалуш вара, уьш хиларх иза хьалха ур-атталла шекьхилар долуш а вацара. Иза дIаэккхор а, таIзар дар а бен доцург хила хьакъ долуш вацара, иза емалваран хьакъ долуш вара, цуьнан дахаро цунах лаьцна гуш долу тешалла дора. Ткъа хIинца, паччахьо шен сийлахьчу гIалахь маршалла хоьтту цуьнга, уггаре кIеда-мерза а, дика а дешнаш хеза цунна. Ма боккха къинхетам бу! Ма безам бу! Ма цецвоккху безам бу!

Эгоист, цуьнан дерриге бохург санна, гIуллакхаш догуш хиларе хьоьжура, амма лергаш чохь хIинца а хIара дешнаш хезара: «Суна хьо веза, сан гIала марша а вогIийла хьо». Иза, цуьнан доттагIчо Реза волчо билггал бакъдерг аьлла хиларх, кхийтира. Паччахьан хIорра сацам, сатуьйсучул тIех бара.

Паччахь юха а вистхилира:

– Эгоист, хьан кхин иштта цIе йоккхур яц. ХIинца, ас хьуна керла цIе ло. Сан пачхьалкхехь хьан цIе Мадарениг хир ю. Ас хьуна лахахь нийсачу аренгахь меттиг кечйина, цигахь ахь ландшафтан дизайн еш гIуллакхаш лелор ду. Хьо кху гIалин куьйгалхо хилла дIа ца хIоттахь а, хьо суна арахьарчу меттигашкахь урхалла деш гIо деш хир ву.

– Хьоьца арахьарчу меттигашна тIеххьий? – юхахаьттира Эгоисто.

– Кху гIалахь бехаш болу берриш а куьгалхой бу, – жоп делира Джейлина. – Сан дозанаш ерриге а сайратан йистошка кхаччалц дIасадаьржаш ду, сан пачхьалкхехь дуккха а кхин гIаланаш ю. Цу гIалийн бахархоша, Аффабелера наха санна, Энделехь йина йолу тренировка ца йина, уьш кхелйина а бац. Цундела церан, кху гIалин бахархойн ерш санна, корматаллаш яц. Хьо Аффабелехь куьйгалхо хилла дIа ца хIоттахь а, хьо суна доккхачу урхалла дарна тIехь гIо деш хир ву. Хьан ма-дарра йолу Iалашо, Бенджилла континентан ткъа гIалахь куьйгалла дар а, гIуллакх дIакхехьар а, ландшафтан дизайн ечу гIуллакхашна Iамор а ю.

Корта охьа а таIийна, Мадарениг воьлхура. Паччахьан дикалла инзаре дара.

Паччахь, стоьла тIе а вахана, цхьа хIума схьа а эцна, юха а вирзина, цуьнгахьа волавелира. Ламин майданна тIе охьа а воьссина, цо элира:

– Хιинца, схьа а эций, хIара стом баа.

Мадаречо паччахьан карара стом схьа а эцна, биира. Иза, хIокхо мацца а бaьккхинчу чомал, уггаре а башха чам болуш бара. Цо хьекъал чу а, даг чу а къаьсташ хилар даийтина аьлла хеталора. Цуьнан ойланаш сийлахьчу безамах а, гIуллакх дан лаарх а тIехъюьзнера. Цо стом бууш, хьалхалерчу лазамо а, боданечу ойланаша а витинера иза. Цунна ша карлаваьлла а, ирсе а, сатийсарх а, тешарх а вуьзна хетара. ДIогара дукха хан а ца йийзира, и стом, хьалха хьехархоша дийцина долчу, дахаран дитта тIера хиларх, кхетархьама. Мадаречун юьхь шуьйррачу велакъажаро серлаяьккхира, ткъа Джейлин тамхиларца хьоьжура цуьнга.

ТIаккха Джейлина элира:

– ДIа а верзий, хьайн доьзале хьажа.

Мадарениг меллаша юхавирзира. Иза хIетте а хIинца, кхузахь волчу хIоранна а цуьнан дахаран меттигаш гина а, хезна а хиларх, эхьхетар ловш вара. Цо юьхь аудиторехьа ерзийначу хенахь, трибунаш тIера тIараш деттар а, баккхийберан маьхьарий деттар а иккхира, мукъам а болабелира, тIаккха пачхьалкхан гражданаш хелхарш дан буьйлабелира. Мадарениг халла тешалора, цу хьакъ долчу адамаша цуьнга иштта безам а, дегайовхо хилар а гайтарх. Цу гIуллакхо Энделерчу дахарера дерриге гIалатех кхоччуш товира и. ХIинца иза кхачамболлуш цIена вара.

Юхавирзича, цунна уггаре а сийлахь велакъажар гира Джейлинан юьхьа тIехь. ТIаккха цо цуьнан бIаьргийн тидам бира. Уьш, хIара хьалха цкъа а тIе ца Iиттавеллачу, безамца а, йовхонца а хьоьжура Мадаречуьнга. ХIинца цуьнан Джейлинан ойланаш хозийла дара, Собаречунна а, кхин болчарна а цуьнан ойланаш хезаш ма-хиллара: цунна иштта чIогIа езаш йолу тамхиларан ойланаш, адамаша дуккха шерашкахь зовкх хьегарх сатийсаран ойланаш. Мадарениг, голаш

тIе а воьжна, паччахьна охьатаьIира. Паччахьо иза когаш тIе ира а хIоттийна, ондда мара а воьллина, велакъажарца элира:

– Марша вогIийла, доттагI.

ТIаккха Мадарениг аудиторин геннарчу могIаршкарчу метте дIавигира, цигара цуьнан цунна бевзаш болчу энделитхошна тIехь ен йолчу кхелан процессе хьежийла дара. ХIинца хIорра бIаьрхинан тIадам бакъийна бара. Цхьа а гIайгIа а, лазам я бала хьегар а ца диснера, дерриг а шираниг дIадахна.

## ГIоьналла а, цунна тIехь кхелъяр а

Iуьйре кхин а дIайоьдура, ГIоьналла йоцург, берриш а шайн рогIехь Кхелъяран Зала чу кхайкхина бара. ХIара цхьаъ йиснера. Цуьнан сагатдан ца дийзира, сатийсаран зала чохь цунна, сийлахьчу гIалин автораша язйина дуккха книгаш карийна дела. ГIаролхойн хьаькам цунна тIаьхьа веанчу муьрехь, ГIоьналла «Аффабелан хроникин ШолгIа книга» йоьшуш яра.

– ГIоьналла, хьан паччахь хьоьга ладоьгIуш ву.

Дог доккхадерца тохаделира. ХIинца цунна, оццул ган лууш верг а, иштта чIогIа везаш верг а гур ву. Дуккха а шерашкахь сатийсинера цо кху муьран, хIинца иза тIекхаьчнера. ГIаролхо велакъежира, тIаккха и шиъ цхьаьна Сийлахьчу Зала чу делира.

Залан неIарш дIа-ма-еллаели, иза шена гиначун лепаро инзаръяьлкххира. Делахь а, цуьнан тидам, долчул а дукха, чу волийлана геннахь сийлалле лаьттачу, Джейлинан паччахьан гIанто тIеозийнера цуьнан. ХIинца кху муьрера дуьйна цунна гIантан го бен ца гора. ГIоьналла аудитори чуьрачу Аффабелан паччахьаллечу бахархошка хьаьжира. «О, ма сийлахь адамаш ду! – ойла йира цо. – Со а мацца а цкъа царех цхьаъ хилалур ю те?».

Юххехула тIехйолуш, цара цунна хьалха корта охьатеIош хиларан тидам бира цо. И сийлахь божарий а, зударий а цунна охьа стенна теIара те? Иза паччахьан г1антана юххе мел кхочу, цу исбаьхьачу адамийн сийлахь духарш къеггина хуьлура. Уьш тIехъадамаш долуш санна гуш

бара. Иштта долу адамаш цунна хьалха охьатеӀийла муха ду те?

Царна юкъахь ГӀоьналлина Энделера масех вевзаш верг гира. Церан бийлакъежаро баккхийбер а, безам а кхийдабора. Цунна, саца а сецна, хӀорра а мараволла лаьара, амма цунна иза кхузахь догӀуш ца хилар хаалора. Къизаниг гича, цунна ша саца а ца елира. Едда цунна тӀе а яхана, иза ондда маравоьллира цо. Даккхийдер вовшийн а хилар гуш дара.

Къизачо, цунна хьалха охьа а таьӀна, элира:

– Марша йогӀийла хьайн керлачу цӀа чу.

Хьо суна хьалха охьа стенна теӀа, Къизаниг? – хаьттира ГӀоьналло. – Со дела яц, суна охьатеӀархьама.

– Башхалла ю охьатеӀарна а, ларамна а юкъахь, – жоп делира гражданина Машаречо. – Олахо бен вац шена охьатеӀа хьакъ долуш, амма кху пачхьалкхехь оха тхайна Энделехь дика гӀуллакх динарг лору. Кхин а оха тхаьшна юкъахь урхалла дечийн а лерам бо. Энделехь ларам бар коьрта хиларх ца кхетара вай. ГӀоьналла, ахьа Энделехь гӀуллакх дора суна. Хьан паччахьна муьтӀахьхилар ца хиллехь, со кхузахь хир вацара, со дӀатеттинчу Лоун лаьттахь хир вара. Долччул хьалха а, уггар дукха а со паччахьна декхарийлахь ву, амма со хьуна а баркалле ву. Со сайн дахар чекхдаллалц тамхиларца хьуна гӀуллакх деш а, хьо лоруш а хир ву. ГӀоьналла, сан кхин Къизаниг цӀе ца йоккху. Олахочо Джейлина суна кхин керла цӀе – Машарениг елла. Хила тарло, паччахьан уггаре а сийлахь къинхетам сох бина хилар.

– Машарениг, ма исбаьхьа цӀе ю! – элира ГӀоьналлас. – Хьоме доттагӀа, ас хьуна Энделехь, ахь хӀинца суна гӀуллакх даллал, гӀуллакхаш ца дина. Ас иза хьоьга болчу безамна дора, хьан дахаран а, кхин дӀа хин болчу кхолламан а гӀайгӀа барца.

– Хьан Ӏалашонаш, ас хьо лара а лоруш, хьуна гӀуллакх дийриг хиларна бахьана хилла. Хьо паччахьо комаьрша совгӀат дина хир ю. Хьо Цуьнга болчу безаман дуьхьа къахьоьгуш яра, тӀаккха цхьа а хӀума хьо тӀеэцийтархьама а, совгӀатан дуьхьа а деш яцара. Джейлин, цуьнан безамца кхечарна гӀуллакх деш болчаьрца, дика хуьлу. Энделехь йолуш, цуьнан бӀарлагӀах кхетар бен хилла ца Ӏаш, ткъа

цуьнан дагах хьакхаялар а лараме дара. Хьо шина а агӀонца ларийра, хьоме йиша, тӀаккха хьан деган ойланаш соьга евлира. Цундела вара со айса Энделехь доккхучу тӀаьххьарчу кӀиранах доллучу дагца дуккха болчарна гӀуллакх дан гӀерташ. ХӀинца со сайн къахьегарна тӀера комаьрша совгӀат дина ву, иза оццул доцца хилла доллушехь.

ГӀоьналла елакъежира:

– Машарениг, ма ирсе ю со хьуна тӀера. Ас хьуна дерриг а сайн дахар чекхдаллц гӀуллакх дийр ду.

– ГӀоьналла, ахь хӀинца, Аффабелехь дуккха шерашкахь яьхначо санна, боху-кх, – жоп делира Машаречо. – Тхо кху сийлахьчу гӀалахь вовшашна гӀуллакх дархьама дехаш ду. Ма-дарра аьлча, тхуна тӀехь куьйгалла деш берш, уггаре а баккхийн ялхой бу. Ткъа тхан уггаре а хала декхарш ду, тӀаккха цу тӀехь тхан там хилар а ду. Кхузахь дерриг а кхоччуш Энделехь санна дац. Ӏуналхоша шайна гӀуллакх ден берш ца лоьху, амма шайн, гӀуллакххойн, кхечарна гӀуллакх дарна аьтто хиларна баккхийбоь. Муьлххачу гражданинна уггар сийлахь воккхавер ду, цкъа-делахь, паччахьна гӀуллакх дар, шолгӀа-делахь, шен согражданашна, къаьсттина, Энделехь вайна Ӏаткъам бинчарна, тӀаккха, эххар а, арахьара дозанашкахь болчу бахархошна, царах лаьцна хьуна кестта хуур ду. Сан хьоме йиша, – элира Машаречо чекхволуш, – со воккхавоь хьох. Хьайн паччахь волчу гӀо. Цунна хьо ган а, шена гӀуллакх дарна хьуна совгӀат дан а лаьа.

Цу тӀехь уьш кхин цкъа а маракхийтира, тӀаккха ГӀоьналла, гӀаролхочунна тӀе юха а еана, цуьнца трона тӀе яхара.

## ГӀоьналла Джейлинна хьалха

Тронна бӀе метр герга кхаьчча, ГӀоьналлина Джейлинан юьхьан амат къаьстташ гойла хилира. Паччахьна тӀера бӀаьргаш дӀаберзош ца хиларна, цунна ур-атталла, ша юххехула тӀехъюьйлу, урхалчаша шена кортош охьатеӀош хилар хаа а цаделира. Иза цуьнан сийлаллин лепаро йийсаре дӀалаьцнера.

Ламин тӀегӀанашна тӀехула майдана хьалаяьлча, иза

берталъюьйжира шен паччахьна хьалха. Джейлина, охьа а воьссина, когаш тIе ирахIоттийра иза. Цо безамца элира:

– ГIоьналла, сан хьоме йоI, маршайогIийла пачхьалкхе. Со хьо юьхьдуьхьал гаран муьре сатуьйсуш вара.

– Олахо, иза со яра кху муьре иштта ехха сатуьйсуш ерг, – жоп делира ГIоьналло. – Хьо сан паччахь ву. ХIинца аса хьо волчохь дерриг сайн дахар чекхдаллалц хан яккхаре сатуьйсу, хьуна кхоччуш гIуллакх дархьама.

– Чу а ялий, дуьне кхоьличхьана дуьйна хьан дуьхьа кечйинчу пачхьалкхан олалла де, – элира паччахьо. – Со меца вара, ахь со вузийра; со хьогах вара, ахь суна хи делира; со ваьлла леларг вара, ахь хьайн цIахь тIеийцира со; со верзина вара, ткъа ахьа тIе хIума юьйхира суна; со цомгуш вара, ткъа ахь гIайгIа бира сан, хьо со волчу набахте а еара.

ГIоьналло цецъяларца элира:

– Маца гинера суна хьо, олахо, меца волуш, тIаккха аса вузош, хьо хьогах волуш, тIаккха ас хьуна хи луш? Вуьшта хьо ваьлла лелаш а маца гинера суна, сайн цIа чу а маца витина я хьо верзина волуш, тIе юху хIуманаш а маца юьйхина хьуна тIе? Суна хьо цомгуш волуш а маца гина я набахтехь хьоьга хьажа маца еанера со?

– Билггал бакъдолуш боху ас, – жоп делира паччахьо, – ахь иза Сан жимах болчу вежарех цхьанна дина дела, иза Суна дина!

Джейлина, иза цуьнан халкъана гIуллакх деш а, цуьнан Iедална муьтIахь а йолчу хенахь, цо мел нийса цунна гIуллакх дина, дийцира цуьнга. Дерриг а цуьнан дахаре хьоьвсира; хIора дош, лелар, деган ойла а гира. Массо а хIума дIадиллина дара: гIуллакх дар, школина сагIа далар, адамашка хилла болу безам, пайда боцчу а, тамехь доцчу а гIуллакхашкахь дакъа ца лацар. Джейлине болчу безамна цо лайна лаьллина лелор а, ресторанехула кхечарна гIуллакх даран къахьегар а, тиладеллачу синошна тIекхиар а, боьхна хьийзачарна тIера йоьлхуш а, доIанаш деш а дайина сахьташ а, цо Джейлинан Iедална муьтIахьхиларан тIехь ондда агIо, Джейлине эмгаралле терго хиларна иза ларамечу юкъараллера дIаяккхар, шен согражданашна дуьхьал хIума ца алар я эладиташкахь дакъа ца лацар... Список еха яра.

ГӀоьналла, шен дахаро кхечарна иштта Ӏаткъам бина хиларх цецъяьллера. Цо Джейлинан сийлаллин дуьхьа диначун дукхах долу дакъа хьалххе дуьйна дагадаийтина я Ӏалашо йолуш дина дацара. Иза дуьххьалдӀа ширачу Дезачу йозанашкара ша Ӏеминчу дахаран кепехь лелара.

Дагийна долу, масех гӀуллакх дара. ГӀоьналла ша кхочуш ца деш дитинарг а, дийлина гӀалаташ а бахьанехь халахетта яра. Делахь а цуьнан дахаран къахьегаран жима дакъа бен дайна дацара.

## ГӀоьналлина долу совгӀат

Цуьнан тӀаьххьарчу ойланашка а, дешнашка а, гӀуллакхашка а хьаьжна, шена юххе хиъна Ӏачу урхалче а хьаьжна, паччахьо хьаьттира:

– Маса стагана Ӏаткъам бина ГӀоьналло пачхьалкхана пайдехьа?

Урхалчас жоп делира:

– Сан олахо, 5183 стагана, юкъараллин дерриге адамийн ялхолгӀачу декъал жимма сов.

ГӀоьналла цецъяьлла яра:

– Оццул дукха бу-те?

Джейлина элира:

– Дагадаийта шира йозанаш, ас ваӀда дина «ДӀадуьйш волчунна хӀу а, юуш волчунна юург а Кхочуьйтучо шуна а хӀу кхочуьйтур ду, иза алсам а доккхур ду, ткъа шун нийсонца леларехула Цо шортта ялта лур ду». ГӀоьналла, сан пачхьалкх дебаран агӀонна тӀехь болх беш ю.

ТӀаккха паччахьо, ша ма-дарра, цуьнан муьтӀахь йолуш лелар муха дебара гайтира, цо адамашна Ӏаткъам бар а гора, иза юкъараллехь лидер ца хиллехь а. Го шорбаларан эффект инзарвоккхуш яра. Джейлина тӀетуьйхира:

– Яздина ма-хиллара: «Тоам боллуш дӀало цо мискачу нахана, ур-атталла абаденналц а ларта цуьнан нийсо!» Сан куьйга кӀел долу дахар, долуш дерг совдаккхар хир ду, цунах лаьцна цхьанна а дага ца догӀу, сан кхелана хьалха ша дӀахӀотталц. Дуккха берш кӀезиг долчунна

тӀехь муьтӀахь ца хуьлу, ткъа дукхахьолахь кӀезиг хеташ долчо кху пачхьалкхехь сийлахь ялта хьакхар дохьур ду. Муьлххачу хьелашкахь догӀа хьан муьтӀахь хиларехь ду.

ТӀаккха Джейлина элира:

– ГӀоьналла, хьайна аьрру агӀор, суна юххехь, дӀалаьцна йоцу трон гой хьуна?

Цо жоп делира:

– ХӀаъ, сан олахо.

– Хьо цу тӀе охьахиъна а йолуш, хьайн дахар чекхдаллалц, соьца цхьаьна урхалла деш хир ю.

ГӀоьналла чаккхенца инзаръялла яра:

– Сан олахо, со урхалла дан хьакъ долуш яц. Со ресторанан долахо бен яцара яра. Соьл дуккха сов хьунаре нах бу. Соьга хьоьца иштта сийлахьчу пачхьалкхана тӀехь урхалла муха далур ду? Эгоист дика лидер вара. Цуьнан хьокъехь дерг ткъа? Доьху хьоьга, хьуна а, хьан халкъана а пайденна хин болу, болх лохьа суна.

– Эгоист Сийлахьчу Залан тӀехьарчу могӀаршкахь ву, и гӀалин шера аре олучу меттехь ландшафтан дизайнеран болх беш хир ву. Иза иштта пачхьалкхан арахьарчу меттигашкахь кхечу дизайнершна гӀуллакх деш а хир ву, – жоп делира Джейлина. – Ткъа хьо урхалчашна юкъахь хир ю, соьга а, сан халкъе а безам гайтина дела. Хьан собаре а, тешаме а, эсала а хиларо иштта сийдар деана хьуна. Хьуна дага ца догӀу ткъа ширачу йозанашкара сан дешнаш: «хӀунда аьлча хӀора ша лакхара хеташ верг, лах а вина (бисинчарел лаха хӀоттийна), кӀезиг хетар ву, ткъа ша кӀезиг хеташ верг лакхаваьккхина хир ву (даржехь лакха ваьккхина)»? Хьо соьца урхалла деш бен хилла Ӏийр яц, ас хьуна Сийлахьчу хӀордан хийистехь дика хӀусам кечйина, сан паччахьаллин юкъаметтехь. Хьуна хи а, тулгӀенийн гӀовгӀа а чӀогӀа езийла хууш, ас хьан лаам кхочушбина. Ас берриге а сайн тешамечу ялхойн деган лаамаш кхочушбо.

ГӀоьналла йист а ца хуьлуш Ӏара.

Паччахьо кхиндӀа бохура:

– Ахьа гӀалин итт кӀоштана тӀехь куьйгалла дийр ду. Аффабель гӀалин бӀе ткъа кӀоштана тӀехь куьйгалла деш кхин а цхьайтта кхиболу урхалчаш а бу. Ахьа соьца а, хӀинца гӀанташ тӀе охьахевшина болчу, кхузткъе вуьрхӀитта гӀалин урхалчашца а цхьаьна тӀейирззина болх бийр бу. Царна образовани а, производство а, самукъадаккхар а, исбаьхьалла а, иштта и санна кхин йолчу агӀонашна тӀехь куьйгалла дан олалла делла ду. Да волу со а, кхузткъе вуьрхӀитта урхалча а, Ӏалашонаш хӀиттош а, Аффабелехь долчу дахаре хьоьжуш а ду. Хьо сан тешамечу хьехамчех цхьаъ хир ю, суна а, сан гражданашна а юкъахь дазорг йолу.

Хьо соьца кху гӀалахь хилла а ца Ӏаш, амма кхинболу кхузткъе вуьрхӀитта урхалча санна, пачхьалкхан арахьарчу меттигашкарчу гӀаланашна тӀехь куьйгалхо хир ю. Ас хьуна Бенджилла меттиган ткъа гӀалина тӀехь олалла дар ло. Хьо цу меттиган премьер-министр хир ю. Цу гӀаланийн берриге куьйгалхой а, бахархой а хьуна отчет яла дезаш хир бу. Ткъа хьо суна бен отчет яла езаш хир яц.

Джейлинан и дешнаш хезча, Мадарениг шен меттара хьалаиккхира, шен классхочух воккха а веш. Делахь а воккхаверах элуш халахетаран ӀиндагӀ а дара, цуьнан а бара аьтто эзарнашна адамашна пачхьалкхан пайдехьа болу Ӏаткъам бан, аьлла, ойла дагаеъча, амма цо иза ца динера. Джейлинца, дуьххьалдӀа юкъарлой а боцуш, урхалчех цхьаъ хилла дӀахӀоьттина болх бан озабезам хуьлийла дара цуьнан. Иза шена Аффабель пачхьалкхехь ваха бакъо яларна баркалле вара, амма Энделехь яьккхина хан ша эрна яьккхина хиларх кхетара иза, тӀаккха цу гӀуллако цуьнан 130 шо йисинчу ханна Ӏаткъам бинера.

Пачхахьо гӀаролхойн хьаькаме элира:

– Толам баьккхинчун таж а, урхалчан жезл а схьая суна.

Таж а, жезл а схьаеъча, цо таж ГӀоьналлин коьрта тӀе диллира.

– Дика ду! – элира пачхахьо. – Дика лай! Хьо кӀезиг долчунна тӀехь тешаме хиларна, хьайн урхалле кӀел итт кӀошт а, ткъа гӀала а схьаэца.

ТӀаккха Джейлина жезл кховдийра цуьнга иштта дешнашца:

– Хьо кхин ГӀоьналла цӀе йоккхуш хир яц; хьан цӀе ю – Хьоме Толамбаккхархо. Ас Энделан бахархошка хьалххе дуьйна дӀахьедина ма дара: «Толам а бaьккхина, Сайн Ден Ӏаршана уллохь долчу паччахьан гӀанта тӀе Со охьахааре терра, толам баьккхинчунна бакъо лур ю Ас Сайн Ӏаршана уллохь долчу паччахьан гӀанта тӀе охьахаа».

Джейлин тӀаьххьара стом тӀехь бисинчу стоьла тӀе вахара. Цо иза Хьомечу Толамхочунна тӀе а баьхьна, элира:

– Сан хьоме доттагӀа а, белхан накъост а, хьан дахаран дитта тӀера стом дӀакхаллийла ду.

Цуьнан чам баьккхича, Хьоме Толамбаккхархочо, дуьнен чохь уггаре а мерзачу цу стоьман чам баьккхинчу кхиболчара санна, ша чӀогӀа цӀанъялар зийра. Цуьнан ойланаш кхин а алсамчу безамо юьзира, тӀаккха гӀуллакх даран лаам, цунна девзаш ца хиллачу хьолал, хьалабаьллера. Иза яханчу хенара муьлххачу лазамах а, боданечу ойланех а цӀанйина яра. Дерриг а хӀума керла хилла дӀахӀоьттира. Цунна керла ницкъ тӀебеана хилар хаалора, тӀаккха иза ирсах а, тешарх а юьзна яра. Хьоме Толамбаккхархо Джейлине а хьаьжна, елакъежира. ТӀаккха, цунна цхьа а бахьана доцуш хеталучуха, и шиъ цхьаьна даккхийдеш деладелира. Иза, дерриге а дахарна дахлучу, доттагӀаллин доладалар дара.

Джейлина, иза трона тӀе а йигна, элира:

– Хьоме Толамбаккхархо, юха а ерзий, хьайн доьзале хьажа.

Иза юхайирзира, тӀаккха чӀоггӀа тӀараш деттар доладелира. Даккхийдеран гӀовгӀано юьзира зал. Иза цхьана а кхечу дезде даздарх тера дацара. Юкъаметтиг гӀаддахарх а, даздарх а юьзна яра. Хьоме Толамбаккхархочун юьхьа тӀехь елакъажар лепара, ишттачу безам гайтаро цецъяьккхинера иза. Паччахьо, цуьнан белшаш мара а йоьхкина, элира:

– Тешаме а, дика а лай, хьайн олахочун воккхаверна юкъа йола.

Цу тӀехь вайн паччахьах а, цуьнан ялхойх а, сийлаллин Аффабель пачхьалкхах а лаьцна истори чекхъели.

## Хьехаман а, дӀахьедаран а дош

ХьалхабогӀучу кортошкахь вайна, безачарна тӀехь кхелъяр муха хирг хиларан, цхьа жимма серло бен ца гира. Соьга кхачам боллуш гайта ца ло, амма Дала леррина Къобалвинчун Кхелъяр, кху историхь гайтинчу муьлххачу сийлаллел, дуккха а сов хир ду. Делахь а аллегорехь Делан пачхьалкхан дуккха а долу билггал бакъдерш гайтина ду.

Историн агӀонаша билггал бакъдерг хила претендовать ца до, ткъа цу тӀегӀерташ хиларна кӀел сиз хьокху. Ӏийсас кицанаш дуьйцучу хенахь, шу, билггал бакъдолчун ма-дарра терго йолчунна тӀе а ца догӀалуш, ткъа Иза Шен кицанехь дӀадала лууш волчун маьӀна гуш хуьлу.

Со а, Дала леррина Къобалвинчун абаде пачхьалкхан хьокъехь йолчу, коьртачу меттигашна кӀел сиз хьакха гӀоьртира. Книга ешна довлуш, шуна, аллегори керла юхаешарца, хьалхарчу а, тӀаьхьабогӀучу а кортошкахь Дезачу Йозанийн хьехамийн алссам кӀорге гойла хир ду.

КОРТА 9

# Стигалш

*Ткъа суна бакъонца гур ю Хьан юьхь, самаваларца,*
*Хьан сибат а гина, там хир бу суна.*

– Забур 16:15

ХӀинца бакъахьарнаш дӀакхалхарх лаьцна дуьйцур вай. Ца тешачарна, жоьжахати цӀе йолчу, ткъа тӀаьхьа финальни хин йолу – цӀе яьлла богу Ӏам, боху, цкъачунна Ӏалашбо меттиг хиларе терра, иштта, лаьттара дӀабаханчу бакъахьарачеран а ю цкъачунна йолу тӀетовжийла. ХӀинцалерчу цӀийнах дуккха болчара стигалш олу, амма кхин а нийса хилча, Дезачу Йозанаша цунах стигалашкара Ярушалайм олу. Бакъахьарчийн чаккхенгара хӀусам а Ярушалайм цӀе йоккхуш хир ю, иза лаьттахь хир ю. И гӀала стигалшкара охьайогӀур ю чаккхенан кхелъяр хиллачул тӀаьхьа. Цуьнан цӀе – Керла Ярушалайм ю (хь. Довзийтинарг 21:2).

## Лакхенашкара Ярушалайм

«Амма шу тӀедахана Цийон-ламанна, дийначу Делан гӀала йолчу стигаларчу Ярушалаймана, эзарнаш маликийн самукъанечу гуламна, стигалшкахь цӀераш дӀаязйинчу Делан дуьххьарчеран леррина болчу гуламна, массеран Кхелахо волчу Далла, кхачамалле кхаьчначу Делан лаамехь болчеран синошна, керлачу бертан Юкъарлонча волчу Ӏийсана, Хьабулан цӀийнал а дика кхаъ буьйцуш долчу, тӀехьорсучу цӀийн цинцашна» (Ӏебархошка 12:22-24).

Стигалара Ярушалайм, я лакхара Ярушалайм (хь. Галатахошка 4:26),

– иза вайн исторехь Аффабель цӀе йоккху гӀала гойтуш ю. Иза Сион лома тӀехь лаьтташ ю. Цу чохь Да а, КӀант а вехаш ву миллиардаш маликашца цхьаьна. Цигахь даздаре собор а, дуьххьарлерчийн Динан тоба а ю, Ширачу Весетан эвлаяашца а, Дала леррина Къобалвинчуьнца болуш дӀабахана бакъахьарнаш а бу.

Кхин а кху гӀалахь «кхачамалле кхаьчна долу, бакъахьарачийн синош» ду. Муьлш бу и нах, нагахь уьш хӀинцале а Ширачу а, Керлачу а Весеташкахь хьахийна болу, шайн совгӀат схьаэца бахнарш хилча?

ДагадогӀий шуна, юха дуьнен чу девлча, вай кхоччуш кхечу тайпана кхоьллинарш а хилла дӀахӀиттар; вайн са Дала леррина Къобалвинчух тера хиларехь кхачаме ду, тӀаккха вай Цуьнца хилар карадо. Дезачу Йозанийн кху декъехь авторо догӀмех а, дегнех а доцуш, амма синойх лаьцна боху. Со теша, иза Ӏийсана кхузахь, лаьттахь, гӀуллакх деш болчу эвлаяийн хьокъехь бохуш хиларх. Кхунах лаций ойла ейша: Ӏебархошка Дахьийтаран авторо вай меттахдоху: «Ӏийса вайн динан коьрта Да волу дела, вай майрра Делан паччахьан гӀантана улло даха йиш йолуш ду, Цуьнгара къинхетам а, дика а схьаэца, оьшучу хенахь ваьшна гӀо дайтархьама» (Ӏебархошка 4:16). НиӀматан Ӏарш Делан гӀалин юккъехь лаьтташ ю, ткъа тӀекхайкхар, лаьттахь дехаш долчу вайна догӀуш ду. Хуьлийла дуй-те, цкъачунна кхузахь, лаьттахь дехаш долу дуккха дерш, тронни зал чохь болчарна дика девзаш хилар, уьш цигахь сих-сиха доӀанашкахь хуьлу дела?

Шух хӀорра а, кху муьрехь дегӀа чохь дехаш долу, синош ду, цуьнан дог ду (иза интеллектах а, лаамах а, эмоцийх а хоттаделла ду). Ӏийсас аьлла, Далла Ӏамалъяран цхьаъ бен йоцу кеп, иза «синца а, бакъдолчуьнца а» Ӏибадат дар ю (Яхьъя 4:24). ПахӀала цу гӀуллакхна кӀел сиз хьокху: «Сайн доӀанашкахь шух лаьцна даим ас доьхуш хиларан сан теш Дела ву, ас Шена даггара, Цуьнан КӀантах лаьцна болу хаза кхаъ кхайкхош, гӀуллакх деш волу» (Римхошка 1:9). Вайн са Делах терра кхоьллина хилар бахьанехь, вай юха дуьнен чу девлла хиларна а, хӀинца вайн Ӏийсан цӀийнехула а, Дезачу Синан ницкъехула а Делан тронни зал чу довлийла ду, вайн и хьашт хилча я вайна Цунна Ӏамалъян лиъначу, муьлххачу а хенахь.

## Стигала кхачар

Цкъа хIинца лакхенашкара Ярушалайм кхоалгIачу стигалахь ю. Иза, векал ПахIал ша валале кхаьчна хилла, билггал бакъ долуш, йолуш йолу меттиг ю. Цо яздора:

> «КхидIа дозалла дан деза сан, цунах бала цхьа а тайпана пайда бацахь а. Везачу Эло сайна хьалха хIиттийначу суьртех а, дIадиллинчу хIуманех а лаьцна дуьйцур ду аса. Суна Дала леррина Къобалвинчуьнца волу цхьа стаг вевза. Дейтта шо хьалха, (дегIаца я синца ваьккхина ца хаьа суна, иза Далла бен хуур дац) и стаг кхоалгIачу стигала хьалаваьккхина хилла. И стаг, (дегIаца я синца делахь а, суна иза ца хаьа, цхьана Далла бен) ялсамане кхачийна. Цигахь цхьаьнгге а алалур доцу дешнаш хезна цунна. И дешнаш цхьаммо а ала мегар дац» (2 Коринтхошка 12:1-4).

Делан Йозанийн талламчаш ПахIала иза шех лаьцна бохуш хиларна тIетов. Хьаххийначуьра, Керлачу Дийначу Гочдарехь иштта яздина ду: «Со дейтта шо хьалха кхоалгIачу стигала хьалаваьккхина вара». Билгалделаш, ПахIална ша дегIа чохь хиллера я ца хиллера ца хаьа. Иза стигал билггал йолуш хиларца бен кхетадойла дац. Со, дуккха долчу, стигал – иза гуш йоцу, адамаш гIаларташ санна, тIема девлла лелаш хилар лоруш болчу нахана тIеIоттавелла. ХIан-хIа, иза физически билггал йолуш йолу меттиг ю. Цигахь урамаш а, дитташ а, дийнаташ а, гIишлош а, хи а, кхин долу хIума а ду.

Суна сайна а вевза, ПахIал санна, стигалахь хилла, масех адам, амма суна, уггар сайна дукхаезаш йолу истори йийца лаьа шуна. Сан доттагI ву динан тобанан Iуналхо волу Грэг. 1979-чу шеран октябрехь, шен дуьххьарлерчу динан гIуллакх динчуьра цIа веача, цунна ламин майдан тIехь, ца соццуш йоьлхуш Iуьллуш йолу, шен зуда карийра. Иза сихха кхийтира – хилларг цхьа ладаме хIума хиларх. Кестта цуьнан хаа аьтто белира, итт шо долу кIант Джастина футболан матче хьажархьама а, оццу хенахь лийчархьама а ванни чоьнна чу жима телевизор еана хилла. Ца хууш цо и телевизор хи чохь долчу ванни чу а йожийна, цунна ток тоьхна.

Грэгана шен кӀант пульс йоцуш а, дегI сенделла а, шелделла а долуш карийра, цуьнан бӀаьргаш шуьйрра дӀабиллина бара, цу гӀуллакхо коьртан хье болх беш ца хилар гойтура. Хьалха Лос-Анджелесан шерифски департаментехь шерифан метта волчун болх беш, Грэга дуьххьара гӀо даран медицински курсаш чекхъяьхнера, тӀаккха иза дуккха а йолчу Ӏожаллийн теш хилла вара. Цо ша цу хьолехь, шериф волуш санна, нисвеллехь, валар хилар билгал а даьккхина, следователь кхойкхур вара.

Амма Грэг, доӀанан ницкъ бевзаш волу, тешаш верг вара. Иза доӀа дарца искусственни садеӀар дан хӀоьттира шен кӀантана. Хьалхара гӀо даран масех минот дӀаяьлча, иза, и гӀертар медицински белхалошна а дитина, ша кхиндӀа а доӀа деш Ӏара. Шовзткъе пхеа минотехь уьш кхиам боцуш Джастин дахаре юхаверзо гӀертара. Кардиограмма цхьа нийса сиз гойтуш яра. Медикаша дерриг а шайн гӀертар дитира.

Эххар а Грэг иштта доӀа дан хӀоьттира: «Дада, сан кхин тешар дац. Сан тешар чекхдаьлла, амма суна хаьа, Хьан Дашо кхечу тешарх лаьцна боху» (цуьнан дагахь дерг 1 Коринтхошка 12:9 хьахийна долу тешар дара).

Грэга бохура, шена шен коьрта тӀе куьг охьадеача санна, хетаделира. Цунна шен ницкъ а, олалла а хааделира, тӀаккха цо шен кӀанте мохь хьаьккхира: «Хьо вехар ву, хьо лийр а вац Ӏийсан цӀеран дуьхьа!»

ЦӀаьххьана ЭКГ-н аппарато аз далийтира, тӀаккха экрана тӀехь хаам гучубелира. Медицински белхалой баккхийберца хьалалилхира. Уьш Джастинца лами тӀехула охьабиссинчу муьрехь, цунна розо бос а беанера, цуьнан бӀаьргаш метта а беана, ткъа дегI – малделла дӀахӀоьттира.

Грэг воккхавера. Цуьнан кӀант юха а дийна вара. Цуьнан инзаре тоьшалла дара шен берриге доттагӀашна, Дала динчух лаьцна. Цу муьрехь иза хӀинца а, кӀентан дахаран дуьхьа беш болу къовсам, хӀинцца бен болабелла ца хиларх ца кхетара.

Лоьраша кӀант комехь хиларх хаам бира. Цунна таллам бича, царна, жаннийн дилха катетерехула арадолуш хилар карийра,

профессиональни доцчу дешнашца аьлча, цуьнан маьІна дара – цуьнан дегІ дешаш дара бохург. Цара, нагахь кІант дийна висахь, иза гІораза заьІапхо хир ву элира. Кхин а тІаьхьо цара шайн кхелйира: кІентан интеллект кхаа беттан беран санна, IQ 0,01 барамехь хир ю, аьлла.

Дас юхацаволлуш ворхІ баттахь доІанаш динчул тІаьхьа, Джастин комера аравелира. И хиллачу муьрехь, да юххехь вара, цундела иза хеттарш дан хІоьттира, цо царна сихха жоьпаш лора. Джастина тІехдика дешарца юккъера школа а, колледж а, библейски школа а чекхъяьккхира. Иза ур-атталла староста а вара шен классехь. Тахана иза зуда ялийна а, ши бер долуш а ву.

## «Дада, со Іийсаца вара»

Больницера араваьлла кхо де дІадаьлча, Грэгана кІентан юьхь къегаш хилар хааделира. Цо хаьттира: «Джастин, хІун ду хуьлуш дерг?

КІанта жоп делира: «Папа, со Іийсаца вара. Телевизор ванни чу охьайоьжначу хенахь, суна кхоччуш хІумма а ца хааделира. Доккхачу малико аьтту куьг схьа а лаьцна, нийсса дегІа чуьра хьалаваьккхира со. Тхо туннелехула тамашийначу чехкаллица доьлхура. Тхо, стигалан урамашка охьахийшале хьалха, серлонан чехкалле девллера».

Цо дега дийцира, урамаш детица кхелина а доцуш, ткъа цІеначу деших дина ду, бохуш, цунна металлана чекх гойла дара. Лаьттахь деши иштта цІена цІанлойла дац, стигалахь долччул; делахь а лаьттахь сих-сиха кхелинчу деших пайда оьцу корашна тІехь, церан дашо бос хилийтархьама (иштта дора туьрсашна тІехь я дуьхххьарлерчу космонавтийн гІемаш тІехь а, кеманийн кабинаш чохь а, гІишлошна чохь а иштта кхин дІа а). Иштта, цІеначу кепехь долу деши чекх са гуш ду.

Джастина дийцира, стигалан урамашкахь дуьхххьара цунна дуьхьал баьхкинарш, белла болу гергарнаш бара, бохуш. Цо царах хІораннан а цІераш ехира, ур-атталла цунна шен дахарехь уьш цкъа а гина боццушехь а я церан цІераш шена евзаш ца хиллехь а, делахь а дена а, нанна а и нах бевзара. Стигалахь цунна дуьхьал баьхкинчу нахана юкъахь Филлис цІе йолу зуда яра. Иза, кІантаца хилларг хилале цхьа бутт хьалха, Джастинан ненаца кІелхьаръяларан дехарца доІа дина

йолу, лулахо яра. И зуда шен Іийсана тІеерзар хиллачул тІаьхьа ши кІира даьлча еллера.

Уьш цуьнца къамелаш деш болуш, цІаьххьана тата хезира, тІаккха адамийн тоба дІасахилира. КІантана хьалха латтташ Іийса вара.

Цо Джастин стигалш гойтуш, дІавигира. Цигахь дуккха урамаш а, гІишлош а яра; иза йоккха гІала яра. Зезагаш а, буц а ур-атталла тІулгаш а дара дийна, тийна илли а олуш. Цо элира, шайн эшаршца цара Далла хастамаш беш санна, хийтира цунна. Нагахь цо зезаг я буц хьаьшча, уьш я мад а цалора, я кег а цалора, амма сихха хьаланислора. Джастинна цигахь, басарш латтахь чул хаза а, къеггина а хилар билгалделира. Цунна хьалха цкъа а ца гина беснаш а дара. Цуьнга озабезам бинера дена а, нанна а, шина вешина а хьажийна долу цІеноош ган.

ТІаккха Іадор нисделира. Іийсас Джастин юхаверза веза элира. Цунна стигала йита ца лаьара, амма Іийсас иза кирхьина тІе вигира, иза дІатеттича, Джастинна дас шега юхаверзар доьхуш хилар гира. Іийсас элира: «Иза хьан да ву, тІаккха цуьнан хьо юхаверзо олалла ду».

ХІетахь дуьйна цо шен дега, нагахь шен цкъа-мацца а валар нислахь, шега кхин цкъа а юхаверзар ма дехахьара, бохура. Сайн доттагІчуьнга ладугІуш, ас ойла йира, хІара историн уггар а самукъане дакъа ду, аьлла. Стигала дуккха а латтанал гІоле ю; суна, стигалахь хилла берш, хала юхабоьрзуш хилар гира. ПахІал цу тайпана чоьхьара къийсам ловш вара, ша пилапхойн динан тобане яздинчу хенахь: «Шинна а агІор Іожалло а, дахаро а, къуьйлуш ву со. Аса сатуьйсу, вала а велла, Дала леррина Къобалвинчуьнца со хиларе, хІунда аьлча иза дуккха а гІолехь хир дара» (Пилапхошка 1:23, Шордина гочдар). ДуьххьалдІа гІоли хилла а ца Іаш, амма дусталур доцуш гІоли, дусталур доцуш гІоли! Цунна гІала гинера, тІаккха цунна цига юхаверза лаьара, амма Пачхьалкхана диканан дуьхьа, висар хаьржира цо.

ТІаьхьа Джастина дега дийцира, стигалахь иза итт шо долу кІант вацара, ткъа кхиъна стаг вара, аьлла. Дуккха берш, Джастин юкъа а вогІуш теша, вай сийлаллечу догІмашкахь, ткъе кхойтта шо долуш, Іийса жІара тІе дІатоьхна волчу хенара, хирг хиларх, Дезачу Йозанаша

боху дела: «Сан хьоменаш! ХӀинца вай Делан бераш ду, амма кхул тӀаьхьа вайх муьлш хир ду цкъа хӀинца а дӀа ца делладелла вайна. Вайна хаьа, Дала леррина Къобалвинарг веанчу хенахь, вай а Цунах терра хир дуй, Иза Ша ма-варра вайна гун волу дела» (1 Яхьъяс 3:2).

ХӀара, сан йийца йиш йолчу дуккхачу историех, цхьаъ бен яц. Делахь а ур-атталла кху цхьана историс а Дезачу Йозанашца догӀуш, стигала билггал йолуш хилар тӀечӀагӀдо. Ӏийсан тешаме ялхой, латта дитинчул тӀаьхьа, цу чу гӀур бу.

## Са а, дог а, дегӀ а кӀелхьардаккхар

ХӀинца аьлла ма-хиллара, адаман са, цо Ӏийса шен Веза Эла тӀеэцначу муьрехь, кхоччуш керла кхоьллинарг хуьлий дӀахӀутту. БӀаьрган негӀар тохале адам Ӏийсах терра хуьлий дӀахӀутту. Иза векало Яхьъяс тӀечӀагӀдеш ду: «… вай кху дуьнен чохь Иза санна лела дела» (1 Яхьъяс 4:17). Кхузахь къаьстташ гуш ду, Яхьъяс лаьттахь болчу тешачарах лаьцна бохуш хилар, шайн совгӀатна тӀаьхьа баханчарах а доцуш. Билггал Делан Синах лаккхара дуьнен чу даьлла адам ду кхузахь а, хӀинцца а кхачаме.

Вайн са кӀелхьарадаьлла долчу хенахь, вайн синан кӀелхьардаларан процесс йолало, ткъа иза, вай хьалха аьлла ма-хиллара, хьекъалх а, лаамах а, эмоцийх а хоттаделла ду. Вайн са Делан Дашехула а, вайн цунна муьтӀахь хиларехула а кӀелхьардевр ду я хийцалур ду. Векало Якъуба тӀечӀагӀдо иза: «Сан хьомсара вежарий, муьлхха а стаг ладогӀарна сихвала веза, ткъа шен хабарна а, оьгӀазаллина а собаре хила веза, хӀунда аьлча адаман оьгӀазалло стаг Далла хьалха бакъ ца хуьлуьйту. Цундела муьлхха а хьарам хӀума а, вон мел лелар а дӀадаккха. Далла муьтӀахь а хуьлуш, шайга кховдийна а, шаьш кӀелхьардаха тарлуш долу а Делан дош тӀеэца. Делан дош кхочушдеш болчарах хилалаш, цуьнга ладугӀурш бен а ца хилла, шаьш Ӏехочарах тар а ца луш» (Якъуба 1:19; 21,22). Лараме ду билгалдаккхар, Якъуб вежаршка вистхуьлу церан синош кӀелхьардовларан хьокъехь. Цо Делан Дош хазарна а, Даше ладугӀуш хиларна а тӀехь тохар до.

Дог, адаман кӀелхьардаларан барам билгалдаккха магош долу, цхьаъ бен доцу, дакъа ду. Вай Делан Йозанаш хазарехула а, ладугӀуш хиларехула а дозуш ду цуьнца, цо вайн кӀелхьардовларан процесс сихйо я, мелхо а, лагӀйо, вай Дала аьлларг юхатеттича. Деган хийцадалар тешачунна дика чаккхене кхачарна къастамалле дерг ду.

Эххар а, кӀелхьардаькkхина хила дезаш долу, вайн Ӏаламан кхин а цхьа дакъа ду: вайн дегӀ. Леррина дешийша ПахӀала цу бахьанехь хӀун яздо:

> «Иштта, вайна хаьа, кху лаьттахь вайн четар санна долу хӀара догӀмаш хӀаллакьхилча, Дала луш долу стигалшкара цӀа вайн хилар. Иза куьйга дина а доцуш, гуттара а хин долу цӀа ду. Вешан хӀинца долчу догӀмашкахь вай сатийсарца синош доху, стигалшкара долу вайн керла цӀа, бедар санна, ваьшна тӀедухар лууш. И духар ваьшна тӀедухийтинчул тӀаьхьа, вай дерзина карор ма дац! Лаьттара четарш санна долчу хӀокху догӀмашна чохь а долуш, баланаша ницкъ барна синош доху вай. ХӀунда аьлча вайна ца лаьа тӀеюьйхина хӀума йоцуш ваьш хуьлийла, амма стигалшкара долу керла духар ваьшна тӀедухийтина хила лаьа вайна, дахаре лен дерг дӀакхаллийтархьама. Оццу гӀуллакхна кхоьллина ду вай Дала. Цо Шен Са делла вайна закъалтана. Цундела тхо массо а ханна тешам болуш ду, цӀенош санна долчу оцу догӀмашна чохь а долуш, Везачу Элана уллохь долчу тхайн керлачу цӀеношна генахь хилар тхаьшна хуъушехь. ХӀунда аьлча тхо, гуш долчуьнца а доцуш, тхешан тешарца дехаш ду. Иштта, доьналла а долуш, лаьттарчу дегӀана чуьра а кхелхина, Везачу Элана уллохь Ӏаш хилар гӀолехь ма хета тхуна» (2 Коринтхошка 5:1-8, ингалс маттера гочдар).

Кху дешнаша вайна сийлахь сатийсар а, ур-атталла вайн синош а цӀандо. Цо, техула хьахийна а ца Ӏаш, даим а юха-юха олу, вайн абаде догӀмаш хирг хиларх. Кхечу меттехь цо иштта боху: «Ма Ӏехалолаш, вежарий! «Вочу накъосто дика амал талхайо» (1 Коринтхошка 15:53). Вайн догӀмаш Ӏийсан дегӀах цхьана а хӀуманца къасталуш хир дац, Дезачу Йозанаша иштта боху дела: «Иза валаре терра, вай, дала а делла, Цуьнца цхьаьнакхетта хилча, Иза денваларе терра, ден а

делла, юха цхьаьнакхетар ду» (Римхошка 6:5). Кхин а «Сан хьоменаш! ХIинца вай Делан бераш ду, амма кхул тIаьхьа вайх муьлш хир ду цкъа хIинца а дIа ца делладелла вайна. Вайна хаьа, Дала леррина Къобалвинарг веанчу хенахь, вай а Цунах терра хир дуй, Иза Ша маварра вайна гун волу дела» (1 Яхьъяс 3:2).

Iийса денвеллачул тIаьхьа Цуьнан дегI муха хилла хьовсур вай леррина. Цкъа, ваьш вешан догIмаш кIелхьардовлар лайча, вайн, ерриге а Цуьнан хилла йоллу амалш хир ю. Цу Iуьйранна, Иза денвеллачу хенахь, къубби чохь хиллачунна тIера дIадолор вай. Къубба яьсса карийча, Марем елха хIоьттира, Везачу Элан дегI дIадаьхьна моьттуш.

> «И аьлла, Марем юхахьаьжча, лаьтташ волу Iийса гира цунна. Маремана ца хаьара Иза Iийса вуйла. Iийсас элира цуьнга: «Зуда, хьо хIунда йоьлху? Ахьа мила лоьху?» Ткъа Марема, Иза бешахо ву моттаделла, элира Цуьнга: «Сан ваша, Иза ахьа дIаваьхьнехь, алахь соьга, ахьа Иза мича охьавиллина, аса Иза схьаоьцур вара» (Яхьъя 20:14, 15).

Iийса массо а санна волчу стагах къасталуш вацара. Иза кинофильмера тIебаьхкинчарех тера вацара. Маремна Иза ца вевзира, хIунда аьлча и Iийса дийна хиларх ур-атталла ойла ян а ца яьхьара. Цунна шен бIаьргашца гинера Иза муха ирча вийна вара а, жIара тIера охьаваккхар а, дIаволлар а. Iийса цуьнан цIе а йоккхуш, цуьнга вистхиллалц, иза билггал И хиларх ца тешара. Цо гIалате Иза бешлелорхо ву аьлла, тIеэцнера. Цу кепара, вай кхета, Цуьнан дегI, чIогIа вайн догIмех тера хилла хиларх.

Iийсан дегI массо а санна волчу стагах къасталуш дацара, амма вай ваьшка хатта деза: Маремна Цуьнан синан гIаларт я Иза билггал дилхалахь волуш гинера? Цу хаттарна вайна къаьстташ жоп, Иза Шен мурдашна гучуваьллачу декъехь карадо. Цо элира: «Шу кхера хIунда делла? Шеко хIунда йогIу шун дегнаш чу? Хьовсал Сан куьйгашка а, Сан когашка а. ХIара Со ву! Куьг Iоттал Сох, схьахьовсал. ГIалартан дегI а, даьIахкаш а ца хуьлу, ткъа Сан, шуна ма-гарра, дегI ду» (Лака 24:38-39).

Цуьнан дилха а, даьIахкаш а яра! Вайн а хир ду дилха а, даьIахкаш а. Амма, билгалделаш, Цо цIийх лаьцна цхьа а хIума ца боху. Бахьана стенца ду аьлча, Цуьнан цIийца хаьрсина Делан къинхетаман Iарш яра. Со теша, хIинца Iийсан пхенаш чохь Делан сийлалла лелаш хиларх.

Iийсага юург яалора. Дезачу Йозанашкахь аьлла ду: «Амма уьш цецбевлла а, хазахетта а ца тешара гучух. ТIаккха Iийсас хаьттира: яа хIумма а юй шун? Цара беттина чIара белира Цунна. Цо, схьа а эцна, биира иза царна хьалха» (Лака 24:41-43).

Цхьаьна юург яар цхьаъ бен хилла боцу хилам бацара, Инжила тIехь иштта хилам кхин а шина меттехь язбина бу. Цхьаъ Цунна Эммаусе воьдучу новкъахь дуьхьалнисвеллачу цхьана стагаца, ткъа важа, Цо цхьайтта мурдана хIордан йистехь Iуьйранна юург кечйинчу хенахь. Цундела вайн вешан сийлаллечу догIмашкахь юург юийла хир ду.

ГIеххьа долчу адаман санна, Iийсага сийлаллин дегIехь волуш хабар а дийцалора, илли а алалора, волавелла а лелалора, хIуманаш схьа а лацалора иштта кхиндерг а далора, амма кхин а Иза пенашна чекх а валалора, сихха къайлла а валалора!

Аша хоттур ду: «Цуьнан дилха а, даьIахкаш а йолуш, тIаккха а Иза пенашна чекх а волура, ца гуш а хилалора?» ХIаъ-те, хьовсийша, хIун яздина Яхьъяс. «Оцу кIирандийнахь, суьйранна, шаьш динан куьйгалхойх кхерарна, неI дIакъевлина уьш Iаш болуш, чу а ваьлла, юкъаметте дIа а хIоьттина, Iийсас мурдашка элира: “Машар хуьлда шуьца!”» (Яхьъя 20:19).

Цу суьйранна Iийсас ТIамига шен пIелгаш Цуьнан куьйгаш тIера а, агIонна тIехь а йолчу чевнаш чу бахкар дийхира. Иштта, вайна къаьстташ го, Цуьнан дилха а, даьIахкаш а хилла. Iийса царна юкъахь муха хуьлийла дара, нагахь неIарш дIачIаьгIна хилча? Иза пенех чекх а ваьлла, гуш хилла дIахIоьттира, иштта Иза атта гуш волчуьра къайлавалалора, цунах лаьцна а яздина ду. Эммаусе боьдучу некъахь дуьхьалкхеттачу нахаца цо бепиг диъначул тIаьхьа, «Дала цу шина стагана Iийса вовзийтира. Амма Iийса царна ца гуш хилира» (Лака 24:31).

ДекъалхиллачудогIмашкахь вай а хир ду гуш доцуш а, тайп-тайпаначу меттигашкахь гучудийла хьуьнар долуш. Цу гIуллакхо,

керлачу стигалахь а, керлачу лаьттахь а генначу меттигашка мухачу кепара сихха кхочийла ду бохучух кхетадо. Вайн и дан дезар ду, Делан гӀала – 1400 чаккхарма еха а, шуьйра а йолу дела, кхечу галактикашка йолу геналла хьеха ца йича а. Вайн иштта хӀаваэ хьаладовла хьуьнар долуш а хир ду. Дагадаийтийша, Ӏийса Шен мурдашца лаьттахь шовзткъа де даьккхинчул тӀаьхьа, стигала хьала муха велира. Джастина шен дега дийцинчо (цунах лаьцна хьахадо стигалшкахь хиллачу кхечу суна бевзаш болчара а) гойту, иза волавелла а лелалора, тӀемаваьлла а лелалора, я цу сохьта кхечу меттехь а хилалора.

## Дала леррина Къобалвинчун эзар шеран паччахьалла

Вай Делан гӀала дехьаяккхарх лаьцначу къамелана тӀе юхадерза деза, амма цу тӀекхачале хин болчу хиламех лаьцна дуьйцур ду вай. Динан тобанан заманан чаккхенгахь, ворхӀ шеран гӀайгӀа-бала тӀебогӀур бу. Ӏедал доцу, Дажал дӀавеллалур ву, тӀаккха цо дуккха берш тилор бу. Цо ша хьала а ваьккхина, Дела волуш санна, дӀахӀоттор ву, эвлаяашна тӀаьхьаваьлла а лелаш, дуккха йолу пачхьалкхаш Далла дуьхьалйохур ю, бунт а ойуш.

Цу заманахь Веза Эла Шен базбинчарна тӀаьхьа вогӀур ву. Цхьаберш иза ворхӀ шеран гӀайгӀа-бала болабалале хьалха, вуьйш – цуьнан юккъехь, биснарш – чаккхенгахь хирг хиларх теша. Ас цунах лаьцна дерг кху книгехь хьехор дац. Ларамениг ду, вай цу гӀуллакхна кийча дуй-те бохург.

ПахӀала Керлачу Весетехь маситтазза меттахъхьайо и тема. Ишттачу меттигех цхьанхьа аьлла ду:

> «ХӀунда аьлча Веза Эла коьртачу маликан озаца а, Делан турба лакхарца а, Ша стигалара охьавуссур ву, ткъа Дала леррина Къобалвинчух тешаш а болуш белларш хьалха денлур бу. Цул тӀаьхьа вай, далаза диснарш, царах дӀа а кхетта, Везачу Элана дуьхьал мархашка хьаладохур ду. ТӀаккха вай даим Везачу Элаца цхьаьна хир ду. Иштта, хӀокху дешнех вовшашна синтем а беш Ӏе» (1 Тассалникахошка 4:16-18).

Иза Дала леррина Къобалвинчун шолгIа схьавар дац, хIунда аьлча Иза лаьтта охьавогIур вац, ткъа Шен безачарна мархашна тIехь дуьхьалкхетар ву. ШолгIа схьавар гIайгIа-баланийн чаккхенгахь хир ду, Iийса кIайчу говрахь, стигаларчу, шайна юкъахь миллионаш базбинарш болчу, тIемалойн коьртехь а волуш, юхавеача (хь. ЯхIуда 14).

Харцпайхамар волу Дажал а, дуьненан лидерш а, дерриге халкъийн эскарш а цхьанакхетар ду Везачу Элаца а, Цуьнан эскарца а тIом бархьама. Iийсас тIом бечу дийнахь Шен туьраца хIаллакбийр бу уьш, тIаккха церан декъий олхазарша зIакарш етташ Iохкуш хир ду. Цу тIеман дукха хьолахь ХIар-магдон боху цIе йоккху, иза Кармил-лам тIера Ярушалаймна къилба-малхбалехьа Мегиддо тогIи чохь хир болу дела (хь. Довзийтинарг 16:16; 19:11-21).

Доллучу дуьненахь, цу тIамехь Везачу Элана дуьхьалбевлла боцу, дажална тешаме хиларан ваIда данза адамаш карор ду. Дуккхах болчу теологаша, и адамаш, дукхахьолахь, Дала леррина Къобалвинчун эзар шеран пачхьалкх олучу хенан, тIаьхьадогIучу бIешарахь дахархьама, дийна дуьсург хиларх теша. Уьш дийна а бисна, Дала леррина Къобалвинчун дерриге дуьненахь урхалла дарна муьтIахь хир бу. Церан Iаламехь долу догIмаш хир ду, тIаккха уьш лаьттара адамаш кхин дIа дебийтойла долуш а хир бу.

Ма-дарра аьлча, лаьттахь дехаш шина кепара адамаш хир ду – ХIар-магдонал тIаьхьа дийна биснарш а, Iийсаца цхьаьна юхабаьхкина эвлаяаш а. Эвлаяийн, Паччахь волчу Iийсан санна, декъалдина догIмаш хир ду. Цуьнца цхьаьна цара урхалла дийр ду лаьттахь. Хала дац суртхIотто, Iийсан Ша денвеллачул тIаьхьа Шен мурдашца хилла йоллу, уьйр йолуш хир ю и ши тоба вовшашца. Декъалбина болу эвлаяаш, массеран долу догIмаш дерш санна, къамел деш а, дIасалелаш а, юург юуш а, вовшашца уьйр йолуш а хир бу.

Дезачу Йозанаша боху, дерриге а дуьненахь машар хир бу, иблис а, цунна тIаьхьахIиттинарш а эзар шарахь дIабихкина хир болу дела. Дерриге халкъаш сийлахьчу Далла тIедирзина хиларна, тIемаш а, ямартлонаш а, хьагI а, эхьхетар а, зуламаш а, цамгарш а хир яц. Мика-ЯхIу-пайхамара боху:

«ТӀаьхьарчу деношкахь иштта хир ду: Везачу Элан цӀийнан лам массо а лаьмнийн коьрте дӀахӀоттор бу. Иза массо а баьрзнел лакхабер бу, ткъа цунна тӀе халкъаш оьхур ду. Дуккха а халкъаш тӀедогӀур ду. Цара эр ду: «Схьадуьйла, вай Везачу Элан лам тӀе а, Якъубан Делан цӀа долчу а хьаладевр ду. Везачу Эло вайна Шен некъашца лела хьоьхур ду. ТӀаккха вай, Цуьнан некъашца а лелаш, дехар ду». ХӀунда аьлча товрат-хьехам Цийон-лам тӀера схьабер бу, ткъа Везачу Элан дош Ярушалаймера схьадер ду. Цо дукха халкъашна юкъахь маслаӀат дийр ду, генарчу мехкашкахь дукхачу къаьмнашна юкъара къовсамаш совцор бу. ТӀаккха цара шайн таррех хьонхалш бийр бу, ткъа гоьмукъех маьрсаш дийр ду. Цхьана халкъо вукху халкъана тӀе тур ойур дац. Уьш тӀом бан кхин Ӏемар бац. Амма хӀорра а шен-шен кемсийн таьллангана кӀел а, шен-шен инжиран дитта кӀел а хиъна Ӏийр ву. Царна цхьаммо а кхерамаш туьйсур бац, хӀунда аьлча массо а ницкъийн Везачу Эло аьлла иза» (Мика-ЯхӀу 4:1-4).

Юкъара а, кхерамазалле а финансови системаш дӀахӀуьттур ю, дерриге халкъаш Делан Ӏедалца дехар ду. Иза тамашийна хан хир ю!

## Кхелан Сийлахь КӀайн Ӏарш

Эзар шо дӀадаьлча иблис чудоьллинчуьра йоццачу ханна арахоьцур ду. Цунна ара а даьлла, халкъаш ледан магуьйтур ду. Иза декъалалла хиллачу догӀмашкахь болчарна догӀуш хир дац, амма ХӀармагдон тӀамехь дийна бисинчарна я эзар шеран паччахьалла долуш дуьнен чу бевллачарна догӀуш хир ду.

Бунтахоша цхьаьна а кхетта, Ярушалаймна го бийр бу, тӀаккха Дала уьш дӀакхоллун йолу, стигалара цӀе хьажор ю. Иблис гуттаренна а «цӀе яьлла богучу Ӏома» чу кхуссур ду дийнахь а, буьйсанна а Ӏазап хьега, тӀаккха кхин цкъа а паргӀат а доккхур дац (хь. Довзийтинарг 20:7-10).

Цул тӀаьхьа сихха Сийлахьчу КӀайнчу Ӏаьршана хьалха Кхелъяр хир ду. Жоьжахатис Адамна тӀера цу тӀаьхьарчу тӀамна тӀекхаччалц болу берриге белларш схьалур бу. Ширачу Весетан заманахь Иеговаца берта ца дахана долу я тӀаьхьайогӀучу заманашкахь Ӏийсан олаллина

муьтIахь ца хиллачу адамаша, Паччахьна хьалха а хIиттина, отчет лур ю, Возуш Воцчун а, Iехийначун а, Ийзалуш йолчун а, Шалха Дахаран а исторехь санна. Муьлхха а, Дахаран Тептар тIехь цIе дIаязъйина воцург, иблисаца а, цунна тIаьхьахIиттинчаьрца а цхьаьна, гуттаренна а цIе яьлла богучу Iома чу кхоьссина хир ву.

## Керла стигал а, керла латта а

ЦIеро хьалхалера латта а, стигал а дIа-ма-кхаьлли, (хь. 2 Кипин 3:10-13), керла стигалш а, керла латта а гучудер ду. Векало Яхьъяс яздо: «Керла стигал а, керла латта а гира суна, хIунда аьлча хьалха хилла йолу стигал а, латта а хIинца дIадаьллера. ХIорд а кхин бацара» (Довзийтинарг 21:1).

ТIаккха векало Яхьъяс, абаденна керлачу лаьттахь гуттаренна чIагIъелла дIахIоттархьама, стигалара охьаюссучу Керлачу Ярушалаймах лаьцна яздо. Иза Iахаран зудчух я нускалх лаьцна бохуш ду, иза Везачу Эло, Адамна тIера долийна, шолгIа Ша схьавеача декъала хиллачарна тIекхаччалц, цIанбинчарна массарна а цIа хир долу дела. Яхьъяс ма-дарра яздо Керлачу Ярушалаймах лаьцна:

> «Суна тIе Делан Са доьссича, малико со боккхачу, лекхачу лам тIе ваьккхира. Цигахь цо суна гайтира стигалара Дела волчуьра охьайогIу еза Ярушалайм-гIала. Делан сийлалла яра цу гIалина чохь. Къегаш болчу яспис олучу безачу тIулгах а, чекх са гуш долчу цIеначу ангалих а тера дара цуьнан лепар. Цу Ярушалайм-гIалина гонах боккха а, лекха а пен бара. Цуьнан шийтта ков а дара. Кевнашкахь лаьтташ шийтта малик дара. Ткъа цу кевнашна тIе дIаязйина Исраилан халкъан шийтте а тайпанийн цIераш яра. Царах кхо ков малхбалехьа агIор дара, кхин кхоъ – къилбаседехьа, важа кхоъ – къилбехьа, дисина кхоъ малхбузехьа агIор дара. ГIалин и пенаш шийтта тIулган бух тIехь лаьтташ дара. Цу баххаш тIе дIаязйина Iахаран шийтта векалан цIераш яра. Цу гIалин а, цуьнан кевнийн а, пенийн а йохалла а, шоралла а, лакхалла а юста лерина дашо гIаж яра соьца къамел деш волчуьнгахь. И гIала биъ са болуш дIахIоттийнера. Цуьнан йохалла а, шоралла а цхьатерра яра. Оцу

гIожаца цо и гIала юьстира. Иза бIозза шийтта эзар сажа хилира. Ткъа цуьнан йохаллин а, шораллин а, лакхаллин а барам цхьатерра бара. ТIаккха пенийн лакхалла а юьстира малико. Адамаша бустучу барамехь юстура малико. Пенаш цхьа бIе шовзткъе диъ дол лекха дара. И пенаш яспис олучу дезачу тIулгех дина дара. ГIала ша а цIеначу деших йина яра. И деши, ангали санна, чекх са гуш дара. ГIалин пенийн баххаш массо а тайпанарчу дезачу тIулгашца кечдина дара. Цхьана пенан бух яспис олучу, шолгIаниг – саппир олучу, кхоалгIаниг – халкидон, боьалгIаниг – изумруд, пхоьалгIаниг – сардоникс, йолхалгIаниг – сардис, ворхIалгIаниг – хризолит, борхIалгIаниг – вирил, уьссалгIаниг – топаз, уьтталгIаниг – хризопрас, цхьайтталгIаниг – яцинт, шийтталгIаниг – аметист олучу дезачу тIулгех бинера. ГIалин шийтта ков шийтта жовхIар дара. ХIора ков цхьацца жовхIарх дина дара. ГIалин коьртачу урамера некъ цIеначу деших бинера. Урамаш чекх са гуш долчу ангалих тера дара» (Довзийтинарг 21:10-21).

ГIала чIогIа исбаьхьа ю! Вайна лаьттахь цкъа а ца гина цу тайпа тамашийна хIума. Цу чуьра хьал а, лепар а, серло а араер ю. Цхьа а тайпа талхар хир дац кхин, иза кхоччуш цIена йолу дела.

Яхьъяс кхин дIа гойту шен сурт хIоттор:

«ТIаккха малико суна гайтира шена чохь дахаран хи долу шовда. ЦIеначу ангалих тера цIена хи дара иза. Делан а, Iахаран а Iаршера схьадолура и шовда. Иза гIалин коьртачу урамна юккъехула чекхдолура. Оцу чекхдолучу хин шинна а агIор лаьтташ дара дахаран дитташ. Цара цхьана шарахь шуьйттазза стом ло – хIора баттахь цкъа а луш. Ткъа дитташ тIера гIаш халкъашна дарбана делла. Шайна неIалт кхайкхийнчарах кхин хIумма а хир дац цигахь. Эццахь Делан а, Iахаран а Iарш хир ду, ткъа Цуьнан ялхой а хир бу Цунна Iамал еш. Цигахь Делан юьхь а гур ю царна. Цуьнан цIе а хир ю церан хьаьжнашна тIехь. Буьйса а кхин хир яц цигахь. Кхин оьшур яц цигахь я стогаран, я малхан серло, хIунда аьлча Везачу Дала Ша лур ю царна серло. Цара, паччахьаша санна, олалла дийр ду ерриг а тIейогIучу заманахь» (Довзийтинарг 22:1-5).

Тидам белаш, Дезачу Йозанаша къаьстташ боху, вайна Цуьнан юьхь гур ю. Вайна Мусана чIогIа ган лиънарг, амма иза цунна магийна доцург, ган магийна хир ду. Ма исбаьхьа ду и!

Кхин а тидам белаш, дахаран дитта тIера гIаш, халкъаш тодаларна хьаьхна ду. Цу гIуллакхо цхьадолчу самукъанечу хаттаршна тIедаладо. Муьлш ду и халкъаш, гIалахь базбина нах бен бехаш хир ма бац? Хьанна тIехь паччахьалла дийр ду цара гуттара а? Дехар дуй-те цу хенахь гуттара санна догIмаш долу адамаш? ЕшаI-ЯхIус жоп ло цунна:

> «Хьажал! Ас керла стигал а, керла латта а ду кхуллуш, ткъа хьалхалернаш дага а догIур дац, даг тIехь а хир дац. Ас кхуллуш долчух самукъадаьлла а, даккхийдеш а хир ду шу гуттар а, хIунда аьлча Ас кхуллуш йолу Ярушалаймах самукъадалар а хир ду, цуьнан халкъах хазахетар а хир ду. Ярушалаймах хазахеташ а, цуьнан халкъах самукъадаьлла а хир ву Со. Цу гIали чохь кхин хезар дац белхар а, тийжам а» (ЕшаI-ЯхIу 65:17-19).

ХIинца ЕшаI-ЯхIус керлачу Ярушалаймна арахьарчу адамашка боху:

> Цу чохь цхьадолчу деношкахь бен ца даьхна аганара бер хир дац, иштта шен денош кхачдалаза воккха стаг а хир вац. БIе шо кхаьчна стаг велча, иза жима стаг ву моьттур ду. БIе шо кхаьчна къинош летийнарг веллехьара, цунна неIалт кхайкхийна моьттур дара. Уьш, цIенош а деш, царна чохь Iийр бу, кемсийн бошмаш а югIуш, церан стоьмаш бууш хир бу. Цара кхечарна чохь Iан цIенош а дийр дац, кхечара царна тIера кемсаш яа кемсийн бошмаш а югIур яц. Сан халкъан денош, диттан денош санна, хир ду. Ас хаьржинчара еххачу хенахь шайн куьйгашца динчух пайда оьцур бу. Цара эрна къа а хьоьгур дац, шайна баланна бераш а дийр дац, хIунда аьлча уьш а, цаьрца цхьаьна церан тIаьхьенаш а Везачу Эло декъалдина халкъ хир ду. Цара кхайкхале, Ас жоп лур ду. Уьш къамел деш хир бу, ткъа Суна хIинцале хезар ду. Борз а, Iахар а цхьаьна бежаш хир бу, лоьмо, старо санна, докъар дуур ду, ткъа лаьхьанна кхача латта хир ду. Цара зен а дийр дац, бохам а бийр бац берриг а Сан безачу лам тIехь», – боху Везачу Эло» (ЕшаI-ЯхIу 65:20-25).

Дуккха болчара Дезачу Йозанийн хIара меттиг гIалатбовларна Дала леррина Къобалвинчун Эзар шарахь Паччахьалла даран юкъаялайо; делахь а кхузахь къаьстташ Керла стигал а, Керла Латта а гучудер долчу хенах лаьцна бохуш ду. Яхьъяс а, ЕшаI-ЯхIус а яздинарг леррина теллича, вайна го, гIалина арахьа бехаш болу нах а хир бу. Цара шайн цIенош машар а, кхиам а болчу гуттаренна йолчу заманахь дIахIиттийна. Иза, езачу гIалахь бехаш болчу безачарна догIуш хуьлийла дац, церан хIинцале а ша Iийсас кечдина цIенош долуш ду (хь. Яхьъя 14:2-4).

Кхин а цигахь бераш хир ду. Иза а декъалаллечу безачарна догIуш дац, Iийсас къаьстташ, сийлахьдинчу догIмашкахь вайн бераш дар а, зударий балор а хир дац, аьлла дела. Iийсас аьлла: «Беллачуьра денлучу заманахь наха зударий а балор бац, я уьш маре а гIур бац. Стигаларчу маликех тарлур бу уьш» (Маттай 22:30). Иза, Джастина ша стигалахь хиллачул тIаьхьа юхавирзича тIечIагIдина долу, кхин а цхьа билггал бакъдерг ду.

И халкъаш керлачу лаьттахь дехаш хир ду, и лела а деш. Цара деба а дебба, Адама, нагахь цо къа ца латийнехьара, хьаладуза дезаш махиллара, Латта хьаладузур ду.

Иза логикица муха кхетадойла ду? Къуьйсийла долчу аьттонех цхьаъ, хIара бу: Дезачу Йозанаша дIадоьллу, Эзар шеран Пачхьалкх йолаелчхьана дуьйна Iаламехь долчу адаман дахар алсамо деха хир ду, вайн мостагI йолу Iожалла, йохийна а, хIаллакйина а хир йолу дела (хь. 1 Коринтхошка 15:26). Iийсас Iожаллин нeIалт синца а, дегIаца а дохор ду. И бахьана долуш адамаш эзар шерийн заманахь дехийла долуш хир ду.

Эзар шерийн Паччахьаллин чаккхенгахь царна и совгIат гуттаренна а дитина хуьлийла ду, уьш иблис паргIатдоккхучу заманахь Далла дуьхьал бунт ян ца хIиттина дела. Назмаалархочо яздо: «Массо а тIейогIучу тIаьхьенашкахь хьан цIе аса дагаоьхуьйтур ю. Цундела халкъаша абаденналц хьан сий дийр ду» (Забур 44:18). Ишттачу аьттонах кхетаран кепех цхьаъ – иза халкъашка, Адам а, Хьава а къа латадале долуш санна, хьовсар ду. Адам Iожаллина кхоьллина

вацара, ткъа абаден дахарна кхоьллина вара. Къа латийначул тӀаьхьа абаденна делла дахар дайина дара, тӀаккха адамо Ӏожаллин неӀалт шена а, шен тӀаьхьенна а хилийтинера.

Дала леррина Къобалвинчо цӀанбина декъалалла хиллачу безачийн бен бехийла дац Керлачу Ярушалаймехь, делахь а Дезачу Йозанашкара гуш ду, Ӏаламехь догӀмаш долчу нехан а гӀала а богӀуш, стом буийла а, Везачу Элана Ӏамал йойла а ду. Иза Яхьъян дешнашкара гуш ду:

> «Цу серлонгахь дуьненан халкъаш а лелар ду, дуьненарчу паччахьаша а шайн хьал дахьар ду цу гӀали чу. Оцу гӀалин кевнаш дийнахь дӀа а ца къовлу, цигахь буьйса хир йоцу дела. Халкъийн хьал а, хазна а цу гӀали чу яхьар ю» (Довзийтинарг 21:24-26).

Юьхьенца дуьйна адам къинан марздарна кӀелдахна. Къинна тӀера таӀзар, синан а, дегӀан а, абаденна даларна тӀедалийна йолу, Ӏожалла хилла дӀахӀоьттира. Делахь а цу гӀуллакхо Деле адамна лаьттахь Шен юьхьенца йолу абаден *I*алашо дӀа ца тасийтира.

Шен Ӏалашо адаман ла ца догӀаро кӀелйитарца дӀатейла дуй-те Делан? Дац. Цуьнан метта Цо адаман эшор декъалаллехьа дерзийра, къила даханчу адамийн, эххар а керлачу лаьттахь адамашна тӀехь паччахьалла ден долу, Дала леррина Къобалвинчун цӀандарехула декъалхилла долу стигалара халкъ а гулдина. Цу гӀуллакхо, урхалче аьлла долчу, Ӏийсан дешнех гӀоли кхета гӀо до: «Дика ду, хьо дика ялхо ву. Хьо кӀезигчу хӀуманна тӀехь тешаме хиларна, хьан куьйгалла кӀел итт гӀала ло ас» (Лака 19:17). Уьш абаденан заманахь Эзар шеран Пачхьалкххехь керлачу лаьттара гӀаланаш, хила тарлой-те?

Къалатор ца нисделлехьара, Делан, абаденна лаьттан а, дуьненан а урхалла деш Цунна гӀо дан хьуьнар долу, адамаш гучудеврдацара. Цунна иза Шен азаллерчу хьекъалаллица хьалхе дуьйна гуш дара, цундела Ӏийсах аьлла ду «Бийначу Ӏахаран карахь долчу дахаран тептар тӀе шайн цӀераш дуьне кхуллуш дуьйна…» (Довзийтинарг 13:8).

Эзар шеран Пачхьалкх йолаяларан муьрана тӀера а, керлачу лаьттахь кхин дӀа абаден заманахь а Делан юьхьенца йолу Ӏалашо

ю, абаденна дехаш долчу адамаша латта хьаладузар кхоччушхилар. Іийсан дешнаш ма-дарра кхочушхир ду: «Хьан Олалла тІекхочийла. Стигалшкахь санна, лаьттахь а Хьан лаам кхочушхуьлийла» (Маттай 6:10). Лаьттахь, Джастинан тоьшаллехь санна, стигалахь ма-хиллара хир ду. Тамашийна керла беснаш, Далла хастам беш иллеш олу дийна ораматаш а, тІулгаш а, кхачаме архитектура а, дийна хи а, кхин дерг а. Билггал бакъдолу кхачаме дуьне!

ЕшаІ-ЯхІус керлачу лаьттан заманах лаьцна шен пайхамараллин тептар ишттачу дешнашца чекхдоккху:

> «Ас кхуллур йолу керла стигал а, керла латта а, гуттар а Суна хьалха лаьттар долуш ма-хиллара, – боху Везачу Эло, – иштта шун тІаьхье а, цІе а даим юьсур ю. Цхьана баттера вукху батте а, цхьана шоьтан дийнера вукху шоьтан дийне а долуш, массо а адам Суна хьалха суждане догІур ду, – боху Везачу Эло. – Арабевлча, царна Суна дуьхьалбевллачу нехан декъий гур ду: уьш бууш болу нІаьна а лийр бац, уьш багош йолу цІе дІа а йойур яц. Массо а адамна дегаза хетар бу уьш» (ЕшаІ-ЯхІу 66:22-24).

Ваставолуьйтург хІун ду, вай гуттара а гІалина арахьа йолчу метте дахкийла хир ду, цигара вайн Везачу Элана дуьхьал бунт йинчу иблисан а, цуьнан маликийн а, адамийн а ирча чаккхе гуш хир ю. Хила тарло, къинан тІаьхьалонаш даим а кхоьллина долчу массо а хІуманан бІаьргашна хьалха хилийтархьама, цу тІехь Делан хьекъалалла хилар. Ойла ейша кхуьнан: иблис ша Іехочун гІо а доцуш бунт ян хІоьттина, тІаккха, нагахь Дала абаденна таІзар дар дагахьлатторна дуьтуш хилча, иза, Люцифер а, цуьнан маликаш а дегначу ирчачу къинах лаьцна лардаларна дика дІахьедаран гІуллакх хила деза.

Хьалха аьлла ма-хиллара, декъала хилла долу даздина адамаш Делан гІалахь, Керлачу Ярушалаймехь дехаш хир ду. Эзар шеран Пачхьалкх дІайолаялале хьалха, вай тІаьхьабогІучу коьртехь ма-дарра толлун йолу, Дала леррина Къобалвинчун Кхелъяран хенахь, цара абаден Паччахьна гІуллакх дарехь шайн совгІаташ а, абаденгара шайна йогІу меттигаш а схьаоьцур ю.

КОРТА 10

# Дала Леррина Къобалвинчун Кхел

*Ткъа стенна бехке во ахьа хьайн динан ваша? Я стенна ца веша хьо хьайн веших? Вай массо а Далла хьалха дIахIитта ма деза, Цуьнга ваьшна кхел яйтархьама… Иштта, Далла хьалха вайх хIораммо а ша-шех жоп лур ду.*
– Римхошка 14:10, 12

Вай дерриш а Дала леррина Къобалвинчун Кхелана хьалха хIуьттур ду. ПахIала хьаьнга боху, тешачаьрга я ца тешачаьрга? Дезачу Йозанийн хIара дакъа талларо текстехь цхьа а шеко ца юьту: цо тешачаьрга боху. ПахIала вай Iийсана тIаьхьахIиттинчийн ладамечу ойланех я динан вежаршца ларам боцуш хиларх лаьцна, тIаккха иштта лелачара цу тIера отчет лург хиларх а лаьцна хьоьху.

Иштта, кхелана хьалха ца тешарш хIиттина а ца Iаш, амма берриге Iийсана тIаьхьахIиттинарш а хир бу шайн лаьттарчу дахарх Далла хьалха отчет луш. Иза кхин цкъа а билгалдаьккхина ду, вай хьалхабогIучу коьртехь теллина долчу, ПахIалан коринтхошка дахьийтарехь:

> «Иштта, доьналла а долуш, лаьттарчу дегIана чуьра а кхелхина, Везачу Элана уллохь Iаш хилар гIолехь ма хета тхуна. Цундела тхуна, догIмашна чохь долуш я царна чуьра кхелхина долуш, Везачу Элана тамехь дерг хилийта лаьа. ХIунда аьлча вай дерриш а Дала леррина Къобалвинчун кхелана хьалха дIахIитта дезаш ду. Вайх хIораммо а ваьш кху дегIа чохь дехачу хенахь динчуьнга хьаьжжина, дика я вон и делахь, доггIург схьаоьцур ду. Везачу Элах

кхерар хӀун ду тхайна хаьа дела, адамаш кхето гӀерта тхо. Далла тхох лаьцна дерриг а хаьа. Тхох лаьцна долу дерриг а шуна а хууш хиларе сатуьйсуш ву со» (2 Коринтхошка 5:8-11).

Кхоччуш гуш ду, ПахӀала къилахь болчарна тӀехь кхелъярх а ца бохуш, амма Ӏийсана тӀаьхьахӀиттинчарна тӀехь кхелъярх лаьцна бохуш хилар. Цуьнан: «ДегӀа чуьра ара а девлла, Веза Эла волчохь дахар гӀоли хир дара» бохучу дешнаша цхьа а шеко ца юьту, уьш хьанна догӀу бохучун. Тешаш боцчарех цхьа а Везачу Элаца хир вац, шайн дегӀах бевлча, уьш берриш а жоьжахати кхочур бу, церан абаденгахь хин болу меттиг – цӀе яьлла богу Ӏам бу.

Вай хьалха аьлла ма-хиллара, цӀена боцурш, сийлахь кӀайчу 1аршана хьалха ен йолу Кхел санна евзачу, кхелана хьалха хӀуьттур бу, иза тешачарна тӀехь чул, дуккха а тӀаьхьа хир ду.

Доцца дуьйцур вай, хьалха дӀабаханчу коьртехь ваьш дийцинчух лаьцна. Ӏийсас стигаларчу эскарца лаьтта юха а веана, дажална тӀехь толам а баьккхина, иблис набахти чу а кхоьссина, эзар шарна лаьтта тӀехь Ярушалаймера урхалла дийр ду. Цул тӀаьхьа иблисана, йоццачу ханна паргӀат а даьккхина, лаьттара дерриге халкъаш тилада магийна хир ду. Стигаларчу цӀеро бунтахой дӀакхоллур бу, тӀаккха иблис абаденна цӀе яьлла богучу Ӏома чу кхоьссина хир ду. Цул тӀаьхьа тешаш боцурш а, цӀена боцурш а жоьжахатира денбина хир бу, сийлахьчу кӀайчу Ӏаршан Кхелана хьалха хӀотторхьама. Ӏийсас цу гӀуллакхах лаьцна, уьш денбийр бу хан тохархьама, боху (хь. Яхьъя 5:29). Берриш а, шайн цӀераш Дахаран Тептар тӀехь дӀаязъйина боцурш, цӀе яьлла богучу Ӏома чу кхиссина хир бу.

Вукху агӀор, тешачарна тӀехь кхел яр, сийлахь кӀайн 1аршан Кхел ечу хенал, дуккха а хьалха йина хир ю. Дезачу Йозанашкахь ма-дарра хан хьахош яц, делахь а вайна иза, динан тоба мархашна тӀехь хьала а яьхьна, Дала леррина Къобалвинчо Эзар шеран Пачхьалкхехь урхалла дале хьалха хир дуйла хаьа. Иштта, эзар шо гергга гена хир ю ши кхелъяр вовшашна. (Вайн аллегорехь и мур гайтина бацара).

ШолгӀа Коринтхошка дахьийтарехь (5:10) Римхошка дахьийтарера дешнаш гуш ду: «ХӀунда аьлча вай дерриш а Дала леррина

Къобалвинчун кхелана хьалха дӀахӀитта дезаш ду». «Кхел» боху дош Римхошка а, Коринхошка а дахьийтаршкахь – грекахойн дош бема ду. Стронган «Симфонис» билгалдаккхар ло цу дешан: «*тӀегӀа, платформа, трибунал*». «UBSCommentary»-хь иштта билгалдаккхар луш ду: «Кхел – Римхойн имперехь гӀаларчу суьдехь кхелахочун гӀант ду. *ПахӀала* и дош Дала леррина Къобалвинчун кхелъяр гайтарехь даладо». Цу билгалдаккхарна тӀедоьгӀна, тешачарна тӀехь йолчу кхелах вай Дала леррина Къобалвинчун Кхел эр ду.

Дала леррина Къобалвинчун Кхел ма-дарра долчу маьӀнехь Делан трибунал ю. Дезачу Йозанаша Дас ерриг а кхел КӀанте елла хилар дӀакхайкхадо (хь. Яхьъя 5:22). Дала леррина Къобалвина Ӏийса вайн КӀелхьардохург хилла а ца Ӏаш, амма вайн Кхелахо а ву, тӀаккха кестта Цо Шен болчарна кхел а йийр ю. «Кхел» бохучу оригинальни дашна уггаре дуьххьалдӀа долу билгалдаккхар – иза таллам баран жамӀехь тӀеэцна цуьнгахьа я дуьхьал болу сацам бу.

Динан тобанехь, шаьш лаьттахь долчу йоццаху хенахь лелийначу гӀуллакххех лаьцна отчет яла дезаш хиларх ца кхеташ долу, дуккха адамаш ду. Дуккха болчара гӀалате, уьш кӀелхьарбевллачул тӀаьхьа хин йолу кхел дӀаяьккхина хилар лору. Цу тӀехь билггал бакъдолчун дакъа ду: Ӏийсан цӀийно вай, Цуьнан Пачхьалкхе чу довла новкъарло ечу къинойх цӀандо, амма цо вай, тешарш долчу хенахь, муха даьхна, дика я вон, бохучун кхел ярх кӀелхьара ца доху.

## Абаде сацамаш

Цуьнан кхел я шун хьокъехь Дала леррина Къобалвинчун Кхел ярехь тӀеэцна болу сацам, абаденналц хир бу, иза дӀабоккхур а бац, хуьйцур а бац.

Цхьана минотана совца а совций, хьалхарчу коьртехь, вай ойланехь абаде боху кхетам схьалаца гӀертар дагадаийтийша. Якъуба, вайн лаьттара цкъачунна долу дахар, Ӏаь санна, дӀадолу боху (хь. Якъуба 4:14). Иза, лаьттара дезткъанна тӀера бӀенна тӀекхаччалц деха долчу дахаран а, абаденан а васте дустар ду. Нагахь цуьнан, вайн тахана тӀекхуьийла долу математически образовани

хиллехьара, иза дустаршкахь алсамо нийса хир вара. Математически колледжан студент волуш, ас юьхьенца дуьйна дагахь латтадо, муьлхха а чаккхе йоцчу хIуманна декъна дерг, ноль хуьлу.

80 шо: чаккхе яцар (абаде) = 0

я

100 шо: чаккхе яцар (абаде) = 0

Муьлхха а доза тохна долу терахь чаккхе йоцчунна декъча я дуьстича, ноль хуьлу. Цхьа а маьIна долу хIума дац, шу лаьттахь мел дукха деха. Ур-атталла шун бIе шовзткъе итт шарахь даха аьтто балахь а, абаденца дуьстича лаьттара дахар ноль хуьлу. Цуьнан маьIна ду, Iийсах тешаш дерш а долуш, ноль хилла долу, дерриг а вай лаьттахь динарг, вай абаде муха дIакхоьхьур ю, билгалдоккхуш хир ду. Дагахь латтаделаш: вай абаде мичахь йоккхур ю бохург, вай Iийсан жIаран а, Цуьнан ниIматан а терго муха йина хиларца билгалдоккхуш ду, амма вай Цуьнан абаде Пачхьалкхехь муха дехар ду, кIелхьардаьхначул тIаьхьа вайн лаьттарчу дахаро билгалдоккху.

ДагадогIий шуна, вайн исторехь Эгоист а, цуьнан бевзаш берш а шаьш Энделехь йоцца яьккхинчу хенан Iуналла муха дина хилла бохучух лаьцна, уьш халахетта хилар? Зеран пхеа шеран дуккхах долу дакъа шайна там хиларан дуьхьа дIадаьллера, ша кхоччуш Джейлинан лаамна лерина варан дуьхьа а доцуш. Дерриг а дисина дахар церан шайн нуьцкъалаллал дуккха а лахахь дехаш дIадахьа дезар ду, хIунда аьлча царах хIораннан а Джейлинна уллохь ваха а, болх бан а аьтто бара, ур-атталла Цуьнца цхьаьна Цуьнан гIалахь урхалла дойла а дара цара. Школа чекхъяьккхинчул тIаьхьа йолчу йоццачу заманахь уьш марзо оьцуш я ца оьцуш баьхнехь – муьлххачу хиламехь церан хиндерг билгалдаьккхина дара. ТIаьхьадогIу 130 шо зеран доцца пхи шо дIадахьаран нийса жамI хир ду. Ойла елаш цу тIехь: 130 шо 5 шераца дустар! Иза чIогIа дукха ду. Дукха бац лаьттахь долчу дахаран уггаре кIезигчу дозане гергабогIуш. Нагахь Эгоисто а, кхиболчара а цунах лаьцна ойла йинехьара, схьахетарехь, цара и шераш кхечу тайпана дехаш дIахьур дара.

А Цу аллегорира масалла мел вастволуьйтуш делахь а, иза

вай хьехош долчуьнца дуьстича, хӀумма а доцург ду. Хьовсур вай кхечу сценарига. ХӀокхуьнан сурт хӀотто гӀортийша: шун цхьа де ду, тӀаккха аша и де-буьйса даккхаре хьаьжжина, хир ду шун эзар шарахь хин долу дахар. Эзар шеран сурт хӀотто хьовсийша. И терахь Америкин Цхьаьнакхетта Штаташ кхоллаяларан хенал дуккха а хьалха, Христофора Колумбо керла дуьне дӀаделларна шен гатанаш хьалаайинчу замане дӀадоьду. Эзар шо – иза чӀогӀа еха хан ю. Эзар шарахь хин долу совгӀаташ а, юкъараллехь меттиг а, вахаран меттиг а, дерриг а кхин дерг а аша цхьаъ бен доцу де муха доккхур ду бохучуьнца доьзна хир ду.

Шайн боллу ницкъ тӀебахийтина гӀертар дац-ткъа шу? Муха дехаш дӀахьур ду аша и де? Шун хӀинца долчу дахарх къасталуш хир дуй-те иза? Олахочунна муьтӀахь хиларо хьалхара меттиг дӀалоцур юй-те? Пачхьалкхана пайдехьа долчунна тӀехь адамашна шайх дика масалла хиларна муьлхха а аьтто леха хӀуьттур дуй-те шу? Адамашца кхечу тайпана юкъаметтиг кхоллалур ярий-те шун? Хаттарийн список чаккхе йоцуш кхин дӀахьойла ду. ХӀетте а, и хьал вай дуьйцучуьнца дуьстича, хӀумма а доцург ду, хӀунда аьлча 365 эзар денна декъна долу цхьа де (оццул денош ду эзар шарахь), ноль хир дац.

КхиндӀа дуьйцур вай. Хуьлуьйтур вай, шу даьхна долчу цхьаъ бен доцчу дийно, шу тӀаьхьадогӀучу миллион шарахь муха дехар ду билгалдоккхур ду! Цхьана минотана цу гӀуллакхан сурт хӀотто хьовсийша. Адамаш лаьттахь ялх эзар шо гергга бен дехаш дац. Иштта, миллион шо 150-за еха хан ю адамаш лаьттахь деха чул. Иза ша-шех сурт хӀотто чолхе хӀума ду. Амма хӀетте а, и хьал вай юьйцучу темица дуьстича, хӀумма а доцург ду, хӀунда аьлча 365 миллион денна декъна долу цхьа де (билггал оццул денош ду миллион шарахь), хӀинца а ноль хир дац. Бен дац, миллиард я триллион шо оьцур вай, хӀетте а вайн билггал долу терахь хир ду.

МаьӀна долуш дац, вай лаьттахь мел дукха дехар ду, вайн кхузара хан абаденца юьстича ноль ю. Билггал цундела бохуш хила тарлой-те ПахӀала, ма-хуьллу алсам долу совгӀат схьаэцийла хир долчу кепара даха а тешош? Шен Коринтхошка долчу дахьийтарехь цо боху, водуш

дакъа лоцуш волу стаг, толам баккхарна тlегlерта, тlаккха цо боху:

> «Шуна хууш дац къовсадаларшкахь бовдучу хенахь массо а цхьатерра бовдий, амма совгlат царах цхьанна бен ца лой? Цундела шаьш довда ма-дезза довдалаш, и совгlат шайна кхачийтархьама. Оцу къовсамашкахь дакъа лоцуш болчара шаьш массо а хlуманна тlехь юхаузу. Уьш иштта лела, телхина дlадер долу толаман таж шайна кхачийтархьама, ткъа вай иштта лела, ваьшна телхар доцу таж кхачийтархьама. Цундела со, шена хьалха цхьа lалашо хlоттийна воцург санна, вада а ца воду, хlаваана куьг детташ верг санна, лата а ца лета. Мелхо а, аса, сайн дегl кхоа а ца деш, цунна тlехь олалла до, кхечарна хаза кхаъ а кхайкхийна, со юьстахваьлла ца висархьама» (1 Коринтхошка 9:24-27).

ПахIалан дешнашца доьзна, вайн дахарехь lалашо ю: цкъа а маргlалдулур доцу абаде совгlат схьаэцар. Кху дахарехь вай, толам баккхархьама, девдда даха деза. Толам баккхархьама, вайна низам а, ша-шен терго яр а, lалашо хила еза.

Со дуккха шерашкахь ладаме спортан гlуллакх дlакхоьхьуш вара. Со Цхьаьнакхеттачу Штатийн теннисан ассоциацигахьа ловзуш волуш а, кегийрахойн Дэвисан клубехь а, теннисан NCAA хьалхарчу дивизионехь дакъалацархо волчу хенахь а, ас дукха тренировкаш йора. Ас корта ловзар тlехь дийнахь ялх сахьт хан йойура, наггахь сайн тренерца а, кхечу спортсменашца а бlе тохар дарна тlе кхуьуш. Ас оцу корта тlехь муха деш-лелаш хила везарх лаьцна ойла йойту книгаш йоьшура. Корта тlехь тренировкаш яр доцург, ас тренажорех пайда а оьцура, еза хlуманаш а хьалауьйура, ведда а лелара, скакалкица ирх а лелхара, куьйгийн а, бlаьргийн а координаци гlоли ярхьама, жонглировать а дора, иштта кхин дерг а дора. Со оццул чlогlа оцу lалашоно лелош хиларна, сан нанас тхан кlоштан теннисни кортана уллохь сан маьнга дlахlотторан кхерамаш туьйсура суна. Ас и стенна дора? Толам баккхархьама. Чемпион хилла дlахlоттархьама. Тоьлла верг хилла дlахlоттархьама. Тlаккха толам баьккхинчун хьакъ долу совгlат схьаэцархьама.

Делан Пачхьалкхехь жимма кхечу тайпана ду. Вай и къовсам

кхечаьрца а доцуш, ваьшца латтабо, тӀаккха вайн Ӏалашо ю, ваьш деш долу дерриг хӀума, Ӏийсана там бархьама дар (хь. 2 Коринтхошка 5:9). Вай леррина Деза Йозанаш доьшучу хенахь, вайна царна тӀехь Ӏийсана вай адамашца муха хила лаьа а, стенна тӀегӀерта деза а, вешан хан стенна лара еза а, адамийн синошна абадене кхачале муха Ӏаткъам бан беза а, Цуьнан Пачхьалкхе некъ муха билла беза а, гонаха болчарна геч муха дора а, иштта кхин долчух а лаьцна дуьйцуш йолу меттигаш карайо. ТӀаьхьа вай цунах лаьцна кӀорггера дуьйцур ду. Лакхахь аьллачун жамӀ ду: толам баккхархьама ваха!

## Тайп-тайпана совгӀаташ

Дезачу Йозанаша, тешачарна хин долу совгӀаташ а, уьш хьакъ долуш хир долу хьелаш а, вовшех чӀогӀа къасталуш хирг хилар дӀадоьллу. СовгӀаташ, дерриг а даьгна хиларна тӀера дӀадолийна, ерриг а абаденан йохалла Дала леррина Къобалвинчунна уллохь урхалла дан хир болчу аьттонна тӀекхаччалц, хийцалуш хир ду (хь. 1 Коринтхошка 3:15; Довзийтинарг 3:21).

Дуккха берш дайа а, дага а боху дешнаш олуш бегабо, нагахь уьш церан дахарх хьакхалуш делахь; уьш, цу тайпана дерг стигалахь хила тардаларх, халла теша. Делахь а Дезачу Йозанашкахь кхоччуш къаьстташ бохуш ду цунах лаьцна. Дезачу Йозанийн аяташ ас даладале хьалха, пурба лойша суна хьалхе дуьйна кхетор, Делан Йозанашкахь адамийн дахар сих-сиха гӀишлоца дустар деш хиларх, цхьайолчу меттигашкахь гӀишлоца я храмаца динан тобанан дустар а деш. Цу метафоршкахь вай гӀишлошъярхой долуш санна гайтина ду, вай вешан дахар а, кхечу адамийн дахар а дӀадахарна я динан тобанна Ӏаткъам баран маьӀнехь. Со а цкъа далийна Ӏийр вац, оцу дустарх лаьцна книгин дисинчу декъехь. ПахӀала къаьстташ чӀагӀдо:

> «Тхойшиъ цхьаьна Далла гӀуллакх дийриг ву, ткъа шу Делан аре а, Цуьнан гӀишло а ю. Говзачу гӀишлоярхочо санна, аса бух боьттира, Дала сайна деллачу пох1ме хьаьжжина. Ткъа кхечо цу бух тӀехь гӀишло йо. Амма хӀорра а ша и гӀишло муха еш ю хьажа веза. ХӀунда аьлча цхьаннан а йиш яц, ша хӀинцале болуш болу, Дала леррина

> къобалвина Іийса волу бух боцург, кхин бух билла. Оцу бух тІехь деших, я детих, я дезачу тІулгех, я дечигах, я алах, я чех цхьаъ гІишло еш хила тарло. Царах хІораннан а гІуллакх къематдийнахь гучудер ду, хІунда аьлча цу дийнан цІеро и гІуллакх, зен а зуьйш, серла а доккхур ду, цуьнан мах а гойтур бу. Нагахь санна цхьаммо дина долу гІуллакхаш, цІеро талха а ца деш, шен меттахь латтахь, цунна совгІат хир ду. Ткъа нагахь цхьаммо динарг цІергахь дагахь, цунна эшам хир бу. Иза ша-м кІелхьарвер ву, амма цІерах чекхволуш санна вер ву» (1 Коринтхошка 3:9-15).

Вай ваьш билгалдоккху гІишло муха ян еза, даим а шина коьртачу некъан харжам а болуш. Цу некъах цхьаъ – цкъачунна долчо тІеийзор а, дилхана там бар а ду (дечиг, йол, ча). Важа – вайн керла дуьнен чу даьллачу синан лаамца а, Делан Дашца а догІуш долу дахар ду (деши, дети, деза тІулгаш). Вай гІишло муха еш ю бохучо а, я муха дехаш ду бохучо а билгалдоккхур ду, Иза уллохь хиларан цІеро вайн болх зийча.

Вайн гІуллакхаш хилла а ца Іаш, амма ойланаш а, бахьанаш а, нигаташ а зийна хир ду. Цундела тешачарна Делан Даше леррина ладугІуш а, иза даг чохь лардеш а хилар а кхоччуш оьшуш хІума ду, хІунда аьлча «Делан дош дийна а, ницкъ болуш а, шина агІор ира долчу туьрал ира а ду. Иза вайна чукхочу, дагах ойланаш а, даьІахкех тІум а дІа а къастош. Вайн лаамашна а, дагахь долчунна а кхел йо цо» (Іебархошка 4:12, Шордина гочдар). Цуьнан Дашал вайн дегнийн кІоргене цхьа а хІума гІойла дац.

Нагахь вай адамаша дуйцучуьнга а, логикин жамІашка а, хьекъалалле а ладоьгІуш делахь, даг чохь а, хьекъалехь а вай цкъачунна долчунна тІегІерташ хир ду, цунах лаьцна вайна дукхахьолахь дага а ца догІу, ша нийсонца кхелъяран Зал чу нисваллалц, Эгоистана а дагадеана ца хиларе терра. Цундела Іийсас дІахьедо:

> «ХІунда аьлча мел йоккха къайле а цхьанна ца хууш юьсур яц, мел чІогІа лечкъийнарг а гІара ца долуш а, гучу ца долуш а дуьсур дац. Цундела шайна хезачух лаций ойла елаш. ХІунда аьлча долчунна кхин а тІелур ду, ткъа доцучуьнгара шен ду моьттург а дІадоккхур ду» (Лака 8:17, 18).

Іийсас боху: вай ладугІуш я терго еш дерг вайн дегнаш чу а дуссий, вайн ойланаш а, Іалашонаш а кхоллайолуьйту, цара шайн рогІехь, вай вешан дахар муха дІахІоттадо билгалдоккху. Вай леррина ладогІа деза Делан Даше, иза дахарехь серло йолу дела. И ца хилча, долччул сиха, вай некъара агІордевр ду, боданехь тилавеллачу стагах терра. Цхьайолчу ханна вай нийсачу агІор дахалур ду, амма чаккхенгахь вай хІетте а тилалур ду.

Иштта дерг ма-хилли, вайн гІишлошъяран Іалашо атта цхьана цкъачунна долчунна тІедоьрзур ду, ткъа иза Делан Дашан серлоно сирла ма-даьккхи, дІаделлалур ду. ПахІала боху: «Ткъа нагахь и дерриг а серлонга даккхахь, церан бакъйолу амалш гучуевр ю» (Эпасхошка 5:13).

Вай некъара агІордевлча, кхиндІа болу хиламаш шина хьажорехь кхуьийла ду. Шиннах гІолехь долу хьалхарниг, вай кхайкхамехула, ешарехула я доттагІчуьнгахула Делан Дош хезаш, Іорадахар хилар ду. Цундела ду Дашах дузар дахарехь лараме хІума. Нагахь вай хьекъалалле делахь, вай сихха дохко а дуьйлуш, вешан ойланашна а, дагахь хиллачунна а, кийтарлонашна а гечдар деха деза. Амма нагахь вайн цІена хилар юх-юха дечу гІалаташа артдинехь, ладогІар хала хуьлий дІахІутту, ткъа нагахь иза дог чІагІдаларехьа даьллехь, иза далур а дац. Цундела боху вайга Дезачу Йозанаша сий цІена латтор лараме хиларх лаьцна (хь. Кицанаш 4:23; 2 Тимапига 1:3). Сий цІена латторца, вайна вешан дегнаш чохь Делан Дашо бо болх атта хаало.

Важа, ца оьшу вариант: вайн бахьанаш Кхелехь дІаделладелла хир ду. Нагахь и хилахь, вай ваьшна догІуш долчу совгІатах девр ду. Иштта, аша шайга хатта деза: «Делан Дашан Іораваккхарна дуьхьаллатта оьший-те?» ХІоразза, аша Іорадаккхар тІе ца эцча, шун дог чІагІделла дІахІутту, ткъа шу алсам тилало. Вешан билггал долуш долчу хьолах кхетар доцуш, вайна иза Цуьнан серлонехь хин йолчу сийлаллин Кхелъярехь карор ду.

## Вайн абаденгахь хиндолчунна кечдалар

Вайн дахарера кхелах чекх ца долуш цхьа а хӀума дуьсур дац; дерриг а хӀума хьалха диллина а, гуш а хир ду. Цундела олу ПахӀала Кхелан Ӏаршах «Везачу Элах кхерар». Кхелехь вайн нигаташ а, дагахь хилларш а, ойланаш а, дешнаш а, гӀуллакхаш а, кхин долу хӀума а теллина хир ду. ПахӀалан гӀишлошъяран а, кхелан а хьокъехь Хьалхарчу Коринтхошка дахьийтарехь (3:9, 12-15) аьлла дешнаш Message гочдарехь вуно чӀогӀа ду:

> «Кхечу дешнашца, шу Делан аре а, Цуьнан гӀишло а ю... Оцу бух тӀехь деших, я детих, я дезачу тӀулгех, я дечигах, я алах, я чех цхьаъ гӀишло еш хила тарло. Царах хӀораннан а гӀуллакх къематдийнахь гучудер ду, хӀунда аьлча цу дийнан цӀеро и гӀуллакх, зен а зуьйш, серла а доккхур ду, цуьнан мах а гойтур бу. Нагахь санна цхьаммо дина долу гӀуллакхаш, цӀеро талха а ца деш, шен меттахь латтахь, цунна совгӀат хир ду. Ткъа нагахь цхьаммо динарг цӀергахь дагахь, цунна эшам хир бу. Иза ша-м кӀелхьарвер ву, амма цӀерах чекхволуш санна вер ву».

Шуна муха хета ца хаьа суна, амма суна-м ца лаьара Дала леррина Къобалвинчун Кхелехь халла кӀелхьарвер волчу стеган хьолехь нисвала. Вай хӀинца бохург вешан абаденахь хин болчу кхолламах лаьцна ду. Сурт хӀоттадейша шайна хьалха, мел болчу тешар долчара Ӏадор зуьйр ду? Вайн историн хӀора турпалхочунна, кечъелла йолчу, цхьаъ йоцчун, хуьлуш мел дерг, кхоччуш цӀаьххьана хилла хӀума дара. Цара ладаме тӀе ца оьцура, шайна юьхьенца дуьйна хаа езаш йолу доктринаш.

Суна даим а, шайн хин долчунна, кечам беш долу, кху дуьненан хьекъалалле адамаш тӀеӀиттало. Дерриг а долало школехь дика дешарна тӀера кхачаме карьерин дӀаеллаеллачу неӀаршна тӀекхаччалц. Карьера йолаярца, уьш цӀенош дола даха гӀерта. Цара гулдеш, ахча тӀекӀелдуьллу. Цхьаболчара шайн хьолан дакъа инвестицина хьажадо, цу гӀуллакхах а царна пайда болу. И дерриг а хин долчунна кечам беш дерг ду, хӀунда аьлча нахана, къаьсттина шаьш пенси бахча, эшамехь баха ца лаьа. Нагахь дуккха а долчу адамаша шайн абадengaхь хин

долчунна беш болу кечам шайн къаналла тӀеярна беш болчу кечаме терра беш белхьара, Делах тешар дерш халонех чекхбовларе тера а доцуш, шайна тӀехӀуттун йолчу заманахь баккхий баланаш хьега дезаро дӀалаьцна а ца Ӏаш, уьш чӀогӀачу гӀайгӀанехь а, кхерамах буьзна а хир бара шайна тӀехӀоьттина халонаш бахьанехь.

Гипотетически ойла ер вай. Сурт хӀоттор вай ваьшна, пенси волуш волчу, хенарчу стеган. Цкъа-делахь, пачхьалкхан пенсионни фонд банкрот а хилла, цу стагана хӀора баттахь пенси дала йиш йоцуш ю. ШолгӀа-делахь, дерриге цуьнан ахча лардеш йолу банк дӀачӀогӀуш ю, тӀаккха цуьнан цхьа а цент ахча схьаоьцийла дац. Оццу буьйсанна и стаг кӀуьра юкъахь самаволу, цуьнан цӀа цӀеро дӀалаьцна догуш ду. Иза, шеца цхьа а хӀума схьаэца а ца кхуьуш, араоьккху. Чухула юхучу хӀуманашца цхьалха а волуш, иза, цӀергахь богучу берриг а ша ӀаӀийна болчу бахаме хьоьжуш Ӏа.

Ирча хьолан де дара иза цу стеган дахарехь. Билггал иштта сурт гойту ПахӀала, Дала леррина Къобалвинчун Кхелехь цхьаболчу Ӏийсана тӀаьхьахӀиттинчарах хиндолчух лаьцна бохуш. Кхин цкъа а доьшур вай цуьнан дешнаш: «Ткъа нагахь цхьаммо динарг цӀергахь дагахь, цунна эшам хир бу. Иза ша-м кӀелхьарвер ву, амма цӀерах чекхволуш санна вер ву» (1 Коринтхошка 3:15). Делан Пачхьалкхера хьекъалалленаш, вай «токхечу къаналлин» дуьхьа болх беш ца хиларх кхета. Вай абаденна кечам беш ду!

Хьекъалалленаш ас олу, шайн абаденгахь хин долчун план хӀоттош, дахарехь цхьа Ӏалашо йолчарах, шайн абаден кхоллам, уьш лаьттахь муха баьхна бохучо билгалдоккхий а хууш. Цу гӀуллакхо вайна Делан Пачхьалкхе сийлалле чоьхьадовлар лур ду, ткъа дуьххьалдӀа цу чу чекхтила аьтто а ца лоьхуш, шаьш дахарехь мел динарг даьгнийла а, доьхнийла а хаарна. Хьовсийша хӀун боху цунах лаьцна ПахӀала:

> «Цундела, вежарий, кхидӀа а хьовсалаш Дала шаьш тӀекхайкхар а, харжар а бакъ хилар гайта. Иштта хилахь, цкъа а галдевр дац шу. Иштта карор бу шуна вайн Везачу Элан, КӀелхьардохучун, Дала леррина къобалвинчу Ӏийсан даим йолчу Пачхьалкхе кхочу маьрша некъ» (2 Кипин 1:10, 11).

Шуьйрра дӀайиллина ю чу волийла! И ду Хьолахочо вайга иштта эриг хилар: «Хьо дика, тешаме ялхо ву. Дика гӀуллакх дина ахьа аса хьайгахь дитинчу кӀеззиг долчу ахчанах. ХӀинца аса хьуна кхин а доккха гӀуллакх тӀедожор ду. Чувола, соьца цхьаьна самукъадаккха» (Маттай 25:21).

Цхьа хан хьалха Везачу Эло сурт хӀоттар деллера суна. Суна Пачхьалкхан толамбаккхархой гира Делан гӀалахь буьйлабелла богӀуш. Уьш дашочу урамашкахула гӀулчаш йохуш бара, шина а агӀор цаьрга маршалла хоьттуш эзарнаш божарий а, зударий а бара. Паччахь волу Ӏийса, гӀалин муьлххачу а меттера гуш йолчу, платформин тӀехь айавелла гуш вара. Тешаме тӀемалой лами тӀехула хьала а буьйлуш, Ӏийсана совгӀаташ деш бара, тоба цу хенахь гӀадъяхана яра. Везачу Эло тӀемалошка элира: «Дика ду».

ТӀаккха Везачу Эло сан даг чу элира. «Суна ялта хьакхаран стоьмаш дохьучу, кху салтех цхьаъ я некъан йистошкахь лаьтташ болчех цхьаъ, хила лаьий хьуна?» Хьалха цкъа а хилла доцуш санна, ас чӀоггӀа сацам бира сайн тӀекхайкхина а, хаьржина а хилар кхочушдан гӀерта. Суна, Иза сан дахаре хьоьжучу хенахь, хаддош сайн Везачу Элан там хиларца велакъажар ган лаьа, сайна делла хьуьнар дайина хилар бахьанехь, Цуьнан гӀайгӀане юьхь гаран метта.

ТӀаккха ас сацам бира, сайн заманарчу Дела везаш мел волчу хӀоранна кхунах лаьцна дийца, уьш а соьца цхьаьна совгӀаташца Цуьнан исбаьхьалле а кхаьчна, вайн Ден сийлахь велакъажар гархьама. Вай ваьш билгалдоккху лаьттахь гӀуллакх дарехула, хир юй-те вайна стигалшка чу довлийла шуьйрра дӀайиллина. Цунах лаьцна къамел хир ду тӀаьхьабогӀучу кортошкахь.

## Кхин дӀа

ТӀаьхьабогӀучу кортошкахь, шайна тӀера вай хан тоьхна я совгӀаташ дина хин йолу, дахаран коьрта меттигаш дийцаре йийр ю вай. Вайн ерриге теманашка хьовса аьтто ца балахь а, царах уггаре коьртанаш хьахор ю вай. Вай дика бух буьллур бу, цу тӀехь кхин дӀа шун, абаденгахь маьӀна хин долу, шайн дахар дӀахӀоттадойла хир ду.

Чекхенгахь сих ца луш Кипин дешнаш а деший, шаьш кху коьртехь дешначунна тидам тӀебахийта. Шуна коьрта дешнаш а, дешнийн цхьаьнатохарш а гур ду, дерриг а аьлларг дендан хьуьнар долу. Иштта Цуьнан дешнаша, кестта шех лаьцна дуьйцун долчунна кечдийр ду вай:

«Ӏийсагахь болчу Делан ницкъо оьшуш мел дерг делла вайна баккъалла а суьпа дахархьама, хӀунда аьлча Шен сийлаллица а, оьздангаллица а вайга Кхайкхийнарг вевза вайна… Цундела аша берриг а ницкъ тӀебахийта шайн тешар оьздангаллица совдаккхархьама. Ткъа оьздангалла кхетамца совъяккха. Кхетам юхаозадаларца а, юхаозадалар собарца а, собар суьпаллица а совдаккха. Суьпалла вежараллица а, вежаралла безамца а совдаккха. Нагахь и дерриг а, шуьца дан а долуш, алсамдолуш делахь, вайн Веза Эла, Дала леррина къобалвина Ӏийса вовзарехь кхиам а, стом а боцуш дуьсур дац шу… Цундела, вежарий, кхидӀа а хьовсалаш Дала шаьш тӀекхайкхар а, харжар а бакъ хилар гайта. Иштта хилахь, цкъа а галдевр дац шу. Иштта карор бу шуна вайн Везачу Элан, КӀелхьардохучун, Дала леррина къобалвинчу Ӏийсан даим йолчу пачхьалкхе кхочу маьрша некъ. Цундела ас иза гуттар а дагахь латтор ду, цунах дерг шуна хаахь а, шайна деллачу бакъдолчунна тӀехь шу чӀагӀдина делахь а. Суна нийса хета, хӀара дегӀан чарх айса мел лелайо, дагалецамашца шу карзахдахар» (2 Кипин 1:3, 5-8, 10-13, The Message).

# Дийцаре Дарна Хаттарш

## ДАКЪА 4: КОРТОШ 8 – 10

1. Схьахетарехь, Аффабелан бахархошна тІехь кхел ечу хенахь, уггар нуьцкъала дерг царна керла цІераш тахкар хилла хир ду. Ойла елаш шаьш муьлш дара а, шу хІун деш дара а бохучу агІонан, Дала леррина Къобалвинчунна тІе шу дахкале йолчу хенахь а, Іийсас шун дахар хийцадарал хьалха а. Шуна тиллинчу керлачу цІаро хІун дуьйцур дара те бохучух лаьцна хІун эр дара аша?

2. Делах тешар долчарна керлачу дахарехь боккхачу эшамехь хилар тІедагІахь а, церан даккхийдер хиларан а, Дала церан дерриг бІаьрхиш дІадаккхаран а меттиг стиглашкахь хир ю, хІунда олу аьлла хета шуна?

3. Шайн дешнашцца муха эр дара аша, Дикадархо шайн нийсархошна юкъахь къаьсташ яра бохург? ХІун масала схьаоьцур дара вай цуьнан дахарера?

4. Делан Йозанаша стигланех лаьцна дуьйцучо цецдаьхнерий-те шу? Цецдаьхнехь, стенах цецдевллера шу?

5. УьтталгІачу коьртехь иштта чІагІдар даладо: «Іийсан цІийно Делан Олалле кхачарна новкъарло еш долчу вайн къинойх цІандо вай, амма цо вай тешначул тІаьхьа вай дика даьхнехь я вон даьхнехь бохучу агІонна тІехь кхел ярх паргІат ца доху вай». Шайна дуьххьара иза хезча, муха тІеийцира шун даго и чІагІо? Ткъа хІинца шаьш хІара дакъа дешначул тІаьхьа, хІун эр дара аша цунах лаьцна?

# Дакъа 5

КОРТА 11

# Делан Цlа

*...шу а дlахlиттош ду, Дела Шен Синехула lаш волу меттиг хилийтархьама*

– Эпасхошка 2:22

Делах тешар долчарна тlехь хин йолу Кхел шина декъе йоькъур ю вай. Хьалхарниг – вайна Дала деллачу похlманашка а, уьш кхочушдарна долчу хааршка а хьаьжжина, Делан Олалла кхолладаларна тlехь вай дечу гlуллакхашца доьзна ду. Шолгlаниг – вай цхьаццачу адамийн дахарехь бинчу балхаца доьзна хуьлу, вешан дахарехь дерг цу юкъа а далош. Кхечу адамий хьокъехь аьлча – вай хlун масала гайтира царна бохург ду, ткъа вайн дахарехь бохург доьзна хуьлу, вай Делан дика тlе муха оьцу бохучуьнца, Дала леррина Къобалвинчун ма-хиллара йолу амал вешан чохь а кхоллаялийтарна тlехь болх беш. И дерриг билггал доьзна хуьлу вай шех тешначу а, вай шена муьтlахь хиллачу а Делан Дашах вай кхетаре хьаьжжина. Вай дина гlуллакхаш, аьлла дешнаш, йина ойланаш, вайн дагахь хилларг леррина теллина хир ду.

Цкъа хьалха Цуьнан Олалла кхолладаларна тlехь вай динчуьнга хьаьжжина ен йолчу кхеле хьовсур ду вай, тlаккха вайн вешан дахарехь вай динарг толлур ду.

## «Сан дуьхьа хlун дийр дара ахьа?»

Делан Олалла кхолладаларна тlехь вайна далуш дерг, вай кхоччуш Дезачу Сино бохучунна муьтlахь хиларца доьзна ду, Дала леррина къобалвинчу lийсас вайна динчу диканца бен, вешан ницкъаца вайна абаденна мехехь долу цхьа а хlума далур доцу дела. Вайга

аьлла: «Нагахь цIа Везачу Эло Ша дойтуш дацахь, иза дечара эрна къахьоьгу» (Забур 126:1). Иза дIахIотто йиш-м ю вайн, Дезачу Синах дIа а къаьстина, амма абаденца дуьстича, вай деш долу гIуллакхаш эрна хуьлу, Кхел ен йолчу дийнахь уьш цIергахь догур ду. Цунах кхетар хилар чIогIа лараме ду дахарехь.

Ширачу Весетехь Шена лерина гIуллакх деш йолчу адамийн цхьана тобане Дала иштта боху:

> «Стигал Сан Iарш ю, ткъа латта Сан когийн кIело ю. Аша мичахь дийр ду Суна цIа? Сан садоIу меттиг а мичахь хир ю? И дерриг а Сан куьйго кхоьллина дац-ткъа? И дерриг а иштта хилла дIахIоьттина дацара? – боху Везачу Эло. – Ша-шен кIезиг хетачуьнга а, дог доьхна волчуьнга а, Сан дашна вегавеш волчуьнга а Сан ларам бу» (ЕшаI-ЯхIу 66:1, 2).

Доцца аьлча, Везачу Эло чIагIдо: «Со – Дела ву. Шуна дика хаьий-те Со билггал мила ву? Шайга Сан дуьхьа цхьа хIума далур ду моьтту-те шуна?» Вайга Далла лерина цхьа хIума далур ду боху ойла, зингато адаме иштта ала тарлочуьнца юста мегар ду: «Оха шуна цIа дийр ду». Ма сонталла ю иза! Вешан ницкъаца вайга хIумма а далур дац, сийлахьчу а, цхьаьнцца а вуставалар доцучу а, инзаречу а вайн Далла гIуллакх дарца там бархьама. Цунна вайгара хIумма а ца оьшу.

Вукху агIор аьлча, Дала дIадоьллу Шена гIуллакх дийраш а, там бийраш а муьлш бу: уьш бу Далла муьтIахь болу а, шайн къиношна дохкобевлла болу а, кхерар долу а, Цуьнан лаамехь лелаш болу а нах. Ишттачу нехан бакъо ю Цунна цIа дан. Ткъа муьлхачу кепара йиш ю церан оццул сийлахь волчу Далла гIуллакх дан? «Эскарца а, ницкъаца а доцуш, Сан Синца, боху Везачу Эло» (Закри-ЯхIу 4:6). Дезачу Синна муьтIахь хиларца гIуллакх деш волчун кхиам хир бу. Цу тайпана гIуллакх дечун бен, къахьегар эрна хир дац.

## Цхьаьна гIуллакхдийраш

Инзаре дерг хIара ду: оццул сийлахь а, нуьцкъал а волу Веза Дела, Ша-Шегара бинчу сацамца лаьттахь дечу гIуллакхаш тIехь Ша юхаваькккхира, дерриг олалла адаман кара дIа а луш. Шу цецдевлла

хила а там бу цунах, амма дерриг Делан Йозанаш тӀехь ган йиш ю цуьнца доьзна долу масалш. ИбрахӀиман тӀаьхьено «юх-юха а Дела зуьйра, Исраилан Везаниг духа а тоьттуш» (Забур 77:41). Шен халкъан динан куьйгалхошка кхин а иштта элира Ӏийсас: «Цу тайпана Делан Дош а ца лоруш, шайн дайша хӀоттийна Ӏадат лору аша» (Марк 7:13, Шордина гочдар). Вайна тӀедиллина, Дезачу Синца цхьаьна гӀуллакх деш, Цуьнан лаамехь дерг кхочушдар, цуьнан чулацамехь, дукхахьолахь, адам Дала леррина Къобалвинчун долчу амате а, амале а далор ду, уьш абаденгахь долчу цкъа а чекхдер доцучу дахаре кхачийтархьама. И бахьана долуш вайх массарах цхьаьна гӀуллакхдийраш аьлла.

> «Тхо Делан гӀуллакхдийраш ма ду, ткъа шу – Цо лелош йолу беш, кемсийн таьллангаш, аре, Цуьнан гӀишло санна ду» (1 Коринтхошка 3:9, Шордина гочдар).

ХӀорраза бохург санна, Керлачу Весета тӀехь Делан Олаллехь гӀуллакх дечарах лаьцна аьлча, уьш бошмашкахь я гӀишлош ечохь болх беш болчаьрца бусту. Ткъа аренашца хӀунда дусту? Латта, цкъа хӀинца а, шена тӀехь Делан Олалла лаьттачу аренах тера долу дела. Ерриг стигланаш йоккха еш ю, Дала къастийначара лаьттахь Олалла дӀахӀоттош бечу белхан тидам беш. Ткъа гӀишло хӀунда йо? Дала Шена даиманна а йолу хӀусам лоьху дела, ткъа вай дийна долу тӀулгаш ду, Цунна хан яккха меттиг санна, долу.

Кипас яздо: «Шу шаьш а ду дийна тӀулгаш. Шайх синан цӀа дайта, цу чохь динан дай хилархьама, Дала леррина къобалвинчу Ӏийсагахула Далла лууш долу синан сагӀанаш даха» (1 Кипин 2:5). Цу тайпана шегахула адамийн кӀелхьардовлар, уьш Ӏамор, царна гӀуллакх дар хуьлуш долу Делан сийлахь маьждиг я цӀа дӀахӀоттор ю вайн лаьттахь дахаран Ӏалашо. Вайн Ӏалашо ю – цӀена долу тӀулгаш хилар, иштта кхиндолу адамаш а кхиор, и дийна тӀулгаш вовшашца а догӀуш, царах Делан цхьаъ бен доцу цӀа хилийтархьама. Цундела вай массара а ваьш хӀоттийначу вайн дахарх а, Делан Олалла дӀахотторах а лаьцна жоп дала дезар ду.

## ЦӀа дӀахӀоттор

Со гӀишлошъярхо велхьара, цхьа гӀишло ян волавале ас хьалха цуьнан сурт а дуьллур дара, бустам а боккхур бара. Аса цу гӀишлонан сурт хӀоттор дара и цӀа муха дан деза а, хӀун гӀирс безар бу а бохург гойтуш долу. Амма иза а дерриг дац. ХӀора цӀа дӀахӀоттош волчунна хаьа, оцу белхан уггар коьрта агӀо подрядчикийн, гӀишло еш болчийн, сантехникийн, токъялочийн, тхов туьллучийн иштта кхечу белхалойн а гӀуллакхаш шен хеннахь кхочушдаран низам дӀахӀоттор хилар. И белхаш бан безарш уьш бу. Нагахь и белхаш бар шен низамехь дӀа ца хӀоттадахь, цунах беккъа гӀурт хир бу. Масала, ток ялорал, пенашкахь йовхо сацайо агӀо нисъярал хьалха, гипсокартон муха дӀанисдан деза бохург хаа деза.

Нагахь санна, подрядчико шен болх бан ма-безза беш бацахь я шен хеннахь ца бахь, и болх луш волчунна кхин белхалой карор бу и белхаш байта. Керлачу подрядчико сихха шен болх боло безар бу, и хьалха хиллачу белхалойн вон бина белхаш метта хӀитто а тарлуш. Оцу цхьаболчу подрядчикаша шаьш бан беза белхаш дика бина ца хиллехь а, оцу белхийн коьртехь волчо берриг ницкъ тӀебохуьйтур бу и гӀишло яр чекхдалийтархьама.

Кхин а иштта хӀоьттинчу суьртан а тидам хилла сан: и гӀишло еш болчийн коьртехь волчо дойтург, шен долахь долу цӀа ду. Цо шен ма-хуьллу леррина къастабо подрядчикаш, тоьлла болу гӀирс кечбо, и белхаш хила ма-безза дӀабахийтарна оьшург дерриг а кхочушдо цо. Оцу дӀабоьдучу берриг белхийн леррина тидам а бо цо. Дела Шен долахь долчу цӀийнан Кхоллархо ву, амма Цуьнан цӀа – адамех лаьтташ йолу йоккха гӀала ю!

Лаьттахь долчу цхьацца къастийначу цӀеношна цхьацца цӀераш тохку. Масала: Англин паччахь йолчун цӀенах Букингемски цӀа олу. Америкера президентийн цӀенах КӀайн цӀа олу. Кхидерш шуна башха девзаш ца хила а мега. Актриса йолчу Филлис Кэлвертан цӀенах Гу тӀехь долу цӀа олу. Актёр, режиссер волчу Чарльз Иван Вэнсан цӀенах Оук Лодж олу, романаш язъеш волчу Чарльз Дайерн цӀенах Олд Моб олу, иштта кхиндӀа а. Ткъа Дала Шен цӀенна вай дуьнен чу а довлале,

дуккха а хьалха тиллина. Шен гуттаренна а долчу, хIинца а дIахIоттош долчу цIийнах Цо Цийон олу. Делан Йозанаш тIехь иштта боху:

> «ХIунда аьлча Везачу Эло Цийон хаьржина, цунах Шен хIусам ян лиъна Цунна» (Забур 131:13, 14).

Нагахь шайн ойланашкахь долу цIа дIахIоттор хиллал, шун ирс хиллехь, догайдаларо дIа а лаьцна, собар дарца и цIа дина даларе сатийсина хир ду аша. Шуна шайн долахь долчу цIа чохь садаIа лаам хуьлу, цу чохь даккхийдер а, машаре хилар а карадо дела шайна.

Цу тайпана долу цIа даран ирс сан а, Лизин а 1990-гIа шераш юккъе дахханчу хенахь хилира. Тхо Орландехь, Флорида штатехь Iаш дара, цу хенахь нахана цIенош дарна тIехь лаккхара похIма долчу, оха бечу белхан мах хадийначу Роберта, ша тхуна цIа дIахIоттор ду элира. ХIетахь тхо цхьана чIогIа жимачу цIа чохь Iаш дара, цо хIоттон болу мах тхайна балалур бац аьлла хийтира тхуна. Мехах лаьцна оха къамел дечу хенахь, цо элира: «Дала бохучу мехехь дийр ду ас шун цIа». ДIахьаьжча, шена лерина цхьа а ахча эцна ца хиллера цо тхан цIа дарах.

ХIетале ши цIа хиллера тхан. Уьш кегий долуш, массеран а махиллара цIенош дара, кхечу тайпана аьлча, оха цхьа а мах ца беллера уьш дIахIиттош. Суна цкъа а дицлур дац, и къамел дина масех де даьлча Роберт тхо долчу веара. Тхо цхьаьна юург юучу стоьла гонаха охьахевшича, цо, цхьа кехат дIа а диллина, догайдаларца элира: «Шайн даг чохь кхолладеллачу цIийнан сурт диллийша!»

Тхо цецдевллера. Тхуна дага а ца теснера, иза иштта хила тарло бохург. Сан зуда, сихха оцу гIулакхана тIе а йирзина, сурт дилла йолаелира. Цуьнан даг чохь и ойла йолу дуккха а хан яра. ТIаккха со а тIевирзира, гIо дарца сайн дагахь дерг а олуш. Тхан хазахетар совдуьйлуш лаьттара, тхан ойланашкахь долу цIа муха хир ду бохучун оха ойла ечу ханна. Тхан цхьана а хIуманна тIехь юхадовла а ца дезара. Сурт диллина а девлла, иза архитекторшка а, дизайнершка а дIаделира оха. Масех де даьлча Боба цIийнан хIоьттина сурт гайтира тхуна, ткъа тхо сатийсарца ладоьгIуш Iара и цIа дан доладаре.

Робертан субподрядчикаша болх дlаболийча, тхо хlора дийнахь догlура цlа дечу декъа тlе, наггахь дийнахь шозза а догlуш, иза дина даллалц. Оха чlогlа сатуьйсура и цlа дина чекхдаккхаре. И масех бутт балар масех шо даьлча санна, ткъа денош – масех кlира долуш санна хеталора тхуна, оцу керлачу цlенош чу девлча, цхьа керла хlума хила деза бохучуьнга оха сатийсарна. Тхан ойланашкахь хиллачух лаьцна кехат тlехь дерг, бlаьргашна хьалха хилла дlахlуттуш гаро, догайдора тхан.

Иза, геннара вай схьаэцча, Шен ойланашкахь долу Шен цlа дlахlотточу хенахь Далла а хеталучух тарло, амма Дала ладоьгlу хан дуккха а сов ю масех баттаца дуьстича. Хlара дуьне кхоьллинчу хенахь дуьйна сатийсарца ладоьгlу Дала Шен цlа кхоччуш дина даларе. Делан Йозанаш тlехь боху: «Везачу Эло Цийон юхаметтахlоттор ю» (Забур 101:17) кхин а «Хазаллехь кхоччуш болчу Цийон-лома тlера Дела Шен нуьраца серлавуьйлу» (Забур 49:2).

Шен цlа дlахlотторна тlехь масех эзар шерашкахь къахьоьгуш ву Дела. Иза Шен lалашонехь доццушехь, адам эшор тlедогlур дуйла хууш волчу Дала, Ша лаьттахь даха охьахаийначу адамна дlайиллира Шен lалашо. Хьалххехь дерриг а хууш волчу Дала, мах баларца кlелхьардаьхначу адамех Цийон дlахlотто lалашо йира.

И дlадолор бух боттарца а, цуьнан сонан йисттехь лаьттачу тlулгах а хила дезара. Ткъа и тlулг и Махбелларг волу, Ша – lийса ву. «Цундела боху Хьалдолчу Эло: «Хьажал, Ас Цийон-лам тlе тlулг охьабуьллу. Иза зийна а, беза а тlулг бу, ткъа иза соне буьхана дlахlоттийна бу. Цунах тешна lаш верг ведда дlаваха везаш вац» (Ешаl-Яхlу 28:16). Дас Ша дуьне кхоллале дуьйна а, ойла а йина, Шен lалашонца Шен цlийнан сурт хlоттийна хилла дела, lийсах «Бийначу … дуьне кхуллуш дуьйна» lахар бу аьллера (Довзийтинарг 13:8), ткъа Кипас чlагlдо: «Дуьне а кхоллале къастийна вара Иза», бохург (1 Кипин 1:20).

lийса, сонан йисте охьабиллина тlулг хилла а ца lаш, коьрта волу цlа Дlахlотторг а ву. lийсас Шена тlедиллинчун дакъа кхочушдира, кхачам боллуш а деш. Ша жlарах дlатохале Дега хьажийна иштта дешнаш олу lийсас: «Ахьа Сайна тlедиллина гlуллакх Ас кхочушди» (Яхьъя 17:4).

Да волчу Дала lийсан хан билгалъяккхарх дlадолийра и гlуллакх

(хь. Галатахошка 4:4), цул тӀаьхьа берриг бисинчу «подрядчикийн» хан билгалъяьккхира Цо. И «подрядчикаш» – со а, шу а ду. Делахь а, лакхахь аьлла ма-хиллара, вай, «подрядчикаш» хилла а ца Ӏаш, Цуьнан цӀенна лерина болу гӀирс санна а ду. ПахӀала яздо: «Дуьне а кхоллале, вай Ӏийсагахула къастийна дара Цо, Шена хьалха вай цӀена а, деза а хилийтархьама. Шена вай деза дела,..» (Эпасхошка 1:4). Кхузахь, цӀа дечу хенахь лелош болчу гӀирсаца дусту вай: вай дийна долу тӀулгаш ду.

Кхин а Шеца цхьаьна гӀуллакхдийраш хила къастийна Дала вай. ХӀунда аьлча вай иштта доьшу: «Вай Дала кхоьллина тайпа ду. Ша леррина къобалвинчу Ӏийсаца вай доьзна хиларна, Дала вай кхоьллина, хьалхxе дуьйна Ша вайна кечдина долу дика гӀуллакхаш вайга кхочушдайтархьама» (Эпасхошка 2:10). Тидаме эцалаш, Цо хьалххехь дуьйна вай кхочушдан деза гӀуллакхаш билгалдаьхнера. Делан Йозанашкахь цхьанхьа а дац и гӀуллакхаш дуьне кхуллучу хенахь дуьйна билгалдаьхнера бохург, иза иштта а хила тарлушшехь. Вайна билггал хаьа, «Цуьнан гӀуллакхаш дуьне а кхоллале кхочушдина хилар» (Ӏебархошка 4:3). Ткъа вайна «подрядчикаш» хила дезар тӀедиллина бохург деккъа цкъа билгалдоккху – и гӀуллакх вайна вай дуьнен чу а довлале тӀедиллина дара, аьлла яздина хиларо. Дауда боху: «Хьан бӀаьргашна гуш ма вара со дуьнен чу а валале. Хьан тептар тӀехь дӀаяздина ду Ахь суна билгалдаьхна долу дерриг а сан дахаран денош, уьш цхьа а дола а далале» (Забур 138:16).

Ненан кийрахь вайн кхолладалар а хилале билгалдаьхна дара вайн дахаран гӀуллакхаш. И билггал бакъдерг дӀадоьллу Делан Йозанаш тӀера Ярми-ЯхӀу-пайхамарехула Дала аьллачо: «Суна хьо вевзаш вара, ненан кийрахь Айса хьо кхоллале а, Аса хьо дӀакъастийнера, хьо дуьнен чу валале а, Ас хьо къаьмнашна пайхамар хила дӀахӀоттийра» (Ярми-ЯхӀу 1:5). ПахӀал-векало яздо: «Со дуьненна тӀе а валале, со къастийначу Дала, Ша суна динчу диканца, суна хьалха Шен КӀант дӀахӀоттийра, Цунах лаьцна болу хаза кхаъ, жуьгтий боцучу, кхечу къаьмнех болчарна а кхайкхорхьама…» (Галатахошка 1:15,16). Ярми-яхӀус а, ПахӀал-векало а дечу тоьшаллаша а чӀагӀдо, вай дерриш а, дуьнен чу а довлале Дала билгалдаьхна долу Делан гӀуллакхаш кхочушдан дӀакъастийна дара боху Даудан дешнаш.

Оцу дерригено инзаре долу билггал бакъдерг дӀадоьллу: Дала вай дуьнен чу а довлале вайх лаьцна тептар яздина, цу тӀехь вайн дуьххьарлера де дола а далале, вай дан дезачух лаьцна дерриг хӀума а дӀа а доьллуш! Ткъа иштта хаттар хӀутту: кхочушдийр дуй те вай вайна дан билгалдаьккхинарг? Сулим-паччахьо иштта чӀагӀдо:

> «Суна хиъна, Дала до гӀуллакхаш гуттаренна дуйла. Вайга Дала дечунна тӀе а тохалур дац, я тӀера дӀа а даккхалур дац. Дала иштта гӀуллакхаш до, адамашка Шен сийдайтархьама. Яханчу заманахь хилларг карахь йолчу заманахь а хуьлу, ткъа тӀейогӀучу заманахь хиндерг, дӀаяьллачу заманахь а хилла. Хьалха хилларг юхадерзориг Дела ву» (Устаз 3:14, 15).

Мел боккха чулацам бу Делан Йозанаш тӀера оцу дешнийн! Уггар хьалха, Делан цхьа Ӏалашо ю. Цу тӀера хӀумма а дӀадаккха а ца оьшу, адаман цу тӀе хӀумма а тоха а йиш яц. Ткъа цул тӀаьхьа Сулима кхидӀа а дуьйцу, йолуш йолчу хенахь хуьлуш дерг цкъа хьалха Делан ойланехь хуьлу. Иштта тӀейогӀучу хенахь хиндерг а Цуьнан ойланашкахь дара. Делахь а, вай динчуьнга хьаьжжина жоьпе озор ду вай! Кхочушдой-те вай вайна дан билгалдаьккхинарг? Я дерриг эдина, дан хьакъ дерг кхочуш ца дина-те вай? Вайна дан тӀедиллинарг кхечунна тӀедилла дезий-те Цо?

ХӀинца цхьа лараме долу дӀахьедар дан деза аса. ХӀора адаман Дала тӀедиллина гӀуллакх хуьлу шен дахарехь. Вайх хӀораммо а шен дакъа лоцу Делан цӀа дӀахӀотторна тӀехь. ХӀара билггал бакъдерг хаар дика хир ду вайна:

> Шуна тӀедиллинчух лаьцна аьлча, шуна кхел яр, аша динчуьнга хьаьжна а доцуш, аша дан дезаш хиллачуьнга хьаьжжина йийр ю!

Цхьа масалла дало лаьа суна. Кхел ечу хенахь Ӏийсас хӀокху тайпана цхьа хӀума ала тарло:

– Хаза Кхаъ кхайкхориг волу Андерсон, хьо хьалха а валий, Сайна тӀедало Аса билгалдаьхначу синошца айхьа хӀун дина алий, жоп ло Суна.

Оцу стага, Іийсана тІе а вахана, гІеххьа вегор а, вохар а долуш, ала тарло:

– Веза Эла, Хьо ала воллург «бухгалтер волу Андерсон», дарий? Со сайн фирмехь бухгалтер вара. Иза сан болх бара. Динан цІа чохь гІо дора аса цхьацца хІума дарца, юкъараллин меттигашна дика деш болх а бора. Динан цІа чохь гІуллакх дечара дуккха синош далийра Хьан Олалле. Со цхьаннах тарвелла-те Хьуна?

Везачу Эло жоп дала там бу:

– ХІа-хІан, хьо дуьнен чу а валале Азиера ээзар стаг Сайна тІеверзавар тІедиллинера Аса хьуна, уьш мичахь бу аьлла жоп лол. Хьо Суна муьтІахь хиллехьара, ахьа Сан Олалле беанчу хьайн гІуллакххийн стоьмех доккха совгІат хир дара хьуна. Ткъа хІинца ахьа дина гІуллакхаш догур ду, ахьа уьш муьтІахь хиларца ца дина дела.

КхидІа иштта сурт ган там бу вайна. Іийсас эр ду:

– Бухгалтер волу Джонс, хІоккхе схьа а волий, Аса хьайна дан тІедиллинчуьнца айхьа динчух лаций жоп ло Суна.

Оцу стага а, хьалха а ваьлла, вохарца а, вегорца а эр ду:

– Веза Эла, «динан тобанан Іуналхо Джонс» вуй-те Хьан дагахь верг? Со 900 стаг волчу динан тобанан Іуналхо вара. Аса и тоба кхоьллира.

Цунна дуьхьал Везачу Эло жоп дала там бу:

– Аса хьуна финансови бизнесехь болх бар тІедиллинера, йоккха компани а еш, Сан дуккха долчу динан цІеношкахь гІуллакх деш болчарна хьоьга гІо дайтархьама, Аса царна тІедиллинарг цаьрга кхачам боллуш кхочушдайтархьама. Ахьа со доггаха лехнехьара, Аса гойтур дара хьуна иза. ТІаккха ээзарнашкахь долу адам, оцу динан дайшка гуттаренна а хийцам хуьлуьйтуш, шайна тІехь болх байтина долу и адамаш хьуна тІе а яздина хир дара. Оцу хІора синна тІера хьуна ял йина хир яра. Ткъа хІинца и совгІат хир дац хьуна, айхьа дина гІуллакх ахьа муьтІахь хиларца ца дина дела. ГІалин кхечу йистехь йолчу динан тобанехь ахьа коьрта вовшахтохархо хилла болх бар лаам бара Сан. Нагахь хьо Суна муьтІахь хиллехьара, цу тобанера и ворхІ

эзар адам хьуна тӀе яздина хир дара, тӀедиллинарг дан кхайкхинчу оцу ДегӀан юкъахь коьрта меттиг хьуна елла хилла дела. Хьо цигахь ца хилла дела, оцу синошна тӀера йогӀу ял а хир яц хьуна.

Кхин а цхьа масала далор дара аса. Сан цхьа дика доттагӀ ву, иза Америка пачхьалкхан къилб-малхбалехьара сихха дебар хуьлуш йолчу динан тобанан Ӏуналхо ву. Цу тобанан деккъа ткъа адамах йолаялар хиллера 1991-чу шарахь, ткъа хӀинца цу тобанехь виъ эзар декъашхо ву. И динан тоба цхьа а хало йоцуш болх бан йиш йолу меттиг ю, цигара адамаш синан хьаго йолуш долу дела. Эзарнашкахь долу адамаш дара цу динан тобанехь кӀелхьардовлар хилла а, Ӏамийна а.

Цу динан тобанан сихха дебар хиларан бахьана, цигахь наха доггаха доӀанаш дар, дика динан хьехамаш бар, даггара къахьоьгуш хилар ду. Цара дика дина долу а, дуккха а адам тардеш долу а доккха динан цӀа дина дӀахӀоттийна. Масех шо даьлча, куц а долуш, къежвелла цхьа стаг гира сан доттагӀчунна динан цӀа чуьра гуламехь. Цо тидам бира гулам чекх мосазза болу а бӀаьрхих дуьзна бӀаьргаш долуш, иза зал чохь хиъна Ӏаш хиларан. Динан тобанан Ӏуналхочунна хаалора и бӀаьрхиш хазахетарна оьхуш доцийла.

Эххар а цу стага, Ӏуналхочун гӀоьнчех цхьанна тӀе а вахана, 1981-чу шарахь Везачу Эло шега кхеттош, кху гӀалахь динан тоба кхолла еза аьлла хиларх лаьцна элира. Масех де даьлча цунна гӀенах гира ша динан Ӏуналхо хила везаш йолу и гӀишло муха хила еза. И гӀан дуьхьалахь лаьттара цунна, цундела архитекторан похӀма долчу цхьаьнга шена гӀенах гинчу гӀишлонан сурт диллийтира цо. ТӀаккха, и гӀуллакх кхочушдарна цхьа новкъарло а хилла, и гӀишло дӀахӀотто шена еана ойла юхатеттира цо. Цхьана ханна Далла гӀуллакх деш цхьацца меттигашкахула лийлира иза, амма дукха хан ялале юха а шен бизнес лело волавелира иза.

Оцу стага, леррина вовшахтоьхна кехат дӀа а достуш, Ӏуналхочун гӀоьнче дийцира иза 1981-чу шарахь диллинчу гӀишлонан сурт хилар. Сурт тӀе хьаьжча Ӏуналхочун гӀоьнча инзарвелира. Иза цу хенал масех шо даьлча сан доттагӀчо дина, и шиъ хӀинца чохь лаьтташ волу цӀа дара. Сан доттагӀ и стаг теван гӀертара, ткъа вукхунна хала дара и тем

бар тӀеэца. Далла луург дацара и стаг велла дӀаваллалц ша бехке веш вахар, амма цхьана хӀуманах кхетар хилла, синца хьалаваларца, ша велла дӀаваллалц Далла гӀуллакх дарна тӀеверзаран агӀо цо лахар дара.

Масех шо хьалха цунах лаьцна динан хьехамаш беш вара со цхьана йоккхачу конференцехь. И гулам чекхбаьлча, шена хезнарг бахьанехь холчу а хӀоьттина, воьхна хьийзачу оцу динан тобанан Ӏуналхочо, тхоьца веанчу цхьана декъашхочунна тӀе а вахана, элира: «И ша дийцинарг, билггал иштта кхочушдан деза бохуш-м хилла хир дац цо?»

Соьца цхьаьна веанчу накъоста жоп делира цунна: «Дара дера, билггал иштта дан деза бохург, хӀунда хоьтту ахьа?»

Шовзткъе итт шарал сов хан йолчу динан тобанан Ӏуналхочо элира: «Со къона волчу хенахь суна дуьхьал билггал долу сурт хӀоьттира, со Пилап-махкахь вехар ву, цигарчу нахана динца доьзна гӀуллакх дийр ду, аьлла. И хӀоьттина сурт чӀогӀа билггал дара, со даггара теша а веш, цкъа цига со гӀур ву бохучух. Амма иза кхочуш ца хилира, хӀинца ткъе итт шарал сов кху динан тобанна хьехамаш беш ву со».

ТӀаккха сан накъосто: «Хьо хӀун дан воллу хӀинца?» – хаьттира цуьнга.

Ӏуналхо, жоп дала дош а ца карийна, дӀавахара.

Цхьа шо даьлча оцу динан тобанан Ӏуналхочух лаьцна хабар хезира тхан декъашхочунна. И динан тоба шен гӀоьнчан куьйгалле а елла, Пилап-махкахь ваха охьахиира иза, оцу нахе безам бахара цуьнан. Цо иштта дешнаш элира: «Сайн дахарехь дуьххьара хааделира суна, со билггал и гӀуллакх дан кхоьллина хилар».

Кхин а цхьа хӀума а дуьйцур ду аса шун, оцу билггал бакъдолуш хиллачунна тӀетохархьама. Дукха хан йоццуш сан цхьана накъосто шуьне кхайкхинера со, ВМС спецназера цхьа стаг суна вовзийтархьама. Аса хӀара книга язъечу хенахь иза хӀинца а цигахь гӀуллакх деш волу дела, цунна цхьа а новкъарло ца хилийтархьама, ПахӀал эр ду аса цунах. Шина сахьтехь инзарваларца ладуьйгӀира ас цо шен дахарх лаьцна дийцинчу тоьшалле.

ПахӀала шина шарахь библейски школехь дешнера, шен ткъа шо кхочуш иза чекхъяьккхинера цо, оццу хенахь динан тобанера кегийрхошна юкъахь гӀуллакх дан волавелира иза. Цхьа шо даьлча оцу тобанера цхьана йоӀца хилла иза аьлла, жоьпе озийнера и. ПахӀала бохура: «Джон сан оцу йоӀаца хӀумма а хилла дац. Я суна иза хаза а ца хетара! Амма цу тобанехь куйгаллехь берш сох ца тешна а ца Ӏаш, кхиболу берриш а тешийра шайх, цу тайпана со дерригенах а воккхуш. Со юьхьӀаьржачу а хӀоттийна, соьга ур-атталла хатта а ца хоттуш, цигара дӀавала элира цара соьга».

Цул тӀаьхьа ПахӀала элира: «Хьалха ца хиллачу кепара Делан юьхь лахарна тӀевирзира со. Цкъа аса доӀа дечу хенахь Дала кхеттош элира сан даг чу: «Динан гӀуллакх дан хаьржина вац аса хьо. Армехь гӀуллакх дар тӀедиллина аса хьуна».

США-ра арми чекхъяккха ша дӀаэцар дийхира цо, хӀордан флоте я кемалелархойн декъашхо хила, амма цунна тӀера дош ала цхьа а вацара цуьнан. Цунна ваха дисинарг тӀеман-хӀордан арми вахар дара. Цо дан харжа мегачу гӀуллакхаш тӀе яздинчу кехате хьаьжча, царна юкъахь цхьа а шен даго тӀеоьцу болх ца гира цунна, цу тӀе Дала тӀедиллина гӀуллакх ду иза аьлла, цуьнан даго тӀе ца оьцура уьш. Ткъа салтийн могӀаре керланаш тӀеоьцуш волчу эпсарна чӀогӀа лаьара иза хӀордан флоте дӀаэца, цо къаьсттина йолу цхьацца программаш гайтира цунна. Цу эпсаро «хӀордан котикаш» аьлла дешнаш аьлча, сан доттагӀчунна хиира иза шен меттиг юйла, цо контрактан буха куьг таӀийра.

И жима стаг цо бинчу къастамах юхаваккха гӀиртира эпсар, хӀунда аьлча дуккханна кхиам боллуш кхочуш ца далора ВМС-ан спезназ хиларан гӀуллакх. Цу тӀе а эпсаро ПахӀале дӀахаийтира, оцу декъе ваханчу цхьана а стагана и программа чекх ца яккхаелла хилар, иза дуьненахь уггар хала ю аьлла лоруш йолу дела! Делахь а ПахӀал кийчча вара, догайдаларца Дала тӀедиллинарг кхочушдаран хьалхара гӀулч яккха. Цо кийча хиларца ша оцу программина юкъа вахийтар дийхира.

Амма хӀинца а дикка новкъарло еш долу масех хӀума дара цунна хьалха лаьтташ. Цкъа-делахь, ПахӀална нека дан ца хаьара. Цунах

лаьцна доlанаш дан дийзира цуьнан, цул тlаьхьа нека дар lамош. Шолгlа-делахь, бераллехь лергаш чу трубкаш ехкинера цунна, цундела масех операцих чеквала дийзира цуьнан и бала дlабаккхархьама. Цуьнца доьзна, иза воккха хилча кlеззиг долчу хино а цуьнан лергех хьакхаделча, чlогlа лазарш доуьйтура цунна, цул тlаьхьа лергашна чlогlа инфекци а хуьлуш. Амма Пахlал кхоччуш тешна вара, нагахь шена Дала тlедиллинарг шен ницкъаца цунна кхочушдалуш хилча, тlаккха иза Делера дац бохучух.

Иза нека дан lама волавелира, шен лергаш тодар доьхуш даггара доlанаш а деш. Хlора дийнахь хи чохь ечу тренировкаша лан хала долу лазарш доуьйтура цунна. Амма цкъа, беа баттахь и бала хьегначул тlаьхьа, Пахlал нека lемина а ца lаш, хlордан кlоргене вахара цхьа а лазар ца хаалуш! Иза товинера, хlинца хlордан котикашна юкъахь путешестви ян ваха кийчча вара и.

Пахlал яккхийчу халонех а, зерах а чекхвелира шена тlедиллинарг дан lемачу хенахь, иза оцу дерригенах чекхбевллачу тlемалойн вежаршна юкъа дlаийцира. ВМС-ан спезназехь болчийн могlарехь дейтта шарахь динан гlуллакх дlакхийхьира цо, оцу шерашкахь ша кхочушдечу динан гlуллакхашкахь Дала динчу дуккха а долчу инзаречу хlуманех лаьцна дийца дукха хlума дара цуьнан, цаьрга ладоьгlучу хенахь дегlе зуза догlура суна.

Оцу суьйранна суна билггал хаьара, суна хьалха лаьттарг Дала къастийначех волу дика стаг вуйла, динан тобанна хьалха хьехамаш бар цунна тlедиллина ца хиллехь а. Армехь болчу нахана юкъахь болх беш, шен даймахкана гlуллакх дан дезара цо. Тахана, спецназехь болх бина а ца lаш, хlордан флотехь долчу эскаран инструктор а ву иза. Делан болчу лааме ла а доьгlна, Дала шен дахарехь шена хьалха хlоттийна дика гlуллакхаш дан йолу lалашо тlе а эцна, иза кхочушйора цо.

Шайн дахарехь хlоттийначу lалашонах тlех а бевлла, шаьш-шайн лаамехь дерг хьалхадаьккхина баьхначийн дахарх лаьцна масалш дуккха а хезнера суна. Сан бlаьргашна а гинера цу тайпана долу масалш. Айса ткъа шарахь Далла гlуллакх дечу ханна дуьне мел ду дlасаоьхучу хенахь динан тобанийн lуналхойн гlоьнчаш хила

тӀекхайкхина боллушехь, бизнес лелош берш а, иштта шайна бизнес лело тӀедиллина доллушехь, динан тобанийн Ӏуналхойн гӀуллакх дӀакхоьхуш берш а гинера суна. Бизнес лелочарна юкъахь шайн гӀуллакх дӀадоло ца бахьарна, кхечунна болх беш берш а бара. Иштта шаьш дечу гӀуллакх тӀехь тешаме боцуш, амма шаьш шайна хьаькаман дарж дезаш болу нах бара.

Делан лаамехь иза доццушехь, доьзалш кхуллуш долу адамаш а гинера суна, и бахьанехь шайна тӀедиллинчух а бовлура уьш. Кхиберш ца оьшучу накъосташа юхауьйзура, цара кхочушдан дезачу гӀуллакхах уьш юха а бохуш. Суна гинера тӀехдаьккхина спортана тӀебирзина болу а, ахчанга безам болу а, дарж дезаро дӀалаьцна болу а, я кхечу цхьана хӀумано тӀеозийна болу а нах. Оцу дерригено Дала шайна тӀедиллинчу Делан цӀа дӀахӀотторан гӀуллакхах юхабоху тешар долу и нах.

Уьш сингаттаме ойланаш тӀейоуьйту хӀуманаш ду, амма дика кхаъ бу, вайх цхьа а Дала вайна хьалха хӀоттийначу некъах юхавала ца веза бохург. Дела ву вайн дахаран коьртехь волу Автор, Цуьнга дигалур ду вай и гӀуллакх кхочушдаран некъахула. Вай ваьшна хьалха хаттар хӀотто деза: субподрядчик санна хилархьама, аса дан дезарг хӀун ду те, аьлла? Оцу кӀорггера маьӀна долчу хаттарх лаьцна кхидӀа хир болчу коьртехь дуьйцур ду вай. Иштта масех хьехам бевзар бу шуна, нагахь некъара валар хиллехь, нийсачу некъа муха вала веза бохучуьнца доьзна болу.

КОРТА 12

# Дала Шена Лерина Гiуллакх Дан Къастийнарш

*ХIунда аьлча Дала Ша делла совгIаташ, Шена тIебало хаьржинчарах Ша бина сацам Цо цкъа а ца хуьйцу.*

– Римхошка 11:29

Дуккха долчу адамашна инзаре хета тарло, Дала хIоттийначу Iалашонах юхавалар, тIехула хьаьжча дика а, бакъахьара а ду аьлла хетачу хIуманех Iехаваларо тIедоуьйту бохург. Иза нийса а ду! Амма дагахь латтаделаш, вайн хила безарг вай эгарца а, вайна хин долчу таIзарца а боьзна кхерам боцийла, иза Делах болу кхерам бу. Везачу Элах болчу кхерамо иштта долу дешнаш аьлла Волчун хьекъалаллехь латтадо вай: «Шун лергашна хезар ду шайна тIехьа аьлла дешнаш: "ХIара бу некъ, цу тIехула гIо дIа", нагахь шу, новкъа дIадоьлхуш, аьтту я аьрру агIор дIадерзахь» (ЕшаI-ЯхIу 30:21). Делан цIа дIахIоттош вешан меттиг мичахь ю муха хуур ду те бохучу хаттарна тIедерзий вай.

## Хьалхарниг: доггаха лехирий-те аша Делан юьхь?

Нагахь санна шайга, кхочушдой-те аша шайн кхоллам кхоллабаран гIуллакх, аьлла хаттар дича, аша иштта жоп дала там бу: «Суна кхочушбан лаьа иза, амма со хIун дан хаьржина ца хаьа-кх суна!» Цуьнан масех бахьана хила мега. Цкъа-делахь: доггаха лехирий-те аша Делан юьхь? Вайга аьлла, деган шалхо йоцуш, тIехула а доцуш, цIенчу даггара долчу тешарца Ша лоьхуш волчунна, Дала совгIат ло (хь. Iебархошка 11:6). Нагахь адамо Дела даггара лахахь, шена хин

долчу жоьпе ла а доьгӀуш, цунна дӀадоьллур ду, иза стенна ваьлла кху дуьнен чу бохург.

Пердью цӀе йолчу университетера студентийн вежараллехь со волуш, кӀелхьарвалар аса тӀе ма эцна, сайн дахарна Делан йолу Ӏалашо лаха волавелира со. Инженеран дешар аса чекхдоккхуш, хӀора шолгӀачу семестрехь ЭВМ-ерчу компанехь болх бора аса. Далла муьтӀахь хила болчу лаамал сов, сайна Цо тӀедиллинарг довза долу цхьа бахьана, сан кӀелхьарвалар хиллачул тӀаьхьа масех бутт баьлча, цхьана дийнахь тхан цхьана белхалочо болх бо ткъе бархӀ шо кхачаран де даздечу со нисваларца доьзна дара, соьца цхьа бархӀ-итт инженер вара. Сих ца луш, тхайн цхьацца къамел деш тхо дохкуш, оцу белхалочо цӀеххьана элира: «ХӀора дийнахь хӀокху ткъе бархӀ шарахь бӀаьрга бан а ца безара суна и болх». Соьца цу чохь берш, со воцург, я тӀетайра цунна, я бийлабелира. Ткъа со инзарваьллера.

Оццул дукха шерашкахь и болх беш хиллачу царна юкъахь со къона белхало хиларна, цхьаммо а кхечу тайпана хӀумма а цуьнга ца аларх цецваьллачу аса, Ӏе ца велла, хаьттира: «Ткъа хӀунда бора ахьа ткъе барх шарахь хьайна оццул безаш боцу и болх?»

Соьга а хьаьжна, цо элира: «Иза дуьххьалдӀа болх бу».

ЦӀеххьана суна а дагатесира, башха боккхачу лаамца айса а и болх беш ца хилар. Сан да вара инженер, цо олура соьга, иза шен хеннахь а, дуккха а ахча луш болу дика болх бу. Амма оцу инженерца хиллачу цхьаьнакхетаро, кхечу тайпана хьажар хилийтира сан массо а хӀумане. Аса ойла йира: «Я ахчано, я иза шен хеннахь даларо, я кхечу цхьана а хӀумано сацор вац со, кху дуьнен чу со валаран Ӏалашо кхочушъярх». Эццахь аса сацам бира, со стенна хаьржина боху Ӏалашо каро, цуьнга кхачархьама, кхидӀа муьлха гӀулч яккха еза-те аса бохучун ойла а еш.

Суна хиира, дахарехь адамо дан дезачун шуьйрра долу сурт луш хилар Дала, нагахь Иза вовзар ма-хиллинехь, Иза лахар а хьан хилахь. Кхечу тайпана аьлча, юьххьехь дуьйна чаккхенгахь хиндерг гойтур ду Цо хьуна. Юсуп жима кӀант вара, Дала цунах воккха куьйгалхо хир ву, ур-атталла цуьнан дас, нанас вежарша цунна хьалхара гӀуллакх дийр ду бохург Дала цунна дӀадоьллучу хенахь. И гина гӀан масех шо даьлча

кхочушхилира. Дала хӀоттийначу хенал шовзткъа шо муххане а хьалха хаьара Мусана, ша Исраил-халкъана хьалха ваьлла ваха везар вуйла. Даудана а, иза жаӀу волуш дуьйна дӀадиллинера Дала, цунах паччахь хирг хилар. Дуккха шераш даьлча бен ца хилира цунах Исраил-мехкан паччахь. И санна долу масалш дуккха хир дара.

Сан Ӏалашонехь дерг дара университетехь степень а яьккхина, Гарвардехь кхидӀа а дешна Америкера менеджментехь лакха валар. Зуда а ялийна, шарахь маситтазза мукъачу ханна дӀаса а волуш, сайна тӀедогӀуш мел долчух итталгӀа дакъа Далла лерина дӀа а луш, ваха дагахь вара со. Иза айса хӀоттийна сурт дара сан, Далла гӀуллакх дийр ду аса бохучун.

Делан юьхь лахар сов мел долу, Цунна гӀуллакх дан болу лаам а совболура сан. Иза башха там беш хӀума дацара суна, амма со дикка кхетара, Далла муьтӀахь хиларехула дагна там хирг хиларх а, дахарх воккхавер сайна догӀург хиларх а. Цкъа Далла хьалха весет динера аса, сан дахарехь хӀуъа хилахь а, Цунна муьтӀахь хир ву со аьлла. ТӀаккха сан дахарехь Ша хӀун дан хаьржина со бохучун дерриг сурт дӀадиллира суна хьалха Дала.

80-гӀа шераш дӀадолалучу хенахь Дала гайтира суна, муьтӀахь хиларца Цуьнан Дашехула дуккха а долчу халкъашна динан хьехамаш аса бийриг хилар. И дерриг сан коьрта чу тарлуш ца хиларх лаьцна-м дийца а ца оьшу, иза кхочуш муха хуьлийла ду бохучун цхьа а агӀо а ца гора суна, со цхьана жимачу гӀалара волу къонах бен воцу дела, цхьана а къомах я дуьненан юкъарчу барамехь гӀарваьлла волу динан тобанийн цхьа а Ӏуналхо ца вовзара суна.

Юсупца, Мусаца я Даудца хиллачух терра, Дала хиндолчун чакхе гойту, иза кхочушхилийтархьама, хӀун гӀулчаш яха еза бохург дӀаделлар доцуш. Оцу агӀоно тешарехь латтарна гӀо до, цунах лаьцна еккъа ойла яр хилла а ца Ӏаш. Дала вешан даг чу бохучуьнга ладогӀарца лаха веза вай Иза, тӀаккха Ӏалашоне дӀакхача гӀертар ду вай. Наггахь, кхидӀа гӀулч йоккхучу хенахь, вайна хьалха лаьтта Ӏалашо кхочушъярехьа дахар а доцуш, юханехьа довлуш санна хетало. Шех цхьа куьйгалхо хир ву бохург шена дӀадиллинчул тӀаьхьа, итт шарахь лай хила везар тӀедар,

башха нийсо ю аьлла а хетийла дац. Цундела аьлла вайга: «Доллучу даггара Везачу Элах тешна хила, хьайн кхетамна тӀетовжар а доцуш. Хьайн доллучу некъашкахь лаха Иза, тӀаккха Цо нисдийр ду хьан некъаш» (Кицанаш 3:5,6).

И хиллачул тӀаьхьа масех бутт баьлча, колледжехь ас доьшу тӀаьхьара шо долуш, Далла хастам баран де даздечу хенахь массо студенташ деа денна дӀабахча, со общежитехь висира. Оцу деношкахь аса марханаш кхебира, доӀанаш дира сан дахарх лаьцна Делан болу лаам а лоьхуш, кхиндӀа ас дан дезачух лаьцна а хоьттуш. Цхьа ши бутт баьлча суна жоп деара, аса кхидӀа яккха еза гӀулч дӀа а йоьллуш, иза аса Далла лерина дан деза гӀуллакх, нийсса кхечу агӀор дерзош дерг дара. Суна хетарехь нийса дерг дара со библи Ӏамош йолчу школе ваха везар, амма Везачу Дала гайтинарг, со инженеран дарже ваха чекхвалуьйтучу къамелах чекхвала веза бохург дара. Цундела боху Дала вайга, шайна хетачунна тӀе ма товжа.

Университетан кампусехь дуккха а йолчу компанийн куьйгалхошца вовшахкхетар хуьлура сан, тӀаккха цу сохьта ала мегар долуш, суна хаьара, аса «Роквелл» цӀе йолчу корпарацехь Техас штатера Даллас гӀалахь болх бийр буйла. Амма цуьнан цхьа а маьӀна дац аьлла хетара суна, Далласехь цхьа а библи хьоьху школа сайна ца евза дела. Кхечу цхьацца гӀаланашкара кхин а кхойтта меттиг яра аса къасто тарлуш. Царах цхьаццачу гӀаланашкахь и школа яра, цу тӀе «Роквелл» компанехь чул, дуккха а сов ахча а лора цигахь бинчу балхах. Амма со муьтӀахь вара Дала бохучунна.

Далласе веача, динан цӀа чу со ма ваьллина, Везачу Эло аса цигахь орам таса безар гайтира суна. ТӀаккха оццу динан тобанехь Далла гӀуллакх дарехь лакхавалар хилира сан, хӀинца со лаьттачу метте со валор а хуьлуьйтуш.

## ШолгӀаниг: орам тасар дуй те шун?

Шайн дахарехь дуккха а долчу адамашна Делан шайх лаьцна болу хӀун лаам бу те бохург ца кароран шолгӀа бахьана довзарна тӀедаьхки вай. Цара шаьш долчуьра динан тобанехь орам ца тесна. Делан

Йозанаша вайга иштта боху: «Везачу Элан цIа чохь орам тесна болу уьш, вайн Делан керташкахь хьалакхуьу» (Забур 91:14).

Кхузахь долчу дахарехь Делан цIа чохь орам тесна йолу тоба Делан керташкахь хьалакхуьур ю. Делан керташкахь хин долчун цхьа агIо ю Дала леррина Къобалвинчо ен йолу Кхел. Цундела вай хIинцца а, кхел ечу дийнахь а заза санна хьалакхуьур ду, нагахь вай ондда орам теснехь ваьш долчохь йолчу динан тобанехь. Иза ю Делан Iалашо.

Динан тоба, адамаша а доцуш, Везачу Эло, Шена дага а деана, дIахIоттийна ю. Iийсас боху: «Аса Сайх тешначийн тоба кхуллур ю, жоьжахатин цIеран а иза йохо ницкъ хир бац» (Маттай 16:18). «Кхуллур» ю бохучу дешан тидам белаш. Муха кхоллалур ю Iийсана Шен динан тоба, Ша цигахь а воцуш? Жоп иштта ду: Шен ДегIехула а, вайгахула а. Цу тIе и бахьана долуш а вайх цхьаьна болх бийраш (субподрядчикаш) аьлла. Цхьа дика хилар а, похIма хилар а, совгIат хилар а Делера ду, Цо цхьаммо ло и тIех ницкъ хилар, амма Цунна муьтIахь долу адамаш хила деза и болх кхочушбарна. Ткъа хаттар иштта хIутту: хьалакхиайойте-те вай Цуьнан Тоба Цуьнца цхьаьна, я вай лелош дерг вешан дуьхьа ду те, тIехула хьаьжча Далла гIуллакх до аьлла а хеташ?

Iийсан ерриг динан Тоба шаьш йол-йолчу меттигашка хьаьжжина екъалуш ю. Цуьнца доьзна долчу дуккха а долчу масаллех цхьаъ вайна карадо Довзийтинарг цIе йолчу тептар тIера, цхьацца хIокху меттигашкахь йолчу ворхI тобанах хIора тобане Цо аьлла долу дешнаш: Эпасехь, Смирнехь, Пергамехь, Пиатирехь, Сардисехь, Пиладелпехь, Лаодикиехь.

Кхин а Динан Тоба Дала леррина Къобалвинчун ДегIаца а юсту. Дала леррина Къобалвинчун дуьненаюкъара йолу Динан Тоба меттигашкарчу тобанашка екъаяларе терра, Дала леррина Къобалвинчун ДегI а меттигашкарчу меженашка екъало.

Билггал Везачу Эло Ша дIасадоькъу Шен адамаш. ПахIала яздо: «Амма Дала ДегIан массо а меже Шена хила еза аьлла хеттачу меттехь дIанисйина» (1 Коринтхошка 12:18). Вай юкъа даха деза динан тоба вай а ца къастош, Дала Ша къастайо бохучо инзар даьхна хила а тарло шу.

Цхьана секундехь ойла ейша цунах лаьцна. Дуккха а болчара тӀеюху бедар я даха деза ресторан санна къастайо шаьш даха деза динан тоба, Деле хоттучу меттана, шаьш мичахь ган лаам бу Цуьнан, аьлла. Шен кхоллам муха карор бу, нагахь Цуьнан ДегӀехь хила еззачохь ца хилча и меже? Адаман дегӀан хӀора меже Дала кхоьллина ю. Куьйгана хала хир дара, иза голах тесна делхьара. Цундела вайна кхечу гӀала дӀакхелхина даха лиъча я кхечу динан тобанна юкъадаха лаам хилча, Дала бохург лаха деза вай цунах лаьцна.

Вайх хӀораннан а шен меттиг ю динан тобанехь. Вай доьшу: «Шу а – Дала леррина Къобалвинчун дегӀ санна ду, ткъа къаьстина аьлча – Цуьнан меженаш санна ду. Ткъа кхиберш Дала Динан Тобанна юкъабалийна, цкъа-делахь …» (1 Коринтхошка 12:27, 28).

Цул тӀаьхьа цхьацца меттигашкахь йолчу динан тобанашна юкъахь лелаш йолу коьрта агӀонаш дӀайоьллу ПахӀала. Цо и агӀонаш ерриш дӀа ца еллахь а, Керлачу Весетан кхечу меттигашкара вайна хаьа, вайх хӀорра а шен цхьа Ӏалашо йолуш кхоьллина вуйла, вайн дегӀан меженаш а цхьа маьӀна долуш йина хиларе терра. Нагахь вай оцу ДегӀана юкъахь цхьа хӀума деш ца хилча, меттигашкахь йолу динан тоба а сингаттамехь хир ю, нагахь вайн цхьаъ я сов йолу меже (масала, ког я бӀаьрг, я жим) шаьш- шайна дӀа а къаьстина болх беш ца хиларе терра.

Сингаттаме долу бакъдерг доьзна ду, вайн тобанашкахь Дала леррина къобалвинчу Ӏийсан гӀуллакх дукхахьолахь кхочуш ца хилар, меттигашкарчу динан тобанаша шаьш дан деза гӀуллакх хила ма-дезза кхочуш ца дарца. Уьш астагӀа хӀунда лелха-те? Дукхахьолахь цуьнан бахьана куьйгалхоша дика болх ца барца доьзна ца хуьлу, амма и тешар дерш шайн лааме бовлар бахьанехь хуьлу. Шайна хьалха иштта сурт хӀотто хьовсийша, сан бӀаьргаша, когаша я сан дегӀан кхечу цхьана межено шена луъург дан сацам бой? Тамашийна дерг ду, Америкехь цхьа хӀума дан Делан лаам хилар, цигара динан тобанаша лелочуьнга хьаьжча.

Дуьххьарлерачу Динан тобанан оццул сиха дебар хӀунда хилла-те? Таллий вай и гӀуллакх:

> «Уьш гуттар а векалийн хьехаме ладугӀуш а, вовшех дагабовлуш а, бепиг доькъуш а, доӀанаш деш а бара. Берриш а Делах кхоьруш бара. Дала дуккха а тамашийна гӀуллакхаш дора векалшкахула. Ӏийсах тешаш берш цхьаьна бара, церан массо а хӀума юкъахь дара. Шайн керташ а, шайн долахь дерг а дӀа а духкуш, шайна юкъахь дӀасадоькъура цара, хьанна хӀун оьшу хьаьжжина. ХӀора дийнахь Делан цӀийнан кертахь цхьаьна бара уьш. ЦӀеношкахь цара хазахетарца а, даггара а, кег а деш, бепиг дуура, Далла хастамаш а беш. Гонах болчара а уьш лорура. Везачу Эло хӀора денна совйоккхура кӀелхьарбохучийн тоба» (Векалийн 2:42-47).

Шуна гой, тешар дерш меттигашкара динан тобанехь охьаховшийна а, цара орамаш тесна а хилар? Цара цхьаьна Далла Ӏамалйора, цхьатерра болчу динан хьехаме ла а дугӀура, церан цхьатерра хьажар дара, цхьатерра дахар дара. Цундела динан тоба ма-хуьллу хьалакхуьура. Наха оцу меттигарчу тобанехула Далла лерина гӀуллакх дора, изза масалла шайн дахарехула а гойтуш.

Меттигарчу динан тобанна юкъавахар дуьххьарлерачу динан тобанийн дахаран хила деза дакъа санна дара. Жимма тӀаьхьо, бисина Ӏачу зударшна оьшучу кхачанан тоам ца хиларца доьзна цхьацца ира киртигаш хӀиттира. «Цундела, вежарий, аша шайна юкъара ворхӀ стаг харжа веза. Уьш Делан Са а, хьекьал а шайца хиларца гӀарабевлла хила беза. Вай и гӀуллакх царна тӀедуьллур ду» (Векалийн 6:3).

Тидам белаш, цу куьйгалхоша ца элира: «Тхуна шуна юкъара жигархой оьшура. Оцу зударийн гӀуллакхе хьажа шайн хан йойур ярий-те шух цхьаццаммо?» ХӀан-хӀа, Ӏийсах тешар долу берриш а бара Далла лерина гӀуллакх дарна юкъаозийна, цара оцу меттигарчу тобанехь орам тесна хиларна. Суна хетарехь, царах хӀоранна а лиъна хир дара оцу гӀуллакхна ша харжар. Хаьржинарг ворхӀ стаг вара, тӀаккха:

> «И нах цара векалшна хьалха дӀахӀиттийра. Векалша, доӀа дина, царна тӀе куьйгаш дехкира. Делан дош дӀасадаьржаш дара, Ярушалаймехь мурдаш алсамбовлуш бара. Дуккха а динан дай Ӏийсах долчу тешарна муьтӀахь хилира (Векалийн 6:6, 7).

Оцу ворхIаннан куьйгаш тIедахкарца декъалбар, лакхенга дIа а хIиттина, цара дош ала дезарца я цIеношкахь гуллучу тобанийн дакъошна тIехь куьйгалла цара дан дезарца, я Далла хастамаш баран назманчийн, Далла Iамалъечийн коьртехь уьш хила безарца, я Далла гIуллакх деш кхечу меттигашка уьш баха безарца а доьзна дацара. Хьовсийша оцу гIуллакхе!

Тидам белаш, цара, ДегIан юкъахь башха лараме ду аьлла ца хета тарлуш долу и гIуллакх дан ма-доллина, Делан Дош дIасадахара, тIаккха Ярушалаймехь Iийсах тешначийн барам дуккхазза а совбелира. Кхузахь инзаре долу сурт го вайна. Векалийн цIе йолчу тептар тIехь (1-5) «совъелира, алсамъелира» боху дешнаш маситтазза даладо Ярушалаймера динан тоба дебаш хиларх лаьцна олуш. ХIорш цхьадолу масалш ду (курсив авторан):

« … цу дийнахь кхин а кхаа эзар стагана совъелира» (Векалийн 2:41).

«Везачу Эло хIора денна тIетухура кIелхьарбохурш Динан Тобане …» (Векалийн (2:47).

«Амма Везачу Элах тешна болчу божарийн а, зударийн а барам тIекхетара …» (Векалийн 5:14).

ХIетале векалша бен ца дора Далла лерина гIуллакх меттигарчу тобанехь, веккъа Кипех лаьцна олу, иза динан хьехамча вара. Амма цхьана хенахь Iийсах тешнарш кхийтира, шайх хIоранна а тIедиллинарг шина декъе декъалуш хиларх. Хьалхарниг – Хаза Кхаъ кхечу адамашна а хьехар, шолгIаниг – церан шайна тIедиллина гIуллакх хилар меттигарчу динан тобанехь.

Iийсах тешар хиллачу хIораммо а Iийсан веллачуьра денваларх лаьцна инзаре гIуллакх дийца дезарх лаьцна яздина ду Векалш цIе йолчу тептаран (5:42 – 6:1) «ХIора денна Делан цIийнан кертахь а, цIеношкахь а ца хеддаш хьехамаш а беш, Дала леррина къобалвинчу Iийсах лаьцна нахе хаза кхаъ кхайкхабора цара. Цу деношкахь, мурдаш совбуьйлучу хенахь …» Кипин йиш ца хилла хIора цIа чохь хьехамаш бан, цу хенахь я радио, я телевидени, я Интернет ца хилла дела. Цу

хенахь Iийсах тешначу массара а Дала леррина къобалвинчу Iийсас беана хаза кхаъ шайн лулахошна а хьоьхура. Тидаме эцалаш, динан тоба алсамъялла а ца Iаш, церан барам совбуьйлура бохург. Дуьххьара Векалш цIе йолчу тептар тIехь вайна го алсамдалар совдолуш хилар.

Амма цу тIехь чекх ца долу и дийцар. Iийсах тешначара динан тобанехь шайн меттигаш дIа ма лаьцна, вайна го, мурдийн барам алсамбаьлла а ца Iаш, вуно совболуш хилар. Совбуьйлура бохург – экспоненциальни тIекхетар бохург ду!

ТIетохарна а, совдаккхарна а (экспоненциальни тIекхетар) юкъарчу башхаллех дерг дийца пурба лолаш суна. Схьаоьцур вай, цхьана динан тобанан Iуналхочо хIора баттахь 10 эзар стаг Везачу Эланна тIеверзаво. Цо цу тайпана Далла гIуллакх дар чIогIа кхиаме ду аьлла лорур дара-кх вай? Дерриг дуьне цу юкъадалорна мел хан езар яра те цунна? Цунна догIучу жоьпо инзарвоккхур ву: 50 эзар шо, нагахь оцу 50 эзар шарахь кхин адам дуьнен чу далар я дIакхалхар ца хилча! Иза адамаш Лаьттахь долчу хенахь йолчу хенаца дуьстича бархIозза сов хир ду! Иза хуьлийла а доцург ду!

ХIинца дуккхазза а совдаларх лаьцна долу масалла далор ду аса. Схьаоьцур вай, аша ши стаг тIеверзийна Везачу Эланна, уьш шун динан тобанехь а буьсуш. Цул тIаьхьа цу шиннах хIораммо а масех баттахь кхин а шишша стаг верзор ву. ТIебогIучу кхин а масех баттахь цу веаммо а изза дийр ду, ткъа тIебогIучу кхечу цхьана баттахь оцу бархIаннах хIораммо а кхин а шишша стаг верзор ву Везачу Эланна тIе, цара а орам тосуш динан тобанехь. Нагахь иза иштта кхин а дIадахча, дуьнен чуьра дерриг а адамана и хаза кхаъ дIакхачорна мел хан езар яра хаьий шуна? Жоп – ткъе шийтта бутт! ХIаъ, хIаъ кхаа баттал кIезиг? И ду дуккхаза а совдаккхар бохург.

ХIинца кхетий шу, билггал стенах лаьцна доьшу вай Делан Йозанаш тIехь?

> «Иштта шина шарахь хилира, цундела Асиа-махкахь бехачу берриг а жуьгташна а, грекашна а Везачу Элах долу дош хезнера» (Векалийн 19:10).

Берриг а бахархошна. Нагахь Делан Йозанаша берриг бохуш хилча, иза ду хӀора стаг бохург. Иза, цхьана гӀаланах хилла а ца Ӏаш, дийнначу махках лаьцна бохург ду. Церан яцара спутникехула йолу уьйр, телевидени, радио, машенаш ур-атталла велосипедаш. Иза билггал долу экспоненциальни алсамдалар дара.

Дуккхазза а алсамдалар хилийтарна Делах тешар долчийн могуш долу ДегӀ хила деза. Могуш долу ДегӀ меттигашкарчу динан тобанашкахь орам теснач у а, цигахь Далла лерина гӀуллакх деш болчу а тешар долчех лаьтта (масала, бисина Ӏачу зударшна гӀо дийраш, и гӀуллакх вовшахтохаран болх бийраш, машенаш дӀахӀитточохь лаьттарш, набахтерачу тутмакхашна гӀуллакх дийраш, берашца болх бийраш, берриг белхаш бийцина вер вац). Цара шайгара масала гойтура шаьш белхаш бечохь, шаьш дехачохь, тешначаьрга меттигашкарчу динан тобанашкахь орам тасийтарна гӀо деш. ДагадогӀий шуна Ӏийсас тӀедиллинарг, массо къаьмнех долу адамаш кӀелхьардовларе далийна а ца Ӏаш, царах мурдаш бан а безар. Ваьш Ӏийсана тӀебалийначарна динан тобанашкахь орам тасарна тӀехь гӀо дан деза вай Везачу Эло вайна хьехнарг Ӏаморхьама (хь. Маттай 28:20). Адамаш Дала леррина Къобалвинчуьнца хьалакхиийла хилархьама, меттигера динан тобанаш а, царна делла долу совгӀаташ а оьшу.

Меттигашкарчу динан тобанан декъашхо хилар коьрта хӀума ду. Цу юкъахь хилча вай заза доккхур ду. Аша тидам бирий, Пилап бисина Ӏаш болчу зударшна юург йоькъуш болчу ворхӀаннах цхьаъ хиларан. ТӀаьхьо Векалийн тептар тӀехь цунах Ӏийсах болу хаза кхаъ кхайкхорхо элира. Цо деш долу и хаза кхаъ кхайкхоран гӀуллакх дуккха а йолчу гӀаланашкахула дӀасадаьржира. «ШолгӀачу дийнахь новкъа девлла Кхесрин-гӀала кхечира тхо. Ярушалаймехь хаьржинчу ворхӀ гӀоьнчех цхьаъ волчу, хаза кхаъ нахана юкъахь баржош волчу Пилапан хӀусамехь севцира тхо» (Векалийн 21:8).

ХӀинца, гӀараваьлла волу хаза кхаъ кхайкхорхо хилла, Везачу Эло кхечу гӀала хьажийна иза воллушехь, хӀетте а ворхӀаннах цхаъ верг санна вовзар Пилап. Меттигарчу динан тобанехь Далла лерина гӀуллакх цо дар бахьанехь, Дала шен дахарехь дан билгалдаьккхинарг

карийнера цунна. Аса олу нахе: «Хьайн дахарехь цхьа доккха гӀуллакх дан билгалдаккхар хила а тарло хьан, амма иза кхочуш хир дац, меттигарчу динан тобанехь ахьа орам хецна ца хилахь».

Назманчо аьлла дешнаш далор дара аса: «Везачу Элан цӀа чохь дӀадоьгӀначу цара заза доккху вайн Делан бошмашкахь (Забур 91:14). «ДӀадоьгӀначу» бохучу дешан тидам белаш. Делан Олаллехь дӀахӀоттийначух лаьцна шун кхетар хилийтархьама, ялта дӀадерца а, иза хьакхарца а лаьцна долчух кхетар хила деза шун. Ӏийсас шен мурдашка элира, нагахь дӀадуьйш долчу хӀух а, латтах а, ялта хьакхарх а лаьцна долчух ца кхетахь, дерриг а кицанех а кхетар вац хьо (хь. Марк 4:13). Делан Олаллех иштта кхета мегар ду:

> « … Цхьана стага латта хӀу тосу. Буса и стаг, охьа вуьжий, Ӏуьйранна хьалагӀотту. Ткъа цу хенахь и хӀу хьала а долий, хьалакхуьу, иза муха хуьлу стагана шена а ца хаьа, хӀунда аьлча латто ша кхиадо и хӀу: хьалха зӀийдиг а тосий, тӀаккха гӀа а долий, кӀен буьртигех кан а тосий дӀахӀутту иза. КӀен буьртигаш хилла девлча, ахархочо марс схьаоьцу, кӀа хьокху хан тӀекхаьчна дела» (Марк 4:26-29).

Схьаоьцур вай, сан карахь цхьа кан масех тайпанарчу диттийн хӀуш ду, шайх лаьцна сан цхьа а хаарш доцу. Оцу хӀух дерг довзарна суна диснарг деккъа цхьаъ ду – уьш дӀадер. И дарехула, цхьа хан яьлча хӀора хӀу муьлхачу диттах хилла гур ду суна.

Вайх хӀоранна а Дала Ша билгалъяьккхина корматалла елла, иза кхочушъярхьама похӀманаш а делла: «Вай Дала кхоьллина тайпа ду. Ша леррина къобалвинчу Ӏийсаца вай доьзна хиларна, Дала вай кхоьллина, хьалххе дуьйна Ша вайна кечдина долу дика гӀуллакхаш вайга кхочушдайтархьама» (Эпасхошка 2:10), «Дала Шена тӀебало хаьржинчарах лаьцна а, Ша динчу совгӀатех лаьцна а бина болу Шен сацам цкъа а ца хуьйцу» (Римхошка 11:29). Ӏийсас аьллачу дешнашна тӀедоьгӀна аьлча, сан корхьматалла а, сан похӀма а цхьана хӀуьнна чохь долуш санна лара мегар ду. Нагахь, «дӀадуьйш долу хӀу санна», со динан тобанан юкъагӀахь, Дала сайна кечбина кхоллам дӀабоьллур бу аса. Нагахь суна иза дӀа ца деллалахь, Кхоллархочун сох лаьцна йолу

Iалашо а йоцуш, сайн дахарехь муьлхха а кхийолу Iалашо кхочушйийр ю аса оцу похIманца. Кху дуьненахь кхочушхуьлуш болчу кхиамех Iеха ма лолаш. Шайна деллачу похIманашкахула, гIуллакхаш дика дIа а доьлхуш, кхиаме хила тарло шу, амма шун дахар Кхоллархочо хIоттийначу Iалашонна муьтIахь хиларца догIуш хир дац.

Масех масалла далор ду аса. Дуьнен чохь дуккха а адамаш ду, чIогIа хаза аз долуш, ладогIархойн бIаьрхиш а доуьйтур долуш. И похIма Далла хастамаш барна а, Цуьнан даг чохь долчунна а, лаамехь долчунна а адамаш тIаьхьахIиттийта делла дара. Амма цара и шайна тIедиллинарг цкъа а кхочушдийр дац, церан кIелхьарбовлар ца хилла дела а, царах динан тобанийн декъашхой ца хилла дела а.

Iийсана лерина шайн дегнаш дIа а делла, амма динан цIа чу ца оьху нах а хуьлу. Цара Делан Олаллехь шайна тIедиллина долу коьрта хIума кхочуш ца до. Бакъ ду, царна тIедиллинарг оцу динан цIа чохь доцуш, арахула долчу адамашца болх бар хила а тарло, амма церан билггал бакъболу кхоллам кхечу тайпана хила а мегара, цара динан тобанехь орам теснехьара.

Адаман цхьацца похIма хила а тарло, цо уьш оьшучохь кхочушдар а долуш, амма диттех лаьцна дерг (цуьнан кеп, гIа-буц, нуьцкъалла), и хIу лаьттах дийча бен хуийла ца хиларе терра, Дала шена белла билггал болу кхоллам а бовзийла дац, адам цхьана динан тобанан декъашхо хиллалц. Иза адамаша а доцуш, Дала дIахIоттийна ду.

Цхьацца халонаш тIехIоттаран кхин агIо тIехIутту, шайна и хало тIе ма-еъана, адамаш шайн динан тоба хийца дуьйладелча. Тахана божарша, зударша дукха атта юьту шаьш оьхуш долу динан тоба, шайна цигахь цхьа хIума нийса ца аьлла хетча, къаьсттина куьйгаллехь болчарца доьзна. Иза хила тарло динан тобанан Iуналхочо бечу балхаца доьзна а. Я тобанехь гулдеш долчу а, дIасахьажош долчу а ахчанца доьзна а хила тарло уьш реза ца хилар. Нагахь динан хьехамчо хьоьхург шайна хаза ца хетча а, дIабоьлху уьш. Масала, цунна тIекхача хала ду, я иза ийна вац шайца аьлла хета а тарло царна. Я динан тобанехь болчара шайн тидам ца бо аьлла хета а мега. Цунах лаьцна дехха ала тарло. И халонаш тIе а эцна, царах дикане сатийсарца чекхбовла гIертачу

меттана, шайна и халонаш тӀехӀуьттур яц аьлла хетачу дӀабовду и нах.

Бакъдолчун бӀаьра хьовсий вай: Ӏийса ву кхачаме волу динан хьехамча а, динан тобанан декъашхо а. ТӀаккха хӀунда гӀерта-те хӀокху малхбузехьара мехкашкара долу адамаш оцу халонех довда, и тӀедеанарг тӀе а оьцуш, цунах чекхдовла гӀертачу меттана? Вай цхьана тобанера вукху тобане довлуш лела, шена ала хӀума доцу динан хьехамча я динан тобанан декъашхой лоьхуш.

Дагара ма далийта, иблис, вай Дала билгалъяьккхинчу меттера меттах а дохуш, вайна чохь дегабаам кхолла гӀерташ хилар. Цуьнан лаам бу божарий а, зударий а орамца бухах бахар. Нагахь цхьа боккха бохам тӀебеача а, хьо меттах ца валахь, ахьа цу иблисан Ӏалашонехь дерг доха а дина, Делан Ӏалашонехь дерг кхочушдийр ду.

Юха а: «Везачу Элан цӀа чохь дӀадийна долу уьш, вайн Делан керташкахь заза доккхуш ду». ХӀун хир ду дӀадийначу диттех, нагахь хӀора кхо кӀира мосазза долу уьш кхечу метте доьгӀча? Церан орамаш маллур ду, уьш хила ма-дезза хьала а кхуьур дац, цара заза а тосур дац. Нагахь кхидӀа а и дитт кхечу метте дугӀуш лелча, иза хӀаллакьхир ду.

Дуккха а долу адамаш цхьана динан тобанера кхечунна юкъа а доьлхуш лела, шайн долу похӀма кхочушдан а гӀерташ. Нагахь Дала шайна билгалъяьккхинчу меттехь, уьш царна ма-хетта тӀе ца эцахь, цара атта дегабаам бо. Шаьш цхьана хӀуманна реза бацахь, дегабаам бой, дӀабоьлху уьш, берриг бехк цу динан тобанан куьйгаллехь болчарна тӀе а буьллуш. Шайн амалан харц агӀонаш ца гарна, и нах ца кхета Дала оцу хӀоьттинчу халчу хьолехула, шаьш цӀандеш хиларх. (Иза, Далла лерина гӀуллакх дарца доьзна хилла а ца Ӏаш, бечу балхаца а, майрчун зудчун юкъаметтигца а, дахарехь нислочу кхечу агӀонашца а доьзна хуьлу).

Диканна дерзо хьовсий вай Дала дитташкахула а, цара лочу стоьмашкахула а далийна долу масаллаш. Лаьтта дӀадоьгӀна долу стом луш долу дитт догӀанаш дарах, хьокхучу мохах, тӀехӀуттучу йовхонах чекхдала дезаш хуьлу. Нагахь синтарна мотт хаахьара, цо ала там бара: «дӀадаккхийша со кхузара! Йовхо а, мох а боцучу меттехь дӀадогӀийша со!»

Бешлелорхочо дитте ладоьгӀча, цо боккха бохам бохьур бара цунна. Шайн орамаш лаьттан кӀоргене хецарехула, дитташа йовхо хӀоттар, догӀанаш дар, мох хьакхар лов. Цара ловш йолчу халонаша, чӀагӀдалар дохьу царна. Оцу гонахара тӀехӀуьттучу халонаша, кӀоргенехь долу дахар лаха гӀо до царна. Цхьа хан яьлча уьш орамашца чӀагӀло, ур-атталла чӀогӀа баьллачу мохо а новкъарло ца йо цу диттана стом бала. Иза дагахь а латтош, Дала вайн дахарехь хила магийтинчунна дуьхьало ян ца еза вай, хӀунда аьлча оцу киртигаша вайн дахарехь тӀедиллинчух чекхдовла гӀо до вайна.

## КхоалгӀа: дахаран мохь буй те шуна тӀехь?

Адамашна шайн дахарехь тӀедиллинарг ца кароран а, иза кхочуш ца даран тӀаьххьара долу бахьана ду – дахаран мохь цунна тӀехь хилар. Гехь болчу мохьо шаьш долийна гӀуллакх чекхдаккха новкъарло йо царна.

ПахӀала шех лаьцна иштта боху: «... сайн дахар мехала ца хета суна, коьртаниг ду, Веза Эла волчу Ӏийсагара схьаэцна долу, нахана Делан боккхачу къинхетамах болу хаза кхаъ дӀакхачоран гӀуллакх догъайдаларца дӀакхачор» (Векалийн 20:24). Цунна дика хаьара ша дахарехь дан дезарг. Цунна тӀедиллина гӀуллакх дара, иштта иза кхетара, ша и гӀуллакх хӀинца а кхочушдина ца ваьлла хиларх. Иза муха хаьара-те цунна? Цунна и хаьара Ӏийсана а, Кипина а, (2 Кипин 1:14) иштта Дела лахар долуш, динан тобанехь хиларан а, собаре хиларан а орам теснsocial кхечу нахана а ма-хаъара. Везачу Эло и хаар ло, шен дахарал, Делан лаамехь дерг мехала хетачу хӀоранна а. Иза тӀаьххьара долу догӀа ду – Делан лаамехь дерг кхочушдарна ваьш дуьззина дӀадаларехула, вайна дан тӀедиллинарг девзина а ца Ӏаш, иза кхочуш а далур ду вайна.

Цуьнца доьзна долу масалш Инжилан агӀонаш тӀехь карор ду вайна. Цкъа цхьана гӀалара вукху гӀала воьдуш вара Ӏийса: «Уьш новкъахула богӀучу хенахь, цхьана стага элира Ӏийсага: Со Хьуна тӀаьхьа хӀуттур ву, Хьо миччахьа водахь а» (Лака 9:57).

И стаг дог дӀагӀертарх а, билггал бакъдерг дезарх а, догайдаларх а вуьзна вара. Цунна шен дахаран чаккхенналц Ӏийсана тӀаьхьа

хIотта лаьара. Амма Iийсан амалехь цхьа агIо яра, Цунна адаман дIагIертаран Iалашо йовзара, даг чохь дерг а гора. Оцу стеган дахарехь цхьа мохь хилар гира Iийсана, цо новкъарло йийр яра цунна шен кхолламна яздинчух чекхвала, цундела Iийсас элира: «Цхьогалийн а, олхазарийн а чохь Iан баннаш ду, ткъа Адамийн КIентан корта дIатовжо меттиг а яц» (Лака 9:58).

Схьахетарехь, цу стеган дуьнен чохь шен долчу дикачу хьолах самукъадолура. Цуьнан дика болх а, доккха цIа а, шен къаналлехь шена оьшун дерг а хилла хила а мега. Ткъа Iийсас дохийра лаьттарчу хьоле хьагамца хьажар, Шен корта дIатовжо а меттиг яц аларца.

Суна хьалха сурт хIутту, и ша тIаьхьахIотта кийча ву аьлла волу стаг а, оцу тобанера кхиболу дукха нах а меллаша юхабовларан, тIаккха цу меттера дIа а боьлхуш. Цу стага иштта аьлла хила а тарло: «Iийса, Хьуна гIуллакх дечарна юкъахь адамаш вовшахтухург волчун болх бийр бу аса, Далла хастамаш бечарна юкъа а гIур ву со, я баккхийчу нахана машинаш дIахIитточу меттехь гIо дийр ду ас». Цу сохьтта дIадолу Iийсана тIахьа хIоттарх долу цу стеган воккхавер, Цунна лерина гIуллакх дан болу лаам а дIаболу. Иза, кхиболу дукхахберш санна, юьстах волу, Далла лерина гIуллакх дан лаам болуш, амма кхоччуш цу гIуллакхна ша дIавалар дацара цуьнан.

ТIаккха, кхечуьнга дIа а хьаьжна, Iийсас олу: «Суна тIаьхьа схьавола!» Амма оцу стага дийхира: «Сан Эла! Пурба лохьа суна, цкъа хьалха, цIа а вахана, сайн да дIаволла». Ткъа Iийсас элира цуьнга: «Белларш, беллачарна бита, ткъа ахьа, Суна тIаьхьахIотта лууш хьо велахь, ваха а гIой, Делан Олалла кхайкхаде» (Лака 9:59, 60).

Ма дIахьедар ду иза! Цхьаццанна хета тарло Iийса жимма оьгIазе а, дегалазам боцуш ма ву аьлла. Амма вай кхета деза цу хенахь хиллачу Iедалх. Iеламчу наха дуьйцу, Iийса ваьхначу заманахь, да дIаваьлча и дIаволлар шена тIе эцначу дуьххьарлерачу доьзалхочунна тIаьхьалонна дисинчух шозза сов дакъа догIура, ткъа дисинчу берашна цхьа дакъа а бен ца догIура. Нагахь цу воккхачо шен да дIавуллуш, ша дан дезарг кхочуш ца дича, цунна догIург шолгIачу кIантана дIадерзадора.

Оцу стага ахчанан гӀайгӀа бора. Схьахетарехь, цунна дика хьал хилар дезаш хилла, цу агӀоно новкъарло еш хилла хила а тарло цу стагана Ӏийсана тӀаьхьахӀотта. Делан Ӏалашонехь дерг а дитина, ахчанца йолу Ӏалашо хьалхаяьккхина оцу стага.

Со тешна ву, Везачу Элан и хьехам шена хезча, и стаг дӀаведда хиларх. Цо делла жоп иштта дара ала мегар ду: «Ӏийса, аса Хьан конференцишкахь дан дезарг до. Аса Далла лерина назманаш эр ду эшарш локхучийн могӀарехь я вота тухур ю. Суна хаьа иза дан. Аса боккхачу лаамца дийр ду иза, цхьа а мах ца боккхуш». Оцу кхечу дуккханнийн а санна, догайдаларца Ӏийсана тӀахьахӀотта хилла болу лаам дӀабелира цуьнан.

Тидам белаш, цу стага ца элира, ша Ӏийсана тӀахьа хӀуттур вац. Иза хӀуттур ву, амма билггал цуьнан даг чохь дерг дӀадоьллу цкъа хьалха бохучу дешнаша. Шен веллачу ден тӀаьхьенах долу дакъа шена кхочург хиларх тешна хила лаьара цунна.

Нагахь вайн дахаран некъахь Делан йолу Ӏалашо а вай лехахь, иза кхочушъян вайн лаам а белахь, Дела дагахь хиларал лакхара меттиг дӀалаца ца еза цхьана а хӀумано. Суна дуккха а болчу барамехь гинера Делах тешар долу нах, амма цкъа хьалха шайн лаамехь дерг дар хьалхадаккхар бахьанехь, Далла муьтӀахь хилар дитинера цара. Халахетарг ду, цара шайна тӀедиллинарг кхочушдар дӀататтар, и бахьанехь, кхечу цхьаммо цуьнан меттиг дӀа а лаьцна, иза кхочушдан дезара. Кхел ен йолчу дийнахь бехказа муха бохур бу уьш?

Инжил тӀерачу дийцарна тӀе юхадоьрзур ду вай. И тоба жимлуш лаьттара, амма цӀеххьана кхин а цхьаъ гучуволу Ӏийсана тӀаьхьа хӀотта кийча волу.

> Кхечу цхьана стага а элира Цуьнга: «Эла! Со Хьоьца вогӀур вара, пурба лохьа суна цкъа цӀахь болчаьрца Ӏодика ян». Амма Ӏийсас элира цуьнга: «Нахаран тӀам схьа а лаьцна, юхахьоьжуш верг Делан Олаллина пайденна вац» (Лака 9:61, 62).

Юха а и «цкъа хьалха» боху дош го вайна. Схьахетарехь, цу стеган дика а, юххера а йолу юкъаметтиг хилла там бу шен доьзалехь а,

накъосташца а, я дагна езна йоI йисина хила а тарло цIахь, цкъа хьалха, Галилай-махкара волчу оцу Стагана тIаьхьа хIотта ша бинчу сацамах лаьцна, шен езарх дагавала лаам хилла хила а мега цуьнан. Шен уллора болчу нахаца цуьнан йолчу юкъаметтиго хьалхе йоккхуш хилла хила а тарло, цо Iийсана лерина дечу гIуллакхал. Цундела Везачу Эло дуьххьал дIа олу цуьнга, хьо Делан Олаллехь гIуллакх дан хьакъ долуш вац.

И стаг а, кхидолу дуккха а адамаш санна, юхавелира аьлла, сурт хIутту суна хьалха. Суна цуьнан иштта дешнаш хезаш долуш санна хетало: «Iийса, юкъараллин балха тIехь кхиаме волу стаг ву со, Хьан гIуллакхна тIехь консультантан болх балур бара соьга, Хьуна оьшуш болу дика белхалой а лохуш. Цу тIе вайн гIалара цхьа дика меттиг карор яра аса, Хьан хила езаш йолу конференци чекхъяккхарна. Ткъа Хьо веача, Хьан гуламашкахь гIуллакх вовшахтухучу нахах жоп лур ду ас. Цул сов, айса бан а кийча ву со и вовшахтохархочун болх, оьшучу хенахь. Сох тешна хила йиш ю хьуна Хьан!»

Оццу меттехь и тIаьхьахIитта кийчча хиллачу йоккхачу тобанах кхузткъе итт стаг висина хиларан теш хилла хир ву Iийса, ала а мегар ду. Уьш эзарнашкахь хилла хила а тарло, амма Iийсас, цу нахана шайна тIедиллинарг кхочушдан новкъарло еш болу кхо мохь билгалбаьккхира: кхерамехь ца хилар, ахча хилар, юкъаметтигах ца валар. (Кхинйолу цхьацца агIонаш хила а тарло, масала, Делан Iалашонца ца догIучех долу дагна там беш дерг лахар я шен лаамехь долу хIума дезар, иштта кхидолу хIума а. Айса дуккха шерашкахь бинчу балхе хьаьжжина, и агIонаш билгалйоккхур яра аса.)

Дуккха а долчу адамашна, шаьш Инжил доьшуш, и тептар дакъошна декъна долу дела, Лакас деш долу лараме дIахьедар ца го. Шуна дагадаийта луур дара суна, Лакас дехха цхьа кехат яздина хилар, амма тIаьхьо динан куьйгалхоша, и кехат деша атта хилийтархьама а, цу тIера оьшу меттиг сихха караяйтархьама а, кортошна декънера иза. Лакас бохучуьнга ладогIалаш:

«Цул тIаьхьа Iийсас Шен мурдашна юкъара кхин а кхузткъе шийтта стаг хаьржира. Шел хьалха шишша цхьаьна Ша ваха везачу

гӀаланашка а, ярташка а дӀахьовсийра Цо уьш. Цо элира цаьрга: Хьовсал, мел дукха адам кийча ду Делан Олалла тӀелаца. Уьш кхиъна доккха ялта санна бу, амма и ялта чудерзо белхалой кӀезиг бу …» (Лака 10:1, 2).

Оцу аяташа доккха маьӀна чулоцу. Уггар хьалха «цул тӀаьхьа» бохучу дешнийн тидам белаш. Ваьшна хьалха: «Стенал тӀаьхьа?», боху хаттар хӀотто деза вай. Цунна догӀу жоп иштта ду: и йоккха тоба цхьана кӀезиг долчу адамийн тобане йирзинера, кхидӀа а латтарца, шаьш шайга: «Цунна тӀаьхьа хӀотта болчу лаамах суна хӀун са ер ю бохучун ойла ца йо аса. Суна иза дан а лаьа, аса и дийр а ду!» Царна хезира, кхерамах кӀелхьардовларх а, ахчанах а, вовшашца хила езачу юкъаметтигах а лаьцна Цо дуьйцуш, амма цара сацам бира, шаьш цхьана а хӀумане новкъарло йойтур яц Делан кхоллам кхочушхиларна, аьлла.

Цул тӀаьхьа Ӏийсас цу тобанах кхузткъе итт декъашхо хаьржира, уьш тешна, оццул бисина хир болуш а бара. Къастийнарш я хаьржинарш боху дешнаш цхьатерра маьӀна долу дешнаш ду аьлла лору Керлачу Весет тӀехь. Хаьржина волу стаг, къастийна хуьлу, ткъа къастийнарг – хаьржина хуьлу. Цунах лаьцна шозза чӀагӀдо Ӏийсас Маттайс дӀаязбинчу хазачу кхоан тӀехь. Нагахь Цо Ша бохург шозза чӀагӀдеш алахь, оцу чӀагдарна кӀорггера тидам тӀе бахийта беза вай. ХӀорш ду и дешнаш: «Кхайкхинарш дукха бу, амма царна юкъара хаьржинарш кӀезиг бу» (Маттай 20:16, 22:14).

Кхайкхинарш дукха бу. Мел дукха бу уьш? Билггал аьлча хӀорра а ву. Ӏийсах тешначу хӀораннан а шен похӀма ду, дахарехь иза кхочушдархьама делла. Амма шу инзардаха мега, и шайна тӀедиллинарг кхочушдеш верг масех стаг бен вац бохучо. И хаьржинарш кӀезиг хӀунда бу те? Иза хуьлу кӀезиг болчара бен, юха ца тотту дела, шен лаамехь дерг дар, шаьш кхерамехь ца хилар, ахча дезар, хила луучу юкъаметтигех бовлар, иштта кхидерг а, Дала шайна тӀедиллинарг шайн дахарехь кхочушдархьама.

Билгалделаш, Ӏийсас элира: «Уьш кхиъна долу доккха ялта санна бу, амма и ялта чудерзо белхалой кӀезиг бу» (Маттай 9:37). ХӀокху

заманахь дехачу тукхаман дегнаш Далла тӀе ца дерзар, Делан бехк бац, Цуьнан лаамехь дерг-м «дерриг адам кӀелхьардалар а, царна билггал бакъдерг довзар а ма дай» (1 Тимапига 2:4). Цуьнан Кхелана хьалха жоп луш дӀахӀитта дезарш вай ду, вайн заманара тукхам Далла тӀе ца дерзар бахьанехь. Ваьшна тӀедиллинарг вай кхочушдинехь, вайна кхел йийр яц, амма дахаран баланаша вай юхадахахь, вайна хинйолчу Кхело меттадалор ду вайн кортош.

Аша ала там бу: «Оцу дуккханнех со цхьаъ бен ма вац». Ткъа муха хир дара хьан доӀхано иштта аьлча: «Со-м башха лараме меже яцара, цхьанна а ган ца го, я тидаме ца оьцу аса дийриг, цундела сайн лаам болчу гӀуллакхашна тӀедирзича хӀун дара-те со, сайна дан тӀедиллинарг кхочушдечул?» Шуна ма-хаъара, доӀха ца хилча вайн дегӀ кхерамехь хир ма дай. Ткъа хӀун хир дара вайн когаша, когийн кӀажоша я вайн дегӀан кхечу меженаша а изза аьлча? ДегӀан хӀора меже а лараме хиларе терра, динан тобанехь хӀора декъашхо а ву лараме.

Ткъа хӀинца корта метта боуьйту кхаъ балор бу вай. Ӏийсас боху, цхьаболчара бен кхочушбийр бац шайн дахарехь болу кхоллам Делан цӀа дӀахӀотточу балха тӀехь. И болх бан хӀорра а тӀекхайкхина, амма цхьаболчарна бен и гӀуллакх кхочушдалур дац. Иза ду, Кхелана хьалха дӀахӀоьттина хир болу дукхахберш эшамехь хир бу, царна сийлаллин совгӀаташ кхочур дац, бохург.

Суна хаьа, иза догдохош болу кхаъ буйла. Делахь а дика кхаъ а бу вайна: и гӀуллакх дар хӀинцца доло йиш ю вайн. Далла хьалха гора а гӀой, доӀа де шайна гечдар доьхуш, шаьш Цуьнан лаам кхочушбарна новкъарло йийриг юха ца таттарна, цул тӀаьхьа, цхьацца гӀулч а йоккхуш, кхидӀа дӀагӀо дахарехь. ТкъоалгӀачу бӀешерашкахь гӀарваьлла хаза кхаъ кхайкхорхо хиллачу Смит Вигглсворто Далла лерина гӀуллакх шен шовзткъе итт шо кхаьчча долийра. Шу а тӀаьхьа ца дисина хӀинца а.

Дагара ма далийталаш: цуьнан догӀа, цкъа делахь, тешарца Делан юьхь лахар ду, шолгӀаниг, шайн меттигарчу Дала шайна гойтучу динан тобанна юкъа а дахана, эццахь шайна тӀехь хӀиттийначу куьйгалхошна муьтӀахь долуш, гӀуллакх дан кийча хилар ду; кхозлгӀаниг ду, шайн гера

муьлхха а мохь дӀатасар. Дала шун гехь болу мохь гойтучу хенахь, Цуьнга деха, Шен туьрца шайн синошна, догӀмашна таӀзар хуьлуьйтуш йолу ерриг а агӀонаш йохор. Делан дика кхачам боллуш хуьлийла ду шун.

## Кхачаме совгӀат

КхидӀа болу корта болабале, жамӀ дийр ду вай. Дуккха а болчара дола а ца дина Делан цӀа дӀахӀоттор шайн дегнаш чохь, вукхара, дола а дина, чекх ца доккхуш дитина. Уьш, цкъа маргӀалделла дӀадер долчу, лаьттахь наха шайн сийдаран болчу лаамо дӀалаьцна. Кху дуьненан хьолана а, лакхарчу даржехь хиларна а, цхьа хӀума шайн кара дерзорна а, шайн деган лаамаш кхочушбарна а, нехан ларамехь шаьш хилийтарна а тӀаьхьабевлла уьш. Ткъа и дерриг цхьана ханна бен доцу хӀума ду. Ле ма дайта шаьш, некъара ма дахийта шаьш, юьстах ма довла. Ойла еш хила. Дала леррина Къобалвинчо тӀедиллина гӀуллакх ду аша кхочушдан дезарг. И болх чекхбаккха беза аша.

Цхьана йоццачу ханна цара дина гӀуллакх я шаьш мел деха цара дина гӀуллакх а чекхдалуьйтур доцу адамаш а хир ду. И гӀуллакх хӀаллакьхир ду, тӀаккха Делан абаденгахь долу цӀа даран декъашхой хир бац уьш. Гой шуна?

Цунах кхетар хилийтархьама, тхан цӀа дӀахӀотточу хенахь хиллачух лаьцна масала далор дара аса. ХӀора дийнахь сайн цӀа дечу метте со вогӀуш хиларна, со дика вовзара белхалошна. Цара сох «динан хьехамча» олура.

ХӀоразза а, со оцу декъа тӀе кхочучу хенахь, цӀа чуьра «еза рок» олу эшарш хазара суна. Со вогӀу гича, белхалойх цхьаъ сихлой охьавуссура и шен эшар дӀаяккхархьама. Сайн даг чохь велакъежара со, Делан гӀуллакхашка церан ларам хиларх воккхаверца. ТӀаккха жимма къамел дора оха цаьрца. Наггахь чулацам болу къамел хуьлура тхан оцу накъосташца, цкъацца Делах лаьцна хьехам бар хуьлуш.

Цкъа дагадогӀу суна, оцу белхалоша шаьш цхьа хаза цӀенош дина дӀахӀитторах лаьцна дийцар. И цӀенош деш шаьш дакъа лацарх цара дуьйцучу хенахь, церан яххьаш сирлайовлура. Гуш дара церан даккхийдер а, хазахетар а хилар оцу ларамечу балхахь шаьш а

дакъалацарх. Цхьана а тайпана юьхьӀаьржачу хӀуттийла а доцуш, деккъа даккхийдер дохьура цу хӀусамийн дайшна, иштта и цӀенош гуш мел волчунна а, цара боккхачу пайденна бина болчу цу балхо.

КхидӀа а ойла ей вай. Вашингтонехь и КӀайн цӀа динчунна хетначух лаьцна ойла ейша. Цуьнан бераш школера цӀа даьхкича, шаьш цу махкахь уггар гӀардаьлла долчу цӀеношка хьовса экскурсе дуьгург хиларх лаьцна хазахетарца цара дуьйцучу дийнахь хиндолчун сурт хӀоттадейша шайна хьалха.

Сурт хӀоттадейша шайн бӀаьргашна хьалха, мел воккхаверца дуьйцур дара дас шен бере, и цӀа деш ша а дакъа лаьцна хиларх. Ойла ейша, хӀун хетар дара цу беран дена, иза цуьнан классера берашца цхьаьна Пенсильвани-урамерачу 1600-гӀачу цӀене хьажа экскурсе вахача, бохучун. Ойла елаш, мел воккхавер догӀур ду цу дена, шен беран хазахетар, догайдалар гуш, цуьнца доьшуш мел болчарна цуьнан дас гӀо дина хиларх лаьцна хиъча и Соединённи Штатин президент Ӏаш волу цӀа деш.

Цунах теро дерг хир ду вайца а. Амма вай дӀахӀоттош дерг, цкъа доха а дина, цуьнан метта кхиниг дӀахӀотто тарлуш долу цӀа дац. Вай шена тӀехь къахьоьгург дерриг дуьненан тидам тӀебоьдуш, абаденгахь хир долу цӀа ду. Иза билггал иштта ду! Дагадаийта шайна, Мика-ЯхӀу пайхамара яздинарг: «Дуккха а халкъаш тӀедогӀур ду. Цара эр ду: «Схьадуьйла, вай Везачу Элан лам тӀе а, Якъубан Делан цӀа долчу а хьаладевр ду. Везачу Эло вайна Шен некъашца лела хьоьхур ду, тӀаккха вай, Цуьнан некъашца а лелаш, дехар ду. ХӀунда аьлча товрат-хьехам Цийон-лам тӀера схьабер бу, ткъа Везачу Элан дош Ярушалаймера схьадер ду» (Мика-ЯхӀу 4:2).

Дуьнен чуьра дерриг гӀуллакхаш цу чохь къастор ду. Кхоьллина мел долчунна тӀехь урхалла деш долу хьекъалалла а, хьехамаш а цу цӀа чуьра ара дер ду. Инзаре хиндерг ду, и цӀа кхо триллион шо даьлча а, ша дина дӀахӀоттийначу дийнахь ма-хиллара, хаза лаьттарг хилар.

Цхьа дика Хаза Кхаъ кхайкхорхо вара, цо ша мел веха, тешаме а волуш, кхузткъе иттаннал сов шерашкахь пайда барца Далла лерина гӀуллакх дира, керла эзар шо долалучу хенахь шена догӀу совгӀат схьа а

оьцуш. Иза дӀакхелхина цхьа шо кхаьчна хир дара, со цхьана йоккхачу динан тобане ваханчу хенахь. Иза Юххерачу Малхбалехь дара, цу тобанера Далла хастамаш баран гӀуллакх кхочушдечу куьйгалхочо, шена билггал Дала дуьхьал хӀоттийна сурт дийцира суна. Оцу суьртехь иза стиглашка хьалаваьккхинера, эццахь и вай вийцина Делан цӀа чохь динан хьехамаш бина волу стаг гира цунна. Шуьйрра къежар долчу юьхьца цо оцу къоначу куьйгалхочуьнга элира: «Суна моьттинчул, дуккха а дика хиллера кхузахь».

Цара билггал бакъдолчух а, гонаха хӀоьттина долчу хьолах а лаьцна къамел дира, тӀаккха оцу динан цӀа чохь хьехамаш беш волчу стага, юха а хьаьжна, ша Цийонехь бинчу белхан дакъа гайтира. Цо динарг лараме гӀуллакх дара. Цо тешаме волуш, Далла лерина дина гӀуллакх цунна лиъначул а сов генна а, шуьйрра а дӀасадаьржинера, хӀинца цо динчу гӀуллакхашкахула гойла дара иза. Цуьнан а йиш яра, шаьш цӀенош дӀахӀиттош бинчу белхех лаьцна дийцина болчу, и цӀенош дӀахӀиттийначеран санна, ша дина гӀуллакх гайта. Ма гуттаренна а долу совгӀат дара иза!

Ойла ейша цуьнан, хенал йохалла, шайн тӀаьхьенашна хилла а ца Ӏаш, Цийон цӀе йолчу дезачу Делан цӀа чу догӀун долчу дуккхачу халкъашна а йиш хир ю шун, шаьш и ЦӀа деш хьегна къа гайта, бохучун?

ХӀинца кхечу агӀоне хьовсур ду вай. Ойла елаш, шаьш динчу гӀуллакхах цхьа а лар ца йисина бохучун, аша шайн дахаран некъ ма-бохху дика чекх ца баьккхина дела. Сурт хӀоттадейша шайна хьалха, хӀун хир дара, шул хьалха баьхнарш а, шун тӀаьхьенаш а аша динчу гӀуллакхе хьажа баьхкича, царна гайта шун хӀумма а ца хилча? Ойла елаш, дуккха а халкъаш догӀур ду аша динчуьнга хьажа, ткъа абаденгахь шун хӀумма а хир дац царна гайта бохучун, аша динарг дагийна хилла дела, цуьнан метта кхиниг дӀа хӀоттош. ПахӀала яздо:

> «Нагахь санна цхьаммо дина долу гӀуллакхаш, цӀеро талха а ца деш, шен меттахь латтахь, цунна совгӀат хир ду. Ткъа нагахь цхьаммо динарг цӀергахь дагахь, цунна эшам хир бу» (1 Коринтхошка 3:14,15, Те Message).

Иза билггал гуттаренна а дайна хIума хир ду. Вайна халахетахь а, иза долуш дерг ду. Амма, сан хьоме доттагIа, иштта долу дакъа шуна кхачар ца лаьа суна. Далла а ца лаьа шуна иза тIедар. Шун хIинцца сацам бан йиш ю, шайца и саннарг хир дац аьлла. Дала Цийон дIахIотторна декъалдина шу. Яхьъя-векало яздо:

> «Къа а хьегна, вай даьккхинарг, аша дайа а ца дойуш, цунах юьззина ял шайна схьаэца хьовсалаш» (2 Яхьъя 8).

Везачу Элана Шена лиъна, Шен хIора беран йиш хилар Цуьнан цIа дIахIотто. Аша хьегна къа цкъа а маргIалдалар доцуш, ширдалар доцуш, хийца а ца дезаш хила таро ю. Нагахь Делан декъалаллех тешар долуш, шаьш дийриг аша дика дахь, аша и деш лаьцначу декъах даккхийдер хир ду миллиардашкахь долчу маликийн а, абаденналц хин долчу адамийн а.

# Дийцаре Дарна Хаттарш

## ДАКЪА 5: КОРТОШ 11,12

1. Вайна хаьа, Дела кхачаме хиларе терра, вай Цунна дечу гӀуллакхехь эшам бац Цуьнан, амма вай Шеца цхьаьна гӀуллакх дан лаам бу Цуьнан. Муьлха Цуьнан амал гучуйоккху цу агӀоно? Цуьнан Делан Олаллин а? Вайн амал а?

2. Забуран 138:16 аят тӀехь яздина ду, Дала вай дуьнен чу а довлале, вайх лаьцна хӀора секундехь дерг а дӀаяздина ду бохург. Муха хуийла ду вайн, вайх хӀораннан а ша тайпана долчу дахарехь хӀун хир ду бохург?

3. Баккъалла а ала мегар ду, вайна дика ду аьлла хета гӀуллакхаш а деш даха дукха атта ду, оццу хенахь вайна дан тӀедиллинарг кхочушдар а доцуш. Дуй-те шун дахарехь шаьш кхерарна аша кхочуш ца деш долу я шаьш дохко девр ду аьлла ца деш долу гӀуллакх? Стенна тӀехь шаьш карладовлар луур дара шуна?

4. ШийтталгӀачу коьртехь Делан лаамехь долуш дахаран кхаа къайленах лаьцна дийцира вай: даггара Цуьнан юьхь лахар, Цуьнан цӀа чохь орамаш хецар, гехь болчу баланех кӀелхьардовлар. Царах муьлханаш кхочушдалур дара шуна шайн дахарехь? Цу тӀехь кхиамаш муха бахалур бара шуна?

5. Абаденгахь вайн йиш ю кхачаме долу совгӀат я цуьнан цхьа дакъа схьаэца, я цхьа а совгӀат доцуш диса. Кхачаме долу совгӀатах лаьцна хӀун хета шуна?

# Дакъа 6

## КОРТА 13

# Совдаккхар

*Ялта хьокхучо шена догIург схьаоьцу, Дела волчохь хедар доцучу дахаре стом а гулбеш, ялта дIадуьйчунна а, хьокхучунна а цхьаьна хазахетар хилийтархьама. ХIунда аьлча нийса боху кицано: цхьаммо ялта дIадоь, вукхо хьокху.*

– Яхьъя 4:36,37

*ХIу дIадуьйш волчун а, цунна хи тухуш волчун а цхьатерра Iалашо ю. ХIоранна а, динчу гIуллакхе хьаьжжина, цунна доггIург дIалур ду.*

– 1 Коринтхошка 3:8

Делан Олаллехь, Делан цIа дIахIоттош, тешаме хиларца гIуллакх динчунна инзаре башха долу, гуттаренна а хиндолу совгIат хир ду. Вайх хIоранна а шена доггIу совгIат кхочур ду, вай динчу гIуллакхе хьаьжжина. Вайх хIоранна а шена къастийна тIедиллина гIуллакх ду, амма шатайпана долчу оцу гIуллакхаша цхьаъ кхочушдо: Дела волчу абаденга кхача гIертаро адамийн дахарехь хийцам бар.

Дукхханна а моьтту, стиглашкахь уггар лараме долу совгIаташ схьаоьцучийн хьалхарчу могIаршкахь динан тобанашкахь эзарнийн адамийн дахар хийцар тIехь гIуллакх динарш бен хир бац. Амма билггал бакъдерг иштта дац. Дала адамашна хетачу тайпана ца йо кхел, ткъа цара муьтIахь хиларца динчу дикачу гIуллакхашка хьаьжжина мах хадабо. Иза иштта дацахьара, шаьш мел дечу гIуллакхийн коьрте шайн хилла кхиамаш хIоттор бара цара. Вайн тIаьххьарчу коьртехь вайна гира, Дала вайна кхелъяр а, совгIаташ дар а, вайна дан билгалдаьккхинарг вай кхочушдаре хьаьжжина дийриг хилар.

## Делан диканехула хуьлу ницкъ

Дала леррина Къобалвинарг дуьнен чу веанчул тӀаьхьа шовзткъе ялхитталгӀачу шарахь, шена тӀедиллина гӀуллакх чекхдала итт шо дисинчу хенахь, ПахӀала ша «векалех уггар лахарниг ву», аьлла, яздира. (1 Коринтхошка 15:9) Динан Тоба хӀоттаяларх лаьцна дерг Ӏамош болчу нахана и дешнаш тамашийна ду аьлла хетадала а там бу. Цу хенахь дуьнен чуьра гӀарабевллачу нехан дегнаш хийцадалар хилира ПахӀала динчу гӀуллакхехула, цу хенахь баьхначара динчул дуккха а сов болх бира цо. Цхьа а шеко яц, векалшна юкъахь уггар лакхарниг иза хиларан. Ткъа шех лаьцна цунна нисса дуьхьал дерг хӀунда аьллера те цо? ТӀехдаьккхина аьлла хиллий-те цо иза? ХӀан-хӀа, иза иштта хуьлийла дац, Делан Йозанаш яздеш бакъдоцург олийла дацара. Дезачу Сино и аьлларг магийна хила там бу деккъа цхьа хӀума бахьаненна – ПахӀална билггал иштта хеташ хилла хир ду.

Цунна догӀу жоп вайна карадо цуьнан кехат тӀера хӀокху дешнашкахь: «Амма Делан дика бахьанехь хӀинца со волуш верг хилла сох. Ткъа суна лерина Цуьнан дика а эрна ца хилла. Аса цара массара а хьегначул сов къахьегна. (Бакъ ду иза аса ца динера, соьца долчу Делан дикано динера» (1 Коринтхошка 15:10).

Башха дерг ду, ПахӀала ша дина гӀуллакхаш сов хилар ларар, кхечу векалша динчаьрга хьаьжча, оццу хенахь шех лаьцна ша уггар лахарниг ву а олуш. И тамашина ду аьлла хетачу дешнийн чулацамехь дерг дӀадоьллу цо аьллачу «Делан дика бахьанехь хӀинца со волуш верг хилла сох», бохучу дешнаша. Дала шегахула кхочушдинчу дерригенах ша дӀакъасто хаара ПахӀална. Иза кхоччуш дика кхетар, шега Дала тӀедиллинчунна тӀе хӀумма а тӀетохалур доцийла я Дала деллачу похӀманал тӀехваьлла шена хӀумма далур доцийла, ткъа и дерриг вовшахтоха мегар ду «Делан дика» бохучу дешнашца. Дала тешар долчарна тӀедиллинчух лаьцна бохург, массарна а догӀуш хӀума ду.

Цуьнца доьзна сайн дахарехь сайца хилларг дийца луур дара суна. Аса яздина тептарш дуьнен чуьра дезткъе итт маттахь гочдина ду. Уьш миллионашца йолчу тиражашца даьржина ду, ткъа и тептарш дешарехула дахар хийцаделлачу адамийн тоьшаллийн барам бац.

Кест-кеста богӀу суна тӀе нах, оцу хьан тептарийн кхиаме хилар стенца доьзна ду те, бохучу хаттарца. Ингалс меттан урокашкахь со муха дешархо вара а, хӀетахь со муха яздархо вара а бохург дагадеача, велавала дог догӀу сан. Оцу маттахь кехатан шина агӀонна тӀехь цхьа хӀума яздарна, масех сахьт дезара суна. Ткъа хӀинца аса яздечу хенахь, дешнаш шаьш арадовлу суна чуьра. Кхечу хьаннан чул сов, кхетам бу сан, и тептарш билггал Хьан яздеш ду бохучух. Билггал аьлча, со хьалхарниг хуьлу и тептар доьшуш болчех.

Цхьана дийнахь цхьана гӀараяьлла йолчу телевизионни программехь сан тептарийн маьӀнах лаьцна дош ала кхайкхинера со. Къамел дӀадолийча, и программа лелош волчо сан тептарийн маьӀнах лаьцна къамел дечу меттана, шен хьажар суна а, сан кхиамашна а тӀе дерзийра. Суна жимма бӀегӀийла доцуш санна хийтира, тӀаккха сайн даг чохь Дезачу Синан гӀо хилар лехира аса, и къамел юха а хила деззачу агӀор дӀадерзорхьама.

Масех секунда яьлча тхан къамел сецира, тӀаккха Дезачу Сино хьоьхург юкъадало меттиг елира суна. Аса Сулим-пайхамаран дешнаш далийра: «Суна хиъна, Дала до гӀуллакхаш гуттаренна а дуйла. Вайга Дала дечунна тӀе а тохалур дац, я тӀера дӀа а даккхалур дац. Дала иштта гӀуллакхаш до, адамашка Шен сийдайтархьама. Яханчу заманахь хилларг, карахь йолчу заманахь а хуьлу, ткъа тӀейогӀучу заманахь хиндерг, дӀаяьллачу заманахь а хилла. Хьалха хилларг юхадерзориг Дела ву» (Устаз 3:14,15).

ТӀаккха аса элира: «Багарбина вер воцуш дукха бу динан тобанийн тхьамданаш а, Далла лерина гӀуллакх дийраш а, Дала шайна тӀедиллинарг кхочушдеш болу. Царах цхьаболчара ярташкарчу кхо бӀе адам долчу динан тобанашкахь куьйгалла до. Цхьаццаммо кхиъна йогӀучу пачхьалкхашкахь тилбелла лелачарна а, мискачарна а динан хьехамаш бо, цара шайн дахар а дӀаделла Далла гӀуллакх даран аренашкахь болх барна. Цхьаццаммо гӀаланашкахь къахьоьгу, юкъараллехь оьшуш бац аьлла дӀатеснaчу нахана хӀора дийнахь гӀо деш. Вукхара тешаме хиларца шаьш болх бечу меттигашкахь къахьоьгу. Уьш дӀаязбеш болу могӀа чакхе йоцуш хир бара. Билггал

аьлча, оцу программехь и гӀуллакх дийраш ца гайта а мега, амма царах дуккха берш стиглашкахь хьалхарчу могӀарехь латта там бу, цара шайна тӀедиллина гӀуллакх муьтӀахь хиларца а, шаьш дийриг цӀеначу дегнашца а дина дела».

Аса кхидӀа а дира сайн къамел: «Сох лаьцна аьлча, Дала Шен дуьхьа дан билгадаьккхина долу гӀуллакх кхочушдарна тӀекхайкхинера со, оцу гӀуллакххехула дуккха а долчу адамийн дахар хийца йиш яра Цуьнан. Оццу Ӏалашонца кхайкхина аша со хӀокху конференци. Амма сан йиш яц Цо сайга де аьллачунна хӀумма а тӀетоха. Сайн ницкъаца соьга хӀумма а я шордалур дац, я хьалха даккхалур дац. Сан ницкъ кхочун дерг деккъа цхьа хӀума ду, иза дерриг талхор, ткъа и дарх со чӀогӀа кхоьруш а ву!»

Чохь долчу адамийн хьажар цу сохьта хийцаделира. Дуьненаюкъахь маьӀна долу гӀуллакх деш волу, программа дӀахьуш верг, цӀеххьана кхийтира, аса хӀинцца аьллачух, тӀаккха и интервью чекхъяллалц нахана гӀуллакх даран маьӀни тӀехь дитира цо шен хьажар.

Иза билггал бакъдолу хӀума ду хӀорра а схьаэцча. Нагахь шайна тӀедиллина долу хӀусамнана хилар, я берий нана хилар, я шайн меттигарчу динан тобанера берашца болх бар, я адамашца къайлаха долу къамел дарца церан синошна гӀо деш, хила ма-дезза аша и гӀуллакх кхочуш деш делахь, шуна комаьрша совгӀат дийр ду, шу муьтӀахь хиларна. Нагахь шайн динан тобанехь тутмакхашна гӀуллакх дан Дала шуна тӀедиллинехь, я бизнес лелочарна юкъахь долчу адамийн хийцам хилийта шу тӀекхайкхинехь, я комаьршаллица ахча даларца гӀо дар шуна тӀедиллинехь, ткъа аша и гӀуллакх Далла деш санна, даггара кхочушдеш делахь, Ӏийсан дуьхьа эзар адам тӀедерзийна волчу хаза кхаъ кхайкхорхочунна луш доллу совгӀат хир ду шуна а.

Цунах лаьцна дийцина а вер вацара. Ткъа со тешна ву, стиглашкахь хьалхарчу могӀарехь наной, бизнесменаш, къинхьегамхой вайна гург хиларх, вайна ца моьттучу барамехь Везачу Элера деза совгӀаташ кхочун долу.

## Лаьттара Делан эскар

Дала леррина къобалвинчу Іийсан динан тоба – иза лаьттара Делан эскар ду. Вайн массеран а шен меттиг а, похІманаш а ду вайна тІедиллина гІуллакх кхочушдарна делла. Масех шо хьалха Везачу Дала сан зуда самаяькккхинера, Дезачу Синехула цунна доккха эскар а гойтуш. Иза Іуьйранна диъ сахьт даьлча дара, амма цо цу сохьта со самаваькккхира, шена гІенах гайтинарг дерриг суна дийцархьама.

«Джон, иза доккха эскар дара, царах хІоранна а шаьш латта деза меттиг йовзара, шайн дарж а довзара, шаьш дан дезарг а хаьара царна. Уьш нийссачу могІара дІаоьхура, церан хІора рангехь яьсса меттигаш яра, цу меттигашка кхин а адамаш дІахІуьттура. Суна вайшиъ а гира, вай дечу гІуллакхан шина меттехь дІадоьлхуш долу. Цхьа а юха а ца хьожура бисинчаьрга, шаьш мича даха деза хаархьама: берриш а доккхачу цхьааллехь дІабоьлхура, хІунда аьлча церан хьажар Везачу Элана тІе дерзийна дара».

Цул тІаьхьа, цо кхин а цхьа хІума тІетуьйхира, сан тидам тІебохуьйтуш долу. «Царах цхьаннан а хьагІ яцара, кхечо дІалаьцна меттиг схьалаца хьагам бацара церан. ХІораммо а Везачу Эло гІуллакх дан шена леринчу меттигах тоам бора». Шу кхетий цунах? Цу эскарера цхьана а стеган шена кхаьчна меттиг бахьанехь хьагІ хилар дацара кхечуьнга. ХІорра а дог паргІат а долуш, догайдаларца кийча вара шена леринчу меттигехь гІуллакх дан.

И дагахь а латтош, цІенах лаьцна долу масала дагадаийтий вай: «ЦІенош хьекъалаллица деш ду» (Кицанаш 24:3). ЦІенош дІахІиттош оьшуш долу хьекъалалла шина тайпана хуьлу. Царах цхьаъ лакхенашкара хуьлу, ткъа важа ца хуьлу.

> «Ша хьекъал а, кхетам а болуш волчо шен оьздачу леларца а, хьекъалера схьадолчу эсалаллехь динчу гІуллакхашца а гайта ца деза иза? Амма шун даг чохь къаьхьа хьагІ а, шена пайда лехар а делахь, дозаллаш ма де, бакъдолчунна дуьхьал харцо ма лелае. Иза лакхара долу хьекъалалла дац, амма дуьненан, синан, жинийн хьекъалалла ду. ХІунда аьлча хьагІ а, шена пайда лехар а долчохь низам дохор а, мел долу вониг а ду» (Якъуба 3:13-16).

Лараме дац, вай дийриг хIун ду а, иза мел дика ду а аьлла хетар, нагахь и динарг хьагI хиларца а, шена са ялар лахарца а динехь. Цо гойту, вай динарг дуьненан ойла ярца а, жинийн йолчу ойланца а дина хилар, ткъа иштта бинчу балхах, билггала, цхьа а совгIат хир дац вайна.

Вебстеран Дошамо иштта билгалдоккху «хьагI» бохучу дешан маьIна: «шен долчух тоам ца бар я кхиаме хиларе, кхечун болчу бахаме, хьоле хьагам хилар». Нагахь Дала вайна тIедуьллучуьнга дуьненан бIаьргашца вай хьежахь, хьагI хиларх деvр дац вай. ПахIална Дала тIедиллинчуьнга хьагI хиларца хьоьжу динан хьехамчаш а бара. Цо иштта яздора: «Бакъду, цхьаболчара хьагI а, эмгаралла а хиларца, ткъа вукхара дагахь диканиг долуш дуьйцу Дала леррина Къобалвинчух лаьцна. Цхьаберш, со хаза кхаъ ларбан дIахIоттийна вуйла а хууш, даггарчу безамца лела. Ткъа вуьш шайна пайда лоьхуш а, шайн дог цIена ца хиларца а, суна кхин а халонаш ян дагахь а лела, шаьш Дала леррина Къобалвинчух лаьцна дуьйцуш» (Пилапхошка 1:15-17).

Дала шайн дахарехь шайна тIедиллинчух тоам ца бора оцу динан хьехамчаша, ПахIалан болчу кхиамашка хьагI яра церан. Шаьш-шайн бен ойла ца яро кхоллайолуьйтура церан даг чохь и хьагI. Оцу амало гучудоккху иштточу нехан дерриг дог дIалацарца а, чIогIа а болу лаам хилар цхьана хIумане кхача. Нагахь и лаам адамашкахьара белахь, вай вашна пайденна дерг лахар хьалхадоккху, кхечунна пайденна долчун ойла яр а доцуш, оцу агIоно низам дохор а, барт ца хилар а дохьу, цу тайпана зене мел долчунна неI дIа а йоьллуш.

Ткъа Делера долчу хьекъалалло, мелхо а, и шаьш-шайн ойла ярца доьзна дерг дIа а доккхуш, Делан Олалле гIертар кхуллу. И санна долу дIахIоттор Везачу Олахочун лаамехь долчуьнца догIуш хир ду. Иштточу хьекъалаллех лаьцна вай хIара доьшу:

> «Амма лакхара долу хьекъалалла, цкъа делахь, цIена ду, цул тIаьхьа, машаре а, оьзда а, къинхетамах а, дикачу стоьмех дуьзна а, озабезам боцуш а, шалхо йоцуш а ду» (Якъуба 3:17).

Делера долу хьекъалалла цкъа хьалха цӀена ду. Кхечу дешнашца аьлча, озабезам боцуш а, шалхо йоцуш а ду, даг чохь хьагӀ хилар я ша-шех лаьцна ойла яр совдаккхар а доцуш. Цуьнан лаам бу – Везачу Олахочунна тешаме хилар, Цо тӀедуьллург хазахетарца тӀеэцар. Цуьнан лаам, ша сийлахь хилар лехар а доцуш, шена тӀедиллинчунна тешаме хилар ду. Цунна Делан Олаллехь болчу кхиамех воккхавер догӀу, и кхиамаш шегахула хилла я кхечу цхьаьнгахула хилла уьш бохучун маьӀна дар а доцуш.

Делан хьекъалалла хиларо кхечунна дика хилар хьалхадоккху, ша-шен бен, кхечун ойла яр доцуш. Иза машаре а, оьзда а, собаре а, кхечунна хӀума ала лаам боцуш а хуьлу. Цуьнан коьрта лаам бу, кхиберш цӀена бехаш хилар, шайн кхолламехь шайна тӀедиллинарг кхочуш а деш. Далла лерина шаьш до гӀуллакх дезар долуш, амма адамаш ца дезаш болу нах а хуьлу. Иштта нахе безам болуш, ткъа ша дечу гӀуллакхе, ша нахана лерина цхьа гӀуллакх деш санна хьоьжурш а хуьлу. И тӀаьхьарнаш Делера долчу хьекъалалло лелабо.

Стиглашкара долчу хьекъалаллин кхин агӀо «муьтӀахь хиларехула гучуйолу». Вайна тӀедиллинарг вай реза хиларца тӀеэцахь, Дала вайна тӀехь дечу куьйгаллина а, олаллина а муьтӀахь хир ду вай. Вайна Делан цӀа дӀахӀотторан дерриг а сурт гур ду, шена чохь цхьаъ бен воцу Архитектор, Дизайнер, Коьрта ГӀишлоярхо волуш. Шегара долу олалла а, похӀманаш а Шен долахь йолчу тобанера тайп-тайпанарчу нехан кара ло Цо. Кхел ен йолчу дийнахь комаьршаллица совгӀаташ лур ду, шайна тӀе хӀоттийначу олаллина муьтӀахь хиллачарна. Динан тобанашкахь декъадалар хилийтина болу динан тхьамданийн гӀоьнчанаш а, шайн цӀахь майрачун долчу олаллина дуьхьалбевлла хилла болу зударий а, шайн гӀуллакх кхиаме хилар хьалхадаккхархьама, шайн гӀуллакх хьалха а даьккхина, шайна мах луш, болх беллачун гӀуллакх юхатоьттуш хилларш а, иштта кхиберш а – боккхачу эшамехь хир бу Кхел ечу дийнахь, шаьш дуьхьалбевлла лелачу хенахь шаьш бинчу белхех, цара пайда эцна хиллехь а.

Цу тайпана шайна хиллачу пайдане Ӏеха ма дайталаш шаьш. Делан олаллехь долчунна дуьхьало яр доллушехь, шена боккха пайда

хуьлу агӀо хилар а хила тарло. Мусас динчун ойла елаш. Везачу Дала тархе омра де аьллера цуьнга, цунна чуьра инзаречу тайпана хи даийтархьама. Шега аьлларг а ца деш, цуьнан метта оьгӀазаллица тархах гӀаж туьйхира цо. Хи шортонца охьадеара, яьссачу аренгахь долу кхо миллион адам хих дузорхьама. Шаьш хи мелла девллачул тӀаьхьа, цара вовшашка иштта аьлла хила а тарло: «Хьажахь оцу гӀуллакхе, Далла билггал хезаш хир ву Муса. Ма боккха ницкъ бу иза!»

Амма, массара а хи мелла чул тӀаьхьа, Дала, Муса юьстах а ваьккхина, иза муьтӀахь ца хилар бахьанехь, Ша лур ду аьллачу латта тӀе вер вац хьо, элира цуьнга. Мусан билггал бара дика кхиамаш. Амма кхиаме хилар билгалдоккхург, деш долчо деанарг дац, адам муьтӀахь хилар ду. Делера долу хьекъалалла Везачу Делах кхерар хиларх долало, цо цхьана адамал я цхьана хӀуманал Дела лакхавоккхуьйту. Делах кхерар дерш кхоччуш Делан олаллина муьтӀахь хуьлу.

ХӀинца юха а сан зудчунна гинчунна тӀе дуьйлий вай. Оцу Ӏуьйранна цо элира соьга: «Джон, цу массо эскархойн цхьатерра яххьаш яра». Кхечу дешнашца аьлча, иза юьхь йоцу эскар дара, ткъа иза ду Дела волчохь лакхара лору седанаш дац бохург. Цунах кхетар хиларо динан тобанехь вайн йоцу меттиг дӀалаца лаарх я лакхара меттиг яккхархьама, олаллехь волчунна дуьхьалдовла болчу лаамах лардийр ду вай. Вайн лакхадовлар стиглара схьа хир ду, нагахь вай динан тобанехь дуьсуш хилча.

## Тайп-тайпанара лакхенаш

Инжил тӀехь вовшех тера долу ши кица го вайна, царах хӀораммо а Дала Кхел ярх лаьцна тайп-тайпана долу билггал бакъдерг олу. Уьш похӀманех а, мина-ахчанах а лаьцна кицанаш ду. ПохӀманех лаьцна долчу хьалхарчу кицано, тешар долчех массарна ца делла цхьатерра лараме долу похӀманаш, совгӀаташ бохург дӀадоьллу. Ӏийсас боху:

> «Стигалийн Олалла иштта хир ду. Цхьана стага, ша генарчу новкъа валале, шен ялхой схьа а гулбина, уьш шен бахам ларбан

> хӀиттийна. Цо шен ялхошна, хӀораннан а хьуьнаре хьаьжжина, ахча делла, царна луъучу агӀор иза лело. Цхьанна цо пхи гали деши делла, вукхунна ши гали деши делла, кхоалгӀачунна цхьа гали деши делла. ТӀаккха иза новкъа ваьлла …» (Маттай 25:14,15).

Геннарчу махка вахана хьолада, иза Ӏийса ву, ткъа ялхой вай ду. Талант бохург, ахча ду, амма оцу кицано бохург цхьа кхин хӀума ду.

Цкъа делахь, сан кхетарехь, вайна тӀедиллинчун а, вайн похӀманийн а лакхаллин барам бу иза. Цхьацца билгалдаьхначу адамаша кхочушдечу гӀуллакхийн шен барам белла, цхьаццачу динна халкъашца доьзна болу, вукхарна – гӀаланашца, кхозлагӀчарна – цӀахь гуллучу динан тобанера нахаца доьзна. Масаллина бало мегар ду, шаьш яздечу тептаршкахула миллионашкахь долу адам Далла тӀедерзош болу авторш, оццу хенахь вукхара – эзарнашкахь, ткъа бисинчара – бӀеннашкахь. Кхин а цхьа масалла дало мегар ду, нахана тӀехь куьйгалла дан похӀма долчу цхьана стага, вуно йоккха динан тоба вовшахтоха тарло, оццу хенахь кхечо юккъерачу я кӀеззиг болчу барамехь нах шена чу богӀучу тобанашкахь болх беш болуш. Бизнес лело похӀма долу адамаш ду, шаьш дечу гӀуллакх тӀехь боккхачу барамехь кхиамаш бахарца бӀеннийн эзарнашкахь нах Делан Олалле а балош долу. Кхечара миллионашца ахча ло сагӀина, вукхеран масех компани вовшахтохаран похӀма хуьлу, Делан Олаллина гӀуллакх дарна миллионашкахь а, миллиардашкахь а ахча дохьуш йолу.

Киценна тӀе юхадоьрзур ду вай. Цу тӀера доккха маьӀна долчу шина агӀонан тидам белаш. ХӀора ялхочунна цхьа хӀума дар тӀедиллинера. Цо тоьшалла до, динан тобанехь цхьа а стаг вац цхьа хӀума дан тӀекхайкхаза волу а, иза кхочушдархьама, цхьа похӀма доцуш волу а бохучун. ШолгӀа делахь, хӀора ялхочунна тӀедиллинера церан хьуьнаршка хьажжина болчу барамехь долу гӀуллакх. Амма вайна диццдала ца деза, вайн похӀманаш Делера хилар. Вайн долахь цхьа а мехала хӀума дац, вайна делларг доцург, хӀунда аьлча Делан Йозанаша боху: «Хьан боху хьо кхечарал гӀоле ву? Хьан хӀун ду, хьайна делларг доцург? Ткъа хьайна и дерриг а делла хилча, хӀунда йо ахьа кураллаш, иза хьайна делла долу совгӀат доцуш санна?» (1 Коринтхошка 4:7).

Оцу кицанехь гойту, шена тӀедиллинарг а, похӀма а пхеанна богӀучу барамехь шена деллачу стага, шен ницкъ шозза сов тӀе бахийтар. Ши гали деши шена деллачу стага а изза динера. И похӀманаш, Шена лууш дерг кхочушдайтархьама Дала вайна луш делахь а, вайн оцу балха тӀехь дӀагӀертар хила деза.

Ткъа шена тӀедиллар а, похӀма а цхьанна богӀучу барамехь деллачу стагна, схьахетарехь, иза башха лараме хӀума дац аьлла хетта хир ду. Цунна шен хьолада нийсо йоцуш, нийса воцуш, дера а стаг ву аьлла хетара. Цунна хетта хила тарло: «Кхечарна чул кӀезиг дерг кхочушдар хӀунда деллера суна? Кхечарна гӀаланан я халкъан барамехь лорург кхочушдар хӀунда деллера? Динан хьехамаш бар, назма алар я иза язъяр царна тӀе хӀунда диллинера, суна а ца луш? Сан компани а кхиаме хӀунда ца хуьлу, кхечара луш долчу барамехь, сан а йиш хилийтархьама, сагӀина лерина ахча дала». Иштта кхидӀа а. Цо шена делла деши дӀа а хьулдина, шена тӀедиллинарг кхочуш ца дира, и шен долу похӀма шен гӀуллакхаш кхочушдарна я Делан Олаллина цхьа а пайда ца бохьучу агӀор а дерзийна.

Дикка хан яьлча хьолада цӀа воьрзу, шен ялхоша динчуьнга а хьожуш. Шайна делларг шозза совдаьккхинчарна иштта долу лараме дешнаш хезира: «Хьо дика, тешаме ялхо ву. Дика гӀуллакх дина ахьа хьайгахь дитинчу кӀезиг долчу ахчанах. ХӀинца аса хьуна кхин а доккха гӀуллакх тӀедожор ду. Чувола, соьца цхьаьна самукъадаккха» (Маттай 25:21). Пхеа барамехь дерг кхаьчнарг, шина барамехь деллачул къаста ца винера, цара шиммо а тешаме хиларца, дика кхочушдинера шайна тӀедиллинарг. Оцу агӀоно, Дала вайна Ша билгалдаьккхинчунна тӀехь, вай тешаме хила дезаран маьӀна чӀагӀдо.

Цхьа гали деши делла волчу стагана олахо оьгӀазвоьду, и цунна делла хилларг, схьа а даьккхий, кхечунна дӀало, олий, омра до цо. И стаг боккхачу эшамехь хуьлу, олахочунна тешаме хиллачарна кхин а совдерг кхаьчначу хенахь.

Оцу дийцаре ладугӀуш, 1992-чу шарахь, Дала сайна и тептар яздан тӀедиллинчу хенахь, сайца хилларг дагаоьху суна. Айса доӀа дечу хенахь, сайн даг чохь сайна хезначух ца тешарна, велавалар деара

суна. Суна ингалсан мотт бIаьрга бан а ца безара! Нагахь цхьаммо сайга, ахьа тептарш яздийр ду аьлча, цуьнан юьхьдуьххьал велалур вара со.

Амма итт бутт баьллачул тIаьхьа шина кIиранах, цхьаъ вукхунна тIаьххье, ши зуда еара суна тIе, цхьатерра болу Делера хаам беш: «Джон, нагахь Дала хьайна тIедиллинарг ахьа яз ца дахь, Цо иза кхечунна тIедуьллур ду, ткъа хьуна кхел йийр ю и бахьанехь». Аса дог дегорца тешаран гIулч яьккхира, ткъа кхидIа хилларг кхин дийцар ду. Нагахь аса ла ца доьгIнехьара, кхечу цхьаммо яздийр дара и тептарш, ткъа со сайна догIучу совгIатах вер вара.

## Вайна делла похIманаш совдахар

Вай кхачам боллуш дийцира, шайна кхочушдан тIедиллинчунна я похIманна шун хIумма тIетоха йиш яц бохучух лаьцна. ХIинца тешар долчу хIоранна а делларг «совдаккхархь» лаьцна долчунна тIе тидам бохуьйтур бу вай. Цунах лаьцна долу билггал бакъдерг дIадоьллу хьалхалерачух тера долчу кхечу кицано:

> «Iийсас дийца долийра: «Паччахьан цIийнах волу цхьа стаг хилла генарчу махка ваха араволуш, цу махкахь шен паччахьан бакъонаш чIагI а йина, вухаверзархьама. Ша дIавахале, шен ялхой схьа а кхайкхина, цаьрга итт дашо ахча а делла, аьлла цо: «Со вухавале, хIара ахча пайда хуьлучу гIуллакхна хьажаде» (Лака 19:12,13).

Мина бохург а, талант санна, ахчанан барам бу. Амма хIокху кицанехь хIора стагана цхьатеррачу барамехь долу, цхьацца деши ахча деллера. Мина бохучу ахчано ца гойту адамана тIедиллинчун я похIманан барамехь дерг, хьалха хиллачу талантаца дустар. Цо гойту, Делан Дош билггал бакъ хилар а, вайн долчу тешаран бух а, вайн дегнаш чохь кхоллабалийтина болу Делан безам а, Дала леррина Къобалвинчух тешар долчу хIоранна а деллачу весетан декъалаллаш а вайн хилар. Вайна массарна а цхьатерра делла иза, кхечу цхьанна а сов далар а доцуш.

Оцу кицано дуьйцу, Дала леррина Къобалвинчух тешар долчу хIоранна а хуьлуш долчух лаьцна. Делан Йозанаша иштта чIагIдо:

«Цундела цхьаммо а ша цхьана адаман долахь хиларх дозалла дан ца деза, хӀунда аьлча массо хӀума шун долахь ду, хӀуъа а иза делахь а» (1 Коринтхошка 3:21), иштта: «Декъала хуьлда вайн Веза Эла волчу, Дала леррина къобалвинчу Іийсан Дела а, Да а. Цо Іийсаца декъалдина вай стиглашкахь массо а тайпана синан декъалдаршца» (Эпасхошка 1:3). И декъалаллаш Дала леррина Къобалвинчуьнца болчарна хуьлу, амма вайн тешар хиларо бен схьа ца оьцу уьш кхузахь, лаьттахь, ткъа вайн муьтІахь хиларо, доІанаша, вайн сагІанаша совдовлуьйту уьш. Цундела Іийсан вастехь волчу, оцу хьалдолчу стага, шен ялхошка, кхечу тайпана аьлча, вайга боху: «Шайна тІедиллинарг де со юхаверззалц». Вайна делларг схьаэцца деза вай, Делан сийлаллин дуьхьа иза «совдоккхуш».

Жамlе хьовсур вай:

> «Паччахь а хилла, ша вухавеача, цу стага схьакхайкхийтира шен ялхошка. Цаьрга, шен ахчанах хӀун пайда хилла аьлла, хаьттира цо. Хьалхарчу ялхочо, ван а веана, элира: «Эла! Хьан цхьа дашо ахчано итт дашо ахча пайда бина», - аьлла. ХӀусамдас аьлла цуьнга: «Дика ду, хьо дика ялхо ву. Хьо кӀезигчу хӀуманна тӀехь тешаме хиларна, хьан куьйгалла кӀел итт гӀала ло ас». ШолгӀачо аьлла: «Эла! Хьан цхьана дашо ахчано пхи дашо ахча пайда бина». «Хьо пхеа гӀалина тӀехь куьйгалла дан хӀоттаво ас», - аьлла паччахьо. Схьавеана, кхозлагӀчо аьлла: «Эла! ХӀара ду хьан дашо ахча, со хьох кхоьру дела, йовлакха юкъахь Іалашдинера ас иза» (Лака 19:15-20).

Олахо оьгІазвахара кхозлагІчу ялхочунна, ткъа цуьнгара цхьа дашо ахча, шегахь долу ахча иттозза совдаьккхинчуьнга дІаделира. Олахочо элира: «Ас боху шуьга: долчунна кхин а тІелур ду, ткъа доцучуьнгара цуьнан данне а доцург а дІадоккхур ду» (26-гІа аят).

ХІокху кицанехь иттаннах веккъа кхаанга олу Іийсас. Юха а эр ду ас, хІокху кицанан лараме болу къастам, хІораммо а ахчанан цхьана барамехь дІадоладора, амма цхьаммо иттозза совдаьккхинера шегахь дерг, вукхо – пхоьазза, ткъа кхозлагІчо шегахь долчунна хІумма а тІе ца тоьхнера бохучуьнца боьзна бу. Вайна го, царна дина совгІат а царах хІораммо а динчуьнга хьаьжжина, вовшех къаьстина хилар.

Цара бинчу кхиамаша церан куьйгаллехь хин йолчу гIалийн барам билгалбаьккхира.

Вайх тешна вайна делларг вай совдаккхаро билгалдоккхур ду, эзар шарахь керла латта а, керла стигала а хин йолчу олаллехь вайн кара кхочун дерг. Тешаме хиллачара Дала леррина Къобалвинчуьнца олалла дийр ду, амма и олалла дар массеран а цхьатерра хир дац. Вайн кхузахь дIагIертаро, билгалбоккху абаденгахь Цуьнца вай дийр долчу олаллин барам. Тидам белаш, цуьнан бухехь ду, вайх хIораммо а цхьатерра долчунна тIера дIадолийра, хIорангахь а цхьа мина ахча дара. Цу тайпана, динан тобанехь дика дIагIертарца гIуллакх деш йолчу тешамечу зудчун а, ненан а, бIе эзарнийн барамехь адам Iийсана тIедерзийна волчу хаза кхаъ кхайкхорхочун санна, цхьатерра таронаш ю.

Оцу кицано боху, хIора адаман йиш ю шегахь дерг дуккхазза а сов болчу барамехь совдаккха. Вайн дахарехь вайх лаьцна аьлча, кIезиг я дукха, вайн лаамехь долччул гIуллакх дан йиш ю вайн Делан Олалла дIахIотторна тIехь: иза вайн харжамехь ду. Билггал аьлча, цу тIехь вайна дуьхьало еш цхьа а хIумма а дац. Цу чIагIдарна тIе ца тан йиш ю шун, амма цхьа масалла далор дара ас. Сан дуккха а дала йиш ю, амма цхьаболчара бен дIайоьллур яц шайн дегнийн неI и синца доьзна долу Iадат тIеэцарна. Цкъа хьалха Кипа-векалан дешнаш дIадеший вай:

> «Дела а, вайн Веза Эла волу Iийса а вовзарехь Делан дика а, синпаргIато а совйолийла шун. Iийсагахь болчу Делан ницкъо оьшуш мел дерг делла вайна баккъалла а суьпа дахархьама …»
> (2 Кипин 1:2, 3).

Делан диканан барам «совбалар» хуьлийла ду вайн дахарехь. Якъуба иштта боху: «Амма Дала кхин а доккха дика дина вайна» (Якъубан 4:6). Делан диканехула бен таро яц вайн Делан Олаллехь лараме долу цхьа хIума дан. И таро Дела уллора вовзарехула совйолу. Цундела Iийсах тешар долчу хIораммо а, Цунах дагавалар долуш хан яккха еза. Вай доIанаш дан деза, Делан Йозанаш деша деза,

Дезачу Синах дуьзна болчара яздина тептарш доьшуш, Делан Сино хьоьхучуьнга ладогIа а деза вай. Вай иза дича, вайн дахарехь долу декъалалла совдолу, вайга кхин а дукха дика дерг дойтуш долу.

Суна гучуделира, Дела а, Цуьнан некъаш а уллора сайна мел девза, аса дийриг а лараме хилар. Вайн дагаран дитт аьрта хилча, дитт хадорхьама, динна де деза. Ткъа иза ирдича, изза ницкъ бен тIе а ца бохуьйтуш, пхи дитт хадалур ду соьга. Изза хуьлу, нагахь вайн дахарехь долу декъалаллаш совдевлча. Ницкъ тIебахийтар кIезиго долуш, гIуллакх дало вайна.

Суна дагадогIу масех шо хьалха Далласехь гомосексуалистийн парад йолуш, урамашкахь кIелхьардовларх болу хаза кхаъ айса кхайкхор. Шина сохьтехь оцу тиладелла лелачу синошна Iийсах лаьцна дийцира аса, ткъа уьш, со кхечу дуьнен чуьра веана волуш санна, хьуьйсура соьга. Аса олу дешнаш, сан багах доллушехь, юхадоьрзура суна, айса пенах корта бетташ санна хеталора суна. Иза, хIу бетон чу дIадер санна долу, хIума дара.

ТIаккха Везачу Эло сан лере элира: «Соьга схьажал, Аса гойтур ду хьуна, хIун дан деза». Цул тIаьхьа йолчу ткъе итт минотехь, со адамашна тIе вигира Цо, аса ала деза дешнаш а луш. ХIинца аса олу дешнаш церан дегнаш чу дужура, кхаа стага шайн дахар Дала леррина къобалвинчу Iийсан кара дIа а делира. Сайн хьажар Дезачу Синна тIе а дерзийна, Цо сан даг чу аьллачу дешнаш тIе ас тидам бахийтаро аса деш долчун ницкъ совбаьккхира.

Иза сайн дахаран ерриг агIонаш тIехь а гора суна. Делан Дош довзар совдаларе терра, аса деш дерг кIезиг йолчу ханна дуккха а сов дар гучудолура. Суна билггал бакъдолчун некъаш карийра, аса дойу сахьташ, денош, ур-атталла беттанаш а юха а дохуш. Аса дечу доIанийн ницкъ совбелира, Дела уллохь хилар хаадалар совдолура, адамийн дахар хийцадалар гучудолура. Делан Йозанаша ваIда до:

> «Везачу Эле ларамах вуьзна хилар – иза хьекъалаллин юьхь ю, ткъа Веза Дела вовзар – кхетам бу. Хьекъалалла долчу соьгахула хьан оьмар а яхлур ю, хьан дахаран шераш а совдевр ду» (Кицанаш 9:10, 11).

Лур ду аьлла ваIда динарг ши хIума ду: шерийн барам совбаккхар, иза ду, дахаран шераш тIетухур ду бохург, иштта шераш совдевр ду бохург, оццу хенан барамехь дуккха а сов гIуллакхаш далур ду бохург ду. «ХIунда аьлча цара хьан дахаран денош дахдийр ду, дахарехь хьуна беркат а лур ду» (Кицанаш 3:2). Авторо Делан Дашна муьтIахь хила дезарх лаьцна боху. Тидам белаш, дехха дахар делла ца Iаш, денош а дахдийр ду бохучун. Иза даро вайн дахаран хан совйоккху.

## СагIа даккхарехула хуьлу совдалар

Дела уллора вовзар хиллачу хIоранна а догайдаларца а, комаьрша а сагIина хIума луш верг хуьлу, Дела а уггар комаьрша сагIа доккхург волу дела. Цо массо а сагIанел деза долу совгIат делла – Шен цхьаъ бен воцу КIант. Iийсал деза хила йиш йолуш хIумма а дацара. Везачу Дала цкъа а ца ло ладаме а, пайденна доцу а совгIаташ. Iийса дIаваларехула, боккхачу барамехь ялта хьакхаре ладоьгIура Цо, иза доьзна дара дуккха а кIентий а, йоIарий а Цуьнан доьзале богIург хиларца.

Тешарца шен дерг дIадалар – иза кхин а цхьа агIо ю шен долахь дерг совдаккхарна, цуьнгахула гуттаренна а адамийн дахар хийцадалар а догIуш, Дас Iийса дIаваларе терра. Iийсас чIагIдора: «Ас боху шуьга, харц дуьненан хьолах пайда а оьцуш, шайна доттагIий лаха. Юха, и хьал шух дуьсур долчу хенахь, Дала Шен даима а лаьттачу цIа чохь тIеоьцур ду шу» (Лака 16:9). Вешан ахча вай нийса дайаре терра хир ду, стиглашкахь, Керлачу Ярушалаймехь вайн хин долу дахар а, и ахча дайинчул тIаьхьа. «Делан Йозанаш тIехь яздина ма-хиллара: Тоам боллуш дIало цо мискачу нахана, ур-атталла абаденналц а лаьтта цуьнан нийсо» (2 Коринтхошка 9:9).

Миска стаг, хьолаца къен хилла а ца Iаш, синца а къен верг ву. Цуьнан долахь миллионашкахь ахча хила тарло, хIетте а синца миска хуьлу иза. Иштачех, масаллина вало мегар долу цхьаъ, Закхей цIе йолу стаг ву. Ша лаьтта ваийтаран бахьана дIадоьллуш, Iийсас элира: «Везачу Элан Са дагца ду Сан. ХIунда аьлча Цо Со къобалвина мискачарна хаза кхаъ кхайкхо» (Лака 4:18). ТIаьхьо гIала чу волу Иза, уггар хьалдолу стаг а каравой, адамийн йоккхачу тобанна хьалха дIа

а хӀоттий, цуьнга иштта олу Ӏийсас: «Тахана хьан цӀахь хила веза Со». Оцу гӀалахь массарал вехаш стаг хиллехь а, синца массарал а миска хиллачух тера ду и Закхей. Кхечу дешнашца аьлча, кхечу хьанна а чул сов хаьара цунна, мел чӀогӀа оьшу шена Дела. Ӏийсас гӀуллакх динчу дуккха а болчу хьалдолчу нахана эшара Делан Дош.

Везачу Элана гӀуллакх дийраш, Ӏийсас дина доллу гӀуллакхаш дан а, мискачарна Делан Дош кхайкхо а, иза хьеха а хьажийна бара. Вайн долахь долчух Далла лерина гӀуллакх дарна дӀадаларца, мискачарна кхачадо вай иза, тӀаккха вай деш долу гӀуллакхаш гуттаренна а хин долчунна хьажийна хуьлу. Лараме дац мел дукха я мел кӀезиг ду шун долахь дерг бохург. Дала дӀадуьйш волчунна лур ду аьлла долу хӀу шун делахь, Делан Олалла дӀахӀотторехь шайн ницкъ тӀебахийтар совдоккхур ду аша.

Муха хуьлу шуна делларг совдаккхар? Схьаоьцур вай Ӏожан хӀу. Иза дӀадийча, цо Ӏежийн стом лур бу шуна. Ткъа уггар коьрта, оцу Ӏежашна чохь долу хӀуш, дуккха а сов хир ду. Нагахь и дерриг а хӀуш дӀадийча, уьш кхин а дуккхазза а совдевр ду, цу тайпана кхиндӀа а чакхе а йоцуш дӀагӀур ду иза иштта. Изза хуьлу вайн хьолаца а. Хьовсал, хӀун боху ПахӀала дӀадаларх лаьцна коринтхошка:

> «Цу тӀе аса боху: кӀезиг дӀадуьйчо – кӀезиг ялта схьагулдийр ду, ткъа комаьршаллица дӀадуьйчо – алссам ялта схьагулдийр ду. ХӀораммо а шен даго боххучул ло, дохко а ца волуш, дала деза аьлла а ца луш. ХӀунда аьлча самукъане а волуш луш верг Далла веза» (2 Коринтхошка 9:6, 7).

Вай хьокхун дерг, вай дӀадийначуьнга терра дебар ду. Тидам белаш, и сацам вайн хила беза, Делан а боцуш. Нагахь вай тешарца а, безамца а комаьрша хила сацам бинехь, вай делларг совдоккхур ду: «ДӀадуьйш волчунна хӀу а, юуш волчунна юург а Кхочуьйтучо шуна а хӀу кхочуьйтур ду, иза алсам а доккхур ду, ткъа шун нийсонца леларехула Цо шортта ялта лур ду» (2 Коринтхошка 9:10).

Везачу Эло вай дӀадийнарг совдоккхур ду, масаллийна далийначу Ӏожан хӀуьнца ма-хиллара. Нагахь вай хӀу дӀадехь, вай дуккха а сов

хьокхур а ду. Иза кхидIа а иштта дIагIур ду, вай комаьршаллица дIадийначо, кхиберш декъалбаллал дукха юхадалар вайна гучу даллалц.

Вай дIаделлачуьнгахула вайн бакъахьараллин стом совбоккхур бу Дала. И ду массо а хIуманал самукъадоккхург. Кхузахь боху, вай сагIина далар хиллачу нахехула вайна гуттаренна хин долу совгIаташ совдевр ду. Билггал аьлча, вай вешан ахча совдоккху, оцу вай лакхахь далийначу кицанехь санна.

## Декъашхо

Вай деллачуьнгахула, къаьсттина вайна юха схьадала таро йоцучарна деллачо, хIокху вайн дахарехь а, Кхел ен йолчу дийнахь а вайна совгIат хилар дохьу. Ткъа Делан Олалла дIахIоттош вай ницкъ тIебахийтар совдаккхарх лаьцна аьлча, иза Iийсас беана хаза кхаъ кхайкхош болчаьрца вай дакъа лацарехула хир ду. Хьовсийша, Пилап-гIаларчу Iийсах тешначаьрга ПахIала хIун боху:

> «Делахь а, аша дика гIуллакх дина, сан баланашкахь дакъа а лаьцна. Пилапхой, шуна хууш ду-кх, со, Македон-махкара ара а ваьлла, хаза кхаъ дIакхайкхо волавеллачу хенахь, шу доцучара цхьана а динан тобано суна хIума ца кховдийра, аша суна гIо ма-дарра. Аша-м со Тассалник-гIалахь волуш а, суна хIума эшча, мосуьйттазза а гIо динера» (Пилапхошка 4:14-16).

Тидам белаш, ПахIала, Iийсах тешначу пилапхойх, шена лерина гIуллакх даран декъашхой ду шу олу. Декъашхой – иза цхьацца адамашна я тобанашна юкъахь кхоллаелла юкъаметтиг ю бохург ду, билгалъяьккхинчу цхьана Iалашонна лерина долу гIуллакх кхочушдарна тIехь вовшахкхета уьш[2]. Дала тIебиллина юкъараллин болх нийсонца кхочушбечу декъашхоша гIо до шинна а агIор болчу нахана, и гIуллакх дарна юкъабаханчарна, цара дийриг дуккха а кхиаме хилийта, царах цхьаммо ша и болх беш хилча хуьлчу кхиамел.

Аса хьалха а яздинера, дуьне мел ду дIа а доьлхуш, массо а халкъашна юкъахь мурдаш кечбе, аьлла тIедиллина вайна Iийсас

бохург. Амма нагахь берриш и тӀедиллина гӀуллакх кхочушдан дӀасабаха боьлча, ахча мичара хир дара оцу гӀуллакхна? (Иза кхин а цхьа бахьана ду, Дала тайп-тайпана похӀманаш а, тӀедилларш а даларан.) Везачу Элан Ӏалашонехь цкъа а дацара оцу гӀуллакхна оьшуш долу ахча маликашкахула далар я стиглара охьадожор. Цо Шен динан тобанна бакъо елла сагӀа даккха, цу тайпана кхоллало декъашхой.

Халкъаш Ӏийсана тӀедерзорна Дала тӀедилларш делла, похӀманаш билгалдаьхна. Хьалха а аьлла ма-хиллара, и Ӏалашо кхочушъяйтархьама, Дала къаьсттина долу похӀманаш, хаарш, билгалдахарш ло. Цу тайпана болу белхаш динан тобанехь болчу массарна а ца кхочу, къастийначарна бен (хь. Эпасхошка 4:11). Ткъа динан тобанера кхечу декъашхошна Цо кхидолу дӀакъасталур доцу дакъа делла тӀедилларца. Оцу декъана юкъа догӀу шайна уллохь беха нах Далла тӀеберзор. Нагахь аша сарралц болх беш белахь, муха кхочушдалур ду шуьга и гӀуллакх? Цунна догӀу жоп ду – декъашхой хиларехула.

Нагахь шун карахь адаман дахар хийцалур долу гӀирс белхьара, амма иза шуьга баттахь шозза бен арахецалург ца хилча, тӀаккха и шайн гӀирс гӀалахь, махкахь я дуьнен чохь дӀасабаржо йиш хир яцара шун. Амма цхьа кхин компани елхьара, и сурсат баттахь эзарнашкахь арахецарца, иза кхолларна а, дӀасадаржорна а лерина гӀо деш йолу, шу оцу компанин декъашхой хилла юкъагӀур дара. И дарца, аша и гӀирс (шех лаьцна тоьшалла дар) шина стагана кхачийна а ца Ӏаш, эзар стагана кхачор бара. Оцу тайпана долчу дакъа лацарехула, аша, шайна тӀедиллинарг сов болчу барамехь а деш, кхиам боккхур бу.

Билггал, кхочушдан атта долу и масалла догӀу ПахӀала пилапхошка дийцинчунна. КхидӀа цо боху: «Сайна совгӀаташ дайтар ца лоьху аса. Мелхо а аша динчу дикачу гӀуллакхийн кехатна тӀе кхин а совдолу хӀуманаш дӀаяздина хилар лоьху аса» (Пилапхошка 4:17).

Тидам белаш оцу дешнийн «кхин а совдолу хӀуманаш». Ӏийсах тешначу пилапхоша шайн ницкъ адамийн синош Далла тӀедерзорна а, уьш Ӏаморна а тӀебохуьйтура, ПахӀала дечу гӀуллакхна оьшуш долу ахча

дахьийтарца. Дуьнен чуьра дӀадер долчун гӀоьнца, иза абаденгахь карон долчунна дӀадерзадора цара, и гӀуллакх дар алсам а доккхуш.

Цу тайпанчу гӀуллакхан декъашхой шу хилча, декъалаллийн ялта хьакхар хир ду шун, и дерриг а шуна тӀе а яздеш. Иза стиглашкахь шуна карон дерг ду. Дала леррина Къобалвинчун Кхелана хьалха дӀахӀиттича, шайн балха тӀехь, лулахошца, школехь иштта кхечу меттигашкахь адамаш Далла тӀедерзорна тӀехь аша бинчу балхана хилла а ца Ӏаш, амма кхечу Далла гӀуллакх дечу наха эзарнашкахь а, миллионашкахь а долу адам тӀедерзош бинчу балхана аша гӀо дарна а совгӀат хир ду шуна. И бахьанехь Делан Йозанаша боху вайга: «Хьайн бепиг хин тӀехула дӀахеца, ткъа шен хан тӀекхаьчча, иза юха карор ду хьуна» (Устаз 11:1, 2).

Шен хен-хенахь Далла лерина дечу гӀуллакхашна хьажош аша дӀадаларехула (шайн меттигара динан тобанаш юкъа а ялош), цаьргахула адамаш Далла тӀедерзорна леринчу гӀуллакххехь дакъалоцу аша. Оцу дерриг гӀуллакхийн дакъа догӀу шуна, шу а церан декъашхой долу дела. Хаза кхаъ хӀара бу: дуккха а дӀадаларе хьаьжжина, доккха совгӀат а хир ду хьуна. Шуна хаа деза: Дала аша деллачун мах цуьнан бараме хьаьжна а доцуш, амма и луш дерг аша муьтӀахь хиларца даларе хьаьжжина хадош хилар. Да волу Дела аша цӀенчу даггара луш долчуьнга хьожу. Цунна дезарг а, Цо декъалдийриг а билггал иза ду, деллачун барам а боцуш. Масала, цхьаммо тешаме хиларца Далла леринчу гӀуллакхна хӀора баттахь ткъе итт доллар дала там бу, шена оьшучунна эшам хилахь а. Иштта делларг дуккха а мехала лору Дала, шен дуккха долчух луш долчул, хӀунда аьлча иза адаман дахарна оьшучун дакъа ду. Ткъа вукхо хӀора баттахь сагӀина лерина эзар доллар дала мега, шен дуккха а долчух а луш. Иза ша эшамехь воллушехь делларг ца хуьлу. И шиъа а сагӀа деза а, мехала а ду Далла гергахь, амма сагӀина делла ткъе итт доллар дезахо хета Далла. И билггал бакъдерг дӀадоьллу шен ши цӀеста ахча деллачу йисина Ӏаш йолчу зудчо сагӀина деанчух лаьцна долчу дийцаро (хь. Марк 12:41-44).

Вайна дагахь латта деза, вай делларг, Дала вай дуьнен чохь йоккхучу хенахь а алсамдоккхуш хилар. Делан Йозанаша чӀагӀдо:

«Комаьрша волчунна кхин а алссам хӀума тӀедогӀу, амма сутара хиларо къоьлла тӀеялайо (Кицанаш 11:24). Ойла елаш: аша сагӀина делларг абаденгахь совдаьлла а ца Ӏаш, и совдалар вай кху дуьнен чохь долуш а хуьлу, цу тайпана кхин а дуккха а дала таро а хуьлуьйтуш. И цикл даима а карла а йолуш, сов а йолуш лаьтта.

Ткъе ши шо хьалха суна евзачу цхьана бизнесменийн тобано, цхьаьна а кхетта, чӀагӀо йира шаьш шайна тӀедогӀучух цхьацца дакъа Хаза Кхаъ кхайкхорна лерина лур ду, аьлла. Иза кӀезиг долчунна тӀера дӀадоладелира, амма шо мел долу ахчанан барам совболура. Уьш тешаме болуш бисира шаьш луш долчунна тӀехь а, оцу гӀуллакхан декъашхой хиларна тӀехь а. Хьалхарчу шийтта шарахь церан таро шоръелира, ур-атталла цхьа 120 миллион доллар дала таро а хуьлуш, Хаза кхаъ кхайкхоран гӀуллакхна. Шайгахь дерг схьа а эцна, иза Делан Олалла хӀотторан Ӏалашонна совдаккхар бахьанехь, царна доккха совгӀат хир ду.

Динан тобанашкахь дуккха а божарий а, зударий а бу, шайн кхиаме бизнес йолуш, амма царах дукхаха болчара шаьш доккхуш долчух цхьа кӀеззиг долу дакъа а бен ца хьажадо Делан Олалла дӀахӀотторан гӀуллакхна. Юкъараллехь болчийн бӀаьргашкахь и нах кхиаме белахь а, Везачу Элан хьажар муха хир ду те, цара шайн хьашташна дитинчуьнга Иза хьаьжча? Цара шайн балха тӀехь миллионаш даьккхина хиллехь а, цхьатерра хир дуй те церан кхеле озор, оцу цхьа мина-ахча бен ца хиллачуьнца? Делан Олалла хӀотторан дуьхьа шайна делла хилларг, цара сов ца далийтира. Иштта бехарш абаденгарчу дахаре сатийсарца бехаш бац.

Дукха хан йоццуш, оха Далла лерина дӀахьочу гӀуллакхна наг-наггахь ахча луш волчу цхьана бизнесменца гольфах ловзуш вара со. Тхо левзина девлча со отеле вигира цо. Тхо новкъахь дӀадоьлхуш, цо элира соьга: «Джон, сан шовзткъе итт шо кхочуш ду. Сайн ницкъ мел кхочу болх бора аса, исс миллион долларна йогӀу активаш хуьлуш, сайн компани дӀайиллира аса. Дерриг дика ду сан, бизнес ша дӀаоьхуш ю, сан доьзалан дахар дика дӀатарделла. Сан хӀун гӀуллакх ду, сайна бала а беш, сайн дахаран кхиндӀа долу итт шо болх

беш дайа, сайн компанин активаш ткъе иттан я шовзткъан бараме кхачорхьама?»

Со кхийтира, Делан цӀа дӀахӀотторехь ша ларaме декъашхо ву аьлла ца гора цунна бохучух. Цунна гора Делан Олалла дӀахӀотторехь со ларaме волу декъашхо хилар, амма бизнесмен хиларехула ша а мехала вуйла ца гора цунна.

Аса сихха хаттарна хаттар луш жоп делира цунна: «Хьажахь, аса хьоьга иштта ала тарлора: «Сайн ницкъ ма-кхоччу къахьийгира аса, аса вуьрхӀитта тептар яздина, ворхӀ миллион километр некъ бина, эзар динан хьехам бина. ГӀуллакхаш дӀадоьду, Далла лерина деш долу гӀуллакх кхиаме долуш, ша дӀадоьду, со, сан зуда дика дӀатарделла. Сан хӀун гӀуллакх ду, сайна бала а беш, кхин тептарш яздан а, кхин а некъ беш, кхин а сов хьехамаш беш лела? Муха хета хьуна, Ӏийсас хӀун жоп лур дара цунна?»

Цо, вела а велла, элира: «Хьан меттахь хила луур дацара суна, хьо Цунна дуьхьал дӀахӀоьттича».

Аса цу сохьта жоп делира: «Билггал и ду-кх ахьа бохург!»

Аса ойла ян хан елира цунна, тӀаккха иштта а олуш: «Ӏийсас похӀманаш делла суна Шен Олалла дӀахӀотточу гӀуллакхна – динан хьехамаш бан а, тептарш яздан а. Хьуна а делла Ӏийсас Цуьнан Олалла дӀахӀотторна похӀма – и Олалла дӀахӀотторна догӀу ахча даккхар. Хьуна дерриг а сурт ца го. Айса Везачу Элан дуьхьа дечу гӀуллакхаш тӀехь хьан муьтӀахь хиларца я и муьтӀахь хилар кхачаме ца хиларца хьох воьзна ву со, оццу тайпана хир дара, сайн бага аса дӀакъовлар бахьанехь, нахана динан хьехам аса ца бича а, я и хьехамаш бан безачу нахана со тӀе а ца вахлуш, сан когаш лелаш бацахьара а». Сан накъост инзарваьллера.

Цхьа ах шо даьлча телефон а тоьхна, цуьнан гӀуллакхаш муха ду хаьттира аса. Цо жоп делира: «Джон, хӀора дийнахь ахьа соьга ах шо хьалха аьлла дешнаш дагара ца довлура суна, дикачу агӀор ларарца. Оцу ерриг хенахь сайн ницкъ мел бу къахьоьгуш ву со, дуккха а даккха а даьккхина, дуккха а дӀадалархьама». Суна тамехь ду цуьнан муьтӀахь хилар.

Кхечу агӀор аьлча, суна а, сан зудчунна а вевзаш цхьа стаг ву тхан меттигарчу динан тобанера, оьшучу меттехь массанхьа а жигара дакъа лоцу цо Далла лерина гӀуллакх дарехь. Цунна хаьа шена тӀедиллинарг оцу гӀуллакхна ерриг хан дӀаялар а доцуш, бизнес лелор дуйла. Цо шена хьалха Ӏалашо хӀоттийна, шена догӀучух итт процент ахча дахарна оьшучу хьашташна а дойуш, езткъе итт процент Делан гӀуллакхна дӀадала. Тхан вевзачу оцу стага кхочушйина и Ӏалашо. Оцу итт процентана вахар долуш, цуьнан дукха езачех йолу машин а ю, дукха нисделла цӀа а ду. Далла лерина гӀуллакх даран декъашхо иза хиларо цуьнан бизнес а кхиаме хилийтина, цу тайпана и дисина итт процент ахча совдалар хилла. Цо Ӏийсас хьехнарг тӀеийцира: кӀезиг долчунна тӀехь тешаме верг, доккхачунна тӀехь а тешаме хир ву.

Декъашхо хилар дика хӀума хиларан кхин а цхьа бахьана ду, вайна дика гӀуллакх дина болу, Далла лерина гӀуллакх дийраш декъалбан таро хуьлу вайн. ПахӀала чӀагӀдо: «Шун синошна оьшуш долу хӀу оха тесна хилча, тӀех зе дой те оха шуна, тхайн дегӀана оьшуш долу ялта шуьгара хьаькхча? Кхечеран а шуна юкъахь иштта бакъонаш хилча, ткъа тхан церан чул а сов яц и бакъонаш?» (1 Коринтхошка 9:11, 12)

Иза вайна юкъахь а ма-хиллара ду. Шайн накъостера совгӀат кхаьчча, аша цуьнга яздина баркаллин кехат кхечуьнга дохьуьйтур ма дац. Аша шайна и совгӀат динчуьнга баркалла эр ду, цу тайпана шайн юкъаметтиг чӀагӀъеш. Дала и дерриг цу тайпана нисдина цхьа билггал йолчу Ӏалашонца. Динца доьзна дечу оцу гӀуллакхна юкъа дуккха а адам даладаре терра, ахча оьшу агӀо а совйолу. Иштта, цу гӀуллакхна юкъа мел вогӀучо, шегара ахча делча (иза ур-атталла ши цӀеста ахча а бен дацахь а), Далла лерина деш долчу гӀуллакхна оьшу и ахча тоам болуш хир ду, и гӀуллакх кхиндӀа а шорлуш.

Ша пилапхошка аьллачун жамӀ деш, ПахӀала яздо:

> «ХӀинца шортта хӀума ду сан. Оьшург дерриг а долуш ду, аша мел даийтина совгӀаташ Эпар-Падатис соьга схьакхачийна. Далла доккху хаза хьожа йогӀу сагӀа санна ду и совгӀат, Дела цунна реза ву. Сан Дала Ша леррина къобалвинчу Ӏийсагахула Шен долчу сийлахьчу хьолаца шуна мел оьшург лур ду» (Пилапхошка 4:18, 19).

Дала, Ша хьалдолуш хиларе терра, оьшуш мел дерг лур ду аьлларг, Далла лерина гӀуллакх дечийн декъашхо волчунна луш ду. Нагахь шайна тӀедогӀучу хьолах итталгӀа дакъа дӀа а луш, Далла леринчу гӀуллакхан декъашхой шу делахь, шун чӀагӀонца латта йиш хир ю оцу Дала лур ду аьллачунна тӀехь. Шу цкъа а хир дац эшамехь.

## ДоӀанаш дарехула совдаккхар

Кхин а цхьа некъ бу совдаккхарна тӀе – иза доӀанаш дар ду. ДӀадаларе терра, вайна стиглашкахь бен гур доцучу цхьацца адамашна, доьзалшна, динан тобанашна, гӀаланашна, халкъашна тӀера доӀанаш вай дарехула а, вай гуттаренна а оцу адамийн дегнаш а, дахар а хийцадалар даийта тарло. Динан тобанийн тхьамданашна тӀера доӀанаш вай дарехула а кхечу адамийн дегнаш хийцадалар хила а тарло. Вай дечу гӀуллакхан декъашхошна юкъабогӀу ахчанца а, иштта доӀанаш дарца а гӀо дийраш. ДоӀанаш дарца декъашхо хуьлчо хӀора денна доӀанаш дар тӀелоцу «Дуьненъюкъара векал» бохучу Далла гӀуллакх дечарна тӀера.

Суна тӀе кест-кеста богӀу нах: «Аса хӀора дийнахь доӀанаш до хьуна тӀера», - олуш. Суна билгалдаккхало, цара баккъалла а деш ду иза я алархьама боху цара иза, бохург. Даггара доӀанаш дечаьрга аса олу: «Иза уггар доккха гӀо ду тхан гӀуллакхна!» Иза бакъ ду! Нагахь цхьаммо доӀа деш делахь, дуккха а долчу адамийн дахар хийцадала йиш ю. ДоӀанашкахула Дала дегнаш чохь лаам кхоллаболуьйту Шена лерина дечу гӀуллакхна ахча дала, цундела нагахь доӀанаш даран я ахча даларан декъашхошна юкъахь аса харжам бан безахьара, аса цкъа хьалха доӀанаш даран декъашхо хоржур вара. Делахь а, иза а, важа а оьшуш дерг ду.

## Делан гӀуллакх дечарна гӀо дарехула хуьлу совдалар

Шен ахча совдаккхаран кхин агӀо – Далла гӀуллакх дечарна гӀо дар ю. Суна а, Лизина а даима а дагахь лаьтта тхан организацина гӀо дина а, болх бина а болу нах, царна а доккха совгӀат хир ду оцу гӀуллакхехула дахар хийцадалар хиллачу хӀоранна а тӀера.

Дауда шеца тӀамера юхабирзинчу нахе аьллачу дешнашкахула хаьа суна иза. Шамъал цӀе йолчу тептаран 30-чу коьртан аяташ тӀехь, Дауд амаликахошна тӀаьхьаваларх лаьцна доьшу вай, цара йийсаре бигнарш а, шайн эскаран долахь долчух цара лачкъийнарг а юхадерзорхьама. Даудаца шайн меттаматте юхабирзинчу цхьаболчу тӀемалошна ца лиира шайца бахана боцучу, амма диснарг лардеш бисинчу тӀемалошца шаьш яьккхина ижу екъа. Амма Дауда аьллачуьнга ладогӀалаш:

> «ТӀамтӀе баханчарна санна, дакъа догӀу тӀеман гӀирс ларбеш Ӏийначарна а: хӀума массарна а юкъахь декъа деза. Цу хенахь дуьйна Исраилан махкахь Дауда, цу тайпана нийсо хила еза аьлла, дӀахӀоттийра. Иза хӀара де тӀекхаччалц схьадогӀуш а ду» (Шамъал 30:24,25).

Дауд – Ӏийсан вастехь вара. Цундела «Цу хенахь дуьйна Исраилан махкахь Дауда, цу тайпана нийсо хила еза аьлла, дӀахӀоттийра. Иза хӀара де тӀекхаччалц схьадогӀуш а ду», бохучу дешнаша соьга а боху, иза тахана а билггал догӀуш ду Ӏийсана а, Цуьнан Тобанна а. Далла лерина долчу гӀуллакххехула мел динарг, динан тобанийн куьйгалхошна хилла а ца Ӏаш, тешаме хиларца динан хьехамаш бинчарна, шайн долахь долчух дӀаделлачарна, доӀанаш динчарна диканна лору, уьш оцу тӀом бечу аренгахь гуш ца хиллехь а.

## Лараме ду ша дийриг кхачаме дар

Вай лакхахь дийцира, Далла лерина деш долу гӀуллакх ларамца кхочушдар, коьрта долу, вайна хин долу совгӀат билгалдоккхуш долу хӀума ду, аьлла. Вай деш долу гӀуллакхаш лараме хилла а ца Ӏаш, уьш муьлхачу Ӏалашонца динера бохург а, иштта мухачу дагца вай и динера бохург а лорур ду. Дала боху: «Нагахь, Соьга ла а доьгӀна, Ас бохург аша тӀеэцахь, лаьтто кхиийна уггар диканиг дуур ду аша» (ЕшаӀ-ЯхӀу 1:19).

Сайн Делаца йолчу уьйрана йоькъана хӀоьттинчу санна суна хаадалар хилла хан дагайогӀу суна. Хеталора, динан тобанехь бечу хьехамаша суна хӀумма а луш дац аьлла, къаьсттина сайн динан тхьамдано бечу

хьехамаша. Билггал аьлча, Делах лаьцна долу сан хаарш лакха ца долура. БархI эзар адам долчу динан тобанехь сайн тхьамдан куьйгаллехь аса болх бечу хенахь, цунна реза ца хилар тIехдолура сан. Цхьана Iуьйранна доIа дечу хенахь Дала элира сан лере: «Цуьнан бахьана оцу хьехамхочуьнца доьзна дац, иза хьоьца доьзна ду».

Со инзарвелира: «И бахьана соьца доьзна хIунда ду?», – аьлла.

Везачу Эло хьаьттира соьга, ЕшаI-ЯхIу-пайхамаран тептаран (1:19) аят тIехь стенах лаьцна яздина ду. Аса дIаэлира и аят, иза суна дагахь нууш долу дела. ТIаккха Цо элира: «Иза ду хьан бахьана. Ахьа даима а боху, суна керла хаарш ца хуьлу, и бакъ а ду, хIунда аьлча лаьтто кхиийна уггар диканиг ца доу ахьа».

Аса цу сохьта дуьхьало йира: «Со муьтIахь а ву, сайн хьехамчо де бохург, дерриг кхочуш а до ас!», – аьлла.

Везачу Эло жоп делира: «Ас ца аьллера, нагахь хьо муьтIахь хилахь – дуур ду ахьа лаьтто кхиийна диканиг. Ас элира: «Нагахь Соьга ла а доьгIна, тIеэцахь ...».

Кхин а Цо элира: «МуьтIахь хилар, ахьа дечу гIуллакхашца доьзна ду, ткъа лаам – хьан Iалашонца, амма хьан Iалашоно боьха хьожа йоуьйту!»

Везачу Эло кхидIа а дIадоьллура, сан муьтIахь хилар муха ду а, аса хьехам тIеэцар моттаргIаш ярца хилар а, оццу хенахь сайн динан хьехамчина со реза ца хилар а, аса цуьнах бехкбаккхар а ша долччохь дуьсура, оцу агIоно новкъарло йора аса дечу гIуллакхан нийса Iалашо хиларна.

Со цу сохьта дохковелира, суо бакъ ца хилар тIе а оьцуш, тIаккха, цул тIахьа хиллачу хьехамашка ас ладугIуш, суна стигланаш дIаеллаелира, суна юха а стиглашкара долу хаарш деара. Динан хьехамчо хьехам бечу ханна, бIаьрхиш охьаоьхура сан, сан хьажар нийса ца хиларна, айса схьа ца оьцуш дитина хаарш бахьанехь. Цул тIаьхьа, дукха ца Iаш, ПахIала Дезачу Синах вузарца аьллачу хIокху дешнех кхийтира со: «Иза аса яздинера, шу зийначул тIаьхьа, шу массо а хIуманна тIехь соьга ладугIуш дуй те хьажархьама» (2 Коринтхошка 2:9, Шордина гочдар).

Со кхийтира, Шен лаамна муьтIахь хилар вай муха тIеоьцу бохург, Дала зуьйр хиларх. Аса хIинца бохург дац, иблисо вайна хьоьхучу массо хIуманна а собаре хила деза бохург. Цунах вай паргIатдахархьама, Iийсас беза мах белла. ДоIанаш дарехула а, тешарехула а, Делан Дош даре дарехула а вайн йолчу чIагIонца иблисана дуьхьалдовла деза вай. Аса бохург, Далла луучу некъа вай довла дезар, аша тIе муха оьцу бохучух лаьцна ду. ПахIала боху: (Шайн дегнаш чохь Дала леррина къобалвина Iийса санна хилалаш» (Пилапхошка 2:5). Шен Дас Шена кечбинчу кедара мелла а ца Iаш, кийчча хиларца кхочушдира Iийсас иза. Цундела боху вайга ПахIала «даима а синан хьекъалца карладовлалаш (иза хьекъалца а, синошца а карладовларх лаьцна боху цо)» (Эпасхошка 4:23).

ХIунда? Вайн хьажар вай хIитточу Iалашонашца доьзна хуьлу дела, ткъа кхел ечу дийнахь вай динчу гIуллакхашка хьаьжжина хилла а ца Iаш, уьш вай даран Iалашонга хьаьжжина а лур ду совгIаташ. Кхин цкъа а деший вай ПахIалан дешнаш:

> «ХIунда аьлча вай дерриш а Дала леррина Къобалвинчун кхелана хьалха дIахIитта дезаш ду. Вайх хIораммо а вайн кху дегIа чохь дехачу хенахь динчуьнга хьаьжжина, дика я вон и делахь а, доггIург схьаоьцур ду» (2 Коринтхошка 5:10, Шордина гочдар).

Сан дог духу, шаьш Далла гIуллакх деш доллушехь, адамаш къаьхьаллех дузар гича. Ницкъах а бовлуш, цара и гIуллакх кхидIа а деш делахь а, шайна абаденгахь хин долчух бовлу уьш, ткъа цара и гIуллакх даран Iалашо – хьагI хилар, шайна пайден дерг лахар хуьлу. Суна схьахетарехь, кхечу массо а агIонал и бахьана совдаларна хуьлу, юьхьанца даггара Далла тIегIертарх буьзна хиллачу нехан дIагIертар диканца чекх ца далар. Цундела дина вайга хIара дIахьедар: «Къаьсттина тидаме хила шайна юкъара цхьаъ Делан диканах дIа ца къастийта, къаьхьачу орамах дIаьвше маргIал хьала а даьлла, цуьнга дуккха нахана зен ца дайта» (Iебархошка 12:15).

Тидаме эцалаш, «дуккха» болчу нахана зен ца дайта бохург. Ткъа шарахь айса Далла лерина гIуллакх деш, со юх-юха а теш хуьлура, и

къаьхьа орам дӀасабаржаран, оцу гӀуллакхо даима а дог дохадора сан. Делан Йозанийн Шуьйра динчу гочдаро иштта догайдалар дохьу: «Хиндерг довзарна тӀехь Ӏамар хилийта (вовшашка хьажа)». Вай вовшашка иштта дешнаш ала деза, цхьацца бохамечу киртигех кӀелхьардовлархьама, вайна безачийн эгар я уьш эшамехь хилар хуьлчу хенахь, и къаьхьа орам шен хеннахь дӀа ца баккхарна, шайна догӀуш долу совгӀат цара дуьззина схьаэцар а ца хуьлуш.

Со, сан зуда къаьсттина тидаме хуьлу тхайн берашца а, белхалошца а. Тхуна тӀехь кест-кеста дӀасадахар хиларна, Дала тхан берашна Шен дика ло иза лан. Амма шайна деллачу оцу диканах уьш бовла ца лаьа тхуна. Оха церан догъойу дешнаш олу цаьрга, церан вовшашца йолу уьйр ларъйо, уьш чӀагӀо йолуш кхиарна тӀехь гӀо а до царна.

Суна дагадогӀу аса цкъа сайн веа кӀанте иштта аьлла: «Бераш, шуна шайна хаьа, со хӀора баттахь масех денна цӀера волуш хилар, шун нана а ца хуьлу масех дийнахь цӀахь. Тхо дӀасадоьлху, Дала иза тхайна тӀедиллина дела. Оццу тайпана лиъна Далла тхоьгахула дуккха а адамийн дахарехь хийцадалар хилийта Шен сийлаллин дуьхьа а, Шен Олалла дӀахӀотторхьама а».

КхидӀа аса цаьрга элира: «Оцу тӀедилларе массо а тайпана хьожийла ду. Шун цуьнга хьажа йиш ю, шун да-нана шайгара дӀаоьцуш санна, шайн доьзалехь хила ма-дезза шун дахар а ца хуьлуьйтуш. Я шун цуьнга хьажар хила тарло, и тӀедиллар шайна а лерина долуш санна, шун дена-нанна тӀедиллина хилла а ца Ӏаш. Далла лерина аша а гӀуллакх дар санна лара мегар ду иза, шайн да-нана, хӀу санна, аша «дӀадуьйчу» хенахь, уьш эзарнийн адамийн дахаре дӀа а хьажош, Делан Ӏалашонаш кхочушъяр совдалийтархьама. Шун хьажар иштта хилахь, оха болх бинчу хӀора синна тӀера Кхел ечу дийнахь совгӀат хир ду шуна. Нагахь шун хьажар шайгара да-нана дӀаэцна долуш санна хилахь, оцу нахах догӀу совгӀат хир дац шуна. Цу тайпана, сан кӀентий, дерриг оцу хьажар бохучу дашца доьзна ду.

Аса шайга аьлларг схьа а лаьцна, кхин цкъа а тхан дӀасадаха дезарна шаьш реза ца хилар ца хаийтира цара. Билггал аьлча, тхо цхьанхьа даха дезар тӀехӀоьттича, оха цуьнан гӀайгӀанца ойла ечу

хенахь, шуьга дуьйла бохуш хилча даха деза шу, олий, со а, Лиза а иркарахӀиттадора цара. Тхан чӀогӀа дика юкъаметтиг ю тхайн хӀора кӀантаца, царна массарна а Дела а веза, уьш берриш а тхоьца цхьаьна Далла лерина гӀуллакх деш бу. Хастам хуьлийла Далла Цуьнан инзаречу диканан дуьхьа. ХӀинццехь дуьйна, шаьш кегий боллушехь, цара шайн цӀеста ахчанаш совдохуш ду.

Изза элира аса сайн белхалошка а: «Шун йиш ю хӀара болх кхиболу белхаш санна тӀеэца, тӀаккха эххар кӀаддалар а деана, шу къаьхьаллех дузур ду, ткъа Кхел ечу дийнахь шуна совгӀат дар хир дац. Я миллионашкахь долчу адамийн дегнаш хийцадалийта йиш хилар санна тӀеэца а йиш ю шун и болх. Аша дӀасадахьийтина хӀора тептар а, хӀора кехат а, цунна жоп дала аша гӀо дина долу, аша социальни сетешкахула Далла тӀеверзийна хӀора стаг а, аша вовшахтоьхна болу хӀора динан гулам а, уьш ерриш а Дала бечу балха тӀехь аша гӀо дарца лараме дакъа лаьцна агӀонаш ю. Шу, Даудан эскархой санна ду, церан меттамотт ларбина болу». Оцу нехан хьажар дика ду, цара сан дешнаш тӀеэцна дела. Ас беш болу динан тобанан куьйгалхочун болх – дахаран дешнаш дӀахьедар ду, дахарехь нийса хьажар хиларна гӀо деш долу, и дерриг кхочушхиларх жоп далар царна тӀехь делахь а.

И хьажар нийса хилар лардарца, вайн йиш ю вешан цӀеста ахча совдаккха, цунах дика тӀаьхьарло а хуьлуьйтуш. Дала Шен цӀа дӀахӀоттош ду, ткъа вайна дахарехь гӀоли йолу агӀо кхаьчна Цуьнан белхалой хиларехула. Цу тайпана, бен дац, мел лараме боцу кӀезиг бу аьлла хета болх аша беш бу бохург, дагахь латтаделаш, хӀора дакъа а лараме хилар, ткъа иза пайден бу я пайден бац бохучуьн къастам шаьш бе. Со шух тешна хиларх лаьцна Яхьъя-векалан дешнашца эр ду ас: «Къа а хьегна, вай даьккхинарг, дайа а ца дойуш, цунах юьззина ял шайна схьаэца хьовсалаш» (2 Яхьъя 8).

КОРТА 14

# Шен Iаткъам Бар

*Ткъа хьо аса бечу хьехамашна а, сан дахаран кепана а реза хилира. Сан Iалашонех а, сан тешарх а, сан собарх а, безамах а, доьналлех а масал ийцира ахь.*

– 2 Тимапига 3:10, ингалс маттера гочдар

Адамийн дахарна вай Iаткъам баре хьаьжжина хир ду абаденгахь вайна совгIат хилар я эшамехь вай хилар. Иза, динан хьехамаш беш болчаьрца доьзна хилла а ца Iаш, вайн вешан хьажарца а, вайн дахаре хьаьжна а, адамашца вайн йолчу юкъаметтигца а доьзна хуьлу, ткъа оцу агIонаша а лараме йолу меттиг дIалоцу оцу гIуллакх тIехь.

Вайн адамашца кхоллалуш йолу юкъаметтиг, хуьлийла иза вовшахтухуш я декъадалар дохьуш ерг, вай адамаш муха тIеоьцу бохучуьнца доьзна хуьлу. Нагахь вай цаьрга ца дашарца хьежахь, тIаккха цуьнга терра, вешан дешнашца цаьрга болу ца ларам гойтур бу вай, церан хьаштех а кхетар дац вай. Нагахь вайн адаме ларам хилча, даггара болчу безамца а, къинхетамца а церан дахар чIагIдалар а, иза дика хилар а лоьхур ду вай.

Нагахь нахе, уьш цхьа гIирс болуш санна вай хьажахь, вай уьш вешан Iалашоне терра тIеоьцур бу, тIаккха вай вешан лаамехь дерг, вешан хьашташ кхочушдар хьалхадоккхур ду, оцу адамел. Нагахь вай нахе, уьш Дала Шен вастехь кхоьллина долу, беза мах болчу адамашка санна хьажахь, вайн Iалашо хир ю уьш декъалбар, ур-атталла наггахь ваьшна эшам хуьлу агIо иза хилахь а. Иза ю Iийсана тIаьхьахIоьттинчийн леларан амал.

# Ша-шен бен ца везаро кхуллург

Іийса даг чу эцале хьалха, со чІогІа сайн бен ойла яр доцу стаг вара. 1979-чу шарахь Іийсах тешар сан хиллачул тІаьхьа Дезачу Синан боккха болх бан бийзира сан амалера и агІо дІаяккхарна тІехь. Дала леррина Къобалвинчух тешар сан хиллачу хьалхарчу итт шарахь суна чохь тІом лаьттина хиларх лаьцна-м дийца а ца оьшу.

Сан дахарехь вочу амалех цхьаъ яра, дегІан хьаьйна лаамаш сан хилар. Порнографи хьажар сайна дезарна, цунна дуьхьалвалар уггар хала гІуллакх ду аьлла хетара суна. Ялх шарахь цунна дуьхьало еш тІом бинчул тІаьхьа, деа дийнахь марха кхаьбча, 1985-чу шарахь со паргІатвелира сайн оцу агІонах. И паргІатвалар ма-деъана, суна чохь синкхетам карлабаларан болх дІаболабелира.

КхидІа долчу масех шарахь сайна чохь хиллачу оцу вочу агІонан орам гучубелира суна. Делан безам совбуьйлуш лаьттара сан даг чохь, тІаккха Дала кхоьллина долу адам беза мах болуш хилар хаадалар кхиндІа а совдуьйлура суна чохь. Со кхийтира, сан дегІан хьаьйна лаам хиларан бахьана, со сайна везар аса тІехдаккхарца доьзна хиларх. Кхечу зудчуьнга лаамца хьажар, и зуда жижиган цхьа дакъа бен дац аьлла хетар санна хІума ду, иза чІогІа ца дезаделира сан дагна.

Зуда а Делан вастехь кхоьллина а йолуш, сийлаллехь, сийдарехь иза хилар дІаделладалар чІагІделира суна чохь. Суна иза хууш долу-м дуккха хан яра, амма и хаар сан кхетамехь тІехула дара, иза сан даг чохь дацара. Цхьа хан яьлча Дала адаман даг чу билггал хийцар дохьуш, болх беш хилар гира суна. Сайна хьалха порнографи йолу сурт хІоьттича, рекламехь я журналан хьалхарчу агІонна тІехь, я телевизор чохь, дог керчар догІура суна, тІаккха Іийсас цуьнан дуьхьа а Шен цІий Іанийна долу и адам, жижиган цхьана декъан мехал бен ца лараро синтембар дохьура суна. Иштта хеталора суна зудчун мах хадорах долу дІаделладалар суна чохь сов мел долу.

Со цецвуьйлу ур-атталла динан тобанашкахь а божарийн зударшка долчу хьажарх. Уьш лакхара охьа хьовсу цаьрга, цу зударийн лахара мах хадош санна, шайн цадашар а гойтуш. Иза цхьа а доцург ду.

Божаршна, зударшна цхьатерра догӀу Делан Олаллин тӀаьхьалла. Божарий ницкъ сов болуш кхоьллина (иза синца а, дегнашца а доцуш, дегӀаца ницкъ болуш хилар ду), цара зударий шайл лакхара лара беза. Божарша зударий лара а беза, уьш мехала хета а беза, Ӏалашбан а беза, церан кхолламехь дакъа лаца а деза. Божарий – шу шуна юкъахь кхоллабеллачу бартан кортош ду, амма Делан Олаллехь коьрталла бохург, шайн доьзалан дуьхьа вала а кийча хилар, цунна лерина гӀуллакх дар бохург ду, шайн зударшна а, берашна а тӀехь аша олалла дан деза бохург а доцуш. Нагахь шайн коьрталла, шайн зударел шаьш лакхара ларар ду аьлла шуна хетахь, шун кхоллалур йолчу юкъаметтиго царна дегалазам, бохам бохьур бу. Ткъа Кхелехь аша цунах жоп дала дезар ду.

## Ша тӀеэцна хилийтаре болу хьагам

Со-сайна везар ас тӀехдаккхар долчу сан амалан кхин а цхьа агӀо гайтира суна Дала. ДезткъалгӀа шераш юккъе дахханчу хенахь, виъ бӀе белхало волчу цхьана динан тобанехь гӀуллакх деш вара со. Тхан динан тобанехь бархӀ эзар сов адам дара, берриг махкарчу кхечу эзарнийн динан тобанашца боьзна бара тхан болх.

Цу хенахь цхьа а тайпана барт буху агӀо ца езара суна, сайн ма хуьллу, цунах уьдура со. Адамашца чӀогӀа безаме, лараме хуьлура со. Муьлххачу хенахь а нахана тамехь долу дешнаш олура аса, ур-атталла уьш догӀуш ца хилча а. Офисехь болх бечу белхалошна юкъахь со уггар кӀеда-мерза ву бохучунна тӀе веара. Сох лаьцна хаза дешнаш олуш хезара суна, царах там хуьлура суна.

Цкъа аса доӀа деш, Дала хьаьттира соьга: «1 Коринтхошка яздинчу кехатан 13-чу коьртехь мичахь ду Аса ”безам тамехь” бу бохург?»

Аса, цкъа воха а воьхна, тӀаккха жоп делира: «Цхьанхьа дац».

Цул тӀаьхьа Цо элира: «КӀант, билггал бакъдолу бахьана девзий хьуна, ахьа тамехь долу дешнаш аларан, иза бакъ доцучу хенахь а?»

Аса жоп делира: «ХӀунда? Аса цкъа а ойла ца йинера цуьнан».

Цо цу сохьта жоп делира: «Наха хьо дӀатасарх кхоьру хьо. Хьан

хьажар хьанна тӀедерзийна ду – хьайна тӀе я нахана тӀе? Нагахь хьуна билггал уьш безахьара, ахьа билггал бакъдерг эр дара цаьрга, царна иза тамехь делахь а, дацахь а. Ахьа царна дика долчун ойла йийр яра, цара хьо дӀатаса там бар бохучун ойла ечу меттана».

Суна ма-дарра гира адамашца сан тӀехула долчу гӀиллакх лелоран бухехь тамехь доцу со сайх ас тамаш бар хилар, со цецваьккхинера оцу лазамечу билггал бакъдолчо. Со адамашца иштта кӀеда-мерза хиларан бахьана, со цара тӀеэцарехула сайн дагна тамехь болу лаамаш кхочушбар хиллера. Аса хьалхадоккхург адамашна гӀо дар ца хиллера, наха со тӀеэца болчу лаамах вуьзнера со, цу тайпана сайн кхачаме ца хилар лагӀдархьама. Доцца аьлча, наха со тӀеэцар лоьхура аса.

Изза бахьана ду барам боцуш дукха болчу динан хьехамчаша Делан Йозанаш тӀера диканна дерг бен ца дийцар, нийса доцучух юхавала везарх, адам нисдарх я харцо гучуяккхарх ларлуш. Цара хьалхадоккхург шайн динан тобанийн декъашхошна хала ца хетийтар а, церан барам лагӀ ца балийтар хуьлу, ма-бохху и адамаш дезачу меттана.

Хьан безаман коьртехь верг мила ву: хьо я адамаш? Синкхетамах а ваьлла, берд йистехь лаьтта стаг шайна гича, мохь тухур бац-ткъа аша, цуьнга оцу агӀор кхидӀа ма гӀо олуш? Суна цу тайпана волу масех «безамах вуьзна динан хьехамча» гинера тхо тхаьш долуш цхьанакхетар хилча. Уьш нахе бистхуьлуш хезча, ойлане валар хуьлу, хӀунда аьлча официанташка, гостиницийн белхалошка, кхечу а лахара белхаш беш болчаьрга и нах шайл лахара хетарца бистхуьлу уьш. ХӀун масалла гойту оцу тешар долчу наха шаьш кхечу меттехь адамашца нисбелча? Шайн дахарехь шайца уьйр хиллачу хӀора адамана шаьш гайтинчу масаллех жоп дала дезар ду цара.

## КӀеда-мерза волчуьра къиза хиларна тӀекхаччалц

Суна и дӀаделладалар деача, цӀалк юханехьа лестира. Сох тӀаккха буьрса динан хьехамча хилира. Сан даг чохь богуш бацара адамашка хила беза Делан безам. Сан тидам нийсо лелорна тӀебахнера, нах гуттаренна а долчу дикане кхачаран агӀо лоьхучу меттана. Наггахь динан гуламехь Ӏиттарш ярца гӀад-амал дойура аса. Сан хьажар хӀинца

а соь-сайга дара, амма хӀинца сан сайх лаьцна ойла яр кхечу тайпана гучудолура. Аса лелорг Делан Йозанаш тӀехь юьйцучу хӀокху меттигах тера дара: « … Вайн массеран а кхетам бу. Амма кхетам хиларо адам курадоккху, ткъа безамо иза синца чӀагӀдо. Нагахь цхьанна шена цхьа хӀума девза моттахь а, цунна хӀинца а довза ма-деззара хӀумма а ца девза» (1 Коринтхошка 8:1, 2).

Юьххьерачу хенахь динан тобанехь динчу гӀуллакхашка юхахьаьжча, суна эхь хета, со дӀаваханчул тӀаьхьа цхьаболчу динан Тхьамданашна динан тобанера гӀуллакхаш «къепе дало» дезна хиларна. Нагахь оцу заманахь со динан тобанан тхьамда хиллехьара, аса билггал кхойкхур вацара Джон Бивер сайн динан тобане. Со баркалле ву оцу тхьамданашна, Далла а Цуьнан халкъана а лерина гӀуллакх дан сан даггара лаам хилар царна гарна, сан оцу хенахь дуккха долчунна тӀехь кхоччуш Ӏама дезна доллушехь.

Наха со тӀеэцар лехарна я со цара дӀатасарх кхерарна, аса уьш хесто дешнаш ца олура кхин, хӀинца аса буьрса олура билггал бакъдерг, кхидӀа а и сайн къайлаха йолу, сайна хетарг, хьалхадоккху Ӏалашо а йолуш, ткъа Дала цунах цӀанвеш вара со.

Масех шо даьлча цхьана вевзаш волчу динан тобанан тхьамдано критика йира суна чӀогӀа лараме болчу кхечу тхьамданашна хьалха, кхаа тайпа- тайпанарчу континенташкахь цо сох лаьцна дийцина хилар хезира суна. Цкъа хьалха со чӀогӀа оьгӀазваханера, со вассавеллера, амма суна хаьара дегабаам баро со Далла уллора гена воккхур вуйла. Эххар а оцу стага еш йолу Ӏиттарш бахьанехь, хӀетталц цкъа а ца хиллачу кепара, Деле кхайкхира со, сайна чохь Цуьнан безам кхоллабалийтар доьхуш. Сан дахарехь Шен къинхетам бар совдаккхар даггара аса Деле дехча, суна сайна а ца гуш, хан мел йолу Дала сан даг чохь Шена мехала хетачу адамашка безам хилар кхолладалийтира.

Суна чохь и болх дӀабоьдуш, Шена лерина ас деш долу сан дерриг гӀуллакх хийцадалар хуьлуьйтуш долу дӀаделладалар делира суна Везачу Эло. Цхьа кӀорггера а, къайле йолу а хӀума хезар ду шайна аьлла, хийтирий шуна? Билггал аьлча дерриг дукха цхьалха ду. Иза, ур-атталла жимма сонта ду аьлла а хетар ду шуна, сан дешнийн аша

ойла кIорггера яллалц. ДIаделладаларг иштта дара: «Шекаран цхьана Iаьйго молха талхор дац». Со кхийтира, молхано ден дерг лагIлур дац, нагахь цхьа марзо цунах тоьхча а бохучух. Иза дIамала аттахо хир ду, дукхахьолахь цуьнан чам тамехь а хуьлу.

ХIинца дуккха болчу динан гIуллакх дIакхоьхьучара олу соьга: «Джон, со инзарваьллера, Делан Дашо тхуна чохь цIандаларан болх бечу хенахь, тхо дийладалийтора ахьа. Кхачаме долчу дахаре лараме долу хьажар хилийти ахьа». Со кхийтира, Делан диканца сан синца кхиар совдаларх. Хастам бу Цунна!

Шен Iиттарш ярца со декъалван Iалашо ца хиллехь а оцу динан тхьамдан, бакъдерг аьлча, цунах доккха декъалалла хилира сан дахарехь. Шуна дагахь латта деза, наггахь адамаша зуламна деш дерг а, Дала шун дахарехь Шен лаамехь дерг кхочушхилийтарна дерзорг хилар. ЯхIуда йина ямартло, Шена тIедиллина долу – жIарах дIатохийтар, Iийсага иза кхочушдайтарна ерзайо Дала. Юсупан вежарийн зуламе йолу Iалашонаш, цунна Дала гайтина гIан кхочушхилийтарна ерзийра. Кхин дуккха а масаллаш дало мегар дара цунах лаьцна.

## Iалашо – Делан безам хилар ю

Дерриг дIадолало вайн адамашка долу хьажар муха ду бохучух. Нагахь вайн даг чохь безам, къинхетам кхиар вай хилийтахь, вай адамашка лакхара охьа хьовсур дац. Адамашка иштта хьажаро даг чу куралла йоссуьйту, бехк биллар доуьйту, буьрса хилар кхолладолуьйту иштта кхийолу агIонаш. ПахIала Рим-гIаларчу Iийсах тешначаьрга яздинчун тидам белаш:

> «Ткъа стенна бехке во ахьа хьайн динан ваша? Я стенна ца веша хьо хьайн веших? Вай массо а Далла хьалха дIахIитта ма деза, Цуьнга ваьшна кхел яйтархьама. Иштта, Далла хьалха вайх хIораммо а ша-шех жоп лур ду» (Римхошка 14:10, 12).

Нагахь, Iийсах тешар долчу вай, товратан уггар коьрта долу шолгIа весет диццдахь, ПахIала шех лаьцна аьлла йолчу речIано лоцур ду вай.

Вайна гонаха болчаьрга ца дашарца хьежа дуьйлало вай. Цу тайпана долу хьажар къаьсттина даьржа, нагахь Делан Йозанийн тептар тӀера долчух лаьцна вайн хаарш делахь а, амма сино луш долчу стоьмийн бух вайн бацахь.

Дезачу Йозанаша Дела Шаверг безам бу боху. Тидаме эца деза, безам Дела бу ца бохучун. Цуьнан боккха къастам бу. Делан амал, Цуьнан некъаш, Ӏалашонаш вайна хетачу безамца цхьаьна ца догӀу, хӀунда аьлча шена Ӏийса вовззалц, цхьанна а ца хаьа безам бохург хӀун ду. Ӏийса бен вац билггал бакъ болу безам.

Делан Йозанаш тӀехь цхьанхьа а ца чӀагӀдо, Делан безам бу бохург. Цуьнан ницкъ бу, Цуьнан похӀманаш ду, Цуьнан олалла дар ду иштта кхидӀа а. Амма Ӏийса Ша безам бу. Иза иштта хилча, вай Цунах тера хила деза, вай Цуьнан амалца юхакхолладелла долу дела. цундела боху ПахӀала:

> «Нагахь санна аса адамийн я маликийн меттанашкахь къамел деш делахь а, амма сан безам бацахь, со зевне зурма я бекаш болу горгали санна хуьлу. Нагахь санна Делера болу хаамаш баран похӀма сан делахь а, ерриге а къайленаш суна евзаш елахь а, мел болу кхетам сан белахь а, лаьмнаш а меттахдаххал тешар сан делахь а, амма сан безам бацахь, со хӀумма а вац. Нагахь санна аса сайн берриг а бахам дӀабекъахь а, ур-атталла сайн дегӀ ас дагадайтахь а, амма сан безам бацахь, суна цунах цхьа а пайда ца хуьлу» (1 Коринтхошка 13: 1-3).

Безам дешнаш аларх ца хуьлу, хӀунда аьлча хьайна иза веза ала мега ахьа цхьаьнга, ткъа ахьа дечу гӀуллакхаша нисса цунна дуьхьал долчух тоьшалла до. Безам вай дечу гӀуллакххех а ца болало. Вай лакхахь далийначу аяташ тӀехь цунах лаьцна, боккха безам гойтуш долу гӀуллакххаш дан тарло адамо – шен долахь дерг дӀадекъа я шен дахар дӀадала кийча хилар гойтуш, амма уьш безам боцуш кхочушдар а хуьлу, боху ПахӀала. Билггал болу безам даг чуьра дӀаболало.

Нагахь вайн безам белахь, вай собаре а, къинхетаме а хир ду адамашца. Вайн хьагӀ хир яц кхечун кхиамашка, хӀунда аьлча вайн

даггара болу лаам хир бу кхечеран толамаш ган. Вайн ваьш хестор хир дац, я муьлхха а цавашар хилар, куралла яр тӏедуьтур дац вай. Вайна хетарг хьалхадаккхар хир дац вайн, дералла а хир яц, собар ца кхачарна. Вай дегабаамаш гулбийр бац, амма къинтӏера довлар хоржур ду, цхьаьнца нийсо ца лелаярх даккхийдер хир дац вайн, мелхо а къинхетаме хиларе а, билггал бакъдолчуьнга а гӏертар ду вай. Адамех догдалар хир дац вайн, вайн царах болу тешам дӏабер бац, хӏунда аьлча вай гуттара а дикане сатуьйсур ду. Вай адам бехке дийр дац, иза бехке хилар тешаша чӏагӏдаллалц, ур-атталла цул тӏаьхьа а и стаг шех даьллачунна дохковаларе а, иза меттаваре а сатуьйсур ду вай. Вай сатийсарх дузур ду, Делан Олалина а, уллора волчунна а пайденна дерг дархьама, халонаш а ловш. Жамӏа до вай: адамийн бакъахьа долу дахар кхолладалийтархьама, дехар ду вай, ткъа иза Дала леррина Къобалвинчуьнца хилча бен хуьлийла дац Цуьнан лаамехь дерг кхочушдарехула.

## Шен дахарехула дуккханниийн а дахар хийцадалар хилийтина волу динан куьйгалхо

Масех шо хьалха сайн уллора доттагӏ волчу Джек Уоллесан тезетахь вара со. Иза Мичиган штатерчу Дейтрот гӏалара Дуьненюккъерачу Дейтрот миссин кхолларxо вара. Шена чу массо къаьмнех болу нах чу богӏуш йолу динан тоба итт шо даьлча диъ эзар декъашхо волуш яра. И сан доттагӏа Зимбабве конференци ваханера динан хьехам бан, амма кеман чуьра иза араваьлла чул тӏьхьа, цу сохьта инфаркт хилира цунна.

Цуьнан тезете эзарнашкахь адам гулделлера – ерриг Америкин Цхьаьнакхетта Штаташкара динан тобанийн куьйгалхой, кегийчу динан тобанийн куьйгалхой, яккхийчу корпорацийн вице-президенташ, белхалошна юкъара нах, кхерстанчаш, хӏусамнаной. Иштта адамаш дара цуьнан динан тобанна юкъадогӏуш. Тезете баьхкинчарна юкъахь бара ӏийсах тешар хилла боцу нах а, масала, гостиницашкара, ресторанашкара белхалой, сан доттагӏчо шен дахарехула царна доккха масалла гайтина болу.

Цуьнан динан тобанера боцу нах цуьнан тезете бахкарх хӏумма

а цец ца ваьллера со, хӀунда аьлча оха Джекца дукха хан яьккхинера динан тобанна юкъа ца йогӀучу меттигашкахь а, цунна духьалкхетачу адамашца цуьнан хуьлчу уьйранехула декъалхиллера со. Царах хӀорранца а, иза цхьа мехала долу адам лоруш, къамел дора цо. Официанташна а, гостиницийн белхалошна а дала дезачул сов доккха ахча кховдадора цо. Со наггахь юхаволура иза дарх, и цхьа ца оьшу бераллин хӀума долуш санна хеташ, амма и сан сонта ойла цкъа дӀанисъелира, и адамаш Далла гергахь мел мехала ду аьлла соьга цо дийцича. Шена уллохь волчунна, иза дуьнен чохь уггар лараме адам ду аьлла хетийтина а ца Ӏаш, цунна шена а уггар лараме ву иза, аьлла хетийтора цо адамана. Тезет деа сохьтехь эха сохьтехь лаьттира. Иза уллора вевзина хиллачу дуккха болчу куьйгалхошка, хьала а бевлла, масех дош алар доьхура. Веа я пхеа дош олуш волчо, шаьш мел уллора доттагӀий дара Джекан, ма мехала стаг вара шайна иза аьлча, цхьана цӀеяххана волчу динан хьехамчо элира: «Хьажахь, со вара, со ву моьттуш цуьнан уггар уллора доттагӀа!» Берриш бийлабелира.

Тхуна хаьара, Джекан тхох хӀорранца а шен уггар дикачу доттагӀчуьнца санна йолу уьйр хилар. Оцу воккхачу динан куьйгалхочо хаза кхаъ кхайкхоран кампанишкахула а, телевизор чухула гойтучу программашкахула а динна халкъашна хилла а ца Ӏаш, шен некъахь дуьхьалкхетачу хӀора адамана а шен дахаран масалла гойтура. Джекана бен дацара, и адам цхьана йоккхачу корпорацин куьйгалхо ву я Ӏедало гӀо дарехула вехаш иза ву бохург, хӀора адаме хӀун ала деза а хаьара цунна, цуьнга безам хилар, ларам хилар дара цуьнан. Дала шена тӀедиллинарг а, похӀманаш а тешаме хиларца тӀеэцна а ца Ӏаш, Делан дуьхьа луш долу сагӀа шен дахаран массо а агӀонгахула совдаккхар дара Джекан.

## Эзарнийн дахарна Ӏаткъам бина хехо

Сан дахарехь доккха масалла гайтинчу нахах цхьаберш, цкъа а ца хиллера сценашкахь. Царах цхьаъ вара «Роквэлл Интернэшнл» цӀе йолчу компанехь финансийн белхало. Цуьнан цӀе Майк ю. Со Ӏийсах тешначул тӀаьхьа ши шо даьлча бен вевзина вацара суна иза. Оха

белхаш бо меттигаш уллохь яра, делкъхенахь оха дукхахьолахь Делах лаьцна къамел дора. Цул тӀаьхьа тхан уьйр чӀагӀъяларна, оха дуккха а хан цхьаьна йоккхура, вовшашка хьошалха доьлхуш я динан тобанехь цхьаьнакхеташ. Майкан кхачаме хилар, Делан Йозанашкара схьаэцна долу дахаран хьекъалалла хилар, дика масалла дара суна дахарехь. Со цецволура цуьнан шен зудчуьнга болчу ларамах, безамах, иза цо мехала ларарх, иштта вара иза шен берашца а, шен дахаран некъахь вевзинчу муьлххачуьнца а.

ТӀаьхьо, оцу компанера дӀа а ваьлла, динан тобанехь гӀуллакдархо вахара со. Жимма Ӏийча иза а дӀавахара цу компанера, шен долахь йолу финансийн фирма дӀа а йоьллуш, иза хӀинца а йолуш ю. Цуьнан бизнес дикка кхиаме хилира. Налогаш йохучу агӀонна тӀехь шийтт эзар клиентана гӀо дира цо, ткъа царах пхи эзар цуьнан фирмехь клиенташ хилла гуттаренна бисира. Майк тешаме а, лараме а хиларна дуккха а шерашкахь цхьаьна болх бира цара.

Дукха хан йоццуш аса хьаьттира цуьнга, маса клиентана Делан Йозанах лаьцна дийцина ахьа, аьлла. Майка элира: «Джон, сан барамехь дезткъе итт процент клиентана хир ду». Иза ду итт эзарнал сов адамана бохург.

Со инзарваьллера. ТӀаккха кхин а хьаьттира аса, маса адам кӀелхьардаларе далийна ахьа, аьлла. Цо жоп делира: «БӀеннаш. Даханчу кӀиранах цхьа кубинец Везачу Элана тӀе валийра аса, рак цамгарх иза товар доьхуш цунна тӀера доӀанаш дира аса».

Кхин а дуккха а болчу динан гӀуллакх дечарна церан бухгалтери нисъян а гӀо дира цо. Юьхьенца тхан бухгалтери а иштточарна юкъа йогӀура. Майк кхеттера, Дала сан дахарехь суна тӀедиллинчух, дуккха а шерашкахь налогаш дӀаялар нийса хилийтарна тӀехь гӀо дира цо суна, мах ца оьцуш. Цуьнан дахар тайп-тайпанчу агӀор дуккха а долчу адамийн дахарехь масаллина хилира.

Майкан дахарехь нуьцкъалчу тайпана боккха хийцам хилийтина волчу цхьана хехочух лаьцна хилла тхайн дехха къамел дага а деана, дукха хан йоццуш цуьнга телефон тоьхна, юха а хьаьттира аса цу стагах лаьцна. Иза вилхира суна трубки чохь.

Цо элира: «Джон, сан ден исс йижарех, вежарех долу ялх адамо шайн дахар синош телхинчу нехан больницехь чекхдаьккхинера. Сан нана а кхечира цига. Сан де ден а, ненан ден а, шиннан а валар цхьаммо топ тохарца хиллера. Сан доьзалехь боккха гӀурт бара, изза кхоллам сан дахарехь а хир бара. Амма дахаран хьашташна ахча ца тоарна, со кхечу цхьана доьзале веллера со, цаьрга сан дола дайтархьама. Цаьрца со ворхӀ шарахь Ӏийра. Цу доьзалан да цхьана жимачу кехат дечу фабрикехь хехо болх беш вара. Цуьнан цӀе Чарли яра. Цуьнан дог цӀена хиларо а, даг чохь Ӏийса хиларо а, адамашка цуьнан болчу безамо а сан дахарехь долу неӀалт дӀахадийра. ХӀора кӀиранах шеца динан тобанан гуламе вуьгура цо со, Делан некъаш а бовзийтора суна. Чарлин масало со тахана верг вина сох. Цкъа сан йоӀа, цхьа сурт а диллина, бухахь иштта яздинера: «Суна цкъа а вевзина воцучу Сийлахьчу Стагана», и дешнаш Чарлих лаьцна дара».

Кху лаьттахь, тешна, Чарлих лаьцна хӀумма а хезар дац шуна. Делахь а, цуьнан дахаран Ӏаткъам, Майка шайна гӀуллакх динчу оцу эзарнийн дахаре дӀасабаьржинера. И Ӏаткъам сох а кхийтира. Цундела миллионашкахь болчу, аса шайна гӀуллакх динчу нехан дахарехь а Чарлин Ӏаткъамо гӀо динера. Шуна гой, цхьаьна хехочо шена далург дар совдаьккхира, ша дахарехь динчу гӀуллакхашка хьаьжжина, цунна цкъа совгӀат хирг хилар?

## ТӀаьхьалонна хуьлу Ӏаткъам

Дукха хан йоццуш сан белхалойх цхьаммо сайна дешна, Макс Джукс цӀе йолчу цхьана атеистах а, бакъахьара стаг волчу Джонатан Эдвардсах а лаьцна билггал бакъ долу тоьшалла дагаоьху суна. ХӀара ду и дийцар:

> Макс Джукс атеист вара, цуьнан харц дахар дара. Цо Делах тешар доцу зуда ялийра шена. Церан тӀаьхьенах долу 310 адам кортош дахарца деллера, 150 стаг зуламхо вара, 7-мо адам дийнера, 100 стаг алкоголик вара, ткъа царах бевллачу зударех нисса ах нахаца лелачех яра. Цуьнан тӀахьалонах болчу 540 адамна Ӏедало цхьа бӀе ткъе пхиъ миллион доллар дайинера.

Амма Далла бу хастам, башха волчу америкахочух Джонатан Эдвардсах лаьцна тоьшалла а долуш. Иза Макс Джукс ваьхначу хенахь ваьхнера, цо бакъахьарачу доьзалера ялийнера зуда. Талламаша гайтира, Джонатан Эдвардсан тӀаьхьенах вевзинчу 1394 стагах 13 стаг колледжийн президент хилла, 65 стаг колледжийн профессорш хилла, 3 США сенатор хилла, 30 суьдхо хилла, 100 адвокат хилла, 60 лоьраш хилла, 75 эпсар хилла, 100 динан хьехамаш беш, 60 цуьнца доьзна йолчу книгийн авторш хилла, цхьаъ вице-президент США хилла, 80 юкъараллин гӀуллакхаш деш хилла, 295 колледж чекхъяьккхинчех хилла, царна юкъахь штатийн губернаторш а, кхечу мехкийн векалш а хилла. Царна тӀера Штаташа цхьа а цент ца дайинера[1].

Иза кхин а цхьа агӀо ю шена делларг совдаккхаран. Чарлиса, Майка, Эдвардса дуккха долчу адаман дахарна Ӏаткъам бинера. Церан Ӏаткъамо йоккха тӀаьхьало елира, нахана гуш-хезаш долу гӀуллакхаш дарехула а доцуш, шайн дахаран масаллица йинера цара и дика тӀаьхьало.

Цу тайпана йолу агӀо вайх хӀоранна а ло Дала. Аша полицин инспекторе луш долу жоп, шайн динан тобанан тхьамдех лаьцна аша олуш дерг, аша шайн финансаш муха лелайо бохург, аша нахе олу дешнаш, кхин а дуккха долу хӀума а ду, шуна гонаха долчу адамийн дахарна Ӏаткъам беш долчех. ГӀишло дӀахӀоттош дерш хир ду шу я новкъарло еш болу тӀулг хир бу шух?

«Иштта, Далла хьалха вайх хӀораммо а ша-шех жоп лур ду. ХӀинца чул тӀаьхьа вовшийн бехке ма де вай. Цул сов, вай лардо вешан динан вежаршна къинош лето а, уьш галбовлийта а меттиг ялийтарх а… цундела барт хилар а, вовшийн тешар тӀехь иракарахӀиттор а леха вай» (Римхошка 24:12, 13, 19).

ПахӀала дуьххал дӀа боху Делан Кхелах лаьцна, оцу дийнахь вайна гонаха долчу адамашна вайн Ӏаткъам хилла хӀора агӀонан а таллам бийр бу. Цундела лараме ду гуттара а иза дагахь латтор. ТӀаккха вайн лаам хир бу адамаш Далла тӀе дало, массо хенахь а вешан гӀуллакхаш кхочушдеш дехачу меттана.

Ткъоьасналгӏачу бӏешарахь яьхначу Ребекка Ратер Спринджер цӏе йолчу зудчунна мосийттозза а хааделлера ша стиглашка хьалаяккхар, шена догӏу совгӏат схьаэца гуттаренна а иза дӏаяхале. И шен стиглашка хьалаяккхар хиллачул тӏаьхьа «Стиглашкара неӏарийн вукху агӏор» цӏе йолу классически новелла язъйира цо. Цу тӏехь цо шеца стиглашкахь дуккха хан яьккхинчу шен гергарчу стеган дешнаш яздинера. Цо дийцарехь, иза Везачу Элана синца уллохь хилла волу, цуьнан марваша вара. Цо хӏара аьллера оцу зудчуьнга:

> «Вай лаьттахь долчу хенахь, де мел долу вай дийриг абаденга кхачорна вай деш хиларх вайн кхетам хилча, ма массо а агӏор кхечу тайпана хир дара вайн дахар! Хӏора вай аьлла дика дош, хӏора йина комаьрша ойла, ваьшна хинйолу са ца лоьхуш дина хӏора гӏуллакх вайн хиндолчу дахарехь гуттаренна а йолчу хазаллин бӏогӏам хилла дӏахӏуттур ду»[2].

## Адамаш Ӏийсана тӏе даладар

Вай адамана бийр болчех уггар боккха Ӏаткъам бу, иза Дала леррина Къобалвинчунна тӏе далор. Гуттаренна а хин йолчу кхелах шун нийса кхетар делахь, шайна бевзачу нахана уьш кӏелхьарбахаран Ӏалашонах лаьцна дийца лаам хир бу шун. Вай доьшу: «Делан лаамехь болчара кхиориг – дахаран дитт ду, хьекъалалла долчо адамийн синош тӏеозадо (абаденан дуьхьа)», бохург (Кицанаш 11:30, Шордина гочдар).

Ӏийсах сайн тешар хилча, юьхьанца суна моьттура, айса и Хаза Кхаъ сайна некъахь дуьхьал мел кхетачунна кхайкхо беза. Амма тӏаьхьо Дезачу Сино бохург хаза Ӏемира со, хӏун ала деза а, маца ала деза а бохучух лаьцна. Со кхийтира, ур-атталла Ӏийсас а Дас дийриг бен, дина ца хиларх. Вайн Делаца дахар хилча, дерриг ша дӏадоьду, адамаш юхадовлар хуьлуьйту теӏадар а доцуш.

Делахь а, адамаш хедар доцучу дахаре кхачо лаам даима а хир бу вайн, стиглашкарчу цӏа вай дӏаэццалц. Делан безамо хаддаза чӏагӏбо и лаам. Дала леррина Къобалвинарг адамо тӏеэцаро дийцалур а доцу

хазахетар дохьу массо а маликашна, Далла Шена а. Цо цхьа билггал долу совгӀат дохьу адамана. Ӏийсас боху: «Ялта хьокхучо шена догӀург схьаоьцу, Дела волчохь хедар доцучу дахаре стом а гулбеш, ялта дӀадуьйчунна а, хьокхучунна а цхьаьна хазахетар хилийтархьама» (Яхьъя 4:36).

Сайн зуда дуьххьара гинчу дийнахь, Дала гӀо дира суна иза Везачу Элана тӀе яло. Сан кӀелхьарвалар хиллачул тӀаьхьа аса чӀагӀо йинера, Дала сан зуда хин ерг билгалъяккхалц, кхин зудабераш довзар хир дац сан аьлла. Дала Адамана Хьава ялийна хилча, Цуьнга суна а изза далур ду, аьлла, ойла йира аса.

Суна Ӏийса вовзале масех йоӀана тӀехьийзира со, цул тӀаьхьа, Ӏийсах тешар долчу масех йоӀана а тӀехьийзира, амма суна хааделира, оцу агӀоно сан Делаца йолчу уьйрана новкъарло еш хилар. Тхан вовшах къастар хуьлчу хӀоразза а тхан дегнаш чохь чевнаш хилар, бӀаьрхиш дуьсура. Суна жимма хан йийзира, иза пайденна ца хиларх кхетарна. ТӀаккха, кхечу йоӀана со тӀехьовзале, доӀанаш дан чӀагӀо йира аса.

Цу хенахь сан зуда каде йоӀ яра. Соьца кампусехь волчу цхьана кӀанта иза ша тайпана амал йолу йоӀ ю, элира соьга. Цо бохург мел бакъ ду бохург суна ца хаьара, амма иза иштта хила а мега бохург дагатесира суна. ХӀетале цхьа шо а ах шо даьллера со цхьана а йоӀана тӀаьхьа ца волуш, со йоӀе вист хила воллучу хенахь, Везачу Эло сан доӀанна тӀехь хӀоразза а, ма де иза, олура соьга. Ткъа хӀинца Дезачу Сино сан дагна хьоьхура, оха Делан Дош Ӏамочу пикнике иза а кхайкха еза бохург. Иза тӀетайра аса аьллачунна.

Пикник чекхъяьлла чул тӀаьхьа кампусехь кхидӀа а тхайн къамел дира оха, буьйсанна 1.30 минот яьлла йолчу хенахь а Хазачу Кхоах лаьцна къамел деш вара со цуьнца. Дуьйцучуьра со саца а вина, цу сохьта ша кӀелхьаръяккхар тӀеэца лаьа шена, элира цо. Цул тӀаьхьа дукха хан ялале тхан шиннан а дагна хааделира тхо цхьаьнакхетар Делан лаамехь хилар. Бакъдерг аьлча, иза соьгахьа долуш хилира. Со тахана верг хир вацара сох, соьца иза ца хиллехь.

Миллионашкахь долчу адамана Ӏаткъам бира Лизас. Иза дуккхачу тептарийн башха йолу автор ю, нийсо ца лелочехь гӀело

хиллачарна гӀо дийриг ю, дуьне мел ду конференцишкахь Делах лаьцна кхайкхамаш бо цо. ХӀун хир дара, нагахь Делах лаьцна цуьнга дийца сайн баьлла аьтто аса дӀатеттинехьара? ХӀун хир дара Ӏийсах лаьцна цуьнга дийца бӀо а ца боьлла, аса ца дийцинехьара? Со тешна ву, цунна-м кхин цхьаъ нисвелла хир вара бохучух, ткъа аса иза ца ялийнехь, со Дала сайна хаьржинчу зудчух вер вара, тӀаккха дуккха а адам хедар доцучу дахаре далорхьама, цо бинчу белхан декъашхо хир вацара сох. Далла хастам бу Цо лочу похӀманашна!

Дагахь латтаделаш, хӀуьнан дебар хир ду, ткъа иза ша ладам боцучу куьцехь хуьлу. Дезачу Сино шаьш лелор, кхиндолу хӀума санна ду, аьлла, ларамаза ма диталаш, цул сов юха ма татталаш Иза. Дезачу Сино суна тӀедиллина долу, уггар кӀезиг ду аьлла хеташ долу гӀуллакхаш а, дуккха а дебар хуьлуьйтучу агӀоне доьрзура сан дахарехь. Иштта Делан а лаам бу аша дебар хилийтинчу гӀуллакхашна догӀу совгӀат шуна дала.

## Чаккхенгара хьехам

Ма дукха хӀума ду вай тӀекхиа дезаш. ТӀехула йолчу ойланца хьежа ца деза вай, вайх тешна кху лаьттахь вайна даха еллачу хӀокху замане. Адамашца гуттаренна а хиндерг, Делан Ӏалашонна вай муьтӀахь хиларца доьзна хуьлу. Цуьнан лаам бу дерриг адам кӀелхардалар а, иза Ӏийсан вастах тера хила гӀертар а. Цунна ца лаьа цхьа а адам кӀелхьардалар доцуш дита.

Мисар махкара арадаьллачу адамех динна цхьа чкъор хӀаллакьхилира яьссачу аренгахь. Массо а заманашкахь хиллачех тӀехвоккха волу куьйгалхо вара церан, амма уьш эшамехь бисира. Вайн хила тарло цӀеяххана болу куьйгалхой, амма Коьртачу Кхоллархочун Ӏалашонаш, планаш кхочушйийр юй те вай бохург, вайн вешан карахь ду. Цо аьлла: «И Делан Олаллех болу хаза кхаъ дерриг дуьнен чохь дӀакхайкхор бу, массо а адамашна иза тоьшаллина хилийтархьама. Цул тӀаьхьа тӀекхочур ю чаккхе» (Маттай 24:14). Хан тӀех ма ялийтойла вай! И хан тӀекхаьчна, Ӏийса неӀарехь лаьтташ ву! Вайна тӀедиллинарг вай кхочуш ца дахь, Дала вайн тӀаьхьенах берш

ирахIиттор бу, мацаха Нунин кIантаца ЮшаIца хиллачу тIаьхьенца диннарг деш, хIунда аьлча Дала дIахьедина даьлла, Шен цIа дузур ду аьлла.

Делан Iалашонехь долчух вешан дакъа кхочушдар хуьлу вайн, вайх тешна вайна тIедиллинарг вай совдаккхарехула. Дог далар ма даийталаш шайна. Шаьш дан деза дакъа кIезиг ду аьлла ма хеталаш. Шайн дIагIертар дIа ма тасалаш. Керлачу Весет тIехь кхеттош яздина долу, цунах лаьцна хIокху тептар тIехь а дийцина ма-хиллара, стиглашкахь долчух девзинарг, шайна дуьхьалара дIа ма далийталаш. Шух тешна, шун заманан тIаьхьенера, боккхачу эшамехь болу а, аша Iийсах лаьцна шайга дийцаре сатуьйсуш болу а, нах хилла а ца Iаш, амма шуьгахула Цо шайн дог айдаре а, Цуьнан ницкъах шаьш дузаре а сатуьйсурш а бу. Шун гуттаренна а хин болчу кхолламо ладоьгIу шуьга! Шу кхиаме хуьлийла ду, кхоччуш Цуьнан диканах тешна хиларехула. Иза тешаме Дела ву!

Делан Олаллин декъашкахошка санна боху аса шуьга. Шайна тIедиллинарг кхочуш а де, шаьш хаьржина хиларехь чIагI а ло, шаьш дан долийнарг тешаме хиларца чекхдаккха. Итт миллион шо даьлча, хIокху замане шаьш юхахьевсича, ирсе хир ду шу, шаьш иза кхочушдарна. Делан лаам кхочушбарехь тIехвалар хуьлийла дац. Цундела довдалаш, толам баккхархьама!

Чакхенгахь болу хьехам санна долчу, тешар долчу массо а бакъахьарачу нахана тIера ПахIала динчу доIанца дуьту аса шу:

> «Ткъа тхуна шу дезаре терра, вовшашка а, массо а адамашка а болчу безамах Везачу Эло шун дегнаш дузийла. Цо шун дегнаш безамах дузуьйтур ду, шу чIагIдархьама. ТIаккха вайн Да волчу Далла хьалха шуна бехк буьллийла а доцуш, деза а долуш хир ду шу, вайн Веза Эла волу Iийса, массо а Шен долахь болчаьрца кху дуьнен чу схьавогIучу хенахь» (1 Тассалникахошка 3: 12, 13).

*Делан Йозанаш тIехь дуккха а аяташ ду гуттаренна а долчу совгIатех лаьцна, хIокху тептар тIе тарлур долчул дуккха а сов. DrivenByEternity/EternalRewards цIе йолчу сайт тIехь Делан Йозанаш тIера меттигаш карор ю шуна, гуттаренна а хин йолчу кхелах а, хиндолчу совгIатех а лаьцна йолу.*

# Дийцаре Дарна Хатташ

## ДАКЪА 6: КОРТОШ 13, 14

1. Дуй те шун, шуна башха лараме ду аьлла ца хеташ, я доккха маьIна долуш ду аьлла ца хеташ долу хаттарш? Стиглашкарчуьнца дуьстича, хIун эр дара аша царах лаьцна? ХIунда хила там бу те, оцу кIезиг хIума ду аьлла хета тарлучу агIонашна тIехь шун тешаме хилар, Далла доккха маьIна долу хIума ду аьлла хетар?

2. Вайх дукхаха долчийн амалехь къовсаме хилар хуьлу, шаьш кхечарца а дустуш. Делан Олаллех лаьцна долчуьнга вайн хьажарехь, хIун хийцалур дара вайн, ваьш кхечу адамашца дустар вайн дIададьлча?

3. Далла деш долу гIуллакхаш алсамдаккхархь дуьзна дуй те шун дахар? Шаьш йоккху хан, деш долу доIанаш, шайн долу похIманаш, ресурсаш, кхин а гIоле йолчу агIор муха кхочушъялур яра шуна?

4. ХIокху книгин юьххьехь вай дийцира Яхьъяс яздинчу Хьалхарчу кехатан 4:17 аятехь долчух лаьцна, цу тIехь бохура, вайн бIоболар хила йиш ю Дала леррина Къобалвинчун Кхелана хьалха дIахIитта. ХIинца шайна керла хаарш хилча, иза иштта хIунда ду бохучух лаьцна хIун эр дара аша?

# Юххедиллар Кlелхьардалар Муха Тlеоьцу

*Іийса Веза Эла ву!» - бохург хьайн баганца ахьа къобалдахь, Дала Иза веллачуьра денвина хиларх хьо даггара тешахь, хьо кlелхьарваьккхина хир ву. Хlунда аьлча даггарчу тешаро стаг Далла хьалха бакъвина хиларна тlевалаво, ткъа баганца къобалдаро стаг кlелхьарваьккхина хиларна тlевалаво.*

– Римхошка 10:9,10

Делан лаам бу вайн дахарехь даима а кхиамаш хила. Цунна шу дукха а деза, Цуьнан шун дахарехь цхьа Іалашо а ю. Амма шен кхолламна тlе вуьгуш болу некъ харжаран цхьа агlо бен яц – иза Делан Кlант волчу Дала леррина къобалвинчу Іийсагахула долу кlелхьарвалар тlеэцар ю.

Іийсан валарехула а, Цуьнан денваларехула а Дала Шен Олалле некъ биллина Цуьнан хьомсара кlант, Цуьнан хьомсара йоl долчу шуна. Дала леррина Къобалвинарг жlара тlе тохарехула даьккхина сагlа бахьана долуш, шун гуттаренна а долу токхе дахар хила йиш ю. Кlелхьарвалар – иза Делера шуна долу совгlат ду, цхьа болх барехула я цхьа гlуллакх дарехула даккхалур дац иза.

И мехала долу деза совгlат шайна кхачийтархьама, аша шайн дахаран Кхоллархо волчун лаамехь дерг кхочушдар доцуш шаьш даьхна хиларна, къа латийна хилар даре дан деза, (хlунда аьлча иза бу аша мел летийначу къинойн орам). Шен къиношна дохковалар – иза коьрта агlо ю кlелхьарвалар тlеэцаран. Векалийн цlе йолчу тептар тlехь дуьйцучу, пхи эзар стаг кlелхьарвалар хиллачу дийнахь, Кипас кхеттош олу: «Хlинца, шаьш лелийначунна дохко а довлий, Далла тlедерза, шайн къинош дlадахийтархьама» (Векалийн 3:19). Вайх хlорра а къинан лай хиларца

ваьлла дуьнен чу, боху Делан Йозанаша. И лай хиларан орамаш Адама латийначу къинца доьзна ду, шен лаамехь дерг даран, муьтӀахь ца хиларан доладалар кхолладалийтинчу.

Дохковалар – иза, аша шаьш-шайна а, харцдолчун да волчу иблисана а кхин муьтӀахь хир дац, ткъа хӀинца дуьйна шайн керлачу Олахочунна, Дала леррина къобалвинчу, Шен дахар вайн дуьхьа дӀаделла волчу, Ӏийсана шу муьтӀахь хир ду бохург ду.

Дала леррина Къобалвинчунна муьтӀахь а хилла, Цунах шайн Олахо а вина, шайн дахарна тӀехь олалла дар Цуьнан кара дала деза аша (Цуьнан кара шайн са, дог, дегӀ дӀадаларца), шаьш-шайн ма-дарра а, шайн долахь мел дерг а. Аша и динчу минотехь, Дала боданан олаллера дӀа а даьхна, Шен Олаллин серлонга а, сийлалле а дохур ду шу. Ӏожаллин карара дахаран кара а девлла, Цуьнан бер хир ду шух!

Нагахь Ӏийсагахула долу кӀелхьардалар тӀеэца шун лаам белахь, иштта доӀа де:

> Стиглашкахь волу Дела, со къера ву со къилахь хиларна, Хьан бакъхьараллица ца догӀу сан дахар. Айса летийна къинош бахьанехь суна гуттаренна а долу таӀзар дар догӀу. Баркалла ду Хьуна, Ахьа со оцу хьолехь ца витарна, хӀунда аьлча со теша Ахьа Хьайн цхьаъ бен воцу КӀант волу, йоӀстаг хиллачу Маремехула дуьнен чу валийтина волу, Айхьа леррина къобалвина Ӏийса ваийтина хиларх, суна тӀера вала а велла, суна догӀу таӀзар жӀара тӀехь Цуьнга дӀаэцийтархьама. Со теша, Иза кхозлагӀчу дийнахь ден а велла, хӀинца Хьан бакъахьа агӀор волуш хиларх. Иза сан Веза Эла а КӀелхьарвоккхург а ву. Тахана со дохковаьлла Хьуна муьтӀахь воцуш со ваьхна хиларна, аса кхоччуш дӀало сайн дахар Веза Эла волчу Ӏийсан кара.
>
> Ӏийса, аса даре до Хьо сан Веза Эла а, КӀелхьарвоккхург а хилар. Хьайн Дезачу Синца сан дахаре а волий, хийцавехьа со, сох Делан бер а деш. ХӀинццалц со хиллачу боданера дӀа а ваьлла, кху дийнахь дуьйна хӀинца сайн дуьхьа а доцуш, амма Ахьа динчу диканехула Хьан дуьхьа вехар ву со, хӀунда аьлча Ахьа Хьуо сан дуьхьа дӀавеллера, со даима а вахийтархьама.

Со хастаме ву Хьуна, Веза Эла. ХIинца сан дахар Хьан карахь ду,
Хьан Даша тIехь аьлла ма-хиллара, со юьхьIаьржачу хIуттур вац.

Диканца догIийла шу доьзале! Аса доьху шуьга, шайца хIинцца хиллачух лаьцна, Iийсах тешар долчу кхечу нахе дийцар. Лараме ду Делан Йозанех тешар долчу, шайн меттигерачу цхьана динан тобане эхар, цигара декъашхошца уьйр а хуьлуш, цара тешарехь догайдар дохьур ду шуна.

Уггар а инзаре долу араваьлла лелар долийна аша. Дала декъалдойла шу, хIора дийнахь Дела вовзар, Цуьнан диканах дузар, Цуьнца уьйр хилар алсамдолуш!

MessengerX

*Дешарна некъ хIоранна, массанхьа бу*

- **110 меттанашкахь сов маьхза**
- Юххедиллар а, онлайн а санна тIекхочийла ду
- Шун синан лакхалле хьалакхиар хьаладаларна лерина ду
- Шайн истори а, дешаран некъ а тергалбе

Messenger дешарна гIирсийн кхоччуш йолу библиотека схьаэца... Берриге а шайн гIирсашна тIехь хьовса а хьовса, еша а еша, ла а догIа.

# MessengerX.com

Download on the App Store

GET IT ON Google Play

App Store и Google Play-хь дерриге а дуьненахь тIекхочийла ду

# ИБЛИСО IЕХАВАР

*КъинтIера ца довларан Iожалле гуранах маьршонехь долу дахар*




КъинтIера ца довларан Iожалле гуранах маьршонехь долу дахар

“Иблисо Iехавар” киншкано, мостагIчо тешаш берш Делан лаам кхочушбарна генабаха пайда оьцу уггаре а хIилланечу гуранех цхьаъ гучубоккху: халахетарш. Дукхахдолчу адамийн ур-атталла шекьхилар а ца хуьлу шаьш гуро лаьцна хиларх.

Iехаделла ма хилалаш! Дала леррина Къобалвинчо аьлла: “къа латадойтуш долу хIума тIе ца догIуш дуьсур дац” (Лк. 17:1). Шун, Iехийна хила я ца хила, харжийла дац, амма шун цу кхайкхамна муха жоп дала деза сацам бойла ду. Нагахь аша халахетаршна нийса терго яхь, шу ондда а, дог доьхна доцуш а хилла дIахIуьттур ду. Нийса терго яро бен аьтто бийр бац шун Делаца дуьхьалонаш йоцуш юкъаметтигаш хиларна.

Кху дахьийтарехула Джона Бивера Делан лааман агIончаш муха диса деза а, шекьхиларх а, цатешамах а паргIатдовла а хьоьхур ду шуна. Шун, бохам хиллачун дог-ойланах кIелхьара а девлла, тIехъяьккхинчу халонийн а, дог даларийн а дукъ тIехь доцуш, дехийла хир ду. Аша Далла муьтIахьхиларан лаккхара тIегIа дIайиллича, шун дахар къинтIерадовларца а, машарбарца а, ца соццучу даккхийдерца а дуьзна хир ду.

Кху гIирсана а, кхидолчу дахьийтаршна а тIекхочийла ду кху сайтехь:
MessengerX.com

MessengerX

# Абаденгарчу дахарх муьлханиг кхочур ду шуна?

Нагахь кхидIа долчу 24 сохьтехь, шун дахаран чакхе муха хир ю толлуш ечу экспериментан декъашхой шаьш хилар шуна хиъча, хIун дийр дара те аша? Аша беш болчу балхана тIера, шу Iаш долчу меттигна а, шу дехаш долчу цIеношна а тIе кхаччалц долу шадерг а, аша и де муха доккхур ду бохучуьнца доьзна хир ду. ХIун дийр дара аша оцу 24-а сохьтах? Шайн ма-хуьллу дIагIертар хир дара шун я дикачуьнга сатийсарца, хIумма а ца деш, хиъна Iийр дара шу?

И вай дуьйцург дукха генахь долу хIума ду, долуш долчуьнца дуьстича, аьлла хета а тарло, амма иза иштта дац. Билггал аьлча, вайн хин долчу хедар доцучу дахаран кхоллам тахана вай бечу сацамашца боьзна хилар дагадоуьйту цо.

«Абаденга кхача дIагIертарш» цIе йолчу книгин автор волчу Джон Бивера инзаре аллегориш а, Делан Йозанаш тIера меттигаш а ялорца, дийна долуш санна долу сурт хIоттадо, вай кху лаьттахь йоккхучу хено, абаденгахь вай йоккхун йолчу хенан кеп хIоттор.

Вай тIаьххара а са даьккхинчул тIаьхьа хиндолу дахар дуккха а деха ду, вай кхача гIертачу пунктал. Дукха тIахьа хиллалц, ма Iелаш. ХIинццехь дIаделла, шайн дахар кхачаме хиларна хIун дан деза бохург, хIокху хенахь а, абаденгахь а хин долчун дуьхьа.



Джон Бивер, цуьнан зуда Лиза Мессенджер Интернэшнл цIе йолчу организацин кхоллархой бу. Далла лерина гIуллакхдархо а, бестселлерийн автор волчу Джона майраллица а, доьналлица а кхайкхам бо юхавалар хуьлийла доцучу билггал бакъдолчух лаьцна. Меттигашкарчу динан тобанашна гIо дан а, шайна тIехь ша къахьегна болу гIирс динан куьйгалхошна совгIатна дIасабекъа а дог догу цуьнан, уьш миччанхьа а бехаш белахь а, муьлххачу а маттахь уьш дуьйцуш белахь а, церан ахчанца долу хьал мухха а делахь а. ХIара хан тIекхаччалц йолчу хенахь цуьнан книгаш, видеоурокаш дуьнен чуьра 90 маттахь гочдина а ю, миллионашкахь дIасаяржийна а ю динан тхьамданашна, куьйгалхошна юкъахь.

MessengerX

Кху гIирсана а, кхидолчу дахьийтаршна а тIекхочийла ду кху сайтехь:
**MessengerX.com**

MESSENGER INTERNATIONAL
MessengerInternational.org

ХIара книга – авторера совгIат ду.
Йохка йиш яц.

Алсам хаа лаахь
Сканировать е